# İBRAYIM YUSUPOV

# O’MİR, SAG’AN ASHIQPAN…

**Saylandı shıg’armaları**

**No’kis,**
**«Qaraqalpaqstan»**
**1999**

**Elektronlıq variantının’ korrektorı Baxtıyar Dosımbetov**

O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xalıq shayırı İ.Yusupovtın’ bul kitabına yarım a’sirlik do’retiwshilik miynetinin’ en’ saylandıları engizildi.

Kitaptan shayırdın’ «Aktrisanın’ ıg’balı» poeması da orın aldı.

Bu’gingi da’wir menen ten’ qa’dem atıp kiyatırg’an shayırdın’ shireli qosıqlarının’ talg’ampaz poeziya ıshqıpazlarının’ diydinen shıg’atug’ınlıg’ına so’z joq.

## MİNNETDARSHILIQ

Wa, shayırlıq! Sensiz sahra sho’ldeymen,
Bulag’ın’nan ishken sayın sho’lleymen.
Ha’r saparı tu’sip ketse ushqının’,
Tamızıqtay janıp bolmay so’nbeymen.

Jarasıg’ı menen bergen 70 jas - Alla taalanın’ «jarlıqarman» degen bendesine inam etken ten’i tayı joq sıyları. Onı minasıp insanıy mazmung’a bo’lep jasay almag’anımızg’a aqıbette o’kinermiz ba’lkim.

Ko’p zamanlaslarım sıyaqlı, men de o’z o’mirime, «jasta miynet ber, kartayranda da’wlet ber» degen durıs tilek qabıl bolg’anday, shu’kirlik etemen.

Tuwılg’an sa’nemiz ra’smiy aylanıstag’ı hu’jjette 1929-jıldın’ 5-mayı dep ju’ritiledi. Kindik qanımız tamg’an ata ma’qan Shımbaydın’ Azat awılı.

Rahmetlik a’kemiz Yusup axun biz tuwılg’an jılları bay-ulama sıpatında mal-mu’lki qatlanıp tartıp alınıp, o’zi qamaqta qazalang’an. Eki ul, to’rt qız benen qalg’an Xanbiybi elti-anamızdın’ sondag’ı qorlıqlı turmısı yadıma tu’skende ele jan-ju’regim sızlaydı. Jigit ag’am Ma’den Yusupov urıstın’ basında oskolka menen kelip, o’ldi. Jayı ja’nnette bolg’ay bul miynetli bendelerdin’.

O'mirbayan anketamda mına xızmetler jazılg'an: kolxoz tabelshigi (1942-44), No'kistegi pedinstitut studenti (1945-49), sol institruttın' a'debiyat mug'allimi (1949-61), «A'miwda'rya» jurnalının' redaktorı (1961-62), ilimiy xızmetker (1962-65), Qaraqalpaqstan jazıwshıları awqamının' baslıg'ı (1965-80), «Sovet Qaraqalpaqstanı» gazetasının' bas redaktorı (1980-88), paraxatshılıq komitetinin' baslıg'ı (1988-94). 1994-jıldan ha'zirge deyin Qaraqalpaqstan «Ruwxıy ma'deniyat ha'm ag'artıw» ja'miyetlik orayının' baslıg'ı.

O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalarının' Joqarg'ı Ken'eslerine deputat ta boldıq, bir neshe orden, ataq ha'm sıylıq ta aldıq. Bul xızmetler a'lbette ku'sh-jigerdi de, waqıttı da aldı, sonın' menen birge, shayırdın' zaman ha'm xalıq turmısı menen birge qaynap pisiwine, azamatlıq sezim juwapkershiligine ja'rdemlesti de.

Shıg'armalarımnın', kitaplarımnın' dizimin aytıp, waqtın'ızdı almayman. Ma'zi aytarım, shayırlıqta u'sh na'rsege sadıq boldım: qosıq arqalı xalıq ju'regine jol izledim, zamanlaslarımnın' kewil-ku'yin, qayg'ı-quwanıshın, arzıw-a'rmanların, umtılıw tileklerin, biyik adamgershilik pazıyletlerin jırlawg'a tırıstım. Qosıqtın', Shıg'ıs ha'm Batıs klassikalıq jolların tınbay u'yrendim. Nawayı, Maqtımqulı, Berdaq, Abay, Toqay tiykar salg'an tu'rkiy qosıq «akademiya» sın tawap ettim.

A'debiyat bosag'asın atlarda bizlerge ag'alıq qılg'an N.Da'wqaraev, J.Aymurzaev, Q.Ayımbetov, J.Orınbaev, A'.Shamuratov, İ.Sag'itov, A.Esemuratov sıyaqlı ustazlarımızdın' ruwxı shad bolg'ay deymen.

Birge merekeles bolg'an, menin' shayırlıq o'mirime janku'yerlik qılg'an doslarımnan B.İsmailov, M.Nurmuxamedov, S.Axmetov, Sh.Abdirov, D.Nasırov, A.Xudaybergenov, T.Seytjanovtı bu'gin jetpistin' ızg'ırıq jelli asırımında turıp, emirenip eske alaman. Al ha'zir o'zim menen birge o'mir su'rip atırg'an, sa'wbetles dos-yaranlarg'a auzaq o'mir, amanlıq tileymen.

Shayırlıqtın' u'lken ma'jilislerine kiriwimde piri ka'millerimiz bolg'an nuranıy tulg'alar G'afur G'ulam, Aybek, Mirtemir, Kamil Yashen, Sabit Muxanov, Berdi Kerbabaev, Sulayman Rustam, Qaysın Qulievtın' o'z ulınday erkeletip, bizge qılg'an duwaları mustajab bolsa itimal. Sharaf Rashidovtın' atalıq g'amxorlıg'ın, Zulfiya apanın' analıq miyribanlıg'ın umıtpayman. Ju'yrik qa'lem iyeleri bolg'an Konstantin Simonov, Mixail Lukonin, Maksim Tank, Rimma Kazakova bizge waqtında ko'p qayırqomlıq isledi.

Ha'zirgi zamanımızdın' ko'rkem so'z sheberleri Shın'g'ıs Aytmatov, Rasul Gamzatov, Mustay Karim, Oljas Suleymenov, Suyinbay Eraliev, Abdulla Aripov, Erkin Wahidovlar bizdi ba'rha o'zlerinin' tuwısqanlıq bawırına tartadı.

Shıg'armalarımızdı o'z ana tillerine ıqlas ha'm sheberlik penen awdarg'an shayır doslarımızg'a, a'de-biyatshı alım ha'm baspa xızmetindegi biradarlarımızg'a shın kewilden minnetdarman.

Shayırlıq menin' ruwhıy o'mirim, mashaqatlı miynetim,

maqtanıshım. Bu'ginligi jurt qatarlı jan'a zamang'a - g'a'rezsizlik zamanına erisip, og'an xızmet qılıw nesip etkenine quwanaman.

So'zimnin' ba'ntbasarında Jurtbasımızdın' jaqında mag'an jollag'an ilhambag'ısh xatınan u'zindi keltiremen: **«Milliy tiklanish» gazetasında basılg'an qosıg'ın'ızdın' ha'r bir qatarında ma'wij urıp turg'an shın ju'reklilik ha'm u'lken sıy hu'rmet seziminen og'ada ta'sirlendim... Shın kewilden jazg'an qosıq qatarların'ız ushın minnetdarshılıq bildirip, sizge sawlıq - amanlıq, o'mirin'izge ha'm ijadın'ızg'a bereket tileymen.**

**Hu'rmet penen,**

***O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.Karimov.***

Hu'rmetli Prezidentimizdin' bul xatı menin' o'mirimdi jasartıp, shayırlıg'ıma jan'a yosh-ilham beredi.

**İbrayım Yusupov**

**O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıq shayırı**.

## XALIQ JU'REGİNİN' TEREN' TAMIRLARI

Qaraqalpaqtın' o'tkendegi ju'regin da'rt jaylag'an shayırlarına qulaq salsan'ız, olardan a'rmanlı pa'ryad esitesiz. Bular xalıq ushın haqıyqat aqtarıp ko'terilgen pa'ryadlar edi. Jiyen jıraw, Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq da'rbadar bolg'an, tozg'ıp ketken, basınan qanshadan - qansha pa'leketlerdi, qanlı apatlardı keshirgen xalıqtın' qayg'ı-zarın qosıqqa salıp jırladı.

Qaraqalpaqtın' birigip xalık bolıwında, qorqınıshlı tariyxıy sınaqlardan aman shıg'ıwında, o'z birligin saqlap kalıwında, teren', milliy belgilerinin' qa'liplesiwinde ha'm qarar tabıwında usı xalıq ishinen on segizinshi - on tog'ızınshı a'sirlerde jetisip shıqqan shayırlardın' tutqan ornı og'ada u'lken boldı.

O'tkendegi qaraqalpaq shayırları o'zlerinin' xalıqqa, a'sirese qarapayım miynetkesh xalıqqa jaqınlıqları, shın ma'nidegi xalıqshıllıg'ı menen ajıralıp turadı. Olar a'piwayı ha'm og'ada ta'sirshen' shıg'armalarında xalıqtın' qa'dir-qımbatın biyikke ko'teretug'ın, beglik inabatın oyatatug'ın, gu'resshen'likke ha'm jasawg'a talpındıratug'ın ideyalardı ku'shli ruwhlanıw menen jırladı.

A'jiniyaz, Ku'nxoja ha'm Berdaq og'ada ma'rt ha'm da'wkelbet shayırlar. Olardın' ma'rtlikleri ha'm haqıyqatgo'yligi aytqan, jazg'an ha'r bir so'zlerinde dalada jag'ılg'an gu'lxan otlarının' jalın qızıwınday ju'zin'di sharpıp turadı. Sol ma'rtlik xalıqtan onın' shayırlarına ha'm shayırlardan xalıqtın' o'zine o'tken, qaraqalpaqtın' xalıq bolıp saklanıp qalıwına nayatiy zor xızmet qılg'an.

Mine, usı qaraqalpaq, shayırlarının' shınlıqshıl, xalıqshıl da'stu'rleri qaraqalpaq a'debiyatının' ha'zirgi shayırlıq du'nyasında da o'zinin' dan'qlı su'rdewin jog'altpay kiyatırıptı. Bul a'jayıp da'stu'rler otızınshı ha'm qırqınshı jıllarda Ayapbergen Muwsaev, Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov, Jolmırza Aymurzaev sıyaqlı jarqın tulg'alardın' shayırlıq ijadında qanshelli ayqın ko'ringen bolsa, a'debiyatqa olarg'a

ilesip izbe-iz kirip kelgen Tilewbergen Jumamuratovtın', Bayniyaz Qayıpnazarovtın', Tajetdiyin Seytjanovtın' ha'm basqalardın' shıg'armalarında o'z ko'rinisin taptı.

Eliwinshi jıllardan tartıp qaraqalpaq shayırlıq du'nyası o'zinin' jan'arıw, izleniw shen'berin ken'eyte basladı. Poeziya o'zinin' rawajlanıu jolında jan'a baskıshqa ko'terildi. Mine, usı jan'a a'debiy ha'reket talantlı shayır İbrayım Yusupovtın' atı ha'm do'retiwshiligi menen tıg'ız baylanıslı.

İbrayım Yusupov - jan'a zaman kisisi, qaraqalpaq xalqının' jan'a bir ja'miyetlik ko'teriliw da'wirindegi shayır, ko'rkem so'z sheberi, alım ziyalısı. Ol a'tiraptag'ı xalıqlar a'debiyatın ha'm ma'deniyatın, du'nya a'debiyatın ha'm a'sirese onın' durdana u'lgilerin teren' biledi, olardı su'yip u'yrengen, zeyin menen an'lawg'a umtılg'an, ju'rek sezimine sin'dirgen. Bul u'yreniw ha'm izleniwdin' hesh biri izsiz, biykarg'a ketpegenin ko'rip qayıl qalasan' kisi. Olar suwsırap sho'llep atırg'an qunarlı jerge jawg'an abılaysan' no'ser jamg'ırday a'jayıp gu'lsheshеklerdi ha'm na'lshelerdi jaynatıp ju'zege keltirdi. Bılaysha aytqanda, usı bilimdanlıq onın' shayırlıq du'nyasında o'zinin' bereketli ta'sirinde qa'dembe - qa'dem sa'wlelenip turadı. Ha'm İbrayım Yusupov o'z poeziyasında intellektual kamalat tapqan shayır sıpatında ko'zge tu'sedi.

İbrayım Yusupov Berdaq shayır tuwılg'annan son' ju'z jıldan keyin du'nyag'a keldi. Berdaq o'zinin' ataqlı bir qosıg'ında:

Jigit bolsan' arıslanday tuwılg'an,
Udayına xızmet etkil xalıq ushın, -

dep aytqanı bar emes pe? İbrayım Yusupov usı dana so'zlerdi a'deyi o'zine qarata aytılg'an, ullı shayırdın' o'zinen keyin du'nyag'a keletug'ın aqlıq-shawlıg'ına qaldırg'an wa'siyatı dep bildi. Sonın' ushın da bul so'zler onın' shayır qa'lbindegi iygilikli insanlıq tuyg'ılardı ku'sheytip, onın' qosıqlarına sulıwlıq ha'm aqıl-za'kawat nurın berdi. İbrayım Yusupov bul jag'ınan alg'anda sawlatlı shayır bolıp tabıladı. Haslında onın' shayırlıg'ı u'lken ustazlar ruwhının' bulag'ınan suwsınlag'an lezzetli shayırlıq.

İbrayım Yusupov o'z qosıqların qırqınshı jıllardın' aqırına taman ja'riyalay basladı. Onın' atı tez tanıldı. Qosıqları tez tilge ilindi. Shayırdın' «Baxıt lirikası», «Ku'nshıg'ıs jolawshısına», «Jeti asırım» sıyaqlı kitapları qaraqalpaq a'debiyatına u'lken talant iyesi, qa'lbi na'zik bir shayır kirip kelgeninen derek berdi.

Ja'ne Berdaqqa mu'ra'jaat etip ko'remiz:

Ma'rt jigitti eger su'yse elatı,
Ku'nnen ku'nge artar onın' quwatı.

Sol aytqanday, İbrayım Yusupov eldin' muhabbatın ha'r qa'deminde, ha'r qosıg'ı shıqqanda sezip turdı. Bul og'an zor ilham bag'ıshladı, qa'lemin o'tkirlestirdi. Sonın' ushın shayırdın' «Dala a'rmanları», «Zaman ag'ımı», «Kewil

kewilden suw isher» sıyaqlı qosıq kitapları, «Aktrisanın' ıg'balı», «Tumaris» sıyaqlı qatar poemaları, «G'arg'ı tuttag'ı gu'z», «Seydan g'arrının' gewishi» usag'an gu'rrin' ha'm ko'rkem osherkleri, «Qırıq qız», «O'mirbek laqqı» usag'an drama ha'm komediyalıq shıg'armaları qaraqalpaq a'debiyatının' rawajlanıwına u'lken u'les bolıp qosıldı.

Ko'rnekli qaraqalpaq shayırın a'tiraptagı eller jaqsı bilisedi. Onın' ko'pshilik shıg'armaları tu'rli buwındag'ı talantlı o'zbek shayırları ta'repinen awdarılıp, o'zbek oqıwshıları shayırdın' «Oltin qirg'oq». «Shwl turg'ayi», «Sahro orzuvlari», sıyaqlı kitapların o'z shayırınday su'yip oqısadı.

Onın' orıs tilinde shıqqan «Pesnya gornogo rushya», «Meridianı serdtsa», «Rozı i polın», «Glaza yasheritsı», «İzbrannoe» sıyaqlı kitapları shayır hawazın uzaq - uzaqlarg'a tarattı. Onın' qırg'ızsha, tu'rkmenshe qosıq kitapları shıg'ıp, uzaqtag'ı shet eller de onı oqısadı.

İbrayım Yusupov ez xalqının' za'ba'rdes shayırı bolg'alı berli poeziya bostanına qanshadan - qansha sarg'aymas, solmas daraqlar ko'gertip atır. Berdaqtın' qosıqları jaqsılıqqa sho'llegen o'mir darag'ı edi. İbrayım Yusupovtın' poeziya darag'ın jan'a zamanlar samalı shayqap, insan qa'lbin, oy - a'rmanların jan'asha jırlawshı, jahan tsivilizatsiyası bulaqlarınan suw iship, o'z tuwg'an topırag'ına teren' tamır urg'an, yoshlı ha'm zawıqlı qosıq. Quddı babalarının' qosıqları kibi İbrayım Yusupovtın' shayırlıq darag'ı pu'tkil o'zekli tamırları menen qaraqalpaq topırag'ına teren' su'n'gip baradı:

Bir jag'ım suw, bir jag'ım sho'l bolmasa,
Ja'nnet qurıp bersen' de men barmayman.
Gu'l ha'm juwsan iyisi an'qıp turmasa,
Ol jerde men qaraqalpaq bolmayman.

İbrayım Yusupov qosıqlarının' ruwhıy tamırları tuwg'an jerge qanshelli teren' ketkenligi ha'm bul tamırlar ne menen azıqlanıp atırg'anı usı bir ku'ta' tawıp aytılg'an so'zlerden ko'rinip turıptı. Bul qosıqtın' ha'r bir so'zinen, ha'r bir obrazınan, ırg'ag'ınan qaraqalpaqtın' qa'lbi ko'rinip turıptı. Ha'r bir qosıq oqıytug'ın qaraqalpaq bul so'zlerdi o'z ju'reginin' arzıwları sıpatında qabıl etedi, alg'ıslaydı.

A'l hawada sayra, dostım, pırpırlap,
Saz benen sa'wbetsiz da'wran boldı ma.
Sen ko'kte, men jerde bunshelli shırlap,
Su'ymegende onnan Watan boldı ma? -

dep jazadı shayır «Poshsha torg'ayg'a» degen qosıg'ında. Shayır Watandı usılay zawıqlanıp jırlap payız qılıwdı ju'regine tu'ygen. Usınday ken' ko'kirekten shıqqan iygilikli tilekler arqalı onın' qosıqları Watang'a, xalıqqa degen muhabbat penen suwg'arıladı. Watannın' isshen' alg'a umtılg'ısh ruwhı onın' shıg'armaların o'zgeshe bir ta'rizde mazmunlı etip turadı.

İbrayım Yusupovtın' qosıqları, sonın' menen birge, ma'zi

qaraqalpaq da'stu'rleri aynalısında sheklenip qalmag'anın aytqan edik. Degen menen, ja'ne sonı itibarlap aytıwımız lazım, onın' poeziyası ju'da' ku'shli ja'ne ta'sirshen' milliy rux, milliy kolorit ka'sip etken shayırlıq du'nya. Ol qaraqalpaq xalqının' milliy o'zgeshelikleri menen belgilerin, onın' ruwhın, du'nyag'a ko'z-qarastag'ı o'zine ta'n jaqların sonday teren' ha'm go'zzal qılıp su'wretleydi, na'tiyjede bul suwretlewler tar, sheklengen shen'berden shıg'ıp, ulıwma adamgershilik ha'diyselerinin' ajıralmas bir bo'legi kibi an'lanadı. Sol ma'nide onın' shayırlıq du'nyasın qaraqalpaqtın' jahang'a, jaxannın' qaraqalpaqqa qaratılg'an tınıq aynası dew mu'mkin. Irasında da bul so'zde asırıp aytılg'an na'rse joq.

İbrayım Yusupov nag'ız doslıq jırshısı. Doslıq, qardashlıq, biradarlıq ideyaları onın' shayırlıq du'nyasında misli bir tilla tarlı saz: bul sazdı shertkende onın' qosıg'ı o'zgeshe bir zamanago'y zawıqlı hawaz beredi. Bul ha'wijli saz hawazında ol xalıqtın' keleshek ıg'balın, a'wladlardın' baxıt-saadatın ko'rip, ilhamlanıp jırlaydı. Onın' «O'zbekstan», «Watan», «Xorezmge», «Shıbıg'ı sınsa shınardın'...», «Qırg'ızlarg'a», «Bul aqsham juldızlar sonday iri edi», «Saarema», «Men Abaydı yadg'a bilgen xalıqpan», «Toqayg'a», «Maqtımqulının' jolına», «Tınbay jamg'ır jawar Pyarnu jolında» sıyaqlı teren' azamatlıq, sezim menen suwg'arılg'an qosıqları - nag'ız doslıq qasidaları - maqtanısh qosıqları bolıp tabıladı. Shayır bir xalıqtı ulıg'lay qoysa, shın ju'rekten shıqqan sulıw so'zler menen ulıg'laydı. Xaqıyqat, janlı suwretlemelerde sol xalıqtın' ju'regin suwretlep ko'rsetedi. Ol qırg'ız diyarı haqqında qosıq jazsa, bul qosıqtan burqasınlag'an taw bulaqlarınan «jılqıları suwg'a qosa juldız iship, qoy padaları taw bultınday aqtarılıp» biyiktegi jasıl jaylawlardan erip kiyatırg'anın ko'resen'. Ol «Dnepr boyındag'ı emen» degen qısqa qosıg'ında qardash Ukrainanın' tariyxıy ha'm boranlı, janlı obrazın su'wretlegende o'zin'izdi sol biyik da'rya boyında ko'kirek kerip turg'an a'sirlik daraq janında ko'resiz. Sol taynapır emen astında saz-sa'wbet qurılıp, Ma'rtlik ha'm Dan'q ma'writinde kewline tu'ygen shayır. Ol so'zdin' a'hmiyetin ja'ne qa'dir-qımbatın jaqsı biledi ha'm onı ba'lent qoyadı. Onın' ha'zir «so'yley-so'yley sheshen bolg'an» paytı. Ol da'wir ideyalarının' jırshısı, xalqının' su'yikli ko'rkem o'nerli perzenti. Onın' du'nya a'debiyatı, orıs, o'zbek a'debiyatı durdanaların qaraqalpaqshag'a awdarıwda ko'rsetken ulug' xızmetlerinin' o'zi de bir u'lken shayırdın' dan'qlı miynetine tatıydı.

Xalıq ju'reginin' teren' tamırları shayır İbrayım Yusupovtın' jalınlı qosıq qatarlarına tutasıp jatır. Bul, demek - baxıtlı qosıq!

**İbrohim G'afurov.**
**O'zbekstan Respublikası Memleketlik**
**sıylıg'ının' laureatı.**
**Tashkent.**

# JAN'A QOSIQLARDAN

## JAN'A A'SİRGE

Lekin qorıqpa! İnsanlardın' kewlinde
So'ngen joq jaqsılıq penen diyanat.

F. Shiller.

Sa'lem, Jan'a a'sir! Adasqan seyyad[1]
Biytanıs esikti qorqıp qaqqanday,
Bosag'an' aldında bul insaniyat
Gu'dik, u'mit penen sag'an baqqanday.

Ma'n'gi jasamaqqa an'sarı awıp,
«Jan'a kletkalar» torlag'an adam;
«Azon tu'nligi» nin' jırtıg'ın tawıp,
Mın' jıl aldındag'ın boljag'an adam,-

Senin' kimligin'di boljay almastan,
Bosag'anda turıp bası qatadı.
Bir awan kimsedey aqıldan sasqan,
Qırq mın' qıyal menen oyg'a batadı.

Sen netken a'sirsen'? Qılwan' bar qanday?
Ko'k jiyegin' qa'wip-qa'terler dumanı.
Abırjı muz benen baratırg'anday,
Ruwhımızdı qıynar Gamlet tumanı.

Aqıl, ilim ekewi til tabısıp,
Jahan lal qalg'anday sırlardı ashar.
Biraqta peyiller, ma'pler dag'ısıp,
Du'nya-bereketsiz bir u'yge usar.

Adamzat bul u'yde bir jasap turıp,
Biri-birin su'yip, jiyrenip atar.
Shaytan ha'zir kompyuterge otırıp,
Adamlardan sumlıq u'yrenip atar.

Jahan bazarında ne satpas ha'zir?
Satıladı qanlı qırg'ın quralı.
Biznes ıshqısında o'rtengen da'wir
Dollardın' jolına duzaq quradı.

Bul da'wirdin' iplas termini de ko'p:
«Mafiya» ha'm «korruptsiya», -ja'ne ne?
«Narkotik», «manyak», «spid» -biya'dep,
Ayta bersen', tolıp atır ele de.

«O'zim bolsam» degen a'yyemgi illet

---

[1] Sa'yyad – an'shı.

İnsan kewlin izey suwday jaylag'an.
Na'psi, ishkirnelik tikeni gu'llep,
Balalarday qural menen oynag'an.

Jatırqap el-eldi, adam-adamdı,
Bajxanag'a tolıp jol da'rbentleri,
«O'tiw da'wiri» degen qatal zamandı
Biz o'tip atırmız birazdan beri.

Sen bug'an ne deysen', wa Jan'a a'sir?
Keleshekke ne tayarlap atırsan'?
Sendegi miriwbet, aqıl ha'm ta'sil
Qanday halwa? Qay tan'layg'a tatırsan'?

Go'ne a'sirdin' jaqsı-jaman miyrasın
Sen a'lbette qabıl etip alarsan'.
Adamzattın' peyli buzıq du'nyasın
Du'zeymen dep ko'p ha'reket qılarsan'.

Lekin, biz jasag'an a'sirge erip,
Hesh elikley ko'rme bug'an o'mirde:
İnsandı «aq», «qızıl», «ariy» g'a bo'lip,
Tejiriybeler qoyma xalıq ta'g'dirine.

Ko'rgenbiz, oysızlıq ketkende asıp,
Da'ryalar teris ag'ar, ten'izler keber.
Biyma'ni jawızlıq urıslardı ashıp,
Adamzat o'z-o'zin qırıwg'a sheber.

Lekin insaniyatta bir zor U'mit bar,
Du'nya jaqsılıqqa tayanıp atır.
O'z-o'zin jan'adan tanıp xalıqlar,
G'a'rezsizlik ushın oyanıp atır.

Jawızlıq, menmenlik, jamanlıq ku'shi
Ha'zir hesh kimge de basların iymes.
Lekin qaysı elde Xalıq degen kisi
Tınısh ha'm pa'rawan jasawdı su'ymes?

Kel sen, Jan'a a'sir! Ornat a'dalat,
U'mit Ja'yhunindey tasıp tolg'aysan'.
Aqıl qurıltayın shaqırıp adamzat,
Ten'-tayı joq altın a'sir bolg'aysan'.

Bizden aqıllı ha'm baxıtlı a'wlad-
Kelip jan'a a'sirdin' go'zzal balları,
Qoynında tabısıp miyrim, muhabbat,
Tutassın doslıqtın' «Jipek jolları».

Yanvar, 1999-jıl.

## TYPK ULUSINA

(«Qırıq  qız» da'stanına arnalg'an xalıq aralıq, konferentsiyada oqılg'an qosıq)

Tu'rk ulusı, qan qatıslı qardashım,
Atın'dı baylayın ju'rek to'rime.
Sizler ushın qurban bolsın bul basım.
Xosh kelipsiz, qaraqalpaq eline.

Ata jurtı Tu'rkstang'a mina'sip,
Diydarımız bir-birewge jarasıp,
G'a'rezsizlik sharapatı jol ashıp,
Xosh kelipsiz, tuwısqanlar eline.

Ja'ha'nge jayılg'an daqı-sawlatı,
Tonı ko'k ha'm Bilge qaxan zuryadı.
Oruz, qıpshaq, qırg'ızdın' ma'rt a'wladı,
Xosh kelipsiz, qaraqalpaq eline.

Qorqut ata qobızınan saz tın'lan',
Jırawlardan eski da'stan so'z tın'lan',
Bul bir eden xalıqtın' ju'regin an'lan',
Kelin' altın miyras da'stan eline.

Xorezmshaxlarg'a qala bolg'an jer,
Beruniy babamız bala bolg'an jer,
Berdaq, A'jiniyazg'a ana bolg'an jer,
Xosh kelipsiz, sol danalar eline.

Nawayı g'azzelin, Fuzuliy so'zin,
Maqtımquldı oqıp ashılg'an ko'zim.
Abay, Toktag'uldı su'yemen o'zim,
Aytsam, keltiremen gu'lin-gu'line.

Tu'rk g'ardashım, dan'qı ketken du'nyag'a,
Beglik inabatın' jurttan zıyada,
Yunus Ha'miren' megzer bu'lbilgo'yag'a,
Xosh keldin'iz, bu'lbillerdin' eline.

Bizin' qızlar Gu'layımnın' urpag'ı,
Sulıwlıqta juldızlardın' sholpanı.
Jigitleri g'oshshaq eldin' sultanı,
Xosh kelipsiz, miymandoslar eline.

Qonaq-sultan bolsın, men qul bolayın,
Qatnasıqtın' aldı bolg'ay ilayım,
Janı pida Ashıq Ayaz-İbrayım,
Gorug'lıday minin' G'ıyrat beline,
Xosh kelipsiz qaraqalpaq eline,
«Qırıq qız» lardın' at oynatqan jerine....

12-sentyabr 1997-jıl.

## PREZİDENT

Zaman ku'shli zilziladan[2] silkinip,
Turg'unlıq qorg'anı ishten qıyradı.
Dawıl hu'kiminde ten'iz julqınıp,
Tolqınlardı tog'ız ballg'a aydadı.

Qıyratpaqshı boldı soqtırıp jarg'a,
Tolqın qaqshıp ushan korabllerdi.
Ta'wekel dep, keldi shturvallarg'a[3]
Azatlıqtın' er ju'rekli erleri.

Sonda birinshiler qatarında siz
Ta'wekel ka'marın belge buwg'ansız.
Ata-baba a'rwag'ına sıyınıp,
Ta'kabbir qudiretke qarsı barg'ansız.

İmperiya - jeti baslı a'ydarha,
Dem shegip tursa da aybınbay barıp,
Ten'siz ma'rtlik isledin'iz siz sonda.
Qa'pestegi Xumay[4] qustı qutqarıp.

Xumay - da'wlet qusı jazıp qanatın,
Ushtı, el u'stine sayasın saldı.
Sahıbqıran ruwhı at oynatıp,
O'zbek o'z ta'g'dirin qolına aldı.

U'mit ku'tip ullı kelesheginen,
Xalıq quwandı, jan'lap shadlıq naması.
Shıg'ıs aspanının' ko'k jiyeginen
Bas ko'terdi mustaqilliq quyashı...

Esimizde, parlament minberinen siz
Ayttın'ız: «Toqtatın' bizdi maqtawdı.
«Qoyın' o'z halıma meni» dedin'iz. -
«Mag'an xalıq ta'g'diri ju'klegen tawdı
Jetkermegim lazım ma'nziline men.
U'rdis kılman' bir-birewdi maqtawdı.
Sizlerden diz sho'gip o'tinemen men,
Awızbirlik, tatıwlıqtı saqlawdı.»

Bul edi insanıy pazılet so'zi,
Xalıq kewlinde tastı sizge muhabbat.
Ha'r zat o'z atına iyedur o'zi,
Maqset - maqtaw emes, - haqlıq a'dalat.

---

[2] Zilzila – jer silkiniw.
[3] SHturval – korabldi basqarıw ornı.
[4] Xumay (Xumo) - a'psanawiy baxıt qusı. Ol kimge yaki qaysı elge sayasın salsa, baxıtlı boladı degen ra'wiyat bar. O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalarının' gerblerine onın' su'wreti salıng'an. Qaraqalpaqlar onı Da'wlet qusı dep atasadı.

Ta'g'dir tikenekli soqpaqlarınan
Jaslay jalan'ayaq aydap qar-muzg'a,
Qandırıp za'kawat[5] bulaqlarınan,
Ta'n'irim sizdi bergen ıg'balımızg'a.

Sumlıq jaylag'an bul delbe du'nyada
Siz tın'nan tuwrı jol salıp kelesiz.
El ka'rwanın o'tkeli joq da'ryadan
Awdırmay o'tkerip alıp kelesiz.

Qıyınlıqlar ele izde qaladı,
Miynet su'ygish xalıq gu'llenter Watandı.
Du'nya «bir ko'rsem» dep ashıq boladı,
O'zbekstan atlı ja'nnetma'kandı.

Bizdi ta'n almaqta eller qaydag'ı,
Bu'gin jan'a a'sir bosag'asında.
Siz ko'tergen G'a'rezsizlik bayrag'ı
Jelbirer BMSH astanasında.

Mıqlı iynin'izde alıp kelesiz,
Xalıq ta'g'diri ju'gin. El sizden ırza.
Ullı abıray qazanasız ele siz,
Quda quwat bersin, Prezident mırza!

Jan'a a'wlad sıylap, alg'aylar yadg'a,
Ta'n'irim ba'rha nurlı na'zerin salg'ay.
Sizden-bizden sol erten'gi a'wladqa
Azat ha'm de abat bir Watan qalg'ay.

Jurtbasımızsız xalıqtın' tilegindegi,
Uzaq jas buyırsın o'mirin'izge.
Qaraqalpaqtın' appaq juregindegi
Alg'ıs ha'm sa'lemin jollayman sizge!

Fevral, 1999-jıl.

## KİM BAR, BİZİN' JAQTIN' HAYALLARINDAY…

Hayal go'zzallıg'ı - ilahiy tilsim,
Biniyad bolg'an haqtın' inayatınan.
İnsan qa'lbin mudam jaqtırtıp tursın,
Dep ta'n'irim bir so'nbes nur quyg'an og'an.

Adam jaralg'alı qosıqlar, sazlar
Onı ta'riplewden jalıqqan emes.
Ha'zireti Nawayı, A'jiniyazlar
Qa'lem tarta-tarta tawısqan emes.

Ja'ha'ngir shaxlar da, otıralmay taxta,
Aldında diz sho'gip, qaznasın shashqan.

---

[5] Za'ka'wat-aqıl-parasat.

Bul bir ilahiy nur jarq etken waqta,
Ha'tte payg'ambarlar ko'zi qamasqan...

Shaydasınday bu'lbil muhabbatının',
Ha'r gu'ldin' o'z ko'rki, abzallıg'ı bar.
Ha'r elde, ha'r xalıqta hayal zatının'
O'zinshe ko'rk-shıray, go'zzallıg'ı bar.

Da'stanlarda ta'riypi bar ba'rinin',
Kim jazdırar onın' sırlı o'rmegin?
Biraq bizin' jaqtın' hayallarının'
Sulıwlıg'ın men hesh jerde ko'rmedim.

Beyish hu'rleri me turg'an qarsın'da,
İshpey-jemey diydarına toyarsan'.
Tumaris pe, Shasa'nem be, Barshın ba,
Kim ekenin bilmey hayran bolarsan'.

Olardın' jadırap ku'lgenin ko'rsem,
Men o'zimdi yoshlı shayır sezemen.
Qayg'ı-qapalıqta ju'rgenin ko'rsem,
Mu'sa'pirlik sho'llerinde gezemen.

Da'rtin giznep, jas kelindey to'rkinsip,
Qıpsalamay sır tarixın estegi,
G'a'rezsizlik minberinen erkinsip,
Aytayıq-ta da'bdiwlerdi ishtegi:

«Hayal erkek penen ten' huqıqlı» dep,
Talay qıshqırg'anbız, talay jazg'anbız.
Jetpis jıl maqtawın jetirip so'ylep,
Qısta ton' qopartıp, qazıw qazg'anbız.

«Bunın'day erkinlik sizge qayda» dep,
Atızda sarg'aytıp saratanlarda,
«Temir qatın ko'k korabl aydar» dep,
Mingizgenbiz muzday kombaynlarg'a.

«Qızıl a'ydarhanın'» tu'sip da'stine,
Miy shayılıp, ju'rek suwlag'anshelli,
Samoletten za'ha'r shashtı u'stine,
Ko'kirek su'tin'izdi uwlag'anshelli.

U'yin'de qarawsız qalıp besigin',
Sol uwlang'an «aq altın» dı terdin'iz.
Qısta su'yrik sawsaqların' tesilip,
«Plan ushın» qorek julıp ju'rdin'iz.

Tu'kirip suw ishken da'ryalarına,
Qudaysız adamzat ha'ldinen astı,
To'zbey adamlardın' jawızlıg'ına,
O'z jag'ısın taslap ten'izler qashtı.

Mine aqıbeti: bul bayg’us topıraq,
Ayıqpas da’rtlerdin’ boldı uyası.
Du’nya bas shayqasar bizlerge qarap,
Netken hu’jdansızlıq anemiyası.

Men aytpayman bul g’a’letiy apatlar
«Ba’ri-ba’dar ketti, qaldı – dep - keyin».
Bazar jolındag’ı ko’p mashaqatlar
Boy jazdırmas ele birazg’a deyin.

Lekin jaqsılıqqa bet aldı zaman,
U’mitlimiz son’ı jaqsı bolar dep.
Erkinlik hawasın jutqan bul insan
Ba’rin ele ornı - ornına qoyar dep.

Bereket darıg’an ırısqı-nesibe,
Gu’llep kewillerde shadlıq, muhabbat,
Terbelip ıg’baldın’ altın besigi,
Oshaq bası aman, el bolg’ay abat.

Tamshı jas qonbag’ay kirpigin’izge,
Biymezgil hesh u’yde so’nbegey shıraq.
Biybipatpa piyrin’ yar bolg’ay sizge,
A’ziyz anaxanlar, bayram mu’ba’ra’k!
Mart, 1997-jıl.

## ARALG’A

Ta’n’irim berdi seni bul adamzatqa,
Irıs qazanı bolıp qaynap tursın dep.
Bendelerim shag’lap, jetip muratqa,
Bul altın jag’ısta da’wran su’rsin dep.

Qa’dirine jetpedik, a’ziyzim Aral,
Gu’rsingen hawazın’ tur qulag’ımda.
«U’mitin’-joldasın’» degen de so’z bar,
Tolqırsan’ zamanın’ kelgen shag’ında...
1998-jıl.

## SAHRA BU’LBİLİNE

Zaman da’rtin da’stan etip tilinde,
Xalqın’nın’ ar-namıs, hu’jdanı boldın’.
Ayaqtag’ı qaraqalpaq elinde
Shayırlıq mu’lkinin’ sultanı boldın’.

Sen sahra bu’lbili edin’ sayrag’an,
Bag’ tapbag’an jerde shen’gelge qong’an.
Japakesh el ushın jan pida’ qılg’an.
Da’rtli kewillerdin’ da’rmanı boldın’.

Elim dep, jurtım dep usı elattan
Bir shayır tuwılsa, - seni jaratqan.
Xalıqtın' so'yler tili bolıp kiyatqan,
Dilwarlıqta alg'ır tarlanı boldın'.

Ha'r so'zin'de danalıg'ın' tanıttın',
Ma'rtligi bar Alago'zdey alıptın'.
Kewli aq, qalpag'ı qara xalıqtın'
Qosıqqa aylang'an a'rmanı boldın'.

Ullı Nawayıdan sawat ashqanın',
Dan'qlı Fiziwlıdan du'rler shashqanın',
Ustaz Maqtımquldın' izin basqanın',
Ulıg'lardan u'lgi alg'anı boldın'.

Du'nyag'a dan'q jayg'an O'zbekstanda,
Mustaqillik sheshek atqan bostanda,
Babalar ruwhı oyang'an tan'da,
El ardaqlap eske alg'anı boldın'.

Aytqan so'zlerin'di altıng'a qaplap,
Tuwısqanlar aytar: «A'ssalam, Berdaq!»
Mereken'di Prezident qutlıqlap,
Jan'a a'wladlardın' ilhamı boldın'.
Dekabr, 1998-jıl.

## SU'MELEK QAYNATQAN JEN'GEYGE

Aman bol, su'melek qaynatqan jen'ge!
(Mag'an - jen'ge bolsan', jaslar «sheshe» der).
Na'wba'ha'r oyang'an aydın kesheler
Shu'kirlik etersen' g'a'niymet demge,
Aman bol, su'melek qaynatqan jen'ge.

Su'melek qaynatpas ma'zi sa'n ushın,
U'yret kelinlerge bunın' ma'nisin.
Ata-baba da'stu'rlerin tanısın,
Kim u'yreter onı o'zin'nen o'n'ge?
Aman bol, su'melek qaynatqan jen'ge.

Bayram su'melegi da'stu'rden qalmas,
Da'stu'r sıylamay el jo'nlese almas.
Erkin bazardag'ı shet elden kelgen
Shiyrinlikler og'an ten'lese almas.

Abiyhayat suwın ishken bul bayram,
Zamannan-zamang'a ko'shken bul bayram.
«Ha'r ku'nimiz Nawrız bolg'ay» dep tilep,
Payg'ambar na'zeri tu'sken bul bayram.

Nawrız-jurttın' shadlıq saltanatı bul,
Bu'gin-g'a'rezsizlik sharapatı bul.

Miyrim-sha’pa’a’ttin’ insan qa’lbine
İla’hiy nur quyg’an ka’ramatı bul.

Xalıq shag’lap mustaqil O’zbekstanda,
Du’nya tınısh, eller abadan bolsın.
Shadlıq sazı jan’lap ha’r atqan tan’da,
Ha’r shan’araqta tolı dastu’rqan bolsın.

Bıyıl Ja’yhun da’rya ma’wjirip tasıp,
Eginge kenelgey Watan jerleri.
Quwang’ay tabısı ta’rezi basıp,
Qaraqalpaq ha’m Xorezm elleri.

Shag’lan’, biradarlar, ortan’ız tolsın,
Jetispek g’aniymet bul shadlı ku’nge.
Nawrız bayramın’ız mu’ba’ra’k bolsın,
Aman bol, su’melek qaynatqan jen’ge.

## ORNIN’ BA’RHA TO’RDE BOLDI, AQSAQAL

(*Ma’teke aqsaqal Jumanazarovtın’ esteligine*)

Tallı jag’ıs tamg’alının’ jerinde
Bul jaqtı jahang’a keldin’ aqsaqal.
At ko’terip qaraqalpaqtın’ elinde,
Bir kisi kim bolsa, boldın’, aqsaqal.

Ulı edin’ qara taban diyqannın’,
Awır miynet nanın jegen adamnın’.
Aldın’a at tartqan jan’a zamannın’
Ayanbay xızmetin qıldın’ aqsaqal.

Xalqın’ menen o’stin’ qanın’ qatısıp,
Kegeylini qazdın’ qosta jatısıp.
Birge jarma iship qasıq atısıp,
Taqan shayısqansan’ elge, aqsaqal.

Qatebin jazbag’an narday ku’shli edin’,
Harıp-sharshap at belinen tu’spedin’.
El ushın entelep jumıs isledin’,
Xalqın’nın’ kewlinen shıqtın’, aqsaqal.

Haq kewil, el su’ygen adam ekenin’,
Aqıl-zeyini alıq insan ekenin’,
Yoldash ata, Osman, Sharaf a’kenin’
Nurlı na’zerine tu’stin’, aqsaqal.

Tuwrı so’zden jaltarmadın’ jasqanıp,
Xalqın’ menen astın’ turmıs asqarın.
On segiz jıl parlamentti basqarıp,
Zan’-zakun basında turdın’, aqsaqal.

To’ben’di ko’rgende jurtlar quwandı,
Sho’llegenler bulag’ın’nan suw aldı.
Ha’zillessen’, qapa kewil jubandı,
Otırıspanın’ gu’li boldın’ aqsaqal.

Jiyrenshedey ju’yrik, shiyrin til bolsa,
Ata-baba da’stu’r qılg’an jol bolsa,
Bul a’tirapta qansha ulıs el bolsa,
Ba’ri hu’rmetin’de boldı, aqsaqal.

Joqarı orıng’a xalıq sayladı,
Birge miynet etip, birge toyladı.
Tashkent, Ma’skew ba’ri sizdi sıyladı,
Ornın’ ba’rha to’rde boldı, aqsaqal.

G’a’rezsizlik ornap bu’gin Watanda,
Ullı hu’rmet qılıp ullı insang’a,
Xalıq sıylag’an qalıy bolmas qashan da,
Ruwhın’ shad bolg’ay mudam, aqsaqal.

## BU DU’NYA

1

Adam ug’lı, o’z kewlin’di shad a’yle,
Ashılsan’, ashıla berer bu du’nya.
O’tkenlerdin’ wa’siyatın yad a’yle,
Jıynasan’ shashıla berer bu du’nya.

Hadal miynet etip, tapsa du’nyanı,
Biyg’erezlik g’osh jigittin’ a’rmanı.
Hiyle qılsan’, aldayman dep sen anı,
Sumlıg’ın asıra berer bu du’nya.

Jurttan artıq jasayman dep eger sen,
Ta’sil qılsan’, o’zin’ azap shegersen’.
Tu’lkinin’ izinen tazı jibersen’,
Tuttırmay, qashıra berer bu du’nya.

Altın dep jıyg’anın’ temir tat bolıp,
Aqırında opıq jersen’ mat bolıp.
Sen quwsan’, ol naymıt perizat bolıp,
Ju’zlerin jasıra berer bu du’nya.

Bul du’nyanın’ bergen ashshı sabag’ın
Ha’r ko’rgende shu’kirlik qıl, toba qıl.
Ashıq Ayaz, ashıq ju’rsin qabag’ın’,
Qapılsan’ qapıla berer bu du’nya.

2

Bul du’nya «bes ku’nlik», «yalg’anshı» demek

Burıng'ılar aytqan so'zinde bardı.
«Asıg'adı bizden qalg'ansha» demek,
Biyopalıq ku'ler ju'zinde bardı.

Ta'n'irim bul du'nyanı joqtan bar etti,
Bendem shalqısın dep, lalazar etti.
Lekin g'apıl bende asqınlap ketti,
Ko'binde insap joq bazında bardı.

Du'nya dep, adamzat bir-birin qırg'an,
Shaytan g'ulg'ulası haq joldan urg'an.
Bul jerde jazıq joq du'nyada turg'an,
Ha'r ba'le adamnın' o'zinde bardı.

Bul du'nya yalg'anshı emes shınında,
«Na'psin'di tıy» dep aytqan g'oy burında.
Bir qısım topıraqqa tolg'an son'ında,
Ash ko'zlik adamnın' ko'zinde bardı.

Ashıq Ayaz, haq jolınan ju'rmese,
Bul du'nyanın' go'zzallıg'ın ko'rmese,
Bul so'zge waqtında ma'ni bermese,
Ullı pushaymanlar izinde bardı.

Dekabr, 1996-jıl.

## TALLAR JAPIRAQ TO'KTİ, URIQLAR QUWRAP...

Tallar japıraq to'kti, urıqlar quwrap,
Tek te atqulaqlar jawdırasadı.
Azan-g'azan ala qarg'alar shuwlap,
Aspan qumaytlanıp, sıyqı qashadı.

Quwraq qamıs ızın'laydı namag'a,
Erten' - bir ku'n suwıq tu'siwi mu'mkin.
Ko'pten jılımag'an musa'pirxanama
Sen jılıw a'kelgen ku'n edi bul ku'n.

Onnan berli ba'ha'r bes iret ko'klep,
Bes iret qublag'a qayttı tırnalar.
Du'zde bes ma'rtebe jantaqlar so'klep.
Nart shıbıqlar tal boldıq dep ırg'alar.

Muhabbat ha'm oshaq biyg'a'rezligin
Qorg'awda sen ma'rtlik ko'rsete aldın'.
Erkin qız wag'ın'dı sag'ınıp bu'gin,
Mun'lı bir noqatqa tigilip qaldın'.

Qoy, o'ytip taldırma qarar ko'zin'di,
Qayg'ı jaraspaydı, shabazım, sag'an.
Tolg'an ayday do'n'gelengen ju'zin'di
O'ytip to'men salma ne bolsa sog'an.

Bilemiz ag'ayin degen kisini,
Bazda janın sag'an suwırıp berer.
Qa'pelimde sa'l na'rsege isinip,
G'ıybat «bes biyday» ın quwırıp berer…

Qatın degen erkektin' tas qayrag'ı,
Ol qayrasa, qazan pıshaq, qıl qawar.
An'go'dek er giyne tawıp qaydag'ı,
Telpegin teris kiyip, iyt bolıp qabar.

«Ag'ayin azar da, bezeri bolmas»,
Onın' barı jaqsı ne degen menen.
Qarg'a «g'aq» degennen qıs tu'se qoymas,
At ju'risin buzbas iyt u'rgen menen...

Qara, qanın'day ken' bul ata ma'kan!
Ata-babamızdın' altın miyrası.
Qanshama a'wladlar minnetdar og'an,
Ha'mmege de jetken ırısqı miyuası.

Bul elge, bul jurtka senin' ıqlasın'
Ag'ın suwday taza ha'm de rawan.
Qushaq ashar qansha qurbı-qurdasın',
Ha'm yoshlı qosıqlar jazdırar mag'an.

Jatqan bir ken' du'nya bul ata ma'kan,
Tek ma'zi tarılg'an adam peyili.
Kewli tar bendege tardur bul jahan,
Du'nya ken' peyilge - nawrız seyili.

Ta'n'irim u'rkitpegey bul da'wlet qusın,
Bir qısım topıraq bar toyımsız ko'zge.
Kewlin'di tarıltpa, qosshım, ol ushın,
Ken'lik jarasadı siz benen bizge.

Tallar japıraq to'kti, urıqlar quwrap,
Tek te atqulaqlar jawdırasadı...
Ag'ayin giynesi - iyt tartqan tuwlaq,
Erten' umıtıp, ja'ne qushaq ashadı...

Yanvar, 1999-jıl.

# ASHIQ AYAZDIN' QOSIQLARINAN

## BOLMAS

Jerge xızmet qılmay polat paznalar,
Ju'zleri jarqırap ashılg'an bolmas.
Elge xızmet qılmay g'oshshaq jigitler,
Erlik sınnan o'tip, ısılg'an bolmas.

Jaqsılarg'a xızmet qılsan' jasın'da,
Qartayg'anda jaslar ju'rer qasın'da.

Gu’rlep jang’an ottı oshaq basında
Kisi qolı menen ısırg’an bolmas.

Qa’sterle o’zin’nin’ haslı zatın’dı,
Joqarı tut beglik inabatın’dı.
Jaslar tutıp baylamasa atın’dı,
Olardı g’ıybatlap qısıng’an bolmas.

Ashıq Ayaz aytar, ta’n’irim berseler,
Jaqsılar shad bolıp da’wran su’rseler.
A’wel-aqır peyli buzıq kimseler
Hajg’a barg’an menen musılman bolmas.

**SHIRAYG’A ENER**

Jaqsı hayallarg’a jas min’gen sayın,
Gu’zde ashılg’an gu’ldey shırayg’a ener.
Mayısqan ma’jnu’n tal jıl o’tken sayın,
Sallanısıp sarhawızg’a sa’n berer.

İzde qalg’an qız da’wrannın’ qızıg’ı,
Aq ju’zine tu’sken a’jim sızıg’ı.
Jasta jaytan’lag’an ko’zdin’ su’zigi
Xosh a’dep, mulayım ha’m ilham berer.

Otırısları xannın’ qonag’ı yan’lı,
Sırlı sulıwlıqtın’ bulag’ı yan’lı.
Ko’p jıllıq Muhabbat sharabı yan’lı,
So’ylegeni so’z mu’lkine jan berer.

Aqıl, parasatlı shın dilbar dese,
Ka’ywanılıq kimge jarasar dese,
«Qızlarg’a bergisiz jawan bar» dese,
Ashıq Ayaz sol naqılg’a ta’n berer.

**SU’YMEGENGE SA’LEM JOQDUR...**

Ashıqlıqtın’ o’z jolı bar,
Su’ymegenge sa’lem joqdur.
Sulıwlıqta senin’ menen
Ba’s baylasar sa’nem joqdur.

Ashıq baqbas o’z halına,
Qanat piter qıyalına.
Mashaqatsız visalın’a[6]
Jetsem degen da’mem joqdur.

Kelmeli-ketpeli da’wran,
Bizden o’tip, sizde qalg’an.
Men g’a’rip da’rtin’nen jang’an,
Biyda’rtlerge ba’len’ joqdur.

---

[6] Visal – ashıqlıqta til tabısıw, ushırasıw.

Bu'lbil an'sar gu'l jamalın,
Sırtım pu'tin, ishte jalın.
Ashıq Ayazdın' ahwalın
Xatqa salar qa'lem joqdur.

## ASHIQLARDIN' KEWLİ DA'RTLİ

Ashıqlardın' kewli da'rtli,
Ko'rgen ku'nlerin aytsan'a'.
Biyda'rtlerdin' bizin' menen
Oynap-ku'lgenin aytsan'a'.

Biyra'him jaratıp seni,
Zarı-giryan etip meni,
Sulıwlıq degen ba'leni
Sizge bergenin aytsan'a'.

İlmesultan ha'r mazag'ın',
Bizge qılg'an darg'azabın',
Ashıqlıqtın' bar azabın
Bizge bergenin aytsan'a'.

Ashıq Ayaz taqat etpey,
Ishqı da'rgayına jetpey,
Da'rtin'nen o'rtenip ketpey,
Aman ju'rgenin aytsan'a'.

## JANAN ENER TU'SLERİNE

Ba'lent tawlar qalg'ıp ketse,
Duman ener tu'slerine.
Bu'lbil quslar ko'z ilgitse,
Bostan ener tu'slerine.

Sallanısqan sa'nemlerdin',
Elge sa'n bergenin ko'rdim.
Taza pa'riy jigitlerdin',
Janan ener tu'slerine.

An'shı peylin an'da ko'rdim,
Jan sebil shikarda ko'rdim.
Payda kuwg'an sawdagerdin'
Shırwan ener tu'slerine.

Ayralıqtın' da'rtin jazdım,
Ishkın'da sarg'aydım - azdım.
Biyshara Ashıq Ayazdın'
İlham ener tu'slerine...

## «ERKİN BAZAR»

Ergeneksiz bul du’nyanın’,
Ha’zir erkin bazarı ko’p.
Jer-jahannan du’nya-maldın’
Kelip turg’an gu’zarı ko’p.

Ha’r kim og’an barın salg’an.
Ha’tte namıs-arın salg’an.
Birew sa’tli sawda qılg’an,
Birewlerge hazarı ko’p.

Hasıl ga’whar, zeri de bar.
Aptekte joq da’ri de bar.
Pulın’ bolsa ba’ri de bar,
Pulsız ko’zin’ qızarı ko’p.

Ha’r kim paydasın go’zlegen,
Iras-yalg’annan so’zlegen.
Biraq onda men izlegen
Muhabbattın’ bazarı joq.

Sonday bazar bolg’anında,
Sen bazarlap barg’anın’da,
Shasa’nemdey bayag’ıda...
«Men G’a’ripti satıp al» dep,
Jıg’ılarem ayanın’a...

1997-jıl.

## WA, DENSAWLIQ, DENSAWLIQ

Wa, densawlık, densawlıq,
Sen bir ju’rgen qol jawlıq.
Bazarın’ tu’sip ketkende,
Bahan’ piyaz bir bawlıq.

Qa’stelik basqa tu’skende,
Qa’dirin’di bilermen.
Mısqalın’a mın’ somnan
To’le dese, to’lermen.

Qa’stelik bastan ketken son’,
U’stin’nen ja’ne ku’lermen.
Mayına mingen ko’liktey,
Ot-jemsiz qıynap minermen,
Azabın’dı berermen.

Wa, densawlık, densawlıq,
Usaysan’ ag’ar bulaqqa.
Sol bulaqtın’ basınan
A’keter jıllar uzaqqa.
Duqturlardın’ aytqanın
İlmedim onsha qulaqqa.

Aylandırg'anım sen boldın'
Bara g'oysam qonaqqa.
Kisinin kewlin jıqpadım,
Jıqtım seni biraq ta...
«Aqıllıman» dep ju'rgenler
Qızıg'ıp qarar suqlanıp,
Deni saw ju'rgen doraqqa.

Wa densawlıq, o'zin'de
Qılıq joq quday su'ygendey.
Shan'g'alaq shaqtın' tis penen,
Ton' qoparg'an su'ymendey.
Sen shekken sigaretlerdin'
Du'tinen tandır so'ngendey.
Sen jutqan nikotinlerden
Bir u'yir jılqı o'lgendey.

Qıynayman sen Mısırdın'
Bası baylı qulınday.
Jumsayman seni jolımnam
Tawıp alg'an pulımday.

Adamlar seni buzadı,
Shıpaker bayg'us emleydi.
Aldınan aqqan da'ryanın'
Qa'dirin kisi bilmeydi.

Minip ju'rgen atın' da,
Ku'tim talap etedi.
Densawlıq ta, qatınday,
Qaramasan' ketedi.

1992-jıl.

## A'SKERBAY ALPIS JASINDA
## (ha'zil)

Ha'y saqıy, quy qa'ne bir ka'sa sharap,
Qurı xoshemetti su'ymes A'skerbay.
Jurtlar bul du'nyanın' ju'zine qarap,
Ku'yse ku'ye bersin, ku'ymes A'skerbay.

Bul bendeler biri-birin qıynasıp,
Ju're bersin ga' aytısıp, sıylasıp.
Yalg'anshını sirisinen bir basıp,
Jırtıq botinkidey kiyer A'skerbay.

Shaxaman elinde eneden tuwıp,
Qoıq qoyan bolsa, iyt bolıp quwıp.
G'am-qayg'ını bir qos sharshıg'a tu'yip,
Ertede da'ryag'a atqan A'skerbay.

Da'rwish deyin desem, qılqa tonı joq,

Ma'jnu'n deyin desen', La'yli yarı joq.
Shayırlar bar qosıg'ının' da'mi joq,
Olarday biyma'ni emes A'skerbay.

Bir aqqan suw qaytıp aqpas salmadan,
Jasaw-bendesinen, o'mir-alladan.
Qaraqalpaqta Omar Hayyam bolmag'an,
En' bolmasa, bolsın meyli A'skerbay.

Hey saqıy, quy ja'ne bir ka'sa sharap,
Erten' taptırmaydı bu'gingi qonaq.
Ne qılamız jası qansha dep sorap,
Sol shalqıwı menen o'tsin A'skerbay.
1997-jıl.

# «BAXIT LİRİKASI» kitabınan

## 1955

### ULLI QITAY MAQALI

Du'nyanın' barlıq xalqı ayaq qosıp
Bir waqta jerdi tepse, jer silkiner.
Du'nyanın' barlıq xalqı urt toltırıp
U'plese, dawıl turıp, ku'n gu'rkirer.
1950-jıl

### DİPLOM ALG'AN DOSTIMA

(Dosjan Nasırovqa)

Uyadan ushqan jas sun'qar,
Qanattı ken'nen jayıpsan'.
Turmıstı o'zin' et gu'lzar,
Baxıt kelmes g'ayıptan.

Shayqalg'an gu'ldey jas o'mir,-
Jazg'ı ma'wsim, gu'lstan.
Juldızday bilim ko'gine
Shıq jarqırap Shıg'ıstan.

Qutlı bolsın diplomın',
Bilimdarlıq belgin' ol.
Ken', baxtiyar u'lkenin'
Xu'rmetine sadıq bol.

Bilim bergen Watang'a
İsimiz bolsın ılayıq.
Salınıp atqan sarayg'a,
Kel, biz de gerbish qalayıq!
1949-jıl.

# KAVKAZ

«Watanımnın' sulıw qosıg'ınday ko'rip,
su'yemen Kavkaz»
M.Lermontov.

Kavkaz, sa'lem, jasıl tawlardın' sebi,
Sa'lem jer qundızı, gu'lge bezengen!
Watan ıshqı menen su'yemen seni,
Taw jırların su'ygen ju'regim menen.
Balalıq jıllarımda men seni ko'rdim,
Betlerinde Pushkin jazg'an kitaptın'.
Lermontov qa'leminen toqılg'an jırdın'
Ha'r bir katarında sen sheshek attın'.
Sonda terbep aqıl-huwshımdı alg'an
Shayırlıq muzasınday sendegi shıray.
Shayır qosıg'ına ilesip, sag'an –
Balalıq qıyallarım ushqandı talay...

*   *   *

Azanda da'ryanı o'rlep ekewmiz –
Shıqtıq shın' basına seni ko'rgeli.
Baslap alıp ju'rdi alpinist bir qız,
Oy, sonda ko'rkin'e ba'nt ettin' meni:
Qıyatas astınan un'gip jol salıp,
Shabar saydı quwıp burqıg'an suwlar.
Jıltır qoy taslardı qushaqqa alıp,
Jasıl jag'alardan entigip zuwlar.
Ha'm qular tik jardan to'menge harlap
Zawıqlı o'r tasqınnın' sarqıraması.
Alıp qashtı sonda oyımdı urlap
Ol jerden baslang'an tawlar halqası.

*   *   *

Taug'a o'rmelegen aylanba jolda
Barar ju'yrik «gazik» tog'ayg'a kirip.
Jasıl o'n'irde ha'm otlaq jılg'ada
Izg'ıg'an «alpinist qoylar» ju'r o'rip.
Tog'ay artındag'ı shın'dı aylanıp,
Mine bunda shıqtı sol «gazik» zuwlap.
Shofer dostan son'g'ı poshtanı alıp
Qaldı shopan jigit kewilli, quwnaq...
Qızıl sherepitsalı aq jaydı nusqap
Alpinist joldasım til qattı mag'an:
«Bunda million qoylı sovxoz tur jasap,
Dan'qlı shopanlar bar tawdı jaylag'an.
Olar - mal o'siriw isine maman,
Olar - ha'm alpinist, shın' hu'kimdarı.
Bunda say joq, olar soqpaq salmag'an
Ha'm olar baspag'an taw jotaları.

Bizler de olardın’ siltewi menen
Muzlı qısnaqlardan o’tip adaspay,
To’sin bult aymalap, bu’rkit bekingen
Shın’lar shoqqısına mingenbiz talay», -
Degende joldasım nusqag’an tusta
Ko’rindi Elburs - qos o’rkesh, duman.
Qarlı shın’, Kavkazdın’ go’zzallıq dan’qın
Bayanlap turg’anday tuyıldı mag’an.

* * *

Sarqırama janında irkilip qarap,
So’zin dawam etti alpinist tag’ı.
Bizin’ qarsımızda turdı buldırap
Taw bawırında qızg’an qurılıs oshag’ı.
Tınıshlıq miynetten ha’wij alg’an jumıs,
Da’w mashinalar ju’r taslardı gu’rep.
Ba’lki, bunda bu’gin baslang’an qurılıs
Erten’gi bir GES ten bergendey da’rek.
Quwandım Kavkazdın’ jan’a o’mirine,
Quwan alpinist qız, sendag’ı quwan!
Bunnan da Elburs ko’riner, a’ne,
Qızıq ertek so’ylep turg’anday mag’an.

Gu’l to’selgen shalg’ın alaptı boylap,
Qaytıp jettik mine qala qasına.
Alma arashların aralap jaylap,
Jasıl to’belerdin’ mindik basına.
Jasıl qala jatqan etekte - bunda
Narzan bulaqları mo’ldir suw shashar.
Qulpırg’an ko’rinisi tawlar tan’ında
Uyqıdan oyang’an arıwday mısal.
Qıyalım qala u’stinde tınıs alg’anday,
Su’ysine ko’z salıp turg’anda og’an,
Baxıtlı o’mir dan’qın bayan kılg’anday
Bunnanda Elburs ko’rindi mag’an...
Kavkaz!
                Maqtan,
                                Quwan, bo’lenip sa’nge,
Qa’dirdan taw eli, tuwısqan u’lkem!
O’mirin’ baxtiyar, shad, abadan ha’m de
Bawrayın’da o’sken gu’lindey ko’rkem.
Seni bir gezleri buwıp kıynag’an
Ha’zir joq sol tilsiz, jabayı qu’diret.
Qoynın’dı abadan eller jaylag’an,
Ma’n’gi bawır basqan doslıq ha’m xu’rmet.
Senin’ sheksiz ha’m-de go’zzallıg’ın’a
Shın’ların’ qasında turdım su’ysinip.
Bu’rkit pa’rwazınday yosh kelip sonda,
Sezdim Elburstay baxtımdı biyik.
Xosh bol ko’riskenshe, jasıl taw eli!
Sen de xosh alpinist, qara ko’zli qız!

Qarataw bawırında ju’rgende seni
Ha’m Kavkazdı maqtap ju’rermen so’zsiz.
1952-jıl.

**LERMONTOV TUPFAH UYDE**

Boldın’ ba Mashuk tawında?
Etegi qanday gu’l jaynar.
Ha’m onın’ jasıl bawırında
Kishkene g’ana bir jay bar.

Esigin ashıp engende,
İshinen jasıl baqshanın’,
Shalqıg’an sulıw sezimge
Bo’lendi menin’ jas janım.

Aynası ashıq o’zi joq
Qosıg’ı jatır pitpegen.
İliwli qalg’an pistolet
Oklawlı shıg’ar kek penen?

Birgezde bunda bir kisi
Uzaqta an’sap o’z elin, -
Kavkazdın’ ullı jırshısı
O’tkergen jaslıq o’mirin.

Bul jayda tapqan ka’malın
Jawınger sazı gurestin’.
Shayırg’a shaqqan mun’ zarın
Qarako’z qızı sherkestin’...

Jawızlıq penen ol sonda
Japadan-jalg’ız alısqan.
Patshanın’ qolı onı da..
Nıshanag’a aldı alıstan.

Gu’resip o’ldi o’lerde,
O’lmedi jırı, biraqta,
Qalsa da o’zi bul jerde,
Dawısı jan’lar uzaqta...

Aynala sulıw gu’l ekken
Mashukta onın’ u’yi bar.
Ol u’yge ha’r bir ju’rekten
Muhabbat nurı quyılar.
1952-jıl. Pyatigorsk.

# «KU’NSHIG’IS JOLAWSHISINA» kitabınan

1959

## QARA TAL

Suw boyında shayqatılg’an janım qara tal,
Mag’an balzam, sen tımıqta shaqırg’an samal;

Mag’an tuwısqan ha’r shıbıg’ın’ ha’m bu’rtiklerin’,
Senin’ astın’ - kindigimnen qan tamg’an jerim.

Anam sag’an baylap menin’ a’tko’nshegimdi,
Terbetkende ırg’alg’ansan’ hayyalap sen de.

Senin’ u’nin’, tursan’ guwlep aldında tamnın’,
Janıma u’nles ha’yiwindey a’ziz anamnın’.

Keshki in’irde jug’ırlasqan shoq shımshıqların’
Bergen mag’an shoq minezin, shoq qılıqların.

Samal tursa, sen bir tegis ırg’alıp oyshan’,
Saldamlıraq oy oylawdı u’yrettin’ mag’an...

Sonda ılay suw boyında, senin’ sayan’da
Tuwg’an jerge tun’g’ısh sezim mende oyang’an.

Ga’ shejiresin baslaytug’ın g’arrıday u’nsiz,
Ga’ romantik jas qıyalday shuwlap tınımsız, -

Kulag’ımnan ketpes ele tuwısqan talım,
«Shayır bol» dep mag’an talay sıbırlag’anın’.

Bilim quwıp men qalag’a sapar shekkende,
Haq jol tilep, anam menen uzattın’ sen de.

Shadlıq, doslıq urqan atar g’ır aylanan’da,
Tuwg’an awılım qurg’ınlasıp o’ser, sayan’da.

Gu’llene ber, tallı jag’ıs, paxtalı dalam,
Men - senin’ bir nart shıbıg’ın’, men - senin’ balan’!

*1955-jıl.*

## KU’NSHIG’IS JOLAWSHISINA

O’n’irinde shayqalg’an jas qara tal,
A’miwda’rya suwlarınan na’r alıp, -
Qublasında sho’kken narday Qara taw,
Arqasında aq sazanlı Aralı ...

O’z elin’nin’ bul mu’yeshin aralap,
Ju’regin’de ma’n’gi saqlap ketiwge, -
Ku’nshıg’ısqa sapar shekken azamat,
Asıq dostım bizin’ jaqqa jetiwge!

Bizde so’z bar: miyman - ırıs, bereket,
Qonaq ku’tiw - ziyneti ha’r adamnın’.
Eger u’yge bes ku’n miyman kelmese,
Shayı qonbas menin’ bayg’us anamnın’.
Tandır japqan jen’geylerden bar mira’t,
Ruqsat joq awız tiymey o’tiwge.
Ku’nshıg’ısqa sapar shekken azamat,
Asıq dostım bizin’ jaqqa jetiwge.

Bunda doslıq saltına jan su’yiner,
Jatırqamay aralasan’ eger sen.
Ha’r sha’ha’rli, ha’r diyqannın’ u’yinen
O’z u’yin’nin’ jıllı lebin sezersen’.
Bunda o’sken paxtanın’ ha’r talshıg’ı
Shın doslıqtın’ bekkem altın jibindey.
Jaylawlarg’a qurday qaplap mal shıg’ıp,
Ken’ dalalar do’ner surdın’ tu’gindey.
Oqıranar qayshı qulaq qanazat,
Jeldey ju’yitkip seni alıp ketiwge.
Min’gin’ kelse ushqır tulpar, azamat,
Asıg’ago’r bizin’ jaqqa jetiwge ...

Bunda o’mir qawınınday Shabbazdın’
Tolıp tasar til u’yirgish shirege.
Bunda  Pushkin, Nawayı ha’m Abbazdın’
Qosıqların ha’mme yadtan biledi.
Meyli Kiev, tundra ya Ararat ...
Ullı jurttın’ tursan’ da qay shetinde,
Bul jer seni o’geysimes, ko’rmes jat,
Asıq dostım usı jerge jetiwge.

*No’kis, 1956-jıl.*

## SHO’GİRME

*(Xalıq shayırı Abbaz Dabılovqa  onın’ alpıs jıllıq toyında sho’garme kiygizilgende)*

Turmısımız taza bolg’anson’ endi,
Kiyimler de ko’shken jan’asha tu’rge...
Aytsam sen tuwralı esitkenimdi,
Babalardın’ bas kiyimi sho’girme.

Bir atın’ telpekdur, bir atın’ qurash,
Zamanın’da kiyim bolg’anın’ ıras.
Tu’rli baslar menen sen bolıp sırlas,
Talay asıwlardı astın’ sho’girme.

A’wel payda boldın’ kimnin’ basında,
Aral ten’iz, Edil-Jayıq qasında?
On a’sirlik orıs jılnamasında
Quwandım atın’dı oqıp, sho’girme.

Babam pana izlep Rossiyadan,
Peterburgqa jol tartqanda qıyadan,
Hu’rmet ko’rip Ma’skew, Makariyadan,
Ko’p jerlerdi aralag’an sho’girme.

Ha’mel ushın Aydos arın satqanda,
Begis, Mırjıq qanı sag’an qatqan ba?
Ernazardı jaw arqadan atqanda
Sen qang’a boyalıp jattın’ sho’girme.

A’rebi, shiyrazı baylarda boldı,
Seni kiyip olar toylarda boldı.
Murnı aspanda, kewli aylarda boldı,
Da’wiri shım-shıtırıq bolg’an sho’girme.

Ku’nin’ bar ma jazda ku’ye tu’spegen?
O’rde tursan’ ıg’ın’nan jel espegen,
O’ttin’ talay telpek dirildespeden,
Basın’a ko’p g’awg’a tu’sken sho’girme.

Aldın’nan qarasam artın’ awıqtay,
Qaptaldan qarasam tu’rin’ g’awıqtay,
Qısta sa’wirlegen tu’yetawıqtay
Samal qaqsa ha’n’kiyesen’ sho’girme.

Qara u’yge kirse kim seni kiyip,
Keldin’ ergenekke sen zorg’a sıyıp,
Pu’tin teri zaya bolmasın diyip,
Babam bayg’us u’ye salg’an sho’girme ...

Erkin qanat qaqtı azatlıq qusı.
Ketti o’mirimizdin’ qaha’rli qısı,
Ha’r zamannın’ o’z kiyim, o’z modası,
«Jan’a turmıs o’ssin» dedin’ sho’girme.

Gedeylik qısmeti ko’p tu’sip basqa.
Qolım tiymedi dep hesh qolan’ shashqa,
Telpek kiymedim dep bir shalqıp jasta,
Abbaz shayır a’rman etken sho’girme.

*1969-jıl, yanvar.*

## QOBIZ

*Qurbanbay jırawg'a*

Jan'la qobız, a'sirlerdin' gu'wası,
Qaraqalpaq sazlarının' sag'ası.
Qaytqan g'azday g'an'qıldag'an u'nin'e
Shadlıq quyg'an jan'a zaman du'nyası.

Kemsen'letip g'arrılardın' iyegin,
«Posqan eldi» tolg'ap o'tken Jiyenin'.
A'sirlerdin' awır sherin arqalap,
Tuqılı ashıp, jawır bolg'an tiyegin'.

«Kelte ziban» gu'rmewin'e kelmedi,
«Ullı ziban» baxıt tappay sho'lledi.
«Jortıwlıda» eldin' jog'ın joqlag'an
Batırlardın' at tuyag'ın serledim;

«Sherbeyitin'» sherli janday ah urıp,
«Ko'z aydının'» quwanıshqa shaqırıp,
Xalıq g'azebi tolıp tassa, sendag'ı,
«Ayg'a shaptın'» arıslanday aqırıp.

Sen diyqannın' qulag'ınan shan' qaqtın',
Shopan menen Qızıl qumda qoy baqtın'.
Sen bayanlap keldin' a'rman-tilegin
Xan ermegi bolg'an qaraqalpaqtın'.

Sazdan tulpar, tiyegin'nen er ettin',
Qıyalın'nan qas batırlar do'rettin'.
Xalıq baxıtı dep atlandırıp olardı,
Sarkop penen Baysın elin izlettin'.

Ku'n astında Sarkop, Baysın ko'p edi,
Ba'rinde de baylar g'ana toq edi.
Miynetkesh xalıq baxıtı ushın «boz torg'ay-
Qoy u'stine awnag'an» el joq edi.

Ma'n'gi baxıt ornap tuwg'an elin'de,
Taza lapız aldı senin' u'nin' de.
Shadlıq jırın tolg'ap Qıyas, Qurbanbay,
Jan'a turmıs saxnasında ko'rindi.

Xalıqtın' altın g'aziynesin qolg'a alıp,
G'arrı jıraw qıya sho'lde tolg'anıp,
Alıp shıg'ıp a'sirlerdin' shan'ınan,
Jan'a a'wladqa miyras etti quwanıp.

Jan'la qobız, sol tapsırg'an miyrasın' –
Xalıq o'mirinin' shejiresi, aynası,
Bu'gin bizge ja'rdemleser jalıqbay

Gu'llentiwde jan'a turmıs du'nyasın.

*No'kis, 1956-jıl.*
Eskertiwler: *«Kelte ziban», «Ullı ziban», «Jortıwlı», «Sherbeyit», «Ko'z aydın», «Ayg'a shap» - qobız namaları. İ.Yu.*

## O'ZBEK SAZI

Ju'rek tarınan islengen a'sbap tar ma deymen,
Sazdın' en' na'fis ag'lası o'zbekte bar ma deymen.

Taxiyan'dı shekkege qoyıp, shertesen' tardı, go'zzal,
Shert, biraq menin' janıma bunsha da'rt salma deymen.

Su'yrik sawsaqta qıyag'ın' ha'r tiygende sharxanag'a,
Tar emes, ju'rek-janımdı tırnap turar ma deymen.

Da'rtin'e da'rman tappay, qashsam dep, qashalmayman,
Altı jup sırlı duzag'ın' mudam tayar ma deymen.

Bul duzaqtan shıg'arlıq jol soradım Nawayıdan,
«Men ha'm ku'ygenmen, - dedi, - yadıma salma deymen».

Ayttım tan' samalına, «alıp qash» dep tardın' sesin,
Bir shalqıttı da qashtı, ol da qorqarma deymen.

Titretpey qaq tarın'dı, janım «Ta'nawvar» go'zzal, Bunshelli titiretip meni, jazıg'ım bar ma deymen.

Ashıqlıq ag'uwshında o'rteme Ayaziydi,
Hey, sen sazende go'zzal, miyrimin' bar ma deymen?!
1958-jıl.

## KEGEYLİ

Kewlim ko'terin'ki kirgendey bag'qa,
Tolqınlasıp, hallas urg'an Kegeyli.
Aydının'da shorshıg'an aq shabaqqa
Men qızıg'ıp qarap turman, Kegeyli.

Jag'an' jelkildeydi qamıs, urıqtan,
Balalıq gezimdi oylap turıppan...
Suwın'da shashılg'an uwıldırıqtan
O'rshigen bir shabag'ın'man Kegeyli.

Jazda qayırın'da oynap qırg'alaq.
Qısta muzların'da teptik sırg'anaq,
Kekili gu'zelgen, moynı ırg'anaq
Qara bala yadın'da ma, Kegeyli?

Ba’lki shıg’ıp ketkenmendi esin’nen,
O’ytkeni bir men be o’rshigen sennen?
«Balalıq waqtında o’ter ha’r kimnen,
Ba’ri este qala bermes» Kegeyli.

Ishqının’ ba’ha’ri jetip mag’an da,
Jigitlik ha’seri gezgende qanda,
Balalıg’ım oynap qaldı jag’an’da,
O’mir o’z jolınan aqtı, Kegeyli.

Biz ko’p shabaq edik o’rshigen birge,
U’yretip anamız, ju’zdirgen o’rge.
Xızmetke jaradıq tuwılg’an elge,
O’mirdin’ maqseti soldur, Kegeyli.

Ba’lent ırashın’a men mindim tag’ı,
Qanday ısıq tuwg’an jerdin’ qushag’ı!
Munarlang’an terek, miywalı bag’ı,
Baxıtlı awılımnın’ sa’ni Kegeyli.

Ku’nshıg’arın’ Tag’jap, batısın’ Arshan,
Aq altın ma’kanı qay jerge barsan’.
Ju’z jap, mın’ salmadan hag’lap ag’arsan’,
Sonda da tartılmas suwın’, Kegeyli.

Sendey na’wpir bolıp aqpasa shayır,
Xalıqtın’ kewline jol tappasa shayır,
Shayırman dep shirengennen ne qayır?
Ha’zir sonı oylap turman, Kegeyli...

*1956-jıl.*

## QURIQ

Ko’l boyında, Erkin o’zek tamanda,
Jas jılqıman qurıq taslar g’unang’a.
Taqımında qara torı arg’ımaq,
Jigit ha’mirin buljıtpay ju’r tabanda.

Saygu’likti bo’lip quwıp u’yirden,
O’ksheletip, zeberesin u’yirgen.
Geyde ko’ldin’ barısınday aqırıp,
Geyde ilgir lashın qusap shu’yilgen.

G’unan biye ju’yrik eken janıwar,
Qız qılıqlı jilwası bar, sa’ni bar,
Ag’ıp barar ol quyrıqlı juldızday,
Jılqı ko’rki usındayda tanılar.

Bukten ushqan qırg’awılday du’rleydi,
Ken’ jaylawda kerip tuyaq sermeydi.
Al qızg’anshaq ayg’ır u’yir basında

Jılqımandı jat ko’zbenen serleydi.

Jılqımanda ta’sil degen ko’p edi,
Geyde tartıp, geyde dizgin to’gedi.
Shabandozg’a tuw sırtınan suqlanıp,
Qarawıllap qız turıptı to’bede.

An’lar jigit, uytqıp barar quyınday,
Ishqı ha’wiri lawlap janar boyında.
Salqın samal basa almas jeligin,
«Su’ymeydi ol» degen jat so’z oyında.

Jas baytalg’a ha’zir qurıq taslaydı
Ha’m tuwlatıp, shoqlıg’ınan uslaydı.
Biraq arqan tutqan mıqlı qolları
Qız addında qaltırana baslaydı.

Muhabbat ol arqan emes atpag’a,
Baytal emes qurıq taslap tutpag’a,
Qızdın’ janı jaqsı qo’rer ma’rtlikti,
A’detlenbe sır aldırıp buqpag’a!

Sen sezesen’ onın’ qarap turg’anın,
Al sezbeysen’ tap ha’zirgi ıg’balın:
Sezbeysen’ sen «su’yiklim» dep sıbırlap,
Erligin’e ishtey ırza bolg’anın...

Hey, jılqıman, bekkem usla qurıqtı,
Jas baytalg’a berme, dostım, ırıqtı!
Tuw sırtın’da erligin’e eljirep,
Ku’ni erten’gi yarın’ qarap turıptı...
1958-jıl, No’kis.

## MUXALLES

Qıstın’ ku’ni qar gu’ller, yarım, sen ju’rgen jerde,
Jupar iyis shashar jeller, yarım, sen ju’rgen jerde,
Bostang’a do’ner sho’ller, yarım, sen ju’rgen jerde,
O’zgeshe sayrar bu’lbiller, yarım, sen ju’rgen jerde,
Qa’demin’e qayıl jer, yarım, sen ju’rgen jerde.

Arg’ımaq ja’wlanında A’miw burqıp ag’adı,
Tan’ samalın jalıntıp sen barasan’ jag’ada,
Jar astındag’ı jayın ko’rip seni nabada,
Jan’a bolg’an jigittey o’rden ıqqa shabadı,
Sag’an ashıq ha’mmeler, yarım, sen ju’rgen jerde,

Qa’dem bassan’ qaymıg’ıp, qar erir suw bolg’alı,
Ba’ha’r namasın shalıp, gu’rlep sayg’a tolg’alı,
Jap boyın qaplap su’yrik, shıg’ar terektin’ palı,
Ko’l u’stinde baslanıp quslardın’ festivalı.
Tawda sun’qar qus tu’ler, yarım, sen ju’rgen jerde.

«Ko’rsen’ ta’riypin ayt» dep tu’nler jalınar tan’g’a,
«Gu’l ju’zine qonba» dep tan’g’ı shıq keyir shan’g’a,
İynelikler u’ymelep, atsho’kler shaqırg’anda,
Atlas ka’mzol gu’belek jon’ıshqalıqta bayramda,
Gu’wilder pal ha’rreler, yarım, sen ju’rgen jerde.

Sen’sen’ postının sheship, jer alar ken’ tınısın,
Ba’ha’r baslaydı bag’da gu’l qa’demli ju’risin,
Paxtakesh ja’wlan urıp qolg’a alar egisin,
Egis - xalıq isi, demek, senin’ ha’m menin’ isim,
Paxtan’dı aq altın der, yarım, sen ju’rgen jerde.

Ba’ha’r a’yyyamı sensen’, qumar ko’zim, kel beri,
Gu’l g’unshanı oyatsın jen’il xosh qa’demlerin’,
Sen desem sergip janım, qalmas kewildin’ sheri,
Erik gu’llerin shashıp qaraqalpaq jerleri,
Shadlıq ba’ha’ri ku’ler, yarım, sen ju’rgen jerde.
1950-jıl.

## QOY, DAN’QPARAZ BOLIWDAN UYAL...

Ha’y, jas oyshıl, na’siyatım sag’an:
Bolago’rme o’ytip dan’qparaz.
Bolsa eger adam dan’qparaz,
Jerde jaqsı at qalmas onnan...
Biraq ta sen shayır boldın’ da,
O’zin’e awır shoqmardı aldın’.
Jurttan maqtaw da’me qıldın’ da,
İzinde ko’p ku’lkige kaldın’.
«A’kel mag’an gu’lin’di, xalqım,
Men shayırman» demekshisen’ sen.
Nawayının’ so’zi emes, dan’qın
Ma’jnu’n bolıp izlemekshisen’.

Qoy, dan’qparaz bolıwdan uyal,
Nege kerek qanatsız qıyal!
Onnan qayta ba’ha’r kelgende
Jol boyına ko’gert bir tu’p na’l.
Jıllar o’ter, gu’jim erjeter,
Saya berer sharshag’anlarg’a.
Talay a’wlad astınan o’ter.
Siltew bolar adasqanlarg’a.
Ta’jiriybeli jolawshı turıp,
Bunda oyg’a batar gey ku’ni.
«Rahmet bunı ekkenge» dep jurt,
Uzaq jıllar yad eter seni...
Hey, jas oyshıl, sen mag’an qara!
Sonnan abzal dan’q bar ma sira’?
Qoy, dan’qparaz bolıwdan uyal,
Kimge da’rkar qanatsız qıyal!
1957-jıl, No’kis.

## MONTER BALA SIM TARTIP KELDİ

Keshe jan'a jaylawg'a bizin',
Monter bala sım tartıp keldi.
Moskvanın' tanıs hawazın,
Tartqan sımı bizge a'keldi.
Qaytqan g'azday dizildi qatar,
Telegraftın' bag'anaları.
Quwanıstı shopanlar, g'arrılar
Ha'm jaylawdın' jas balaları.
Jas monterdı arqadan qag'ıp,
Fermamızdın' baslıg'ı ku'ldi.
Gu'lja'miyla jen'gey quwanıp,
Bir kastryul su't alıp keldi,
«Usta qa'ynim, a'keldim sag'an su't,
Ma', iship al mawqın'dı basıp.
A'tten', sol bir qız ku'nim bolg'anda,
Bolar edim men sag'an ashıq! ...
Bir dog'alaq sımg'a otırdı da,
Ku'ldi jigit jadırap ku'ndey.
«Raxmet sag'an, sawınshı jen'ge,
Bolsa eken aw qızlar da sendey.
Sen aytasan', qız ku'nim bolg'anda,
Bolar edim deysen' sen ashıq.
Al menin' su'ygen qızım kiyiktey,
Meni ko'rse ketedi qashıp.
Geyde ku'ler menin' u'stimnen,
So'zge saran', geyde dım tuyıq.
«Muhabbat degen ne o'zi?» - dep mennen
Qasaqana sorar tımpıyıp.
Ju'regim sog'ar sımdag'ı toqtay,
O'tsem ku'nde u'yinin' tusınan.
Oylasam qulap tu'se jazlayman,
Stolbanın' ushabasınan.
Meni ko'rse sol poshtalon qızdın'
Mısqıl shashıp ku'limler ko'zi.
Aytshı jen'ge, ol da nege sendey
«Su'yemen» dep aytbawı nesi?...
«Bew, ango'dek, til bilmes qa'ynim,
Tu'sinbeysen', sen ele jassan':
Qızlar degen o'rtenip ketse de,
«Su'yemen» dep aytpaydı haslan...
«Ah, solay ma, demek, ol da meni
Ju'r eken g'oy ishinen su'yip!»
«Solay qa'ynim, abaylap ish, awzın' –
Issı su'tke qalmasın ku'yip» …
«Tu'sinbeppen aw og'an men geshshe»
Dep jas jigit jadırap ku'ldi...
So'ytip bizin' jaylawg'a keshe,
Monter bala sım tartıp keldi.

*1954-jıl. No'kis.*

Shıntlap su'ygen kewil haslan aynımas,
Sen o'zin'di bostan-bosqa qıynadın':
Bizden ko're ajarlıraq ha'm de jas,
Yar tapsam dep, jat pikirdi oyladın'.

Satqın tilin' «su'yemen» dep uyalmay,
Sıbırladı, so'ytip, bir jat qulaqqa.
Sonda tun'g'ısh muhabbatın qıyalmay,
Hadal kewlin' mensiredi biraqta.

Mag'an son'g'ı xattı jazıp, albırap,
Qorqaq kolın' poshtag'a a'kep tasladı.
Mensiregen hadal kewlin', al biraq,
Mendey ko'rip su'ye almadı basqanı.

Jigitke de jen'il emes ayralıq,
Ishqı azabı ma'lim bastan keshkenge.
Talay tu'nim o'tti uyqısız qıynalıp,
Seni haslan qıya almadım hesh kimge.

Jaslıq o'mir sag'an menin' janımdı,
Sırlı altın jibi menen ıshqının' –
Tikkenligi sonda g'ana tanıldı,
U'ze almadım umtılsam da ku'sh qılıp.

Etegin'e ergen sho'ptey qaltırap,
Kewlim sag'an erdi, rahim etpedin'.
Bar sulıwlıq nurın' menen jarqırap,
Ma'kkar ku'lkin' ko'z aldımnan ketpedi.

Ishqı, - bo'dene emes, u'rikken waqtın'da
Bezetug'ın uya salg'an jerinen.
Ko'p oqıdım ıshqı, ayralıq haqqında,
Senin' da'rtin' o'tti biraq ba'rinen.

Uyqı ornına sen jaylastın' ko'zime,
Ayıplawg'a tilim, biraq, baspadı.
Ne shara bar, ushqalaq qız o'zine
Ha'mir etse «su'yesen'» dep basqanı?

Ju'rdik so'ytip, al ne boldı keyninde:
Mine, aldıma kelip tursan' aylanıp.
Qalay eken shıntlap su'ygen kewilge,
Qalay, qoshshım, an'sat pa eken ayralıq?

Men o'sh alar edim ha'zir, egerde
Sendey ko'rip su'ye alsam o'zgeni.
Lekin adam o'z baxtına teber me,
O'z baxtımdı jek ko'riwge to'zbedim.

Taza ju'rek taza ta'lim sebedi,
Muhabbattı alday almas saylı jas.
Su'ysek, usılay shın su'yeyik, sebebi, -
Shıntlap su'ygen kewil haslan aynımas.

*1955-jıl.*

## A'NAR GU'LLEDİ

Kel su'yiklim, bag' seyline barayıq.
Baxıttın' bag'ında a'nar gu'lledi,
Basqa jemislerdin' miywası bayıp,
Gu'l to'kken wag'ında a'nar gu'lledi.

Sa'rwi bolsan', bu'lbil qonajaq sag'an,
Ma'lel bermes, bag'manımız jaqsı adam.
Erkin gu'l u'zeyik bag'ı-baqshadan,
Tolısqan shag'ın'da a'nar gu'lledi.

Erik gu'llegende kelmedin' yarım,
Alma gu'lin bersem, almadın' yarım,
Basqa ag'ashtın' gu'li qalmadı, yarım,
Qırmızı ton kiyip a'nar gu'lledi.

Tonshıg'a taptırmas a'nar poslag'ı,
Jaslıq da'wranımız ashıqlıq bag'ı,
Jaz o'tse, gu'z bar dep silteme tag'ı,
Jazdın' jarasıg'ı a'nar gu'lledi.

*1958-jıl, To'rtku'l.*

## SULIW EKEN ALMA ATANIN' QIZLARI...
*(ha'zil)*

Altın japıraq, aq baltırlı kayın'lar,
Sharpıdı ma qon'ır gu'zdin' ızg'arı?
Bul so'zimdi shawlap ko'kke jayın'lar:
Sulıw eken Alma atanın' qızları.

Alma ko'z, bota ko'z, qoy ko'z, qara ko'z,
Gey bir qızdın' bet ju'zinin' ba'ri ko'z.
Mıyıq tartıp aytsa jalg'ız awız so'z,
Erigendey Alatawdın' muzları.

Joldan posh, jigitler, sizlik joq isim!
Ko'she tolı qızdın' tuttım birisin,
«A'piw et qarındas, qızlar shalg'ıshın
Qayda satar?» desem, sının buzbadı.

Qulaq aspay siltewine, so'zine,
Men urlanıp qaray berdim ju'zine,
A'lle ushırasıwg'a shıqqan gezi me,

Onı ku’tken qay ko’shenin’ bozlag’ı?

İske saldım qaraqalpaqsha tilimdi,
Geyde bilinbese, geyde bilindi.
Onlap tımsal bir sabaqqa ilindi,
Ko’zim ko’k shalg’ıshta, kewlim qızdadı.

«Ayt qarındas ko’k shalg’ıshtın’ du’kanın,
Tez barıp alayın, to’zbey tur janım,
Usınday bir shalg’ısh edi a’rmanım...
Ayıp ko’rme jan ag’an’nın’ qızg’anın.

Gu’lin Ko’kshe tawdan tergen be deymen,
Dala qızg’aldag’ın bergen be deymen,
Jibin Bayan sulıw o’rgen be deymen,
Abay emes pe eken nag’ıs sızg’anı?

Ko’gis gu’li Buwrabaydın’ ko’lindey,
Sarg’ısh jiyek tın’da pisken egindey,
Jelbirewi Qurmang’azı ku’yindey,
Kewlimde ko’p ıshqı da’rtin qozg’adı...»

Ku’ldi qız: «Ag’ay siz aqınsız, bilsem,
Jambıldan on’g’a tart... Du’ken bar a’sem...
Nesip bolıp sha’li tapsan’ jen’eshem
Bir quwanar» dedi, endi sozbadım.

Qulama say shıqqanday ken’ jazıqqa,
Bir an’qaw pil u’n’ilgendey qazıqqa,
Kewlim alıp qashtı yar ju’rgen jaqqa,
Ko’zimdi ashsam, ketip qalg’an qızdag’ı.

Tek aynala za’wlim jaylar orap tur,
Tek qayın’lar japırag’ın borap tur,
Bir top adam «minin’iz» dep sorap tur,
Trolleybustın’ dizgin sımı dızladı...

Qazaq qızı, bawırım demey ne deyin,
Sende mol qazaqsha sulıwlıq, zeyin,
«Jen’gem» degen pal awzın’nan su’yeyin,
Yardı eske saldın’, kewlim azbadı.

Menin’ yarım A’miwdin’ aq maralı,
Yadg’a tu’sti onın’ ayday jamalı,
Qayda ju’rsem og’an tartıp qıyalım,
Shaqırg’anday meni sag’ınısh gu’zarı.

Azamat qayın’lar, gu’wam bolarsız,
Shayırdın’ janı pa’k, tek tili arsız,
Yar su’ygen kewlimde siz de turarsız,
Alma-atanın’ alma ju’zli qızları.

Noyabr, 1958-jıl. Alma-Ata.

## AQTAS ROMANTİKASI

Xostag'a jazda, janım, kelsen' edi,
Aralap qurtog'aydı ju'rsen' edi.
Qıtıqlap aq baltırdı qos burımın',
Aqtastın' ayasına minsen' edi.
Aqtas, bul, - ta'biyattın' bir balkonı.
Aldınan ashıladı Kavkaz onın'.
Qarsın'da uylıg'ısıp qarlı tawlar,
Talasıp sozar edi-aw sag'an qolın.
Palmalar peshanan'dı jelpip a'ste,
Ta'riplep qubılјıg'an quslar sesti,
Bananlar japırag'ın jawıp sag'an,
Magnoliya gu'lin to'gip da'ste-da'ste;
Sımbatlı sa'rwi tallar qatar du'zep,
Shipovnik boyaw su'rtip o'zin bezep,
A'sirlik tissalar da tas to'ben'nen
Tan'lanıp qarar edi gezek-gezek.
Bultlar ko'rip seni usı jerde,
Shabısıp shomılg'anda qara terge,
Qızg'anıp iyirilgen appaq duman,
Ju'zine tutar edi juqa perde.
Al sonda pa'tli qurdım jemtik awlap,
Ayqasıp ash tolqınlar, tınbay shawlap,
In'ıranıp ırg'ır edi granitke,
Aqtastan alıw ushın seni jawlap …
Rafael o'zi salg'an suwretine
Ashıq bolıp qalg'anı esin'de me?
Gu'rildep qol shapatlar edi sonday,
Ta'biyat sendey sulıw perzentine.

*Xosta, 1955-jıl.*

## MAGNOLİYA

Qara ten'iz jag'asında jayqalıp,
May japıraqlı magnoliya o'sedi.
Ko'rgen sayın jas kewlime oy salıp,
Ishqı sezimi mende arta tu'sedi.

Teren' tamırın juwıp shalqar okean,
Tur ba'lentte sulıwlıqqa talasıp.
Jaz tan'ında qalın' japıraqlarınan
Shıq tamshısın emer tu'slik quyashı.

Birin ashıp, biri g'umshasın salıp,
Qısı-jazı shashar appaq gu'llerin.
Pal ha'rresi balawızg'a qadalıp,
İyisin alıp qashar ma'wsim jelleri.

Sol siyaqlı ju’regimde menin’ de
Qısı-jazı gu’llep jatar muhabbat.
Burqırag’an magnoliya gu’lindey
Sap ıshqımdı, sa’wer yarım, qabıl et.
*1955-jıl, Xosta.*

**ARASHAN**

Tawlı eller qanday sulıw jerge bay!
Ko’rkin ko’rip ko’zin’ toymas qarasan’.
Sonın’ biri: jasıl qısnaq, teren’ say,
Gu’l to’selgen qırg’ız jeri - Arashan.

Arashan, Arashan!
Esten ketpes sende ko’rgen tamasham!

Tan’ların’da dumanın’dı su’ygenim,
Keshlerin’de suw jag’alap ju’rgenim.
Ko’rdim sende ko’zge tosın tawlardı,
Jatırqag’an bir de jandı ko’rmedim.
Qarap tursam tas astında qaynag’an
Issı suwlı, mo’ldir ko’zli bulaqqa,
Yar jamalı tu’r ko’rsetip aynadan,
Sın’qıldag’an sesti keldi qulaqqa,
Gu’ller mısal kese tutqanday mag’an,
Balawızın toltırıp pal sharapqa,
Sonda shayır ju’reginde muhabbet
Kenarınan tolıp tastı san iret.

Gu’zettegi jılqıshıday quntıyıp,
Aq qalpag’ın basa kiygen shın’ların’,
Talay sapar egeginde ıntıg’ıp,
Jas bu’rkittin’ shan’kıldısın tın’ladım.
"Qolların’dı tiygizeyin juldızg’a,
O’rmele" dep sonda mag’an ımladın’.
Shın’ basına kettim shıg’ıp, Arashan,
Ko’rinbedin’ bult u’stinen qarasam.

Edireyip mayalıshlı jasqada
Tur kiyiktin’ bir shay batır ılag’ı.
Aq dumanı iyirilgen aspadan
Sarqırama shuwlap to’men quladı.
Al to’mende GES gu’rildep tınımsız,
Jan’a o’mirdi jırlap hallas uradı.
Sonda shayır ju’reginde yosh artıp,
Qırg’ız jerin ta’rip eter qumartıp.

Arashan, Arashan,
Esten ketpes sende ko’rgen tamasham!
1954-jıl, Arashan.

# «OYLAR» kitabınan
**1960**

## TASQIN BOLIP AG’IP O’T

Zamanın’ bar shalqıp da’wran su’rmege,
Suwman desen’, tasqın bolıp ag’ıp o’t.
Jelmen desen’, du’beley bol du’rlegen,
Shoqpan desen’, ju’reklerdi jag’ıp o’t.

Gu’lmen desen’, ahıw-zar et ko’zlerdi,
Tilmen desen’, du’r qılıp shash so’zlerdi,
A’uladların’ atın’dı aytqan gezlerde
Tanıg’anday ta’wir belgi tag’ıp o’t.

Shabar bolsan’, arg’ımaqtay arqıra,
Ushar bolsan’, sunqarday ush sharq ura,
Jigerin’di jumsap jaslay xalqın’a,
Eldin’ ma’pin ko’z nurınday bag’ıp o’t.

Waqıt qımbat, isırap etpe teginge,
Qıyınlıqtan qıypalaqlap sheginbe.
Gu’rkiregen erkin jaslıq ko’ginde
Tawlar asa shaqmaq bolıp shag’ıp o’t.

Jaslıq o’mirin’ jazılmag’an bir da’stan,
Jaz jaqsılap, bir so’zin de burmastan.
Mına so’zdi yaddan shıg’arma haslan:
Jaslıq sag’an beriledi bir ret.

1958-jıl.

## TUN’G’ISH MUHABBAT QOSIQLARI

1

Kim meni «su’ye almas» dep qılar nasaq?
Su’yemen ha’tte bag’da shımshıg’ın’dı.
A’ynegin’nin’ aldında du’mshege usap
Shompıyg’an senin’ qara pıshıg’ın’dı.

U’yin’nin’ aldındag’ı u’sh terek te,
Ba’ri de ju’regimnen emes jıraq.
O’kpelep ju’rego’rme, janım, tekte,
İytin’di jek ko’remen senin’ biraq.

Muhabbat iytten qorqsa, muhabbat pe!
So’ytse de, ku’ydim sol bir Qutlıayaqtan:
Jettim aw desem eplep esik betke,
A’wpildep ala keter ken’ balaqtan.

2

Sen miyrimsiz bolıp o’stin’ jasın’nan,
Men turıppan qaraqshıday asıng’an.
Jas «urıg’a» olja tilep, mısqıllap,
Militsioner o’tip ketti qasımnan.

3

U’yin’nin’ aldında u’sh tu’p qara tal,
Gu’zde salma ishine japıraq boratar.
Da’rwazan’ aldında turman an’qayıp,
Mısal toptı ku’tken an’qaw vratar.

4

Aziyanın’ a’ste o’zgergish hawa rayınday
Sol sabırlı minezin’ dım janıma tiydi.
Men kelemen burqasınlap a’tsho’k g’ayınday,
Sen asıqpay kitap oqıp jatasan’ u’yde.

1949-jıl.

## A’MİWGE

O, A’miwim, sen hasıl suwsan’!
Eger menin’ adamlarg’a degen
Mayda-shu’yde o’kpe-giynem bolsa,
Ayag’ın’a ıg’ızıp ket sen!

Ig’ızıp ket sho’ptey qalqıtıp,
Men de sendey shalqıp ag’ayın,
Sa’l na’rseni kewilge kek tutıp,
Sa’l na’rsege tabalamayın.

1959-jıl.

## SAG’INIW

Sa’ha’r waqta minsem Mashuk tawına,
Ku’ldi ku’nshıg’ıstan tan’nın’ juldızı.
Gu’mis bulaqlardın’ shoq qaynawı da
Seni eske saldı, A’miwdin’ qızı.

Tawdan aq bultlardı aydasa samal,
Bılg’ap turg’andaysan’ mag’an oramal.
Suw ishiwge kelgen bir arıw maral
Sag’an megzep qaldı, A’miwdin’ qızı.

Asqar taw Elbrus aspang’a tiygen,
Sımbatlı aq to’sin ko’kshe bult su’ygen.
Ba’ha’r bayramında aq ko’ylek kiygen
Turqın’dı yad ettim, A’miwdin’ qızı.

Samal sıldırlatsa japırag'ın taldın',
Seni keldi me dep talay aldandım.
Keklik du'rlep ushsa astınan jardın',
Jamalın' elesler, A'miwdin' kızı.

Ko'rsem sın'q-sın'q ku'lgen suwların saydın',
Tın'lap shopan shertken sestin sırnaydın',
Sonda bir sen bolıp shadlıg'ım, qayg'ım,
Turdın' ko'z aldımda, A'miwdin' qızı.

Narzan bulaqları qanday azada,
Senin' kewlin' yan'lı tınıq ha'm taza.
Tawlar oyanadı, kewlim biymaza,
İn'karım o'zin'sen', A'miwdin' qızı.

Sag'ınıshların' biylep bar taqatımdı,
Tas u'stinde turdım oqıp xatın'dı.
Jazsam jas emenge oyıp atın'dı,
Tawlar yadlap aldı, A'miwdin' qızı.

Beshtaw munarlanıp turar qasımda,
Ko'kshe bult jelbirer ushabasında.
Ha'r kim yar ıshqında ku'yse jasında,
Mendey bolıp ku'ysin, A'miwdin' qızı.

*1953-jıl. Pyatigorsk.*

## ERKİN O'ZEK
*(tımsal)*

Ko'p waq qayıl etip qaraqalpaqtı,
Da'slep ol suw qusap durıs joldan aqtı.
Jurt aytıstı «Erkin-ta'wir o'zek» dep,
«Mine, bul o'zekke keldi gezek» dep.
Suwında su'wenler ko'p qurdı oyın,
Sın'sıg'an tog'aylar qapladı boyın.
Biraq alısıraqta erekshe o'sken
Qıysıq toran'g'ıllar ken'esti a'sten
Ha'm suwdın' ag'ısın baqlay basladı,
O'zekti o'lgenshe maqtay basladı:
- «Pay-pay, otag'ası, siz bir pa'tli suw,
Qayda sizdey bolıp ma'wjirip ag'ıw!
Aytsaq, «maqtadın'» dep, ba'lki keyirsiz,
Siz bar g'oy, dım g'ana kishipeyilsiz...»
«Aqpag'anın'ızda bul jerden, ag'a,
Qıyın bolar edi A'miwda'ryag'a»,
«Waey, eger aqpag'anda Erkinjan bizin',
Kewip qalar edi-aw Aral ten'izin'!»
«Endi ne dep edin'? Kebiwi so'zsiz!
Biraq siz ha'dden tıs kishipeyilsiz.
Siz, aqırı, bul jerdin' tiregisiz g'oy,

Da'wranın' kelgende tasalama boy.
Aydos biy aytpag'an ba: «ha'mel tiygende
Bolmasın betin'e qarawshı bende!»
Al, senin' jag'an'da gey bir qamıslar
O'zlerin ha'dden tıs qaqaytıp uslar.
Sa'l-pa'l samal bolsa, kozg'alan' tawıp,
Sizge qarsı so'yler, boyın'a shawıp.
Mına bizlerdi al, iyilip aldın'a,
Ta'jim etpey turg'an ku'nimiz boldı ma?
İyilemiz, biraq turmaymız tegin:
Siz jo'ninde kamıslardın' o'segin
Samal alıp kelse bizge egerde,
Jalpıldap gu'wleymiz tap usı jerde.
Qamıs she? İyilmes, sınıwg'a tayar,
Sa'l-pa'l bos uslasan' kolın'dı qıyar...
Pay-pay, otag'ası-ay, gu'wlep o'tpeysiz,
Nege siz solardı japırıp ketpeysiz!»
Bunı esitip Erkin g'oddaslap ketti,
Tasıp, do'geregin ko'l-da'rya etti,
Ku'lki boldı, so'ytip g'az benen quwg'a.
Qıysıq toran'g'ıllar mantıqtı suwg'a.
Suwda ko'p turg'an son' quwray basladı,
Biraq ja'ne payın tuwray basladı
YAG'NIY iske saldı bilgen o'nerin:
«Mine, dım a'tiyaj boldı bul jerin'.
Endi bir de qamıs kelip betin'e,
O'z pikirin aytıp ko'rsinshi, qa'ne!
Awa, otag'ası, gu'wildep basıp,
Tasıp alıw kerek, usılay tasıp.
Aqırı, senin' atın' Erkin emes pe,
Qa'ytip ag'ar bolsan' erkin' emes pe?
A'ne, endi aqsan' tınıp jay-jaywat,
Boyın'a ja'ne de qosılar quwat,.,»
Degen so'z o'zekke qattı unadı,
Ol endi tartılıp, kem-kem tınadı.
Gu'wlep burıng'ıday shıqpadı sesti,
O'jet tolqınlar da erinsheklesti.
Suwı tındı, erbiyip ırashı-jarı,
Tu'binde ko'rindi qurbaqaları.
Jasıl baqatosqın torladı u'stin,
Sayızlap, tınısı tarıla tu'sti.
Geyde «ag'aman» dep, omırawlar ol,
Biraq, ultandag'ı uyma bermes jol.
«Nege qol sozbaysız, janın'ız bar ma!»
Dep ol jekiriner toran'g'ıllarg'a.
Biraq, olar kem-kem alıslasadı,
Tek te o'zli-o'zi sıbırlasadı.
So'ytip, Erkin bayg'us kepti de ketti,
Qıysıq toran'g'ıllar basına jetti...

Bul tımsalg'a kerek bolar ma moral?
Marapat degenin' paydasız samal.

Kim qasına jag'ımpaz jıynasa eger,
Erkindey ultanın tez uyıq teber.

1959-jıl.

# «JETİ ASIRIM» kitabınan

1962

## ORDENLİ XALQIMA

Sham edin' ha'stesi sıng'an,
Duwtar edin' da'stesi sıng'an.
Bu'gin tarın' altın sımnan.
Xalqım qaytadan tuwılg'an

*Abbaz*

Qara tawdın' jırasınday
Kewlin'de ko'p jara edi.
Basın'dag'ı qurashın'day
Ig'balın' shım qara edi.

G'arg'ıs boldı xannan sıyın',
Tu'tip jedi bolıs, biyin'.
Jırtıq u'zik qara u'yin'
Jelsiz ku'ni panan' edi.

Edilden suw ishpek degen,
Tu'rkstannan pospaq degen,
Arqalanıp ko'shpek degen
U'yrenshikli ılan' edi.

A'miw boyı egis jerin',
Jawmag'anda man'lay terin',
Misli qatıp qalg'an sherim,
Quwrag'an quw dalan' edi.

Jawdırag'an jaslıg'ında
Ko'p sho'lledin' taslı qumda.
Aral ten'iz ashlıg'ında
Asırawshı anan' edi.

O'rbimey u'rim putag'ın',
Berdaq boldı til ha'm jag'ın'.
Amanlıqta altın tag'ın'
Jaydaq eshek, palan' edi.

«Azatlıq» dep ahıw-zarın',
Qaynap kekli namıs-arın',
Ala ko'zli Ernazarın'
Sen dep o'lgen balan' edi.

Qılg'ındırıp qıl bug'awı,
Bir maylamay ıg'bal awı,
A'jiniyazdın' «Boz atawı»
En' bir shadlı naman' edi.

O'zbek, tu'rkmen ha'm qazag'ım,
Birge shegip xan azabın,
Jaqınlatqan jol uzag'ın,
Xanalasın' xanın' edi...

*    *    *

Qayrılıp ket, esken samal,
Senin' mag'an keregin' bar!
Shad o'mirden shadlı nama
Shertsem degen tilegim bar.

U'stirt bette tuwıldın' ba,
Kiyik penen juwırdın' ba,
Aralımda juwındın' ba,
Tazalıqtan da'regin' bar?

Jumsaq jeken, o'tkir ısqa,
Su'ykendin' be nar qamısqa?
Tuwıp o'ssen' bul jag'ısta,
Shalqıp da'wran su'rerin' bar.

Bedewdey qurıqtan qashqan,
Omırawdan ko'bik shashqan,
A'miwda'rya tolıp tasqan,
Mol g'a'ziyne telegim bar.

To'rt tu'ligim qaplap o'rgen,
Oypatım bay hasıl jerge.
Aq mamıg'ı ko'zge su'rme
Paxta degen bir egin bar.

Qansha baylıq, qansha altın,
Jer, suw ha'm esapsız maldın'
İyesisen' o'zin', xalqım,
Bay nesiybe - xoregin' bar.

Qus qanatı ku'ygen sho'ldi
Atlap polat jollar keldi.
Qıya maydanlardan endi
O'mir gu'lin termegim bar.

Doslıqqa berik senin' janın',
Haq miynet dep teber qanın'.
Tag'am tolı dastu'rqanın'
Tolg'an maylı sho'regin' bar.

Ekken paxtan’ el da’wleti,
Mın’-mın’ ju’rek muhabbeti.
Miynet dese talwas etip,
Tu’lep ushqan tu’legin’ bar.

Saw bol, xalqım! Sen degende,
Bir ku’sh payda bolar mende.
Sag’an qıyanet etkenge
Sıbanıwlı bilegim bar.

İbrayım der: janım qurban,
Doslıq dese hallas urg’an,
Senin’ ushın sog’ıp turg’an
Gewdemde bir ju’regim bar.

*1960-jıl*

## EKSPROMTLAR

1

A’y, waqıt, qartayg’anımda maqtanshaq qıla ko’rme,
Ma’wjirip aqqan turmıstan artta qaldıra ko’rme,
Tek o’zime o’zimdi maqtatıp, mazaq etip,
Jaslardın’ addında sonda sırım aldıra ko’rme.

A’y, waqıt, bol-bol jebewshim, jol ortada men talıqsam.
Demesin a’lle kim mag’an: «tu’h, sen artta qalıpsan’»
Qu’diretli qolın’ menen qamshıla sonda yabımdı.
(Artta qal...demek, sende bir qayırg’a shıqqan balıqsan’).

2

Bul ten’izdin’ boyında kim turmag’an,
Bul tolqınlar qaysı ayaqqa urmag’an.
Ay soqpag’ı aq ko’ylektey shubalıp,
Pushkinnin’ de talay tu’nin urlag’an.

Men de turman. «Oyın’ ne?» dep sora bir,
Ten’iz aytar «su’n’gip marjan ala bil».
O, men ha’zir kompas bolsam, su’yiklim,
Sag’an barar edi-aw barlıq korabl!

May 1960-jıl, Gurzuf.

## ROMANS

*(«Ha, suygenim Aypara»... degen qosıqtsh namasına)*

Esin’de me, jasın’da
U’yimizdin’ qasında
Qos talshıbıq ko’gerttik
Salmanın’ jag’asında?

Jıl artınan jıl o’tti,
Bilim quwıp men kettim.
Tal shıbıqtay tawlanıp,
Sen awılda erjettin’.

Jıl o’tkizip aradan,
Awılg’a men baraman,
Qos terekke su’yenip,
Seni eske alaman.

Esime tu’ser menin’
Suw boyına kelgenin’,
«Ay ne ushın jalg’ız?»-dep,
Sırlı sawal bergenin’...

Awa, janım, ay jalg’ız,
Seni alg’an qay jalg’ız?
Sol balalıq ku’nlerdi
Sen de yadın’a al, qız.

Ha’rre ushar, pal qalar,
Quslar keter, tal qalar.
«Qara ko’zli qon’ısın’,
Qayda?» dep, tal ırg’alar.

Qaydan bilsin qara tal,
Boyında alıs da’ryanın’,
Qos teregin bir sulıw
Sag’ınıp ha’zir turg’anın…
1960-jıl, Ukraina.

**UKRAİNA, JU’REGİMDESEN’**

A’diwli anamday aymalap seni,
Men ta’n’ir sa’lemin bereyin desem,-
Birden to’rt ko’pirge[7] shaqırdın’ meni,
Ukraina, ju’regimdesen’.

Ku’nnin’ zer kirpikli perzentlerindey,
Ayg’abag’arların’ ırg’alar ha’sem.
Sulıw jer ko’rmedim senin’ jerin’dey,
Ukraina, ju’regimdesen’.

Kobzar qosıg’ı jaslay janıma inaq,
Sende doslarım bar shayır ha’m sheshen.
Uzaqta jasayman. O’mirimshe biraq,
Ukraina, ju’regimdesen’.

*1960-jıl, Kiev.*

---

[7] Kievtin’ tusında Dneprde qatarına to’rt ko’pir bar (İ.Yu.).

## DNEPR BOYINDAG’I EMEN

Arg’ı jag’ı asaw da’rya,
Bergi jag’ı ken’ gu’zar jol –
Ko’k shatırday tikken jarg’a,
Do’n’ basında turıptı ol.

Turıptı ol - jasıl ayg’aq,
Mın’ jasag’an mıqlı emen.
İgor bunda atın baylap,
Tu’nepti dep esittim men.

Jat u’lkege uzatqanda,
Yaroslavna kelgen deydi,
Ju’rek ha’wiri qızdın’ sonda
Jas emenge sin’gen deydi.

Nayzag’ayın shatırlatıp,
Qanlı urıslar o’tti bunnan.
Jawlar o’rtep, shawıp, atıp,
Ko’p azaplar berdi og’an.

Biraq ta, ol tuwg’an jerge
Su’n’gitip berik tamırların,
To’zdi barlıq ba’lelerge,
Jen’di ha’m de o’z dushpanın.

Endi, mine, jaynap tag’ı,
Jayqalıp tur emen janım,
Ullı da’rya boyındag’ı
Ken’ dalanın’ veteranı.

Endi onın’ sayasında
Ku’lki, qosıq jan’lar tınbay;
Ma’rtlik ha’m dan’q kelip bunda,
Sayran salıp atırg’anday.

## KRESHATİK KASHTANLARI

Gu’lleri bar shog’ırlasqan,
Misli Kreml shamları, -
Ko’rgenin’de zeyin ashqan
Kreshatik kashtanları.

Ko’rmegen edim Kievti,
A’l hawag’a ol tiyipti.
Jaslıq lipasın kiyipti
Kreshatik kashtanları.

Usı jerde qanlı sawash
Bolg’an desen’ hesh inanbas,

Ba’ri sulıw, ba’ri de jas
Kreshatik kashtanları.

Aldımda ken’ ko’she jatır,
A’jayıp amfiteatr.
Qatarlasqan qalın’ shatır –
Kreshatik kashtanları.

Sayan’da sayranlap a’ste,
Keldim sizge ku’nde keshte.
Siz ba’lentte, jollar pa’ste,
Kreshatik kashtanları.

Shadlı da’wran bunnan birdey
Tolıp ag’ar Dneprdey.
Qulpırg’an qızıq o’mirdey
Kreshatik kashtanları.

Skamyan’a barsam jaqın,
Esittim ashıqlar «ahın».
Saw bol tuwısqan da’rgahım,
Kreshatik kashtanları.

Japırag’ın’ jaynap sonday,
Urısqa na’let aytqanday.
Ukrainanın’ jaslıg’ınday
Kreshatik kashtanları.

Ma’kanımsan’ shın bawırman,
Sayan’da sayranlap turman,
Janım qurban, janım qurban,
Kreshatik kashtanları.

## ABBAZ SHAYIRG’A UKRAİNADAN XAT

Ukrainanın’ jolı a’jep jol eken,
Qansha ko’p ju’rsen’ de ju’rmedim dersen’.
İzzet, hu’rmet, dos-yarang’a tolı eken,
Sira’ biytanıs jan ko’rmedim dersen’.

Bul jolda parq emes ko’p penen azın’,
Eski dosların’day qurarsan’ ba’zim.
Bul shadlı zamanda, a’ziyz ustazım,
Ju’z da’wran su’rsen’ de, su’rmedim dersen’.

Aldımda ko’p eken ko’rmegen sıyım,
Gu’l berip qarsı aldı qanshama jıyın,
Bul zamanda shayır bolmaqtan qıyın
Jumıs bar ma desem, «bilmedim» dersen’.

Shayır dese esken samal tıng’anday,
Ken’ zallardı kernep adam tolg’anday.

Sonda «shayırman» degenin' jalg'anday,
«Ko'p eken xalqıma bermegim» dersen'.

Shayır degen o'z xalqının' elshisi,
Shad o'mirden mol berilgen enshisi.
Bola almasan' hasıl so'zdin' ka'nshisi,
«Biykar bul ma'jiliske kirmegim» dersen'.

Ullı Kiev, ullı eldin' orayı,
Lıqqa toldı ma'deniyat sarayı.
Quwanıshtan tolqıp, demim tarayıp,
Turg'anımdı aytsam, «ko'rmedim» dersen'.

Sonday waqta sen tu'sersen' esime,
So'zime so'z, ku'sh qosılar ku'shime.
«So'yle inim, albıraysan' nesine?
Lazım so'z marjanın termegin'» dersen'.

Sonda xalqım kelgendey-aq janıma,
Qızıw ener tamırdag'ı qanıma,
Sol gezde shayırlıq okeanına
Qayıqlı barıp - aq o'rledim dersen'.

Sen bir tarlan tu'lep ushqan tawdag'ı,
Biz palapan qonaqlag'an jardag'ı.
Qaraqalpaqtın' sen bu'gingi Berdag'ı,
Qa'ytip «so'z marjanın termedim» dersen'!

Dnepr boyınan atlanıp keshte,
Biz baramız ju'yrik ekspresste.
Senin' bu'lbilgo'ya hawazın' este,
Qalaysha «yad etip ju'rmedin'» dersen'?

Sen otırsan' qara taldın' astında,
Maqbal tıslı eki ko'pshik da'stin'de,
Qol bılg'asam «qara ayg'ırdın'» u'stinde,
«Ko'zim girew tartıp ko'rmedim» dersen'.

«Shayır kewli qartayıwdı bilmeydi,
Ol bir ag'ash, qısı-jazı gu'lleydi»,
Dep g'arrı Derjavin aytıptı deydi,
Desem, «bala, bul qay ermegin'?» dersen'.

Shalqı, shayır, shalqıytug'ın gez keldi,
Kewilge yosh, tilge shiyrin so'z keldi.
Jigirman'da elin' jaynap o'zgerdi,
«Jasta bu'ytip, da'wran su'rmedim» dersen'.

Mine, poezdımız Xarkovke jetti,
Xalıq japırılıp bizge hu'rmet ko'rsetti.
Burıng'ı zamanda bunday izzetti
Ba'lki «tu'simde de ko'rmedim» dersen'.

Watanımız shadlı o’mirdin’ bag’ı,
Onda gu’ller poeziya darag’ı.
Burqıp aqsın hasıl so’zdin’ bulag’ı,
«Shalqısın shayırlıq o’rnegim» dersen’.

# «DALA A’RMANLARI» kitabınan
1966

### TALLI JAG’ISTAG’I ESKE TU’SİRİWLER

*Yu. Ma’denge*

Kegeyli boyında qalg’an nartlarım,
Siz qanday o’skensiz, na’rwan bolg’ansız!
Dawıl menen bas baylasıp mudamı,
Gu’reste bel bermes palwan bolg’ansız.

Urıs jılları tallar  qarawsız qaldı,
Tallar tu’we bag’lar qarawsız qaldı.
So’kitlerdi shawıp ko’pirge saldı,
Sonda tu’birden siz payda bolg’ansız.

Anam geyde joqlap u’lken balasın,
Jag’alasa aqsham suwdın’ jag’asın.
Sizler tu’singendey onın’ nalasın,
Suwg’a ushın’ızdı malıp turg’ansız.

A’kesin sag’ıng’an balalardayın,
Solqıldap turdın’ız ko’rsem ha’r dayım.
«Kel, biz benen birge sırlas, İbrayım!»
Dep tu’simde shaqırg’anday bolg’ansız.

Ala ko’ylen’keli nartlardın’ astı,
Samal kitabımdı julqılap ashtı,
Birew kelip sonda ko’zimdi bastı,
«Kim ekenin bil» dep sıldırlag’ansız.

O, siz, jaslıg’ımnın’ sırlası, tallar!
Ah, sol jag’ımlı qol, ju’zikli qollar!
Bir jıl basıp tursa ko’zimdi olar,
Qabaq shıtpas edim, doslarım, ha’rgiz.

Ko’zimnen qolların jazdıra berip,
Sın’q-sın’q etip ku’ldi aldıma kelip.
Onın’ ıqlas penen ku’lgenin ko’rip,
Oylar edin’ qız eken dep a’rmansız.

Biraq at basınday edi a’rmanı,
Ushıp ketken edi alg’ır tarlanı...
Zalım urıs, dım ko’p boldı-aw qurbanı,
Ko’sha’-ko’sh a’yledi jolsız, ka’rwansız.

Almameken dedim uwıljıp pisken,
Boyınan ıshqının’ sa’wiri esken,
Bilektey qos burım bo’ksege tu’sken,
Bir qosa jupqasın basqa shalg’an qız.

Kirpigi qayısqan tebendey edi,
Kumay ko’zler meni jegendey edi.
«Ag’an’nan xat jok pa» degendey edi,
Ayralıq da’rtine ishten jang’an qız.

Suwdan bir meshindi qarmap ilgeni,
Moynıma salmaqshı bolıp kelgeni,
«Qashan jigit bolasan’?» dep ku’lgeni,
Esimde sır bermey sabır qılg’an qız.

Jigit bolıwın biz boldıq-aw, biraq,-
Talay azamatlar, qolında jaraq
Watan erki ushın qushtı topıraq,
Qansha hayallar tul, yarsız qalg’an qız!

Kewilde kek lapwla jandı shaladay,
Oyın, ku’lki jetim qalg’an baladay,
Qosıqlar qulaqqa urg’an tanaday,
Bawırı pu’tin bir de jan qalmag’anbız.

Biraq quraldan da mıqlı ha’m o’zge,
Ullı birlik, g’ayrat-ku’sh boldı bizde.
Sol g’ayrat jetkerdi jen’isimizge,
Kekli jawdan kegimizdi alg’anbız...

Wa, tuwısqan tallar, dala batırı,
Wa, siz, jaslıg’ımnın’ jasıl shatırı!
Sarg’ayg’an saratan barmas batılı.
Sizge ka’r ete almas, aytsam jalg’ansız.

Ku’nnin’ a’ptabınan qashqan samallar
Sayada tu’slenip tınıg’ar, oynar.
Jawshımshıq, ma’ddeler ha’m qurqultaylar
Sensiz ha’lden tayıp, qalar da’rmansız.

Ig’bal aydınında sharshamay ju’zgen
Bir a’wlad ruwhı seziler sizden.
Jaslıq sazın tın’lap gu’wildin’izden,
Mine, sayan’ızda otırman jalg’ız.

Ju’zigin jog’altqan qızday u’n’ilip,
O’ttim astın’ızdan oylarg’a shu’mip,
Keshegi nart na’rwan bolg’anın ko’rip,
Dedim: «bunsha tez erjetip qalg’anbız!»

Irash o’sip, japlar jan’a sag’a alıp,

Bayag'ı at qulaq o'sken jag'alıq,
Aydarday jelkilder ısqa qog'alıq,
Qollardı qanatıp talay org'anbız.

Bayag'ı kebirlik paxta jer bolg'an,
Aq jaylar ko'beyip sıbaylas qong'an.
Mashinalar ju'yitkip barar tas jolda,
Bir jag'ı ju'zim bag', bir jag'ı palız.

A'ne, sol palızdan betlep bermag'an,
Bir bala qıyqıwlap kiyatır mag'an.
- «Qostan qawın jesin» dep atır apam!
Apan'dı tanıdım, inim, gu'mansız.

Kirpigi qayısqan tebendey edi,
Qumay ko'zler meni jegendey edi...
Ulı emes, o'zi  kelgendey edi,
Bayag'ı moynıma meshin salg'an qız.

Bayag'ıday mag'an telmirip qarap,
Qıynamas ol endi ag'amdı sorap,
Urısqa na'let aytar ishinen, biraq,
Da'slepki yarınan ayra bolg'an qız...

Xosh bolın', tallarım! Qosqa  barayın,
Mardıyıp otırıp qawın jarayın.
Onnanson' sazımdı qolg'a alayın,
«Tallı jag'ısım» dep, sayrap a'rmansız...

*1969-jıl, Shımbay.*

## SEKSEWİL

U'nsiz ko'kke qolların sozıp a'sten,
Kim bular el shetinde erben'lesken?
Hesh kim emes, bul ma'zi seksewiller,
Shet - shebirsiz dalanı qaplap o'sken.

Boyında qızg'ını bar tas ko'mirdey,
Shan' basıp quwan' tartqan jas ko'rinbey.
O'z dalasın jawlardan qorg'ap turg'an
A'yyemgi massagettin' la'shkerindey.

Ayqasar otlı a'ptap, ja'bir menen,
Jıg'ılsa isi bolmas qabir menen.
Jawmay o'tken bultlarg'a o'shegisip,
Tu'yedey to'ze biler sabır menen.

Boranlar kelip onı julqılag'an,
Korıqpas ol biraq hesh bir g'ulg'uladan.
Artezian izlegen barlawshıday,
Uzın tamırı sho'l to'sin burg'ılag'an.

Qaqshıyıp qıyınlıqqa to’s keriwli,
Bilmeydi qula du’zde seskeniwdi.
Salmag’ı mısalı pil su’yegindey,
Su’yemen sho’l perzenti seksewildi.

Tuqımı jer tan’lamay o’nip keter,
Jasında ko’k shırshaday do’nip keter.
Jansa da tegin janbay, adamzatqa –
Boydag’ı bar qızıwın berip keter.

*1963-jıl*

## ALTIN DA’RYALIQ SAMALINA

Altın da’ryalıqtın’ pa’tli samalı,
Sen shalqıp, yoshlanıp eskende mudam,
Tu’rli tillerdegi tu’rli namanı,
Qanatın’da alıp kelesen’ mag’an.

Sende sarqırawı ku’shli ag’ıslardın’,
Sennen juwsan iysi tanawg’a urar.
Sende naw qarag’ay nar qamıslardın’
Million sıbızg’ılıq sıldırlısı bar.

Bulttay qaramanlar, shoq torang’ıllar
Biyikten sa’lemin jollaydı sag’an.
Suw boyında nama shıg’arg’an tallar
Sag’an o’z notasın u’yreter mudam.

Meni asıqtırar jalqaw tırnanın’
Mezgil kurantınday «tır-tır» lawları.
Ha’z berer biyda’wlet shag’alalardın’
Shın kewilden ku’lip shaqaqlawları.

Asaw tolqınlardın’ «tın’ların su’rgen»
Paroxodlar dawısı, shaqırıwları:
Sende bar joqarı voltli toq ju’rgen
GRES sımlarının’ dın’ıldawları.

Ba’rin-ba’rin yadlap u’yrengensen’ sen,
Altın da’ryalıqtın’ pa’tli samalı!
Biraq, aytıp ber sen, mag’an a’kel sen
Jan’a adamlar aytqan jan’a namanı!

A’kel, jan’a ku’shtin’ yosh bulaqların
Burqıldatıp ashqan jan’a zamannın’
Jan’a qosıqların, jan’a sazların,
Ju’rek sog’ıwların, talpınıwların!

Bul qosıq esitiler qaraqalpaqtın’
Tallı jag’ıstag’ı xosh hawazınan;

Dan’qlı paxtakeshi ku’nshıg’ıs jaqtın’,
Tuwısqan o’zbektin’ sulıw sazınan.

Bul nama Qızılqum jaylawlarınan
«Et, su’t molshılıg’ı!» dep su’ren salar.
Maldın’ izin irogliftey oqıg’an.
Bawırım qazaqlardın’ a’n-ku’yinde bar.

Bul qosıqtı aytqan rus dawısı,
Tuwısqan motiv bolıp sin’gen qanıma,
Jan’a da’wir, jan’a namanın’ ku’shi
Lapız bergen tu’rkmen aydımlarına.

Bul namadan jan’a jiger, yosh alg’an,
Bahadır balıqshı - Aral boyları.
Esitilgen shalı atızlarınan
Bizin’ koreetslerdin’ «toradiyları».

Usı nama qaysı jerde aytılsa,
Sol jer jasaradı, abat boladı.
Bul qosıqtı aytıp xalık hu’jim qılsa,
U’stirtten neft shıg’ıp, gaz atıladı.

Bul-jan’a zamannın’ jan’a naması,
Yosh ha’m jiger tolı a’jayıp nama,
Do’retiwshi miynettin’ saqıy quyashı,
To’k sen nurların’dı dalalarıma!

Wa, altın da’ryalıq, tuwg’an ma’kanım!
Zaman korablleri asıg’ar sag’an.
Qaysı tilde qosıq aytsan’ da, janım,
Ba’ri tu’sinikli, qa’dirdan mag’an.

Shadlıq, yosh ha’m ıshqı, naz benen tolıp,
Essin la’zzet bag’ısh samalın’ senin’.
Baxıt, abadanlıq joldasın’ bolıp,
Jaynasın keleshek zamanın’ senin’.

*1962-jıl, No’kis.*

## WATAN

Sen a’wele shayqatıldın’ tal shaqasında,
Men o’rmelep barıp sordım palın’dı senin’.
Qabıg’ın’nan sırnay sog’ıp shertken wag’ımda
Sada sestin’ bayanladı janımdı menin’.
«Men senin’ bir jas shıbıg’ın’, jasaw joq sensiz»
Dep bezildep suw boyında juwırdı sırnay.
«Durıs» dedi dawısı menen jin’ishke ha’m minsiz
Perzentine uya toqıp turg’an qurqultay.
«Quday ma ya qurqultay ma, kim sheber eken?
Jarqılıq-ay»!-dedi anam uyag’a kelip.

Sonda anamnın’ miyrim tolı nurlı ju’zinen
Tun’g’ısh iret tanıg’anman men seni ko’rip.
Onnan keyin shıq malıng’an tan’da aldımda
Jon’ıshqalıqta sen sap-sarı gu’l bolıp pittin’.
U’zip alıp, tu’p jag’ınan awzıma saldım da,
«Qoy bolma da qoshqar bol!» dep gu’birlep kettim.
Al sen sonda qozı bolıp shaptın’ tompan’lap,
A’lleqayda bo’deneler «pıt-pıtlap» jattı.
Sen a’jjedey mektep bolıp turdın’ sıg’alap,
Shaqırdı jez qonırawın shın’g’ırlap qattı.
Sen Kegeyli bolıp aqtın’ aldımda birdey,
Ashılg’an aq paxtalarda men seni ko’rdim.
Sırlı a’rman aydawında sharshawdı bilmey,
Tal tu’slerde qırg’ıy an’lıp dalada ju’rdim.
Ko’rdim seni qumay ko’zli kon’ısı qızdın’
Ju’zindegi jang’a ısıq ku’ldirgishinde.
(Maqtanıshı edi ol qız awılımızdın’.
Sag’ınaman onı ele ko’rsem tu’simde),
Geyde da’rtli qosıq bolıp sen arqash jaqtan
Padashı ha’m pada menen o’risten qayttın’.
Qawın qosta, tu’tinliktin’ basında aqsham
Sen qorıqshı g’arrı bolıp ertekler ayttın’.
Men qaysınday suwretlerde ko’rmedim seni!
Gu’zgi aspanda ushtın’ dizilip jıl qusı bolıp.
Sen qırg’awıl bolıp talay shaqırdın’ meni
Ha’m qıshqırdın’ kebirlikte jılqıshı bolıp.
Tu’n ishinde jartı paxsa u’stinen qarap,
Baqlar edim ko’l boyında jang’an otlardı.
Ko’pti ko’rgen gu’zar jollar tum-tusqa tarap.
Wa’de etti qızık-qızıq sayahatlardı...

Men qaysınday su’wretlerde seni ko’rsem de,
İsen, Watan, ullılıg’ın’ shıqqan joq esten!
Kindik qanım tamg’an jerdi qansha su’ysem de,
Onı sennen bo’lip alıp su’ygen emespen.
Juldızlarg’a raketalar ka’rwanın tartıp,
Ma’ga’r qaysı planetag’a salar bolsam iz,
Sag’ınarman sen arqalı Jerdi qumartıp,
«Men senin’ bir shıbıg’ın’man, jasaw joq sensiz».

*1963-jıl, İyul. No’kis.*

## O’ZBEKSTAN

Sa’yir etip men sa’ha’r waqta,
Kirdim bir a’jayıp bag’qa.
Japıraq jamılıp awlaqta,
Bu’lbillerge sır sırlastım,
Samal menen sıbırlastım.

Bu’lbil aytar: - usı bostan
Meni tarttı ozal bastan.

Sol ushın da bir tınbastan
Sayray-sayray esim keter,
Ha’wes artar onnan beter.

Samal aytar: -men sahradan
Uyıtqıp shawıp kelsem mudam,
Bul bostan naz etip mag’an,
Juwasıtıp alar janım,
Sa’wir bolar boranlarım.

Gu’l ju’zinde shıq malınar,
Alma ag’ashtın’ zarı bar:
«U’z miywamdı!» - dep jalınar,
«Sınıp ketpey turıp belim,
Miywamdı u’z - deydi - menin’».

Sha’rtek qayıstırg’an ju’zim
Shirege ma’s etip o’zin,
Qa’reliler qara ko’zin
Su’zgende, a’l qızıl a’na’r
Ishqı otında ku’yip-janar.

Suw boyında ma’jnu’n talı
Sarhawızg’a shashın malıp,
Bir shiyrin oylarg’a talıp,
La’yli tu’skendey esine,
Telmirer ay sa’wlesine.

Nawayının’ urpaqları,
Qollarında tilla tarı,
Qızg’ın mu’shairaları,
Jan’a g’azzel, jan’a muqam,
Bul ma’jliske kirdim men ha’m…

Sonın’day a’jayıp bostan,
Ta’riyp etsem tawsalmaspan.
Perzentim dep qushaq ashqan,
O’zge emes, o’z janımsan’,
Go’zzal O’zbekstanımsan’!

Gu’rlep jatar Tashkentimiz,
Shıg’ısta zor da’rbentimiz,
Du’nyag’a belli ka’ntimiz,
Ku’nbatıstan, Ku’nshıg’ıstan
Jolawshılar ko’p ıg’ısqan …

Jaqsı isdur ja’ha’n gezbek,
Ko’zin’ menen ko’rip, sezbek,
Miyman ushın tuwg’an o’zbek,
Qonak ku’tiw - bul ha’m o’ner,
Gu’ldey ashılar kewiller.

Kel, biradar, sapar shekken!
Jol bilmes dep tag'ne etpen'.
Jurtın su'ygen bir o'zbekten
Kem su'ysem men bul u'lkeni,
Qaraqalpaq demen' meni!

Kelha miyman, tawlar jaqqa!
Tu'seyik kiyik soqpaqqa.
Misli qırmanlang'an paxta
Shın'lar ashıp aq siynesin,
Alar ku'nnin' aqıl esin.

O'tsen' Kitab, Altın ko'lden,
Andijan ya Mırzasho'lden,
«Paxta bayramına» kelgen
Misli «Ba'ha'r» ansambli
Qulpırar aq altın gu'li.

Altın topıraq Ferg'anadan,
Qaytıp shıqpas barg'an adam.
Ha'r tu'p paxta, ha'r xanadan,
O'ner eldin' nesibesi,
Paxtakeshtin' ka'sip, isi.

Azat adam baxtı usında,
Begabadtın' shaxtasında,
Aqsham GES-ler jaqtısında,
Burıp da'ryalar iyrimin,
Farhad tabar o'z Shiyrinin.

Bilgir ximik bulka'radan,
Shırshıqtın' dan'qı tarag'an.
Gaz burqıldap Buxaradan,
Kernep ga'wmis trubalardı,
Oralg'a otın apardı.

Gires-gires ka'rwan, ko'shler,
Shım-shıtırıq relsler,
Vagon vagonlardı tisler,
Uzaq jollar bolıp qısqa,
TU - lar ushar tumlı-tusqa.

Tashkent tan'ı nurg'a tolar,
Azat miynet tan'ı bular.
Ag'ar tasqın kolonnalar,
Tashselmashtın' smenası
Keler batıl qa'dem basıp.

Su'n'gip qalın' japıraqqa,
Jaslar barar TashGU jaqqa,
Bilim gu'llegen bul bag'da
İske asıp turg'an ba'ri -

Ulug'bektin' a'rmanları.

Ullı sha'ha'r ortasında,
Jas gu'jimler arasında,
Fontan atılıp qasında
Ozıq o'ner saxnası tur,
Misli ashılg'an qızıl gu'l.

Saz qumartıp kelsen' izlep,
Frak kiygen sa'ten' o'zbek.
Yoshıp, orkestrdi go'zlep,
Shıbıg'ın bir siltep endi,
Gu'n'irenter Betxovendi ...

Doslıq, baxıt, erik quyashı
Turar ma'n'gi nurın shashıp,
İshi ku'ygen duz jalasın!
O'mirimiz bar bag'ı-bostan,
Saw bol, anam O'zbekstan!

*1964-jıl, sentyabr.*

## MENİN' JİGİT WAQTIM, SENİN' QIZ WAQTIN'

*B-g'a*

TASHGU desem, da'rhal tu'sedi eske,
Menin' jigit waqtım, senin' qız waqtın' ...
Tuwra samoletten tu'stim-de keshte,
Jataq jayın'ızdın' esigin qaqtım.

No'kiste ekenin'de sen meni ku'nde,
Ha'tte saat sayın sag'ınar edin'.
Bul saparı ko'rip meni Tashkentte,
Salqın mıyıq tartıp «senbisen'» dedin'.

Gu'lshanda ashılg'an bir taza gu'ldey,
Shırayın'a shıray qosqan ekensen'.
Quwanıshımdı qa'ytip aytardı bilmey,
Jutınıp, telmirip qaray berdim men …

Kettik qoltıqlasıp ko'sheni boylap,
U'nsiz kiyatırmız. Esnep qoyasan'.
«Janım, aytshı, kiyatırsan' ne oylap?
Erten' ushırasamız qay jerde, qashan?».

Zer ko'ylek qoz shashıp janar u'stin'de.
Sen ayttın': «a'piw et, mazam joq…» dedin'.
Ha'm ma'rmer teksheden sırg'ıp tu'stin'-de,
Kettin' … Men sen ushın biyga'na edim.

Son'g'ı «Kazbegimdi» tutatıp alıp,

Uzaq tentiredim A’nhar boyına.
Ma’jnun tal shaqasın suwlarg’a malıp,
Senin’ shashların’dı salar oyıma...

TASHGU desem, mudam tu’sedi eske.
Menin’ jigit waqtım senin’ qız waqtın’...
Sag’an endi qaytıp ma’lel bermeske
Bel baylap, janımdı otlarg’a jaqtım.

«Kel» dep shaqıradı ashıq aynalar,
Bag’lar «kel, jigitim qayg’ırma» deser.
Ju’regimdi tırnap jılar «Ta’nawvar»,
Japıraqlardı tintip samallar eser.

Men ha’r barg’an sayın endi Tashkentke,
Sag’an ko’rinbewge tırısar edim.
Bir ku’ni tosattan meni ko’rdin’-de,
«Iras-aq senbisen’, senbisen’?» dedin’.

A’yne sa’ha’r waqta ashılg’an gu’ldey,
Qız bolıp pa’tin’e mingen ekensen’.
Hind qolına tu’sken asırandı pildey,
U’nsiz jetegin’e ere berdim men.

Tawıstay tarang’an Tashkent qızları
Doslıq izzetlerin ko’rsetti mag’an.
Eski doslarımday ku’lisip ba’ri,
Jaydı aldıma studentlik dasturxan ...

TASHGU - bilim bag’ı, jaslar doslıg’ı,
Qansha kewillerge nur berer jaqtın’!
TASHGU - mın’-mın’ qız-jigitler jaslıg’ı,
Menin’ jigit waqtım, senin’ qız waqtın’...
1962-jıl.

**QIRG’AWIL**

Kiyatır edim shar buzıp,
U’stinen taza qardın’ men.
Tu’skendey qoldan g’arbızım,
An’ırayıp qaldım men.

O, sulıwlıq! O, dala!
Su’wretshisen’-aw a’jayıp!
Qaray berdim qadala,
Jutınıp, moynım uzayıp.

Bir shoq urıq astında,
G’ıjlap janıp shoq jatır.
Umıt qalg’an dalada
Akvareldey bop jatır...

İren'nin' ag'la, tınıg'ı,
Barınsha ko'rkke tolg'anday.
Ayqulaqtın' sınıg'ı
Aspannan tu'sip qalg'anday.

G'ıjımı moyın tıg'ılıp,
Bas jatır jan sawg'alap,
Satqın quyrıq qubılıp,
Sırtta jatır «mında» lap.

İykemsiz jas mu'shesi
Tar kiyimge sıymag'an
Sulıw qızdın' denesi
Sıyaqlandı ol mag'an.

Ashıg'ın'day aymalap,
Bawırın'a bassan' da'!
Dep turg'anda sıg'alap,
Ushtı du'rlep aspang'a.

U'rkip ketti basımnan
Dalanın' juwas oyları.
Ju'regim tuwlap jalma-jan,
Juwırg'ızbay qoymadı.

Atlı, jayaw antalap,
Arsıldap iytler shabıstı.
An'shının' ko'zi qantalap,
Mıltıg'ına jabıstı.

«Tars» etti mıltıq birden tek,
Quladı sarqıp qırg'awıl.
Adamlar bu'kti tepkilep,
Bolıp ketti «urha-ur»...

O'limge onın' jalınbay,
Ko'rdim alısıp atqanın.
Bir japıraq jalınday
Urınıp, lawlap jatqanın.

Oyladım sonda: jalınlap
Jasay bilde, su'ye bil.
O'lerin'de de lapıldap,
Jalın bolıp so'ne bil!

*1963-jıl. Dekabr*

## SADIQ SHAYIRG'A

Ju'rgen - da'rya deydi, otırg'an - boyra,
Ju'rdek ayaqlardı jollar ha'm su'ygen.

G'arrılar oylasa ne tu'spes oyg'a
Diywal qısıp keter shıqpasan' u'yden.

Jatqang'a ne aytar to'sek ha'm dastıq?
Mezgilsiz qartaymaq - o'mirge qaslıq,
Baxıtlı g'arrılıq - ekinshi jaslıq,
Misli kesh tu'skende atqan tan' deymen.

Bu'lbil qus balasın alıp janına,
Sayrawdı u'yreter palapanına ...
Qalmayın dep jas a'wladtın' shan'ına,
Ku'ni-tu'ni qa'lem tartarsan' deymen.

Men hayranman baz bir shayır doslarg'a,
Sharshadım der shıqpay atıp asqarg'a.
Sol ishten qartayıp tuwg'an jaslarg'a
Jasarıwdın' jolın aytarsan' deymen.

Ko'z a'ynekti su'ymes nuraniy ko'zin',
Kewilge zawıq berer ko'p aytqan so'zin',
Paxtadan - Shamurat, qosıqtan - o'zin'
El ka'rwanın mıqlap artarsan' deymen.

Alpıstan asqanson' azıw ketilse,
Qaptalınan jetkinshekler jetilse,
Zaman dan'qı ushın talap etilse,
Kosmosqa ha'm barıp qaytarsan' deymen.

El japqan eltiri boyg'a shaq deydi,
Xalıq su'ygennin' nesibesi naq deydi.
Qartlar Sizge qusap jasarsaq deydi,
Al men sizdey bolıp qartaysam deymen.

*1963-jıl, avgust.*

## ARMENİYA

Arasınan asqar tawlardın'
Bir hasıl tas tawıp aldım.
Ta'jdin' ga'whar tası ma?
Gu'lju'ziktin' qası ma?
Shatırlap jasın tu'skende,
Maydalap onı kesken be?
Sınıkları qay jaqta?
Jatır ma eken uzaqta?
Doynaq yaki qılıshtın',
İzi me qanlı urıstın',
Bul ne shıjbay tastag'ı?
Yamasa a'wel bastag'ı
Jazıwı ma a'rmennin'?
Mashtots yaki a'lle kim
Bir gezde jazıp qaldırg'an?

Abovyannın’ kewlinin’
Jarası ma bul turg’an?
Miyrimsiz waqıt, sum zaman
Tırnag’ın tasqa batırg’an.
Sevanday mo’ldir, tun’g’ıyıq
Tastın’ tınıq ju’zine
Qaray berdim su’zile.
Ko’p shıjbaydın’ astınan
Bir xat ko’rindi mag’an:
«Armen, demek, bul - adam,
Jog’almas adam hesh qashan!...»
Jang’a jaqın, tuwısqan,
Jan’a zamang’a quwısqan,
Awa, bul tas jog’almas.
Armen - sulıw, armen - jas,
Gu’llene berer Ayastan,
Al men bolsam bul tastı
Shiyrinnin’ sulıw ko’zindey,
Tumanyannın’ so’zindey
Ju’rekte ma’n’gi saqlayman,
Hesh du’nyag’a satpayman!
1963-jıl, Erevan.

## XOSE MARTİGE

Yadg’a tu’sse alıs Kuba elleri,
Ba’rha sen tuwralı oyg’a talaman.
«Solmaysız, dalanın’ qon’ıraw gu’lleri»
Degen so’zlerin’di eske alaman.

Sonda ko’z o’n’ime keler bir su’wret:
Ash o’len’, qırg’ıy ko’z, kabag’ı qatqan,
Bir kisi jaralı gewdesin su’yrep,
Qanı sho’pti boyap jıljıp kiyatqan.

Oqlar shu’ykildeser, jaw basıp keler,
Ten’siz urıs barar Watan jerinde.
A’rman, kek tıyıg’ı kewildi tiler,
«Kuba!» degen bir so’z keler eringe.

Sol so’zden janlanıp o’lim paytında,
Ku’ler, tarqag’anday kewlinin’ sheri.
Qanlı gu’ldi qarmap sıbırlar sonda:
«Solmaysız, dalanın’ qon’ıraw gu’lleri!».

İspan oqlarının’ astında anan’
Seni tuwdı qırg’ın sawash ku’nleri.
«Watan erki» degen eki so’z mudam
Qa’wipli soqpaqlardan aydadı seni.

Sen sol eki so’zdin’ shınlıg’ı ushın
Bir jarq etip janar jıldırım boldın’.

O’ldin’ Dos-Riosta sen oqqa ushıp,
Bar otın’dı tawg’a sin’dirip o’ldin’.

Sol tawdan adamlar otlıq tas alıp,
G’azep o’rtin jaqtı o’z atawına.
Eriksiz materikke erk aparıp,
Jan’a a’wladın’ soqqı berdi jawına...

Onı hesh qanday ku’sh so’ndire almas,
İzge qaytpas azat Kuba elleri.
Xose Marti aytqan so’z qalıy bolmas:
«Solmaysız, dalanın’ qon’ıraw gu’lleri!»
1963-jıl, 10-noyabr.

## O’MİRBEK LAQQI

*(Shımbay a’psanaları)*

Bir gellege qonıp mın’lardın’ baxtı,
Paqır-puqaralar qıynalg’an waqtı,
Ashshı ku’lki menen jurtın jubatıp,
Shımbay jaqta o’tken O’mirbek laqqı.

Onda u’y bolmag’an, ılashıq bolg’an,
Biraq qayda barsa jol ashıq bolg’an.
«O’mirbek kelipti» dese bir u’yge,
Shiydin’ jırtıg’ına talasıq bolg’an.

Ol qazıwg’a barsa qashar uwayım,
Jen’illeser Kegeylinin’ ılayı.
Ol oraqqa shıqsa, ku’nlikshi xalqı
Shadlı ku’lkilerge batar udayı.

Onı ko’rse baydın’ ju’zi qubarar,
Molla, iyshannın’ sa’lleleri shubalar,
Murtın tawlap juwap ursa O’mirbek,
Men-men degen qız-kelinler tubalar.

Onın’ o’zi - quwanıshtın’ belgisi,
So’ytip atqa shıqqan eken bul kisi.
Totıqqan paznanı iske salg’anday,
G’am kewildi jarqıratqan ku’lkisi.

Kel jigitler, ga’pti onsha sozbayın,
Bir qazang’a ku’ydireyin so’z mayın.
Ha’m sol mayg’a salg’an gu’rish piskenshe,
Bes-altı awız orsaqı so’z qozg’ayın.

### Paydaku’nem O’mirbek

Dem ishinde jigitlik dem-dem eken,
Jigit boldı, so’ytip bizin’ O’meken’.

Qoltıg'ında qayqılıqtın' qanatı,
U'yge tiyer paydası sa'l kem eken.

Sonda og'an ata-anası so'yledi:
«Sen, ju'wermek, qayqılıqtı qoy - dedi
Payda quwar basqalardın' balları.
Al sen ma'zi sobırayg'an boy dedi.

Sen ju'ripsen' zekiwan bop ja'n-jakta,
Sendey ballar ku'nde barıp sallaqqa.
İshek-qarın alıp sawda qılsa da.
Ata-ananın' awzına as salmaqta.

Dep anası ızalı til  qatadı,
Bul so'z onın' shımbayına batadı.
Tan' azannan turıp alıp O'mirbek,
Bazar betke qaray adım atadı.

Aralap ju'rsin be ol bazarın'dı!
Satıp aldı bir qap ishek-qarındı.
Paydasına satpaq bolıp ep penen,
Ga' maqtadı, ga' «alın'» dep jalındı.

- Al, alayıq neden bala, qarının'?
- Qaptan... - dedi, qazıp so'zdin' qarımın.
- Qarının'dı nege beresen'? - dese,
- Pulg'a, dedi, berer jeri ba'rinin' …

- Qarının' taza ma?- dep sorag'ang'a
Dedi: Basın' bas pa yaki shalg'am ba?
Bunsha aqmaq bolg'anın' ne, yashullı.
Qarın bola ma ol taza bolg'anda?...

İshek-qarın qaldı so'ytip, «paydag'a»
Kesh bolg'anda qaptın' awzın bayladı.
Jas sawdager mol paydag'a quwanıp,
Mine, u'yge arqalanıp aydadı.

«Bu'gin o'zim tanıttım-aw talayg'a.
Epsiz emes ekenmen - dep - qalayda",-
Ay-hay, bizin' paydaku'nem jas jigit,
Keler batıp belshesinen ılayg'a.

Ayag'ı tayıp ketip esi jarımnın',
In'q etti ishine teren' qarımnın'.
«O'la' paydanın' astında, O'mirbek!"
Depti astında jatıp bir qap qarınnın'...

*1962-jıl.*

**O'mirbek ha'm Erejep tentek**

Laqqını bir sınamaqshı boldı da.
O'mirbekti shaqırdı biy aldına.
- Ma' ten'ge! Bazarg'a barıp kel! -dedi
Bir «waq-waq», bir «way-way» alıp kel!-dedi.
Biydin' so'zin kim ta'rk etken bundayda!
«Qup a'jep» dep shaptı O'mek Shımbayg'a.
Ko'p qızlardı quwırdaqqa toydırıp,
Qayttı atın dizgin ushı quydırıp,
Joldan ha'rre, shayan uslap aldı ol,
Ha'm qorjınnın' bir basına saldı ol,
Gu'rjilewli bos qorjındı ko'terip,
«Amanatın' mine» dedi jo'telip.
- Qane, qane ko'reyik-dep biy sonda,
Quwanıp tez qolın urdı qorjıng'a.
Waq-waq, qolım... Bul nen', man'layı qara?
Mınawın' ha'rre g'oy, ha'y zang'ar! - dedi.
- Qolın'ızdı sug'ın'qıran' biy jora.
Teyireginde „way-wayı" da bar-dedi...

*(Erejep tentek qıpshaqtın' biyi, O'mirbektin' zamanlası. İ.Yu.)*

*1962-Jıl.*

# «ZAMAN AG'IMI» kitabınan

**1968**

## TUWG'AN JER

*Shımbayg'a*

Sa'lem sag'an, tuwg'an jerim!
Ko'rsem shan'lag'ın'dı senin',
Balalıg'ım tutar menin',
Erkeletken el-jayımsan',
Lawazımlı Shımbayımsan'.

Artqan sayın ıg'bal-baxtın',
Xosh boladı menin' waqtım.
Tariyxında qaraqalpaqtın'
Belli elsen' o'zin' senin',
Ko'pti ko'rgen ko'zin' senin'.

Ko'p taqıwa g'arrılardan
So'z tın'ladım jaslay mudam
Eski, jan'a kitaplardan
Ko'p oqıdım tariyxın'dı
Ha'm yad ettim ta'riypin'di.

Tarıg'ıp jer, suw ha'm nannan,
Qısım ko'rip patsha xannan,
Ata jurtı Tu'rkstannan
Babam bayg'us qashqan deydi,

Sag’an qonıs basqan deydi.

Shıqsam jolların’a senin’,
Sonnan bergi da’wirlerin’,
Eles berip birim-birim,
Jazılmag’an romanday,
Qıyalımdı terber sonday.

Ayna betli asfalt u’sti
Meni sag’an alıp ushtı,
Tazg’aradan ko’zge tu’sti
Minarlang’an ba’lent morın’,
O’ttim ha’m «O’tenin’ sorın».

Tallar tik ayaqtan basıp,
Jol boyında qatarlasıp,
«Shayırım!» dep jabırlasıp,
Qalar ırg’alıp izimde,
Kewlim tolar xosh sezimge.

Qaydan bul sezimnin’ haslı?
Quwang’annan ko’zim jaslı.
Kewlimde bir ba’ha’r paslı
Jayg’anday gu’l japırag’ın’,
Sa’lem, tuwg’an topırag’ım!

Aymalag’an Sen ayamsan’,
Tallı jag’ıslı sayamsan’.
Men qus bolsam, sen uyamsan’,
Awzımdag’ı ma’rgiyamsan’,
Anam, Shımbayımsan’ menin’
Kim sag’ınbas tuwg’an jerin!

* * *

Kindik qanım tamg’an jerim,
Amanbısan’ awıl-elim!
A’sten ayda, shofer inim,
Asfaltın’nan bur on’ jaqqa,
Jetpey turıp Jarmısh japqa.

A’ne usı ken’ gu’zar jol
Ata jurtqa aparar ol.
Men til bolsam, sen qulaq bol,
Tuwg’an jerdin ga’pi uzın,
(Tu’sinersen’ ele o’zin’).

Tag’jap awılı - tallı jag’ıs!
Altın besigimsen’ nag’ız.
Kewlimde ko’p g’ayrı nag’ıs
Suwretin’ bar ornap qalg’an,
Umıtsam, tuwg’anım jalg’an.

Oy-shuqırın’, atız, salman’,
Ko’lin’, qumın’ ha’m suwalman’,
Ba’ri-ba’ri tanıs mag’an
Esapshının’ shot tasınday.
Sanayman men ot basında.

Mınaw jiydeliktin’ sırtı,
Pa’lenshe ag’anın’ jurtı.
Anaw Shımbay aeroportı,
Ha’r samolet ushkan waqta
Jas qıyalım qanat qaqqan.

Gu’lte jon’ıshqa o’sken o’n’ir
Bu’klik edi tuye sin’ir,
Qas qarayıp tu’sse in’ir,
Bir sag’al to’rt dawıs penen,
«Kontsert» berer edi-aw ba’lem.

Su’ylinler ko’p bul o’n’irde.
Atın’ u’rker du’rlegende,
«Qırg’awıldın’ ha’r pa’rinde
A’zireylinin’ bir tu’gi bar»
Dep durıs aytar g’arrılar.

Go’ne ırashlar - jer tırtıg’ı,
Paxta ekken ba’rin jıg’ıp,
Jol o’z su’rdewinen shıg’ıp,
Jan’a gu’zar menen ju’rer,
Jer jan’arsa, jol go’nerer.

Biyik ko’pir, qıysıq salma,
Ot alg’anman bunda malg’a.
Kelemen dep anaw talg’a,
Bir jiyen qız aldap ketken.
Neler o’tpey, neler o’tken...

Balalıg’ım, balalıg’ım! –
Du’zden tergen qaramıg’ım,
Ko’p jıllardın’ aralıg’ın
Atlap, sen tu’sesen’ eske,
Usap keshe ko’rgen tu’ske.

Jıl artınan jıllar ju’zip,
Oyının’dı keter buzıp.
Balalıq bir altın ju’zik,
Tu’sip qalg’an son’ qolınan,
Ha’r kim izler o’z jolınan...

U’lep sha’bbelerdi jebir,
Top oynadım bolıp sebil.
Besjap, Tag’jap, Arshan kebir,

Juwa terdim  A’lishepten,
Tattım sobıq, su’tilmekten.

Gazetke orap zag’aramdı,
Asınıp semiz boqshamdı.
Jollarda suwırıp shan’dı,
Men qalag’a qatnag’anman,
Oqıw dese jatpag’anman.

Sol o’tken balalıq shaqtı,
Eske alsam waktı-waqtı,
Aldımnan Kegeyli aqtı,
Umıtıp geyde sabaqtı,
Qara batpaq qayırında,
Oynay-oynay qırg’alaqtı,
Sonnan tu’rim qara bolg’an.
(Ha’mmeler de bala bolg’an).

Ne bol desen’ tayın boldım.
Bilim quwıp sayıl boldım.
Qızların’ Zuhra balg’anda,
Men ıshqında Tayır boldım.
Sennen shıqqan shayır boldım...
Ha’r kimnin’ bir ka’sip-isi,
Bir na’rseden nesibesi...

Nesiben’ mın’ jortsadag’ı.
Ko’p jerge duz tartsadag’ı,
Dan’q-ma’rteben’ artsadag’ı, -
Tuwg’an jer ushın balasan’,
Og’an bas iyip barasan’.

*1961-1966-jıl*

## BERDAQQA

Sen  qosıqsan’ jırtıq u’yde tuwılg’an,
Ash xalıqtın’ a’rmanına juwılg’an.
Tuwılıwdan ıg’bal izlep xalqın’a,
Jalan’ ayaq qardı basıp  juwırg’an.

İynin’ tiyse pu’tinirek kiyimge,
Sheship japtın’ onı bo’ten iyinge.
Qosıq jazar xoshım joq dep yosh an’lıp,
Otırmadın’ may kekirip u’yin’de.

Zalımlardın’ ko’zine sen jin boldın’,
Qarlıqqang’a   shan’qıldag’an u’n boldın’.
Qaqaman qıs xalıqtın’ a’pshin quwırsa,
Sen olarg’a kempir quyash ku’n boldın’.

Boz ordada ayshı-a’shiret qurmadın’,

Da'nsiz jerde torg'ay bolıp shırladın'.
Qarlıg'ashtay awzın' menen suw tasıp,
Prometeydey ta'n'iriden ot urladın'.

Bayron bolıp dan'qın' tu'spes ja'ha'ng'a,
Onın' menen kemip qalmas bahan' da.
Kewillerdin' gu'li bolıp jasarsan',
O'zin' o'tken, biz tuwılg'an ma'kanda.

El da'rtine da'rman bolg'an giyasan'.
Xalıq a'rmanı tuwg'an poeziyasan',
«Ataq emes, so'z quwago'r, balam» dep,
Ko'z aldımda turasan' da qoyasan'.

*1965-jıl.*

*      *      *

Aldı ilim da'rejesin, atag'ın,
Burqıtıp doktorlıq aylıq alıp tur.
Endi onın' jazg'an ha'r bir kitabın
Pul to'lep oqıtıw g'ana qalıp tur...

*      *      *

Ta'g'dir ko'p keshigip jaratqan seni,
So'ylegende tilin' to'sin'e tu'ser.
Adamzattın' haslı maymıl ekeni
Seni ko'rgen sayın esime tu'ser.

*      *      *

«Poeziya! Ol ne? Altın ba, dur me?
Bolmayma olsız da o'mir su'rmege?» -
Der birewler. Durıs g'oy. Jasawg'a boladı.
Ma'selen, haywanlar she? Jasamay ju'rme?...

# «KEWİL KEWİLDEN SUW İSHER» kitabınan

1971

### XALIQ SO'ZLERİ

Xalqım dana desem bolar,
Naqıl etken bile-bile:
So'yley-so'yley sheshen bolar,
Ko'sem bolar ko're-ko're.

Naqıl ko'ptin' mu'lki bolar,
Adam sumı tu'lki bolar,

İyt juldızg’a ku’lki bolar,
Ayg’a qarap u’re - u’re.

Qorıqqanlarg’a qos ko’riner,
Joldaslıq jolda biliner.
Ju’rgende jormal iliner,
Ko’p ko’rersen’ ju’re-ju’re.

Ba’dhasılg’a ha’mel jetse,
Puqarasın talar iytshe.
Qumırısqag’a qanat pitse,
Ha’lek piter kele-kele.

Xalqım qalpı aytsın qalay?
Zamanlardı ko’rgen talay.
Birew o’tken jılay-jılay,
Birew da’wran su’re - su’re.

Shayırlıq etse nadanlar,
Ba’lege qalar adamlar.
Aqmaq aytar, aqıl tın’lar,
Zeyin menen ile - ile.

Menmenlikke bastı shatpan’,
Shımshıq o’z tasına batpan,
Eshek ozsam deydi attan,
Jelmayaday jele - jele.

Ku’shigennen bu’rkit bolmas,
Ten’iz suwın sırqıp bolmas,
Jartıwlı ju’n qırqıp bolmas,
Ala qoydı bo’le - bo’le.

Adamnın’ bir parası bar:
Oqımay-aq sanası bar.
Ot jaqqıshtan dana shıg’ar,
So’zge qulaq tu’re - tu’re.

Qızlar belin qınasadı,
Ma’rt maydanda sınasadı,
Qıymıldag’an qır asadı,
En’bek etken eme-eme.

Kirpikten kewilge jara
Tu’sse, og’an bar ne shara?
Biyta’rtip o’sken qız bala
Ba’le tabar ku’le -ku’le.

Astarlap aytar mamanlar,
Bunın’ ma’nisin kim an’lar
Atadan altaw tuwg’anlar
Jetew bolar o’le - o’le? ...

Qalawın tapsan’ qar janar,
Ju’ysiz ursan’ balta sınar,
Jigit jaslay dilwar bolar,
Ma’jiliske kire - kire.

Du’nya quwg’an bayır, o’ter,
El qıdırg’an sayıl o’ter.
İz qaldırıp shayır o’ter,
So’z marjanın tere - tere.

*1970-jıl.*

## ANA TİLİME

Jıraw seni ba’ygi atınday baplag’an,
Sheshenler dawda shın’lap seni taplag’an.
Alpamıslar uran etip urısta,
Berdaq seni qural etip saplag’an.

Baytereksen’ o’sken go’ne tamırdan,
Dilwarlıg’ın’ qıl suwırg’an qamırdan.
Qaraqalpaqtın’ kewil qusı sayrasa,
So’z qıysını g’a’ziynen’nen tabılg’an.

Gu’lparshınlar bawırı ottay qamınıp
Qızlar sın’sıp mun’ın aytqan shag’ınıp,
Sen arqalı xandı jumsap qatınlar,
A’jiniyaz sayrag’an elin sag’ınıp.

Naqılların’, shag’ıp ko’rsem, man’ızdan.
Juwabıysan’ zeyin suwın ag’ızg’an.
Atam sag’an azamatlıq jan berip,
Anam sag’an miyrim su’tin tamızg’an.

Irasgo’ysen’ durısın aytqan an’qıldap,
Sahrayısan’ qattı dawıs shan’qıldaq.
Jalg’an so’ylep jag’ınıwdı bilmeysen’,
Sıbırlasan’ g’azlar u’rker g’an’qıldap.

Men ten’eymen seni jegen nanıma,
Uwız benen ruwhın’ sin’gen qanıma.
Es bilgeli til jatırqap ko’rmedim,
Biraq sen dım jaqınsan’-aw janıma!

Sazg’a qossam, hawalag’an alasar.
İlme sultan sulıwlıg’ın’ jarasar.
Qanday jaqsı ag’ayinnin’ ko’pligi!
«Jaqınbız» dep sag’an ko’p til talasar.

Ana tilim, sen - basqadan ayırmam,
Sen turg’anda men de a’dewir shayırman.

Sonsha qatal su’rginlerde jog’almay,
Bul ku’nlerge jetkenin’e qayılman.

*20-sentyabr, 1970-j.*

## KESHKİ İN’İRDE URIQLIQTAN...

Keshki in’irde urıqlıqtan
Bir top torg’ay ushtı ketti...
Senin’ qız bolg’an shag’ların’
Yadlarıma tu’sti ketti...

Qayda barsan’, ju’rdim birdey
Qoshantayday erip sag’an.
Erkelettin’ o’z inin’dey,
Awzın’dag’ını berip mag’an.

Umıtpayman sol shag’ın’dı:
Kiyimin’di durısladın’.
A’diraspan monshag’ın’dı
Sin’lin’ taqsa urıspadın’.

Jen’gen’e qoldasıp ku’nde,
Sen digirman tartar edin’.
Aqboz atlı a’lle kimdi
Qosıq etip aytar edin’.

Aytta, toyda, a’tko’nshekte
Jigitler su’ykense sag’an,
Ashıwlanbay, ku’lip tek te,
Qarap qoyar edin’ mag’an.

Bir ku’ni sen qawın qosta
Boldın’ da shashın’dı tarap,
Qara ko’zin’ tolıp jasqa,
U’ybetin’e turdın’ qarap.

Dedin’ mag’an ku’lip mun’lı:
«Ko’zime sho’p tu’sti menin’ ...
Bala janım sezip turdı
Hesh qanday sho’p tu’spegenin.

Basıp jumsaq ko’kiregin’e,
Su’ydin’, maqtap boylarımdı.
«Jaksı jigit bol» dep ja’ne
Sıypay berdin’ aydarımdı.

Jiydelik artınan tag’ı
At kisnedi, sen asıqtın’,
«Meni umıtpa» dedin’ dag’ı,
Qaltama bir alma tıqtın’.

Umıt qaldı sınıq aynan',
Men «ketpe» dep jılap turdım.
«Kerek emes bergen alman'»
Dep izin'nen ılaqtırdım.

At kisnegen urıqlıqta,
Bir top torg'ay ushıp ketti...
Qashıp ketken sol aqshamın'
Bu'gin yadg'a tu'sip ketti.

## SALLANA - DOLANA BARAR BİR JA'NAN ...

Ken' dalada kewli da'ryaday tasıp,
Bir jigit baratır tan' sa'ha'r shag'ı.
Shekpeni jelbigey, ko'kiregi ashıq,
Janbasqa shırpıldar qosbaw shashag'ı.

O'zin Berdaq sezer, o'zin xan sezer,
Sozsa ha'zir qolı jetkendey ayg'a.
Kewli ken' dalanı sharq urıp gezer,
Isqırar sayrag'an poshsha torg'ayg'a.

Qurashın jelkege su'rip bir wakta,
Na'zerlep ol qarsı aldına qaradı.
An'lay-an'lay serlep ko'rse, uzaqta
Sallana-dolana bir qız baradı.

Jigit ko'rdi anıq anaday jerden:
Qumırısqa suwretli na'zik bel eken.
Qınama ba'shpenti tamamı zerden,
Qız eken a'ndamlı «kelsen'-kel» degen.

Qızıl ko'ylek lawlap barar buralıp,
Kim ko'rgen bunın'day sulıwdı burın!
Nazlı ayaqlardan «ju'r» dep soranıp,
O'ksheni qamshılap barar qos burım.

Jem ko'rgen qırg'ıyday jigit jutınıp,
Ash na'zerin tikti sug'ı o'tkenshe.
Ju'regi sha'wkildep, ko'zleri tınıp,
Asıqtı sol qızdı quwıp jetkenshe.

Mine, jaqın keldi, esitti ha'tte
Sırtıldısın jez mıyıqlı gewishtin'.
Jigit qurıjlanıp mindi de pa'tke,
Ja'ne asıp tu'sti bir qırdın' u'stin.

Jigit sa'l irkilip sheshti shekpenin,
Sol zamatta ko'zden qız boldı g'ayıp.
«Qız ba ya peri me quwg'anım menin'?
Ya a'jep! dep jigit turdı an'qayıp.

Jollar qaldı shette, shekpen de qaldı,
Qurash qaldı bir to’benin’ basında.
Etigin taslap, jen’ilteklenip aldı,
Essiz qosbaw qaldı shat arasında.

Qız barar sılan’lap qızıl tu’lkidey,
Jigit tazı bolıp tu’sti keynine.
A’dira qaldı barlıq shadlı ku’lkiler,
Topaslanıp pitti aqıl-zeyni de.

Jigit jıynap boyg’a aqırg’ı ku’shin,
Juwırdı kes-keslep qızdın’ aldınan.
«Ah, qanın’day sulıw, ne degen pishin»
Dep ol tuw sırtınan suqlandı og’an.

«Toqta, ha’y, qoshshım!» dep haplıg’ıp barıp,
Tuttı bileginen sahıbjamaldı.
Ham bayg’us jigittin’ ju’zi quwarıp,
La’bin tislep, u’nsiz sileydi qaldı:

Tan’ azannan keshke deyin quwg’anı
Qotır ha’m shılpıq ko’z bir hayal eken.
Jigit kewlin kernep da’rt-pushaymanı,
«Yalg’anshı du’nya-ay» dep, jılag’an eken …

## ANA

Sel burshaqtan qorg’ap o’z palapanın,
Kekilik qus o’lipti shıqpay uyadan...
Men senin’ shadlıg’ın’, demin’, da’wranın’,
İske asqan a’rmanın’man, anajan.

Jaralg’ansan’ meni jaratıw ushın,
Du’nyag’a tirishilik taratıw ushın.
Men dep uyqı ko’rmey tan’ atıw ushın
Du’nyag’a kelgensen’ o’zin’, anajan.

Aq su’tin’di qarıstırıp qanın’a,
Ha’wletip ko’terdin’ alaqanın’a
Aqsham aq besikti qoyıp janın’a,
Tu’n uyqın’dı to’rt bo’lgensen’ anajan.

Baz birewler «a’lpeshlermen, anam» der,
«Jaya desen’ jal bereyin sag’an» der,
Bul ma’zi biykar ga’p an’lasan’ eger,
Qarızın’dı o’tep bolmas, anajan.

Men ketsem o’mirdin’ quwıp qızıg’ın,
Sen jatarsan’ joytılg’anday ju’zigin’.
Kirpigin’ ushında oynap uzaq tu’n,
Uyqın’dı urlawshı mendur, anajan.

Du’zde ju’rsem oylap qatın, balamdı,
Bazarlıqtan umıtarman anamdı.
Basqalar keshirmes menin’ gu’namdı,
Tek sen keshirersen’ ba’rin, anajan.

Sen miywalı daraq, mendur jemisin’,
Boylarımdı ko’rsen’ piter kemisin’.
Ha’rbir alg’an g’aniybetli dem ushın,
Ma’n’gi minnetdarman sag’an, anajan.
*1962-jıl*

**NA’RESTE**

Na’reste, ol - adamnın’ en’ u’lkeni,
Kim bolsan’ da sen balasan’ keshegi.
Sheshen’ bul tursında tuwmag’an seni,
G’arrılar da bala bolg’an desedi.

Na’reste o’mirdin’ ju’regi, demi,
Ele bult ko’rmegen ol bir altın tan’.
Na’reste - adamnın’ tun’g’ısh qa’demi,
Son’g’ı qa’demin’ de aparar og’an.

Ullı keleshek ushın iske, gu’reske
Tili shıqpasa da ol u’yretedi.
Ol iye pa’klikke, qu’diretli ku’shke,
Quralsız du’nyag’a hu’kim etedi.

Talpıng’an jas na’restege qarasam,
O’mirge men qızday ashıq bolaman.
Usı adamlardın’ ba’ri ıras-aq
«Bala bolg’an ba?» dep sawal qoyaman.

Joq, joq, ba’ri emes! Tek te jaqsılar, -
Haq kewil adamlar bala bolg’andı.
Al ishkirne jawızlar she? Jaq, olar
«Bala boldıq» degen so’zi jalg’andı.

Eger olar jurttay bala bolg’anda,
Ju’rmey me Songmide[8] balalar o’lmey.
Mın’-mın’ bala botinkaları sonda
Osventsimde jatbas edi-aw kiyilmey …

*8-fevral, 1970-jıl.*

**NERVALAR**

Wa, nervalar, bayg’us nervalar,
Ju’reklerdin’ ayawsız tarı!
Ra’ha’tlenip sizdi urg’ılar

[8] Songmi - amerikalı imperialistler qıyratqan Vetnamlı awıl. İ. Yu.

Adamlardın’ jez tırnaqları,
Bar ta’shiwishin biymaza adamnın’
U’stin’izge alg’ansız sizler.
Awır blokların zamannın’
Kran bolıp ko’teresizler,
Umtılıwlar, ba’lentke ushıwlar.
Qatal gu’res qarsılıqları,
İzleniwler, aytıs, ashıwlar
Sizge salmaq taslaydı ba’ri.
Ba’ri-ba’ri polat serpinli
Prujinaday shıyratar seni.
Qısqa o’mirge ja’birdur bular,
Wa, nervalar, japakesh nervalar!

Ashshı tiller, alarg’an ko’zler,
Kezergen erin, sazarg’an ju’zler.
İshten shalıw, sırttan sayıwlar,
Gedeyleniw yaki bayıwlar,
Kisilik jarıstırıw, ku’nlewler -
Ba’ri qurt bop almanı gewler.
Ba’ri sizge dawager bular,
Wa, nervalar, dawkes nervalar!
En’ bir sezgir lokatsiyadan
Qıbır etken sesti uslaysız.
Ba’lent shastotada siz mudam
Sezimtallıq penen isleysiz.
A’lle qayda sınalg’an atom,
A’lle qayda tu’sken bombalar;
Balası o’lgen vetnamlı qatın,
Keskilesiw alıs Kongoda ...
Pentagonlar, bonnlar du’nyası
Ba’ri-ba’ri miydi burg’ılar.
Bul zamannın’ Eol arfası.
Wa, nervalar, shıqqısh nervalar!
Du’nya degen ken’ u’ydi talap,
Tarıltıwshı tar peyiller bar.
U’yin’izden bezbeymiz biraq,
Mawasasız sawashlar barar.
Mawjırag’an ta’biyat qoynında
Sizge ha’z joq ha’zirgi gezde.
Ju’rek sog’ar o’mir ıshqında,
Ullı maqset ju’klengen bizge.

Ma’rt ju’rekler - o’mir motorları,
İnfarktqa «jog’al» der bular.
A’sirimizdin’ ayawsız tarı,
Harman’ızlar, polat nervalar!

*İyul, 1968-jıl.*

## WA’SİYAT

Bahramg’a

Juldızdı julıp ber desen’,
O’rmeleyin tawlarg’a,
Marjan terip ber desen’,
Su’n’giyin teren’ suwlarg’a.
Qartayg’an tu’ye gezimde
Ko’shegime ereyin.
Oyınshıq desen’, o’zimdi
Oyınshıq qılıp bereyin.
Shalbar kiysen’ tar balaq,
Tartıp sheshindireyin,
Qosıq desen’, arbalap
Qosıq jazıp bereyin.
At kerek degen jerin’de,
Min’gizeyin arqama.
Qın’ırlıq qılsan’, ba’rin de
Ko’tereyin ba’rhama.
Tek g’ana jalg’ız tilegim:
Bol adamnın’ adamı.
Adamshılıq ju’regin’
Taza bolsın mudamı.
«Azamat eken bir» desin.
«Adamnan iyt tuwg’anın
Ko’rdik» desip ju’rmesin.

## POSHSHA TORG’AYDIN’ O’LİMİ

*(Elegiya)*

Jol boyında bir tu’p juwsan tu’binde,
Jatır, a’ne, jayıp jansız qanatın.
Jan’a g’ana ken’ dalanın’ ko’ginde
Sayrap turg’an edi-aw la’zzetke batıp.

Shan’g’a shomılıp, awnap alıp asıqpay,
Biraz waq jer tın’lap jatar edi ol.
Bir waqları ılaqtırg’an asıqtay,
A’l hawag’a o’zin atar edi ol.

Ko’z astında qubılar qır do’gerek,
Ken’ dalanın’ ko’rkine ko’z qamasıp.
Din’ aspang’a o’z ju’regin shegelep,
Shır-pır bolıp baslar edi namasın.

Tuwg’an jerge ha’m o’mirge biyikten
Ha’r waq ıshqı eter edi jan’adan.
Ha’tte u’rkekligin umıtıp kiyik te,
Sıyqırlanıp turg’anday bul namadan.

Sın'qıldısın qoyıp mo'ldir bulaq ta,
Selew sho'pler jasıl shashın jayg'anday.
Pu'tkil a'lem aylanıp bir qulaqqa,
Tekte torg'ay dawısın tın'lap turg'anday.

Yoshlang'anda o'zin usılay umıtıp,
Esi ketip ko'kte sayray berdi ol.
Bir waqta sel burshaq oqlarg'a tutıp,
Ba'lentten quldırap tu'sip o'ldi ol.

Qızg'aldaq qan jılap, juwsanlar an'qıp,
Qosıqshı azası gu'rsintti sho'ldi.
O'ldi ol. Biraq ta qosıqtın' dan'qın
Qol jetpes biyikke shıg'arıp o'ldi.

*1968-jıl.*

## NAWAYIG'A

(Shayırdın' 500 jıllıq merekesinde oqılg'an qosıq)

Sen a'rmansan' sho'lge pitken baq bolıp,
Sayalı, miywalı bir daraq bolıp.
Zamanlar dawılı shayqag'an sayın,
Jamalın' qulpırg'an zerbaraq bolıp.
Jeti ıqlım gu'zarında bir gu'mbez,
Da'wirler apatınan jıraq bolıp, -
Ol turar. O'ter o'zimshil patshalar,
Du'nyag'a jaqsı-jaman qonaq bolıp.
Turdın' jaqtırtıp go'zzallıq a'lemin,
Qaran'g'ıda jang'an shamshıraq bolıp,
A'wladlar kewli ashıqdur diydarın'a,
Janı jolın'ızg'a japıraq bolıp.
Sahra gu'llerin shashayın u'stin'e,
Nawayını su'ygen qaraqapaq bolıp.
İbrayım der, ullı ruwhın' aldında,
Bas iyeyin sha'kirtin' Berdaq bolıp.

*19-sentyabr. 1968-jıl, Tashkent.*

## JİGİTTİN' SONIN'DAY BİR DOSTI BOLSIN...

O'zi bolg'an, ha'y o'zma'mbet jigitler!
Su'rin'ler da'wrandı, ortan'ız tolsın.
Ha'zir qulaq su'ymes pa'ndi-u'gitler.
Sonda da aytayın: dosların' bolsın.

Doslıq gu'lsha'nine megzes bul zaman,
Kewil kewillerden suw isher mudam.
O'zin' du'ziw bolsan', ko'pdur dos-yaran,
Dosların' ishinde bir dostın' bolsın.

Sag’an ha’mdam bolsın o’zi  jasınan,
Studentlik waqtın’ zag’arasınan.
«Janımdı bereyin» demesin sag’an.
Berse aytbay berer bir dostın’ bolsın.

Sınshıl du’nya qosıp talay baslardı,
Esap-shot qaqqızıp sınar doslardı,
Aytqızar ha’r tu’rli jan’ıltpashlardı,
Sonda jan’ılmastay bir dostın’ bolsın.

Suw boyında bir qos hawalı terek,
Tamırı qosılg’an, shaqası bo’lek,
Atların suwg’arsın ju’rekten ju’rek,
Eki torala g’az talpınar bolsın.

Du’nya jolda jatqan tu’lkige usar,
Ku’nshillik jibine bildirmey tusar.
Bir qız bolıp ekkin’izge ko’z qısar,
Sondayda zeyini qıl qawıp tursın.

Xojalıq mashqala tu’skende basqa,
Ha’rkim shırmatılıp bir qolan’ shashqa,
«Dospız» degen ma’rtler keter tum-tusqa,
Sondayda sır bermes bir dostın’ bolsın.

Aqıl-parasatlı, g’oshshaq azamat,
Bolsın o’zin’nen de bir qa’dem zıyat.
Ol ha’m sennen alsın yosh penen quwat,
Asqar taw aybatın’ - bir dostın’ bolsın.

Sen dep qalsın jurt ko’rgende to’besin,
Tartsın saldawlasıp aqıl kemesin,
Sen ne aytsan’ ba’rin «maqul» demesin,
Adassan’ abaylap aldın’dı sholsın.

Qaynap ketsen’, tartıp qoysın otın’dı,
Sharshap qalsan’ meshewlesin atın’dı,
Aqıl oyı asqatıqtay toyımlı,
Jigittin’ jo’n biler bir dostı bolsın.

Ju’k artılıp, ka’rwan ju’rip ketkende,
Ornın’a jas a’wlad kelip jetkende,
«Sonday doslar bolıptı - dep - o’tkende»
İyni kelgen jerde aytısıp ju’rsin.

*Fevral, 1969 j. No’kis.*

## BALA EMİZİP OTIRG’AN HAYALG’A

… Al sen bolsan’ appaq ma’mmen’di
Aq bo’pen’nin’ awzına saldın’-da,
Bir romang’a u’n’ilip endi,

Otırıpsan’ menin’ aldımda.

Moyıl qara kos burım shashın’
Aq ıyıqtan to’men qulag’an.
U’nsiz ıshqı simfoniyasın
Sol burımlar shertkendey mag’an.

Aq ko’ksin’di aymalar a’ste.
Perzentin’nin’ bılqıldak qolı,
Ko’zin jumıp emer na’reste,
Su’tin’ iyer bir bulaq bolıp.

Dilbarım dep qushayın desem,
Aybınaman analıg’ın’nan.
Perishte bop ushayın desen’,
Jerde jetim qalarday adam.

Aq bulıttı altın taq etip,
Bala emizip otırg’an ko’kte
Biybi Ma’ryam sen bolıp ketip,
Aldında bas iyemen tekte.

Barlıq erkek atawlı sonda
«Kesh gu’namdı, bolsa-dep-qanday»,
Sulıwlırın’ pa’kligin’ aldında
Ayag’ın’a jıg’ılıp atqanday.

Basın qoyıp appaq siynege,
Perzent emer. O, qanday ko’rkem!
Rafaelge, da Vinshige de
Usı ko’rinis dan’q alıp bergen.
İyul 1986-jıl, Moskva.

## QIZIN’ GO’ZZAL BOLSIN, SHAYIRA BOLSIN

(O’zbekstan xalıq shayırı Zulfiya İsrailovag’a)

Appaq taq ha’mileli bolg’anda ku’nge,
En’ jaqtı juldızlar ıg’bal ba’ha’rinde,
Sıbırlasıp aytqan bılay dep tu’nde:
Bu’gin sa’ha’r shag’ı shadlıqqa tolsın,
Ay jarlıqap, temirshinin’ u’yinde
Qız tuwılıp, atı Zulfiya bolsın...

Azat, xosh qılıqlı qız bolsın o’zi,
Pa’renje ko’rmesin ay kibi ju’zi,
Tu’ssin ko’p jollarg’a mu’ba’rek izi,
Tan’ juldızı yan’lı a’lemdi sholsın.
Mın’ tu’mennen qaytsın ha’r awız so’zi,
Azat qızdın’ atı Zulfiya bolsın.

Aytqan: ko’zlerinde juldız bolsın dep,

Kewlin’de go’zzallıq gu’llep tursın dep,
Gu’ressin, qıylansın, ba’rin jen’sin dep,
O’zbek qızı bu’lbil bir go’ya bolsın
Jeti ıqlım og’an qulaq tu’rsin dep,
İsmi kim degende - Zulfiya bolsın.

Bir qa’lem tartqanda - gul g’umshalasın,
Jup qa’lem, - jılg’ada suwlar hag’lasın.
U’sh qa’lemde bu’lbil shegip nalasın,
Ishqı pa’ryadın’da pa’rwana bolsın.
Qosıqlar oyatıp ba’ha’r quyashın,
Ha’mmenin’ tilinde Zulfiya bolsın.

Aytqan: qız ıg’balı bolsın ziyada,
Onı bilsin Parij ha’m Qahirada,
Hind elinde tu’ssin mushairag’a,
Ha’r basqan ka’demi gu’l - giya bolsın,
Hawazası tu’ssin pu’tkil du’nyag’a,
Qayda barsa, bizin’ Zulfiya bolsın.

Jaqsı adamnın’ ismi - kewildin’ naqshı,
Niyetlep at qoysan’ ha’mmesi jaqsı.
Aytın’, kim qızının’ atın qoymaqshı?
Baxıt aqshamında bir ziya bolsın,
Bolsan’ perzentin’nin’ dan’qın jaymaqshı,
Sorayman, qız atı Zulfiya bolsın.

Ul bolsa o’zin’ bil at qoyıw jayın:
Meyli G’afur, Ha’mid, meyli İbrayım.
Biraq sizge bir na’siyat qılayın:
Kızın’ız o’nerpaz, shayıra bolsın,
Go’zzallıq tımsalı bolsın ilayım,
Atı ha’m, o’zi ha’m Zulfiya bolsın.

1958-jıl.

*     *     *

Skulptor bolganda men,
Qara tawg’a shıg’ar edim,
Ayaz qalanın’ ma’rmerinen
Su’wretin’di sog’ar edim.

Ko’p a’wladtı, ko’p zamandı
Diydarın’a sag’ındırıp.
Qoyar edim sur jılandı
Ayag’ın’a tabındırıp.

## KEWİL KEWİLDEN SUW İSHER

Kiyikler suw isher saydan,
G’az-u’yrek ko’lden suw isher.
Al, adamnın’ kewli qaydan?

Kewil kewilden suw isher.

Ko’rdim aq quw oyınların,
U’ykelesip moyınların ...
Sag’ıng’anday ashıq yarı,
Kewil kewilden suw isher.

Atlar gu’ldir-gu’ldir kisnep,
Sharq urar u’yirin izlep.
Qoy man’ırap, bota bozlap,
Kewil kewilden suw isher.

Da’ryalar ten’izge ashıq,
Asıg’ar ma’wjirip tasıp,
Jollar jollarg’a ulasıp,
Kewil kewilden suw isher.

Doslıq, izzet - ullı da’wlet,
Jan azıg’ı - jaqsı sa’wbet,
Sho’lge - ba’ha’r, gu’lge na’wbet,
Kewil kewilden suw isher.
Aspang’a, ser salıp baqsan’,
Juldızlar so’yleser aqsham.
O’zin’ bulaq bolıp aqsan’,
Kewil kewilden suw isher.

Ju’rek sha’wkildep tursın da’!
Du’nyanın’ qaysı burshında.
Jasap tursaq ta, durısında-
Kewil kewilden suw isher,

Alıstag’ı asqar tawlar,
Biri-birin ko’rmek bolar.
Sol ushın da biyik olar,
Kewil kewilden suw isher.

Serle, ha’y insan balası,
Jamandur kewil alası,
Adam adamnın’ quyashı,
Kewil kewilden suw isher.

*1968-jıl.*

## QAZAQDA’RYA

Ha’r tu’p terek, ha’r u’y bunda
Suwg’a baqqan, Qazaqda’rya,
Qaraqalpaqtın’ tariyxında
Atqa shıqqan Qazaqda’rya.

Torala g’az tobın izlep.
Ko’llerdi sharq urıp  gezbek.

Suw boyında ma’kan du’zbek
Miyras bolg’an Qazaqda’rya.

Arqalanıp ko’p a’rmanda,
Ata-baba ash bolg’anda,
Jawrap o’zegi talg’anda,
Jalg’aw bolg’an Qazaqda’rya.

Qarnı qalqıp, jılım maylap,
Irıs qazanı bolıp qaynap,
El shaqırıp balıq oynap,
Bazar etken Qazaqda’rya.

Sag’a alıp Aqda’ryadan,
Harlap talay go’ne arnadan,
Atın’dı esitken adam
Sag’an ko’shken, Qazaqda’rya.

Beljekeni, Mayshı tumsıq,
Aq kalası, Aq tam qumshıq,
G’az g’an’qıldap, aq quw sın’sıp,
Ko’p shalqıg’an Qazaqda’rya.

Belgisindey namıs-ardın’
Ornı tur qanlı qamaldın’.
Batır babam Ernazardın’
Qanı tamg’an Kazaqda’rya.

Xalıqtın’ arın arlap o’tken,
Ko’z ko’rgenin jırlap o’tken,
Aq qalada Berdaq o’tken,
Teberik jer Kazaqda’rya.

Ku’nlik etip bolıp sayıl,
Erjan ataw, Uzın qayır,
Pishen orıp Omar shayır,
Talap etken Qazaqda’rya.

Ko’shen’ - da’rya, suw arnası,
G’az qatar u’y aynalası,
Araldın’  Venetsiyası,
Qızıqlı el Qazaqda’rya.

Ko’l jag’alap salg’an awın,
Nar qamısın shayqap dawıl,
Gu’rlep atqan gu’ren’ awıl,
Ataqlı el Qazaqda’rya.

Bazda qaytıp, bazda tassa;
Suw tartılıp, ten’iz qashsa,
Jan’a arnadan sag’a ashsa,
Shalqır ja’ne Qazaqda’rya.

**TOQAYG'A**

Ba'ha'r keldi. Keldi demek poeziyanın' na'wbeti,
Shıq dostım qa'birin'nen, qızsın, shayırlıq sa'wbeti.

Quyash qızsın ıshqı etip tatardın' Toqayına,
Keteyik Qazan artı ya Qırlay tog'ayına!

Bilgenmen ol jerdi men de onda tuwılmasam da,
Jez tırnaqlar tu'sime enip ju'rgen anda-sanda.

Onda ele ertek so'ylep qayın'lar gu'wildeser,
Japıraq o'zgeshe sıldırlap, samal o'zgeshe eser.

Onda ele ku'shli jan'lap xosh hawazın' tur senin',
Az shertilgen, erte u'zilgen mun'lı sazın' tur senin'.

Go'zzal tatar muzasının' ma'kanına bul waqta
Sazın' ıshqın'da jan'adan a'wladlar ag'ılmaqta.

Ju'yrik qa'lem iyeleri tawap etip so'zin'di,
Ko'zine su'rme eter basqan balalıq izin'di.

Ja'ne de onda qu'diretli liran'a bolıp ha'wes,
«Shertsem» dep, tırmasıp atqan virsheplet[9] ha'm az emes.

Al sen she? Ko'p rahmet Toqay bolg'anın' ushın,
Kara nan jep, shayırlıqtı aqlay alg'anın' ushın.

Tuwg'an el, ana tilin'nin' a'rmanların jırladın',
Bes qosıq jaza salıp, ko'kiregin'e on urmadın'.

Tu'rkiy ziban shiyariyatın[10] jan'artıp alg'a aydadın',
Qosıqtın' qos materigin tutastırıp jalg'adın'.

Bayron, Lermontov Shıg'ısqa tanılıp lapız benen,
Pushkindi so'ylestirdin' Saadiy, Hafız benen.

Qazan u'stinde quyash nur shashıp tur, tu'rgelin',
Men ha'm a'keldim sag'an alıs dalanın' bir gu'lin.

Sanduwg'ashlar sayrag'an bul ba'ha'r shag'larında,
Ju'r qa'ne, sayran eteyik ol Qırlay jaqlarında.

Baysheshekler balawızg'a toltırıp pal keltirsin,
Jaman shayırlardı shu'ra'le[11] qıtıqlap o'ltirsin.

Na'let aytıp sen jasag'an zamannın' ja'birine,

---

[9] Vtrsheplet – eplemey shayır.
[10] SHiyariyat - ko'rkem a'debiyat, shayırlıq o'ner ma'nisinde.
[11] SHu'ra'le – jeztırnaq. Toqaydın' poemasındag'ı obraz.

Eger sen tiriler bolsan', men jatayın qa'birin'e.

*Aprel, 1968-jıl.*

## ABBAZ BENEN XOSHLASIW

Du'nyadan bir ketken adam
Qayta aylanıp kelmes bolar.
Jaqsı bolıp o'tken adam,
Tirilerge ten'les bolar.

Aytqan so'zin' irilikte
Naqıl bolıp ju'rilipti.
Adamdı adam tirilikte
Onsha jaqsı bilmes bolar.

Erk quyashı nurın shashtı,
Quwsırılg'an jag'ın'dı ashtı,
Kitabına halıq talastı,
Ma'n'gilikke mo'rles bolar.

So'zin' su'ysinter eldi ko'p,
Kettin' ornın'dı belgilep.
Kim ayttı sizdi o'ldi dep?
Jaqsı shayır o'lmes bolar.

*1970-jıl. Yanvar*

## BU'LBİL TOYINA

*(SSSR xalıq, artistkası A. Shamuratovag'a)*

Sa'ha'r turıp shıqsam A'miw boyına,
Gu'ller g'umshalanıp ku'ldi, Ayımxan.
O'ner saxnasının' shadlı toyında,
Hawazın' su'ysintti eldi Ayımxan.

Qayg'ıdan qamıqqan jawdır ko'z edin',
Qon'ıratlı qarapayım qız edin'.
A'rman aspanında bir juldız edin',
Tan' shug'ları menen tuwdın' Ayımxan.

O'ner giltin shalıp ilgir zeynin'e,
G'aybarlanıp, hesh aylanbay keynin'e,
Oraypekti qag'ıp taslap iynin'e,
Silkinip saxnag'a shıqtın' Ayımxan.

Ko'p ku'stanı qılıp, seni ko're almay,
«Artist» dep biypa'mler ku'lisken talay.
Qaldı sol o'sekler gu'wlep samalday,
Ma'rtebe tawına mindin' Ayımxan.

Sazendeler sazlap qasın’da sazın,
Du’nyag’a taraldı azat hawazın’,
Quslar talwas etse ilmegi lazım,
O’nerdin’ o’rmegin ildin’ Ayımxan.

Sen sayrag’an waqta shadlı namanı,
Gu’ldey jaynap jan’a turmıs jamalı,
Esip kewillerde sa’wir samalı,
Qıs toqsanlar jazg’a do’ndi, Ayımxan.

Sestin’ jan’lag’anda ha’wijge minip,
Taslarg’a til piter g’o’yag’a kelip,
Ken’ saraylı zallar siltidey tınıp,
Ju’rekler sha’wkildep sog’ar, Ayımxan.

Sensiz qızbas toy-tamasha seyiller,
Jolın’a payandoz ra’n’ba’ren’ gu’ller,
Aldın’da albırap g’oshshaq bu’lbiller,
Kelip shan’araqqa qonar, Ayımxan.

Bir aytsan’, «ja’ne» dep jurt etip talap,
«Hay, saw bol jen’gelep» yaki «apalap»,
U’rikken kepterdeyin du’rlep shapalaq,
Saxnadan jibermes seni, Ayımxan.

Ko’rgen waqta tuwg’an ayday ju’zin’di,
Xalqım tın’lag’anda xosh hawazın’dı,
Teatrlar tarta almay nazın’dı,
Saxnalar sıqırlap turar, Ayımxan.

Dawısın’ jaylap o’zbek, tu’rkmen jurtların,
Qıymıldattın’ ko’p jigittin’ murtların.
Qaraqalpaqtın’ ko’kirektegi qurtların
Nawqanday o’rgizer sestin’, Ayımxan,

Shıqsan’ jawlıg’ın’dı sen qıya salıp.
Jurttın’ shapalaqtan qolları talıp.
Qayta bastan go’ne da’rti qozg’alıp,
G’arrılar jaslıg’ın esler. Ayımxan.

Xalıq bahalap xızmetin’di u’lgili,
O’n’irine taqtı hu’rmet belgini.
A’miw boylarının’ sha’yda bu’lbili,
Toy mu’ba’rek bolsın, jen’ge Ayımxan!

*1988-j. Dekabr.*

## TINBAY JAMG'IR JAWAR PYARNU JOLINDA

*X. Turımbetovqa*

Tınbay jamg'ır jawar Pyarnu jolında,
Tog'ay ko'k plashın qımtar gu'rsinip.
Tu'nerer arqanın' kewilsiz ku'ni.
Tınbay jamg'ır jawar Pyarnu jolında.

Qa'nekey, Mamıydın' ken' maydanında
Ha'zir bir at shapsan', tozg'ıtıp shan'dı.
A'tten', telegramma titirer qolımda
Aq kepterdin' sıng'an qanatı yan'lı.

Ta'wbe! Kim oylag'an aldınan jorıp,
Seni bunsha erte o'ledi g'oy dep.
Men de an'lamappan: bu'gin sen o'lip,
Alısta ko'zge jas keledi g'oy dep.

Biytanıs jol. Barar mashina zuwlap,
Ko'z jumıp otırman. Tek sen oyımda.
Kewlim su'wretin'di sızar sulıwlap,
Ku'n sirkirep jawar Pyarnu jolında...

Ta'biyat o'nerge bay, qolınan keledi,
Adamnın', shayırdın' tu'rleri az ba!
Minezin' bir qıyın qoljazba edi,
Jurt qıynalar edi oqıwg'a bazda.

«Ol endi joq» degen bir ug'ım jang'a
At jawırına batqan erdey batadı.
Tolqınsaqlar minip-tu'sip atqanda,
Jag'ada mın'q etpey jar tas jatadı.
Sen sonday nar edin'. Edin' biyhazar,
Ten' edin' u'lkennen-balag'a shekem.
Al endi ashshı til, biypul awızlar,
Sensiz kimdi mu'njip ha'z tabar eken!

O'zimizdi sanaymız ilgir zeyinge,
Kim bastı ko'terse sonı bassınıp.
Uyqasqa kire almay ju'rgen feyiller[12]
Endi keter deymen sensiz asqınıp.

Qosıg'ın'a bir jıllı so'z aytsa jaylı,
O'zin'di so'kse de sen qayıl edin'.
O'ytkeni, shınında sen shayır edin',
Soqpag'ın' bar edi o'zin'e paylı.

Endi qosıq oqır waqıt qızg'anbay,
Reglament su'ymewshi bazıbir sheberler.

---

[12] «Uyqasqa kire admay ju'rgen feyiller» - Xojamurat qosıqta feyil so'zlerdi uyqasqa onsha jolatpaytug'ın edi. İ. Yu.

Senin’ er gewden’di ko’tere almay,
Endi sıqırlamas ag’ash minberler.

Jurtqa ne jetpeydi? Du’nyada zal ken’,
Ha’r kim otırar bilet alg’an ornında.
Biraq ornın’ bos tur. Joqsan’ endi sen...
Tınbay jamg’ır jawar Pyarnu jolında.

*Tallin, iyun 1968-j.*

**MAQTIMQULININ’ JOLINA**

A’l hasıl malına bazar taba almay,
Segbir tartqan ka’rwanbısan’, nesen’ sen?
Ko’kirekte sher bolıp sırtqa shıg’a almay,
Jılap ketken a’rmanbısan’, nesen’ sen?

Seller qutırmasa A’tirekte saydan,
«Qut qashtı» dep, gerkez qashar ol jaydan,
Shabılmag’an qılısh, ma’rtke zar maydan,
Su’rilmegen da’wranbısan’, nesen’ sen?

Yashmaq tislep, gu’lyaqalar tag’ınıp,
Aq ju’zin’e qara jawlıq jamılıp,
Ayralıqtan bawırı ottay qamınıp,
Zarlap ketken jananbısan’, nesen’ sen?

Zergersiz zermisen’, bag’mansız bostan,
Qa’lemsiz ko’kirekke pitilgen da’stan,
Sho’lde G’a’rib Shasa’nemge tabısqan
Go’zzal ko’shki - a’ywanbısan’, nesen’ sen?

Ustası du’nyag’a bir kelgen g’alı,
Satıp ala bilmes du’nyanın’ malı
Sa’ti tu’sip on’nan turmay samalı.
Atılmag’an qırmanbısan’, nesen’ sen?

Jeti ıqlım giltin zeyinge salıp,
Gu’l japırag’ın qazan ayazı qarıp,
Ja’hillik da’rtine da’rman aqtarıp,
Tapbay ketken danambısan’, nesen’ sen?

Shadlı da’wran kelip, gu’llep diyarın’
Zer - zergerin taptı, ka’rwan- bazarın,
Jan’a a’wladlarg’a tolıp gu’zarın’,
Sheshek atqan bostanbısan’, nesen’ sen?

İbrayım der: shın shayırlıq jolısan’,
Adam kewlinin’ sen solmas gu’lisen’,
Qosıqtın’ qudayı Maqtımqulısan’,
Xalqın’ menen qayta tuwg’an sheshensen’.

*1968-jıl.*

## XOSH KELDİN’ TU’RKMENİM, SAPA KELİPSEN’!

Sha’yda bu’lbil qonıp taza gu’llerge,
Ig’bal miywaların moldan teripsen’.
Kewlin’ ılg’al etip, bizin’ ellerge
Xosh keldin’ tu’rkmenim. sapa kelipsen’!

Sapar a’njamında sa’rwi rawanın’,
Go’rug’lıday gu’rlep su’rgen da’wranın’.
Qurbanın’ bolayın a’ziyz miymanım,
Xosh keldin’ qardashım, sapa kelipsen’.

Dos sa’lemi shiyrin ziban - tillerden,
Nar, mayalar shırpınısqan sho’llerden,
Qara qumlı, murg’ı-zarlı ko’llerden,
Xosh keldin’ tu’rkmenim, sapa kelipsen’.

A’tirek, Gu’rgen, Ba’hri Hazar jaqlardan.
Murg’ap ma’nzilinen, feruz bag’lardan,
Boz dumanlı Balxan, Ko’pet dag’lardan
Xosh keldin’ a’ziyzim, sapa kelipsen’.

Ju’girik ja’yranlardı artın’a salıp,
Rayxan gu’llerdin’ juparın alıp,
Tuwısqan diydarın an’sap quwanıp,
Xosh keldin’ tu’rkmenim, sapa kelipsen’.

Xanlar bizdi jawlastırıp ta ko’rdi,
Aldap, tu’rli jolg’a burıp ta ko’rdi,
Biraq buza almadı dos kewillerdi,
A’zelden qardashım, sapa kelipsen’.

Ata-baba bir jaylawda mal baqtı,
Muwsa, Su’yew bir duwtardan tar qaqtı.
Keste tiksek birge bu’ktik barmaqtı,
Namalas nag’ısım, sapa kelipsen’.

İbrayım der, arjaq ha’m berjaq bolıp,
Bir muqamg’a duwtar ha’m g’ıjjaq bolıp,
Sen Seyidiy bolsan’, men Berdaq bolıp,
Shadlı saz shalıwg’a sapa kelipsen’!

*1967-jıl.*

## QIRG’IZLARG’A

Eki sun’qar eki tawg’a qong’anda,
Bir-birine shan’qıldasıp tabısar.
Torala g’az aydın ko’lge qong’anda,

Qanat qag'ıp, g'an'qıldasıp tabısar.

Doslar bir-birine miyman bolg'anda,
Da'ryalar usaydı tasıp tolg'ang'a.
Ha'r kim tuwısqanlıq joldan barg'anda,
Bizdey ku'n astında ku'lip tabısar.

Eki da'rya bir ten'izge aqqanday,
Eki bala bir qursaqta jatqanday.
Ala tawdın' aspanında ku'n ku'lip,
Qara tawda Sholpan tuwıp atqanday.

Eki tawda bir ot bizdi ku'ydirgen,
Azatlıq dep at quyrıg'ın tu'ydirgen,
Ata-anamız ajırata almay balların,
Bir qalpaqtı eki boyap kiydirgen.

Eki Shın'g'ıs jawlap aldı elimdi,
Birewin men jek ko'remei o'lgenshe.
Ekinshisin, - ashıp ju'rek to'rimdi,
Sag'ınaman, asıg'aman ko'rgenshe.

Doslıq ku'shli, bir-birine berilse,
Diydarın'a qarayman da toymayman,
Ala tawdan aq qalpag'ın' ko'rinse,
Qara tawdan qara qalpaq bılg'ayman.

*1969-jıl.*

## EPİGRAMMALAR

### Qaraqalpaqqa

Atın' bar to'rt buwınnan,
aytarda tilge awır,
O'zin' kirttay-aq xalıqsan',
da'stu'rin' pilge awır...

### Bir da'bdebeli ilimpazg'a

Egerde men patsha bolsam,
jazalı qulg'a
Kitabın'dı oqıtar edim
satıp alg'ızıp pulg'a :

### Tayaqtag'ı jazıw

Jaman joldastan tayaq jaqsıdur.
1969-jıl.

## BİRİNSHİ MUG’ALLİMGE

T.To’legen ag’ag’a.

G’arrılıq miyzanının’ qırawı shalg’an
Shashın’ızg’a qarap oyg’a talaman.
U’sh tu’p aq so’kittin’ astında qalg’an
Kishkene aq jayg’a kirip baraman.

Jez qon’ıraw tan’g’ı uyqını qashırıp
Sıyıp otıraman eplep partag’a.
Shawqım su’ren ha’pzamatta basılıp
Siz payda bolasız ja’ne ortada.

Shaqırsan’ız altın balıq til qatıp,
«T» dan tay shapqılap, «G’» dan g’az ushtı.
Ha’rip zorlıq penen qag’azg’a jatıp,
Kewilge a’jayıp bir sa’wle tu’sti.

Ne aytsan’ız bizse sol boldı zakon,
Nurlı diydarın’ız kewil tog’ı edi.
Besti beske qossan’ payda boldı on,
Sizin’ bilmeytug’ının’ız joq edi!

Shıbıg’ın’ız ushında kartalar so’ylep,
Da’ryalar ten’izge ag’a basladı.
Maymıllar adamg’a aylanıp tu’rgep,
Pil mamont quwıp, ot jag’a basladı.

Al biz o’zin’ jaqqan ottın’ shalası,
Janamız, O’zin’iz adam ettin’iz.
Ata balası emes, Watan balası
Bolıw a’lipbesin siz u’yrettin’iz.

Bu’gin ko’rip sizin’ aq shashın’ızdı
«Biz de kelipbiz aw birazg’a» dedim.
Qansha u’lkeysem de, ko’rgende Sizdi,
Doskag’a shıqqanday albırar edim.

Birew dana bolar, birew jurt sorar,
Juldızg’a jol tartar, al birazları.
Siz ushın bayag’ı balalar olar,
Bas kiyimin alar aldın’da ba’ri.

Biz tayar! Keleshek bizdi shaqırdı,
U’yge tapsırmanı sorap alın’ siz.
Biz ushın siz ele jurttan aqıllı,
Ele A’platunnen beter alımsız.

*1969-j.*

# «YOSH» kitabınan

**1977**

## POSHSHA TORG'AYG'A

1

Sayra a'lhawada, poshsha torg'ayım,
Saz benen sa'wbetsiz da'wran bolar ma.
Shalqortama jatıp men bir tın'layın,
So'ytsem qulag'ımnın' qurshı qanar ma.
Dawısın'dı bala gezde qarshaday
Kewlime men jazıp alıp ketkenmen.
Sonnan berli sayrap tursan' sharshamay,
Bu'gin kontsertin'e kelip jetkenmen.
May topıraqqa awnap dur-dur silkinsen',
Sen ko'kke shıg'asan' qayta yoshlanıp.
Tuwg'an jer ıshqısı bul yosh, men bilsem,
Bul sezimge menin' kewlim de qanıq.

2

Urıq arasında, suw jag'asında
Talay ko'rdim men usqınsız uyan'dı.
Elestirmes edim qus dep jasımda,
Su'yip tınlasam da biypul naman'dı.
Bul sa'nsiz jag'alıq, orpan' topıraq,
Bildim, ekewmizdi, an'lasam, janım,
«Biri jerde, biri hawada shırlap,
Bizdi ta'riyp etsin» dep jaratqanın'.
Endi pa'mlep ju'rmen, to'bemde shırlap,
Nege seni bunsha sayraydı desem,
Jalg'ız kelte nalısh naman' menen-aq
Kewlime ko'p sezim quyg'an ekensen'.

3

Hasla o'kinbeymen, balalıq izim
Asfalt jol astında qalg'anlıg'ına.
Tozıp eski shan'laq jayımız bizin',
Ornı paxta atız bolg'anlıg'ına.
Ha'tte mına hag'lap turg'an Kegeyli
Bir ma'ha'l arnasın jan'adan alar.
Men ju'rgen soqpaqlar qalmasın meyli,
Qalmasın men ılaq baqqan dalalar.
Meyli olar qalsın yadımda menin'.
Yoshlı xalıq miyneti jasartsın jerdi.
Zaman shadlıg'ına bo'lensin elim,

Ullı o'zgerisler da'wranı keldi.
Qosıqlar o'zgersin mun'sız hesh qanday,
Go'ne ko'rinislerdi ko'z ko'rmey qalsın.
Tuwg'an jerge degen insan ıshqınday
Senin' dawısın' g'ana o'zgermey qalsın.

4

Sayra sen, u'rpek bas poshsha torg'ayım.
Ay-hay, tuwg'an jerdin' hawası qanday!
Bir shalqama jatıp seni tın'layın,
Qaytadan jasarıp bala bolg'anday.
Men qanshelli go'zzal eller ko'rmedim,
Jer ja'nneti bolg'an tawlardan o'ttim.
Qanınday bag'larda shag'lap ju'rmedim,
Qansha bu'lbillerdi tın'lap ha'z ettim.
Men ha'mmesin su'ydim, qızıqtı ko'zim,
So'ytip ju'rip sag'ındım bul shadlaqtı.
Ko'kiregimde sayrap shaqırdın' o'zin',
Sayrawın' ko'p a'ndiysheler an'lattı,
Sen ayttın': «kel, menin' balalıq dostım,
En' jaqsı namamdı sayrap bereyin».
Senin' sol qodiren' sahrayı sestin'
Tebirenter en' son'g'ı demime deyin.

5

Kegeylinin' boyı - darqan dalalıq,
Ne degen ken' saray - kontsert zalı bul.
Ha'mme biletin'di men satıp alıp,
Tın'layman, sayray ber sen bolıp qumbıl.
Men de, sen de erkin, o'risimiz ken',
Mınaw jer, anaw suw, ba'ha'r quyashı...
Bir topıraqta tuwıp o'sirgen eken
Adamnın' watanı, qustın' uyası.
Sayra, dostım, a'lhawada pırpırlap,
Saz benen sa'wbetsiz da'wran boldı ma.
Sen ko'kte, men jerde bunshelli shırlap,
Su'ymegende, onnan watan boldı ma!

*1-mart, 1976-jıl.*

## A'MİW JAG'ASINDA JAYNAP TURARSAN'

*(Taqıyatas gidrouzelinin' ashılıw saltanatında oqılg'an qosıq)*

Ullı qurılıs-abadanlıq tarnawı,
Irıs qazanınday qaynap turarsan'.
Biz do'retken da'wran bolıp nurlanıp,
A'miw jag'asında jaynap turarsan'.

Ayag'ın' tirelip aydın ko'llerge,
Atag'ın' jayılıp elden-ellerge,
Abihayat suwın berip sho'llerge,

Baxıt bulag'ınday hag'lap turarsan'.

Ma'rtler quyg'an seni do'rpenbes tastan,
Turarsan' ko'p da'wir o'tirip bastan.
Suw haqqında sen bir a'jayıp da'stan,
Da'wirimizdin' dan'qın jırlap turarsan'.

Serlesen' Xorezm shaxlardın' waqtın,
Suw qıt bolsa, taslap qashtılar taxtın.
Tariyxın tın'lasan' qaraqalpaqtın'
Suw boyında «suw» dep shırlap turarsan'.

Suw - bul ullı tariyx, tamırı arıda,
Suw bolg'an xalıqtın' ahıu - zarı da.
Ha'tteki Berdaqtın' qosıkları da
Ele suw soraydı, tın'lap qarasan'...

Minersen' Ja'yhundi jalınan qarmap,
Jigirma u'sh tog'ırtqadan sen harlap,
Qırqıwg'a aydalg'an qoyday toparlap,
Asaw tolqınlardı aydap turarsan'.

O'rin' Tu'yemoyın shalqarlı ha'wiz,
Tınım tabar degish degen jalmawız.
Qaraqalpaq ha'm Xorezm, Tashawız,
A'spek etpey kewlin shag'lap turarsan'.

Paxta ka'ni bolar sho'lge suw barıp,
Jantaqlı dalada bag'lar ırg'alıp.
Altın kirpik aq salılar sallanıp,
Gu'lte joqıshqa bolıp nurlap turarsan'.

O'rin' To'rtku'l, ıg'ın' Qon'ırat bolıp,
Sen suw bergen jerler shın abad bolıp,
Gu'labı, gu'rbegi, tornabat bolıp,
Shiren' til u'yirinip, torlap turarsan'.

Pa'sin'nen A'miwim ag'ar sarqurıp,
U'stin'nen poezdlar o'ter hayqırıp,
No'kisti abadan kentli jay qılıp,
Qutlı ka'rwanlardı jollap turarsan'.

Moskva ha'm Tashkent, Leningradı,
Bir jerde ha'mmenin' maqset-muradı,
U'sh mın' usta - qırq millettin' a'wladı,
Ba'rin - bir semyag'a jaylap turarsan'.

Taqıyatas - nur qalası qoyının',
Ma'kanısan' doslıq, miynet toyının',
Shamshırag'ı A'miuda'rya boyının'
Ullı islerge bel baylap turarsan'…

G'arqa'lleziy suwg'a arnalar tolıp,
Sahralarda bag'ı-bostan qulpırıp,
Zamang'a bir go'zzal eskertkish bolıp,
A'miw jag'asında jaynap turarsan'.
1973-jıl.

## RABOSHİY İNSAN

*(Shariko-podshipnik zavodında)*

Qolımdag'ı u'sh tu'p qa'lempir gu'ldi
Stanok u'stine qoyıp qasın'a,
Qarap tursam, senin' islegenin'di,
Ne oylar kelmedi deysen' basıma:

Jer betinde bizler tuwılıp, o'sip,
Quwanamız, qayg'ıramız, su'yemiz,
Quramız, egemiz, aytısqa tu'sip,
Juldızg'a jol izlep, qıyal su'remiz.

Bazda aqıl-oyın' alıstı sharlap,
İlim a'yneginen u'n'ilsen' eger,
Qıyamet kosmoslıq tezlikte zırlap,
Astımızda tınbay aylanadı jer.

Sen du'zetken ullı podshipniklerdin'
U'stinde aylanıp turma deymen ol!...
Tiregi, iyesi o'mirdin', jerdin',
Raboshiy insan, ma'n'gi, aman bol!
1976-jıl.

## QARAQALPAQTI KO'P MAQTAMA KO'ZİMSHE

«Bir xalıq ko'rdim, ju'regi
Ko'riner qabırg'asınan»
*(Mixail Lukonin.)*

Qaraqalpaqtı ko'p maqtama ko'zimshe,
Qarmaqqa tez qabatug'ın balıqpan.
Ha'r kimnin' bar a'zzi jeri o'zinshe,
Shortanımday an'qıldaqlaw xalıqpan.

Bul kisini ko'zge maqtawdan ko're,
Paydalıraq minin tawıp so'kkenin'.
«Qaraqalpaq jaqsı xalıq» degenge
Babam sheship berip ketken shekpenin.

Jalg'ız atın soyıp berip qonaqqa,
Jayaw qalıp bul xalıq talay tarıqqan,
Sonı aytıp maqtayg'oysan' biraqta,
Onnan da zorın ko'rsetetin xalıqpan ...

Begligi ko'p yoshıp ketse bul xalıq,
Da'stanlardı qoyday dizip matag'an.
Ha'mme xalıqtı qaraqalpaqtan shıg'arıp,
O'z tariyxın baslar Adam atadan ...

Miynet dese jen' tu'ringen palwanday,
Arbag'a taw tiye dese tiyegen.
Doslıq dese juldız tawıp alg'anday.
Xalqımnın' ak ko'kiregin su'yemen.

Jek ko'rse ol, «jek ko'remen seni» - dep,
Sag'an barıp aytpag'ansha tınbaydı.
Bir pul tapsa, «bay dep sanan' meni» dep,
Esip jumsap qurtpag'ansha tınbaydı.

Sumlıq qılsa sır aldırar baladay,
Kewilsheklik minezine ku'yemen.
Al endi onıq ken' jaziyra daladay
Azamatlıq ken' peyilin su'yemen.

Tayın maqtap, atın minsen' - sınamas,
Men bul xalıqtın' minezine qanıqpan.
Kewlim menin' Ja'yhun menen sag'alas,
Ha'r na'rsege yoshatug'ın xalıqpan.

Jaqsı so'zge jan semirer degen bar,
Xoshametke ha'r kim ha'wes o'zinshe.
Sondadag'ı o'tinemen, adamlar:
Qaraqalpaqtı ko'p maqtaman' ko'zimshe ...
*1974-jıl, yanvar.*

## MENİN' U'YİM

Sho'l ha'm bostan ma'n'gi o'shlesken jerde,
Gu'l ha'm juwsan qon'sı o'sken o'n'irde
Adam jatırqamas u'yim bar menin'.
Ha'mme jerdi ko'riw kisige ma'r me!
«Jerdin' tu'bi g'oy» dep qıynalıp ju'rme,
Shaqırıp mazan'dı almayın senin'.
Biraq adam menen adam duslasar,
At baspayman degen jerin u'sh basar,
Nag'aybıl duz tartıp kelsen' bulmang'a.
Esigimdi qag'ıp, tartınıp turma,
Du'ziw niyet penen erkin kele ber,
Kel, qonag'ım, esik qaqpay kire ber!
U'yge shaqırıwsız qonaq kelgeni.
Bul ha'm azamatlıq abırayın' senin'!
Shaqırmay kelgeni -
Zeyni ilgeni
«Adam-adam ushın miyman» ekenin...
Menin' de o'zindey isim ko'p mu'shkil.
Bir basta ko'p jumıs irili - maydalı.

Lekin, qonaq ku’tiw--jumıs emes bul,
Bul men ushın ko’rkem o’ner bayramı.
Qa’sterleymiz qonaqtıq qay-qaysısın,
Nawqan qurttay ille-pillege orap.
Jaylısın da ko’rdik,
Ko’rdik jaysızın,
Qonaqtın’ jamanın ko’rmedik biraq.
Shaqırıwsız qonaq-
Biymillet qonaq,
Kel, to’rle, biradar,
Azamat insan!
Bir sulıw du’nyag’a bolg’aysaq inaq,
Kewil esigimdi ashayın sag’an...

Bizin’ xalıqtın’ kewlin qaysı bir gezde
Hesh qanday hu’kimdar,
Hesh bir patsha, xan -
«Miymandoslıq» degen duwalı so’zdey,
Billa’hiy, hesh jawlap ala almag’an…
Xosh miymanım,
Kelmekte bol bul u’yge,
Keshegi qonag’ım -
Bu’gingi dostım.
Dos arttırıw-en’ bir ullı g’a’ziyne,
Rahmet, ırısıma sen ırıs qostın’.

Saw ju’rsek, tabarsan’ bizdi ha’rdayım
Usı sho’l ha’m bostan aralıg’ınan,
Sag’an unay ma dep sorap neg’layın,
Suwım da, qırım da o’zime da’rman.

Bir jag’ım suw, bir jag’ım sho’l bolmasa,
Beyish qurıp bersen’ de men barmayman,
Gu’l ha’m juwsan iysi an’qıp turmasa,
Ol jerde men qaraqalpaq bolmayman.
6-mart 1972-jıl.

## «BES QONAQ»

Kelsin meyli, erte qonaq, kesh qonaq, Qaraqalpaqtan qapa bolmas hesh qonaq.
Kelsin meyli altaw bolıp, on bolıp,
Tek kelmese bolg’anı sol «bes qonaq»...

## TASHKENTLİ SHAYIR DOSLARIMA

Janların’ız jaqın, kewlimiz ırza,
Ko’zdin’ qarashırın girbin’ shalmag’ay.
Tashkentke tabanı tiyse Jolmırza,
Taptırmas gu’l ishine tu’sken almaday.

O’zim bilgen «toshkaların» men ha’ dep,

Zır juwırıp ju’rip aralap shıqtım.
«Bizin’ otag’ası barmadı ma?» dep,
Talay telefonnan sorag’lap shıqtım.

Biraw ayttı: «Aybek penen azanda
Soyuzdan qaydadur kettiler» dedi,
Birew ayttı: Jan’a Mirtemir damla
Ekewi jasırınıp o’ttiler» dedi.

Yashen Moskva ma, bir jaqqa ketken,
Joqlawın asırıp endi ag’amnın’,
Ketip baratırsam, shayxana betten
Ku’lkisin esittim G’afur G’ulamnın’.

Joytqan jog’ımdı da sol jerden taptım,
Payt eken shay suwıp, a’skiya qızg’an,
Sizge bas qosqan sol balalıq waqtım,
Eske tu’sse ele delebem qozg’an.

Sonnan berli sizin’ altın dawran’ız
Mag’an qushaq ashar jatırqamastan,
Doslıq ha’m shayırlıq gu’lleri nag’ız
Kewil bostanımda jupar iyis shashqan.

Jazg’ı keshte Anhar boyında a’ste
Sizler menen sa’yir etsem men ha’r waqıt,
Meyli Tashkent bolsın, meyli No’kiste
Siz benen ko’risiw men ushın baxıt.

Doslarım, sizlersiz kewlim xosh bolmas,
Ba’rimiz bir bag’dın’ bu’lbillerimiz.
Sizden bo’lek ilham mag’an yosh bolmas,
Nanday pu’tin ıg’balımız, jerimiz.

Da’wirimizdin’ ba’lent minberlerinen
Siz yoshlanıp qosıq oqıp turg’anda,
Zor lapızlı o’zbek qosıg’ı menen
Ba’rha maqtanaman quwanıp sonda.

Zulfiya oqısa o’z qosıqların,
Pu’tkil ruwhım menen onı tın’layman.
Ha’mde azat shıg’ıs hayallarının’
Go’zzallıg’ın, na’zikligin an’layman.

Ullı Nawayıdan tartıp, bu’gingi -
Kishkene Abdullanın’ qosıg’ına deyin -
O’zbek sheriyatı bir du’nya bolıp,
Ruwhımda gu’llep jasaydı menin’.

Tileymen sharapqa liplewin tag’ı
Siz saqıylıq etken ja’mshiydi jamnın’.
Qulag’ımnan ketpes ha’m de bayag’ı

A’jayıp ku’lkisi G’afur G’ulamnın’....
1975

**GESİRTKENİN’ KO’ZLERİ**

Zaman jup ay bergen dalama menin’, -
Jup nurlı ko’zinen ju’k mashinanın’.
Ko’rdim men ko’zlerin bir gesirtkenin’
Tunjırap sol nurg’a shag’ılısqanın.

Aysız tu’nde jol boyında na’bada,
Bul ko’zlerge ko’zin’ tu’skeni barma?
Bir periwza qaslı ju’zik dalada
Tu’sip qalg’an yan’lı shag’ılısar farg’a.

Jasımda bul ko’zler aqsham jang’anda,
Onnan bir suwıq, jat sa’wle sezgenmen.
Son’ bir ot basında du’zde qong’anda,
Sho’l tilsimin ko’rdim usı ko’zden men...

İlim u’n’ilmegen sol biyik jaqtan,
Jerge bir jup juldız mun’lı baqqanday.
İynenin’ ko’zindey eki san’laqtan
Teren’ sırlı ko’k nur qaynap atqanday.

Teren’ sırlı ko’k nur...
O, saqıy dalam!
Ot basında geologlar sol gezleri
Seni maqtag’anda, ko’ringen mag’an
Tek sol gesirtkenin’ sırlı ko’zleri.

Endi ko’r! Biz qong’an shatır joq bunda.
Gaz qalası du’zge hu’jimin baslar.
Sho’lden o’lgen seksewiller ornında
Jelpir ko’shelerdi jas qarag’ashlar.

Sheksiz sho’l ten’izi mayak jaqqanday,
Kompressor turar nurlanıp mudam.
Juldız jerge tu’sip tu’nep atqayday.
Juldızg’a qonaqqa ketkendey adam.

Do’n’bekshir jaqtıda uyıqlap ko’rmegen
Qatal sho’l ta’n’irisi - jabayı dala:
«Kimler bular aybınıwdı bilmegen,
Sahrag’a bag’ egip, ornatqan qala?!»

Du’zdi du’sirletip poezdlar barar.
Jas qala shırag’ın jaqqan gezleri,
Kosmoslık ko’gildir ot penen janar
Gesirtkenin’ periwzalı ko’zleri...
1976-jıl.

## AYT SEN A’JİNİYAZDIN’ QOSIQLARINAN!

Ayt sen A’jiniyazdın’ qosıqlarınan!
Jılasın yar ıshqı bawırın keskenler.
En’iresin elinen ayra tu’skenler,
Ayt sen A’jiniyazdın’ qosıqlarınan!

Sazın samal yadlap, so’zin el bilgen
Bir shayır du’nyag’a keldi de ketti.
Tal artınan tuwg’an ayg’a telmirgen
Bir dilbar tu’sime endi de ketti.
Qosıq da’rya-da’rya nur bolıp aqsın,
Ishqısız janlarg’a ıshqı otın jaqsın.
Qız jigitke jilwa-naz benen baqsın,
Ayt sen A’jiniyazdın’ qosıqlarınan!

Ayt sen «Bozatawdı» namag’a salıp,
Eljiremegennin’ bawırı tas bolsın.
Qaraqalpaqtın’ go’ne da’rti qozg’alıp,
Shadlı da’wranına bu’gin ma’s bolsın.
Shayır gezgen sho’lde bostanlar bayıp,
Zarlı zaman boldı ko’zlerden g’ayıp,
Bir ilham perisin ko’rdim a’jayıp,
Ayt sen A’jiniyazdın’ qosıqlarınan!

Men onı tın’lasam, qalmay taqatım,
Kewlimde bir g’oshshaq bu’lbil sayrag’an.
Men onı tın’lasam, tuwg’an elatım
Jer ja’nneti bolıp ko’riner mag’an.
Juldızlardı jerge u’n’iltpek bolsan’.
Jaman shayırlardı tu’n’iltpek bolsan’,
Eger men o’lgende tiriltpek bolsan’,
Ayt sen A’jiniyazdın’ qosıqlarınan!

*1971-j, fevral.*

## XALQABADTAN QANSHA ADAM KELMEDİ

Olar dan’qlı Jen’is ku’nin ko’rmedi,
Ullı Moskva ha’m kirttay Xalqabad,
Bir elden jigirma million azamat
Jan berdi Watandı jawg’a bermedi,
Aytıp berer edim ha’zir atma at,
Xalqabadtan qansha adam kelmedi,

Qaytqan-qaytpag’anı ha’mmesi batır,
Ha’r biri Rustemdey da’stang’a tatır.
Belarus tog’ayında, Dnepr boyında,
Qay jerde ma’n’gilik uyqıda jatır?
Olar jıg’ılsa da alg’a o’rledi,

Janın berdi, elin jawg'a bermedi.
Kegeyliden qansha azamat ketip,
Xalqabadtan qansha jigit kelmedi.

Kimge perzent, kimge su'ygen yarmeken?
Qurban bermegen u'y tabılarmeken?
Alıstag'ı urıstın' azabın tartpay,
Bawırı pu'tin qalg'an adam barmeken?
Qanlı urıstın' awır zardabı o'tip,
U'y bar ma sınbag'an ıg'bal sho'lmegi?
To'rtku'ldan qansha ma jigitler ketip,
Xalqabadtan kansha adam kelmedi.

Uyıklan'lar! Batırlıq juldızların'ız
Watan ju'reginde, to'sinde saqlar.
Siz baxtın qorg'ag'an a'wladların'ız
Du'nya turg'anshelli esinde saqlar,
Qaraqalpaqtan qansha jigitler ketip,
Xalqabadqa qansha ma'rtler kelmeydi.
Olardın' ruwhın el tawap etip,
Bular ma'n'gi uyıqlar, biraq o'lmeydi.
May 1975-jıl.

## BİR GEZLERİ BERDAQ JU'RGEN JERLERDE

Bir gezleri Berdaq ju'rgen jerlerde
Gu'wlep bir jabayı samallar eser.
Ha'zir jıl qusları siyrek keliser,
Shag'ala sharqıldap ku'lgen jerlerde.

Ten'iz taslap qashqan go'ne jag'ısın,
Gu'wildemes nar qamıslar qag'ısıp,
Da'ryanın' sharshawlı keler ag'ısı,
Burın hallas urıp kelgen jerlerge.

Arqası Aq qala, qublası Zayır.
Aqsarlı ken' dala burıng'ı qayır,
Baxıt izlep bayg'us xalqına shayır,
Duwtarın arqalap ju'rgen jerlerde.

Men ha'r dayım o'tsem usı ka'radan,
Oylayman: ne zaman keshti aradan.
Endi erkin na'pes alar ha'r adam,
Burın eller posıp, bu'lgen jerlerde.

Meyli, ten'iz eski jag'ıstan qashar,
Da'rya birde qaytsa, birinde tasar,
En' baslısı: xalqım baxıtlı jasar,
El jılap, shag'ala ku'lgen jerlerde.

Jaylaw gu'llep, jan'a kanallar barıp,
Ko'k egis ırg'alıp, ko'l suwlandırıp,

Aydınında toralag'az qondırıp,
To'rt tu'lik mal qaplap o'rgen jerlerde.

Aqsham jag'alasam Qazaqda'ryanı,
Tın'lap aq otawdan shıqqan namanı,
Dedi: «bul - Berdaqgın' jan'a da'wranı»,
«Kimdiki» dep sawal bergen jerlerde.

Kel, da'wletli qonaq, xızmetim qalıs,
«En' kemi ju'z bolsın ko'z ko'rgen tanıs»
«Usılay aytıp ketken Berdaq babamız» -
Der balıqshı miyman ko'rgen jerlerde.

Kitap tekshesine tu'skende ko'zim,
Ha'r u'yden quwanıp shıg'aman o'zim,
Xalıq altıng'a qaplap Berdaqtın' so'zin,
Qosıq etip aytar ju'rgen jerlerde.

Ertip alıp balıqshının' balasın,
Men jag'alap kettim ten'iz jag'asın,
Ten'iz yadlap alıp shayır namasın
Aytıp turma dedim ko'rgen jerlerde.

Ten'iz bu'gin qaytsa, erten'ge tasar.
İnsan baxıtın ko'rip shadlıg'ım asar,
Shayır a'rman etken a'wladlar jasar,
Bir gezleri Berdaq ju'rgen jerlerde.

İyul 1976-jıl.

**AG'ARTIWDIN' JIL QUSLARINA**

*(Ko'rnekli pedagog Ju'mek Orınbaevtın' alpıs jastag'ı merekesine)*

Sizlerdi ko'rgende eldin' jasları
Kewlin'de bir ullı da'rya jag'alar.
Ag'artıwdın' tun'g'ısh qarlıg'ashları.
Jıl qusınday ko'zge ısıq, ag'alar!

Hu'rmet - jasu'lkenge, jollar-jaslarg'a.
Aldında ag'ası bolsın baslarg'a.
Alpıstın' qırawı tu'sip shashlarg'a,
Ullı toyg'a aman jetken ag'alar.

Jaslar attan tu'sip qolın'nan alar,
Jurt japırılıp sıylap, ko'rse quwanar,
Daraqta tu'p birew, shaqa mın' bolar,
Ko'p jetkinshek jetildirgen ag'alar...

Ko'bin'iz balalıqtan ma'hru'm bolg'ansız,
Qarshadaydan qayqı tayaq alg'ansız.
Kimin'iz mal bag'ıp, oraq org'ansız,

A’zelden ılayı pisken ag’alar.

Baxıtlı balalıq bolmay, saq sınıp,
Jaslay ko’rip ba’rin - jaman-jaqsının’.
Uslap oshag’ınan quwırdaqshının’,
İnternatqa bergen sizdi, ag’alar.

Jan’a mektep berip jan’a ta’rbiyat,
Hu’kimet asırag’an atan’nan ziyat
Awdarıspaq tan’ı, go’zzal hu’rriyat
Teperishlep shınıqtırg’an ag’alar.

Kimi Seyfulg’abiyt, kimisi Qasım,
Jan’ashıl urpaqtın’ ja’m etip basın,
Qag’ıp-sog’ıp ma’deniyat arbasın,
Taza jolg’a salıp bergen ag’alar.

Eskiliktin’ qara, tu’n’ligin tuwrap,
Jan’a a’lip du’zip, xattı sulıwlap,
«Qallash, latınlas!» dep ashshı qıyqıwlap,
Tan’ azannan su’renlegen ag’alar.

Birin’ Qallı, Na’jim, birin’iz Asan,
A’debiyat jıynap xalıqtın’ awzınan,
İzbasar qutılıp qara qoylardan,
Kemliktin’ ka’malın ko’rgen ag’alar.

A’bdiraman jurttı awzına qaratıp,
Saxna sog’ıp, tan’nın’ nurın taratıp,
Jolmırzalar jurtqa so’zin jaratıp,
Jan’alıqtı da’stan etken ag’alar.

Biri Orınbaev, biri Dosumov,
Jan’alıqtın’ maydanında yosh urıp,
Birazları Shaydakovqa qosılıp,
Jamaylıq shayqasqa tu’sken ag’alar.

Qaljan, Qurbangu’ller, Jumagu’l apa,
Qızlarg’a bas bolıp shıg’ıp saxnag’a,
- «Oyan, qızlar» dese Genjebay ag’a,
Uyıqlag’andı oyatqansız, ag’alar.

Jamaylıq aranı ashıp jik bolıp,
Shaqası mın’ shayqalmastay tu’p bolıp,
Kim mug’allim, kimi na’ha’n «u’p» bolıp,
Zamanında jurt sorag’an ag’alar.

G’arrılıqqa jen’ildirmey qasarıp,
Quwanıshtan qara ko’zge jas alıp,
Xalqın’ menen qayta tuwıp jasarıp,
To’rde jaynap otırsızlar, ag’alar.

Qansha jan’a a’wlad qatarg’a tursa,
Qartayar ma adam ten’ adım ursa!
Ju’mek ag’a sha’kirtlerin shaqırsa.
Jartı respublika og’an «ag’a» lar.

Biz ushın ken’ su’rdew salg’an jolın’ız,
Dan’q, ataq ayamas sizden elin’iz.
Aldımızda uzaq aman bolın’ız,
Jıl qusınday qanat qaqqan ag’alar!

*1967-jıl.*

**TUWISQANLIQ**

Tariyxlarg’a gu’walı so’z,
Ha’r bir da’rtke dawalı so’z,
Kiyeli so’z, duwalı so’z,
«Tuwısqanlıq, tuwısqanlıq!»

Ar-namıs, hu’jdanı sherik,
Malı menen janı sherik,
Tamırında qanı sherik.
Xanalas so’z «tuwısqanlıq».

Bir oshaqqa ot jaqtırg’an,
Bir jaylawda mal baqtırg’an,
Toy, lazımg’a at shaptırg’an
G’arg’a tamır tuwısqanlıq.

Bir tandırg’a nan japtırg’an,
Mu’ta’j zatın’dı taptırg’an,
Biymezgil esik qaqtırg’an
Tuwısqanlıq, tuwısqanlıq.

Ullı rus bawırmanım,
Alg’an istin’ awırmanın.
Asqar tawım, menin’ janım
Aybatlı so’z tuwısqanlıq.

Jan’a a’wladı Berdaqlardın’
Taras dan’qın ardaqlar dım.
Baxtın qaraqalpaqlardın’
Ba’lent etken tuwısqanlıq.

O’zbekti o’z ag’am etken,
Ullı baxıt inam etken,
Bir qazanda as demletken,
Bawır basqan tuwısqanlıq.

Suwımdı sag’alas etken.

Elimdi aralas etken,
Tu'rkmenge namalas etken
G'ardashı ko'p tuwısqanlıq.

Qazaqlarg'a tay soyg'ızg'an,
Qırg'ızlarg'a qoy soyg'ızg'an,
U'y tiktirip, bas qoyg'ızg'an
Da'stu'ri bir tuwısqanlıq.

Zaman jan'adan ku'sh bergen,
Jaylawg'a ken' o'ris bergen,
Alıp o'tken jen'islerden
Qu'diretli ku'sh tuwısqanlıq.

Asılg'anda jaw jag'adan,
Shaqırg'anda ana - Watan,
Tuwılg'anday bir anadan,
Jawg'a shapqan tuwısqanlıq.

Jer qozg'alıp, bolsa apat,
Sha'ha'rlerdi qılsa opat,
Jan'a Tashkent bolıp abat,
Qala salg'an tuwısqanlıq.

Da'ryanı da'ryag'a qosqan,
Kosmostın' tu'n'ligin ashqan,
Bir semya awqamlasqan,
Ma'n'gi jasa, tuwısqanlıq!

*1972-jıl.*

## A'MİWDİ ATLAG'AN JOLLARIN' SENİN'

*(21-dekabr 1974-jıl No'kiske birinshi poezd kelgendegi mitingde oqılg'an qosıq)*

Baxtın'ın' bulag'ı burqıp sag'adan,
Ku'n-ku'nnen uzayg'an qolların' senin'.
No'kisime qut darıtar jan'adan
A'miwdi atlag'an jolların' senin'.

Ullı ırıs bar usı joldın' o'zinde,
Tuwrı sarraslıq bar basqan izin'de,
«Ju'rin', aparayın ma'nzilin'izge»,
Dep shaqırıp turar jolların' senin'.

Ko'p zamanlar keshti jolı tar bolıp,
Ko'piri pu'tin arba jolg'a zar bolıp,
Endi ne tilesen' ba'ri bar bolıp,
Du'nyag'a tutastı jolların' senin'.

El biykarg'a ertek yadlag'an emes,

Ata-baba bosqa datlag’an emes,
Da’ryanı hesh du’ldil atlag’an emes,
Da’ryanı atlag’an jolların’ senin’.

Dan’qlı O’zbekstan - altın da’wranım,
Tashkentten jollap tur qutlı ka’rwanın,
Shag’la qaraqalpaq, pitip a’rmanın’,
Mudam qurg’ınlasar halların’ senin’.

«Beynew - Qon’ıratqa» shıqsan’ jag’alap,
Azaw qazaq ag’ayindi aralap,
Arqadan, qubladan tanabın orap
Ma’skewden to’teler jolların’ senin’.

Bul jol – bizin’ a’rmanımız a’sirlik,
Ka’rwan kelse, ju’gimiz ko’p tasırlıq.
Taqıyatas tarnawınan asırılıp,
Ja’yhundı atlag’an jolların’ senin’.

Bul jol xalıqtın’ ku’tken da’rkarlıq jolı,
Zamanın’nın’ ullı g’amxorlıq jolı,
Abadanlıq shadlı da’wrang’a tolı,
Shın doslıqtın’ jolı - jolların’ senin’.

Bul joldı salg’annın’ qolı gu’l bolsın,
Xalqım, ırıs - nesiben’ ja’ne mol bolsın.
Bul temir jol emes, altın jol bolsın,
Qutlı bolsın jan’a jolların’ senin’!

Dekbr 1974-jıl.

## SHAYAN

*- Doktor, menin’ balalarımdı o’ltiriwge hayalıma*
*ko’meklesiwin’di sorayman.*
*(Gebbelstiq son’g’ı o’tinishi)*

Pa’njesinde azalı keyiptin’
Otırdı ol salbırap bası.
Jer titiretken u’shinshi Reyxtin’
Battı a’ne qanlı quyashı.
Kim oylag’an: ta’g’dir degishi
Onın’ astın gewlep aların,
Ken’ du’nyadan bir bunker ishi
Bu’gin og’an tarlıq qıların!
Qayda sol bir dan’q - ataq, sıylar,
İyttey ergen izin’e senin’.
«Du’nyag’a tek jalg’ız ariylar
Tutqa bolsın» degen isenim?

O, ol usı isenim menen
Qansha yoshlı, qansha ku’shli edi.
Aqsham ketpey kabinetinen,

Uyqıdan da bezip isledi.
Ol isledi, ko'p a'rman etip
Tariyx ag'ısın teris burıwdı.
Moskvadan fyurerdi so'yletip,
Qaptalında o'zi turıwdı.
Moskvadan fyurerdi so'yletip,
Son'ınan bul o'jet qalanı
Tegisletip, jer-jeksen etip,
Egip taslaw edi qıyalı.

Fyurer qayda? O'zin o'ltirgen.
Endi senin' gezegin' keldi,
Ja'ne bunker u'stinde birden
Rus zen'beregi jo'teldi...
Svastika! İnsang'a qarsı
Jawızlıktın' qara qurtı ol.
Qa'ne endi qutılıp qalshı,
Tar bunkerden tısqa tawıp jol.
«Bala-menin' ju'regim-janım»
Degendi ol ko'p aytar edi.
Altı perzent ko'rgen atanı
Kimler «jawız» dep aytar edi.
Balaların su'yse ha'r kisi,
«Usınday-aq bolar a'lbette».
Dashasında bir ovsharkası
O'lgende ol jılag'an ha'tte.
Bazda urıstan, kontslagerden
A'kelingen filmdi ko'rip,
A'jel ko'ringendey qa'birden,
Qorqar edi bolsa da «berik»,
O'lgen anasının' ma'mmesin
Qarmap jılar edi na'reste.
Balalardı shuwlatıp, ha'mmesin
Peshke tıqqanları bar este.
Qolları sol na'restelerdin'
Jag'asınan alıp atqanday.
Tum-tusınan beton bunkerdin'
May quyıp, ot jag'ıp atqanday.
Jawızlıqtan yoshlang'an usı
Go'rtıshqanday kirttay ju'regin,
Adamzattın' ullı g'arg'ısı
Alqımına a'kep tiredi.

Esiter edik bala gezlerde,
Sonday shayan boladı desip:
O'zine qa'wip tuwılg'an jerde
O'z balasın shag'adı desip.
Sol aytqanday, shayanlıq etti de,
Adamzatqa qaray almadı.
O'z balların za'ha'rletti de,
O'zinin' de basın jalmadı...
Adam insanlıktan ketkende,

İnsan og'an bermes qol ushın,
Jawızlıqtı ka'sip etkenge
Bul tariyxıy sabaq ol ushın.
Noyabr 1975-jıl.

## SHAYIR

*(M. Yu. Lermontovqa)*

Xalıq o'z ju'reginen tamshı qan alıp,
Watan topırag'ına qarıp sap hujdan,
O'lmes ruwhı menen u'rlep dem salıp,
Ullı niyet penen jan berer og'an.
Shiyrin ziban berip tuwg'an anası,
Muhabbat besigin onın' terbeter.
Asqar taw, ag'ar suw, tog'ay, dalası
Ba'ri onı tanıp ta'rbiya eter.

Ol, so'ytip, dawıldan tınıshlıq izlep,
Bir aqshamda jalg'ız jolg'a tu'sedi.
Kewlinde qarlı shın' aspandı go'zlep,
Juldız juldız benen sa'wbetlesedi.
Orfeydin' sıyqırlı sazın jan'latıp,
Ol jaqsı sezimge intimaq eter.
Du'nyanın' ken', go'zzallıg'ın an'latıp,
Tar peyilli insanlarg'a u'yreter.
Pa'lektin' ga'rdishi, zamannın' isi
Ju'rek tarın shertip turadı birdey.
Erk ha'm de o'mirge degen ıshqısı
Tiygen jerin o'rter Demon la'bindey.
Qasqaqbas kim og'an go'zlep oq atsa,
Ma'n'gi ku'ler o'zin atqan jawına,
İnsaniyattın' arına kim qol qatsa,
Duelge shaqırar ol Mashuk tawına.
Oktyabr 1974-jıl, Kislovodsk.

## A'JİNİYAZDIN' MONOLOGİ

Bir kishkene eldin' shayırı bolsam da,
Men ullı islerdin' parqın bilgenmen.
Tikenekli tar sokpaqtan barsam da,
Talay u'lken joldan ju'rip ko'rgenmen.
Ko'rgenmen ken' gu'zar jollar boyında
Ellerdi basqalar barıp ko'rmegen.
Hu'rmet ko'rip, men olardın' toyında,
Aytısqa tu'skenmen dilwarlar menen.
Xalıktın' xalıqqa degen kewil xanası
Doslıq miymanına tolıdur ba'rha.
«Bul du'nyanın' ko'rki adam balası»
Degen so'z ma'nisin bilgenmen sonda.

Du'nya a'wwel bir sum periyzat bolıp,

Ishqı kiyiklerin ko’p quwalattı.
Son’ıra u’mit ko’shkim gu’l opat qılıp,
Sheksiz g’am-qayg’ının’ seline attı.
Ju’zdim jantalasıp sel qushag’ında,
Sel emes, a’rmanlar ummanı edi.
Zamanım - insannın’ hijran dag’ında
Gu’ldey sho’lirkegen zamanı edi.
İlmi - mag’rifetten haqıyqat go’zlep,
Men sonda «Gu’mbezi dawwar» ko’rgenmen,
Ahli danıshlardan ta’limat izlep,
Talay ullı ma’jilislerge kirgenmen.
Lekin hesh ma’jilis, hesh danıshpannın’
Zaman ta’dbiyrine aqılı jetpedi.
Ko’kke jetip nalıshları adamnın’,
Juldızlar jasqanıp, aydan shetledi.
Du’nya da’slep mag’an ko’p wa’de etken
A’rebi at minip, da’wran su’rmekti.
Son’ıra u’mit gu’lim orıp bir shetten,
Ornına o’kinish qa’lwenin ekti.
El serpilip ko’ship Watan u’stinen,
Sun’qar qus oraldı ayaq bawına.
Bu’lbil u’rkip qırlı du’pen’ sestinen,
Zag’ qondı kewlimnin’ Bozatawına,
Ah, kırq o’rim shashlar, qos-qos burımlar,
Moynıma oralsa bererem jandı!
A’tten’ alma moyın, aq bilek qollar
Sol shash penen artqa qayırıp baylandı.
Narkes kirpik qumar ko’zdin’ qarası
Qız o’n’irin jas penen juwg’anın ko’rdim.
«Bul du’nyanın’ ko’rki adam balası»
Sonshelli qorıw - zar bolg’anın ko’rdim.

Du’nya! Aytshı, mende ne qaslıg’ın’ bar?
Juwhalanıp qayda baslag’an edin’?
Peylin’di Nawayı, Maktımqulılar
Aytqanda hesh qulaq aspag’an edim.
Mag’an Watan berdin’ ayra tu’ssin dep,
Ja’nan berdin’ hijran japası menen.
Zaman berdin’ qayg’ı suwın ishsin dep,
Bermedin’ hesh zawqı - sapası menen.
Mag’an ziban berdin’ jurttan zıyada,
Qaxnus kibi ga’ tirilip, o’lsin dep.
Saz berdin’ de, keltirmedin’ go’yag’a,
Ko’kirek berdin’ zerde tolıp ju’rsin dep.

İnsan qayg’ı - da’rtin, du’nya, egerde
Jılınıwg’a sonday payızlı bilsen’,-
Tek bir zaman g’ana men turg’an jerde,
Bul otqa jaqınlap ısınıp ko’r sen.
Meyli, mag’an artqan da’hmet ju’grin’di,
Ne shara, kewlimde ko’terip o’termen,
Biraq, biywapalık, na’ma’rtligin’di

Men ha’m a’wladlarg’a aytıp ketermen.
Men so’nermen, so’nbes u’mit quyashı,
Bir ku’n da’wran keler insaniyatqa.
«Bul du’nyanın’ ko’rki adam balası»
Dep da’rtli Ziywardı alısar yadqa.
İyun 1975-jıl.

**BİLİM BULAG’I**

*(No’kis ma’mleketlik universitetinin’ ashılıw saltanatında oqılg’an qosıq. 31-avgust, 1976-jıl)*

Bu’gin, doslar, qaraqalpaq elinde
Jurt ayta ju’rgendey bayram bolajaq.
Bir a’jayıp bulaq shıg’ıp jerimde,
Suwın ishpegenge a’rman bolajaq.

A’miwdin’ suwları jan berse jerge,
Bul bulaq ruhıy qan berer elge.
Xalqım, qutlı bolsın bul altın irge,
Bilim menen su’rer da’wran bolajaq.

Zaman talimatı shamshıraq jag’ıp,
Kosmoslıq bilimnin’ bulag’ı ag’ıp,
Adam ay o’n’irine znashok tag’ıp,
Alıs juldızlarg’a miyman bolajaq.

Ju’rekler sha’wkildep shadlıqqa tolıp,
Zaman alg’a ketti, el abad bolıp.
Beruniy babamnın’ ruwhı shad bolıp,
İlim daraqları na’rwan bolajaq.

Mashaqatlı bilim soqpag’ın basıp,
Keler jan’a a’wlad da’ryaday tasıp.
Bul bulaqtan ishken diyqan balası,
Xalqının’ da’rtine da’rman bolajaq.

Nur ornap paxtanın’ xanalarında,
Aq salı mayısqan dalalarımda,
Jan’arg’an Ja’yhunnın’ jag’alarında
Bul bulaqtan ba’lent qırman bolajaq.

Bilimli el tulpar shıg’ıp mın’lardan,
Altın juwıp alar qızıl qumlardan.
Ellik, Jambas qala yan’lı tın’larda
Juwsanlı dalalar gu’lshan bolajaq.

Paxta shanag’ında aq altın uyıp,
Bag’lar mol jemisten shaqasın iyip,
Sibirdin’ suwları Aralg’a quyıp,
U’sturt sahraları bostan bolajaq.

Bul bulaqtan ishken jaslar qunt penen,
Mendeleev soqqan sırlı gilt penen
Sho'ller g'a'ziynesin ashıp ku'tpegen,
Ullı Watanına inam qılajaq.

Ha'r awıldan dan'qlı ilimpaz shıg'ıp,
Jan'a Berdaq penen A'jiniyaz shıg'ıp,
Jan'a Qanısh, jan'a Qarıniyaz shıg'ıp,
Ha'r u'yde bir ha'kim Luqman bolajaq.

Sa'lem, jan'a a'wlad odisseyleri,
Dalamnın' bolajaq Galileyleri!
İlim du'nyasının' pida'kerleri
Ta'biyat sırına ha'mdam bolajaq.

Sırlı hikmetlerdin' ullı mektebi,
Sa'lem, Korolevlar keleshektegi!
Qaraqalpaqtın' jan'a Ulıg'bekleri
Juldız sa'wbetine a'njam bolajaq.

Bul bulaqtan ishiw nesip etkenler,
Bilim shın'larına qolı jetkenler,
Bizdey erterekte oqıp ketkenler,
Bu'gin ko'zi qızıp, hayran bolajaq...

O'rlep jan'a da'wran shın'ına qaray,
Zamanımız qosar shırayg'a shıray.
Biz tasın qalag'an bul ma'rmer saray,
Jan'a juldızlarg'a aspan bolajaq.

Qara qalpag'ımdı alıp qolıma,
Bas iyemen ullı ilim jolına.
Jan'a turmıs ornap A'miw boyına,
Zaman bir a'jayıp zaman bolajaq.

Avgust 1976-jıl.

## XOREZMGE

Xalqın'dı men xanalas tuwısqanım dep su'yemen,
Jerin'di men bawırlas ma'kanım dep su'yemen.
Xorezmnin' topırag'ın qayda ju'rsem sag'ınıp,
Kindigimnin' qanı tamg'an watanım dep su'yemen.

Sen a'yyemgi go'zzallıqsan', shahlar sag'an talasqan,
Babalarım bul Xiywanın' tasın birge qalasqan.
Waqıt penen o'shegisip o'n' bermegen boyawın',
Gu'n'girlegen gu'mbezlerin', minarların' a'laspan.

Sen alımsan' jurttan burın jeti ıqlım jaratqan,
Ku'nbatısqa algebranın' sırlı esabın sanatqan.
Du'nya ilimi aspanında ay tuwg'anday jarq etip,

Mın’ jıl burın Beruniydey babam shıqqan Qıyattan.

Shırsha tasqa gu’l pitirgen Xiywa naqqash sheberi,
A’wez Otar a’rman etken jerlerge gu’l ko’gerip.
Maqtımqulının’ jas muzası qız bolıp boyjetken jer,
A’jiniyazdın’ izi tu’sken ko’shelerin’ teberik.

Tamırımızda tuwısqanlıq qanımız bar qatısqan,
Ata-baba bir nan tapsa, birge bo’lip tatısqan.
Xalqımız bar bir da’ryanın’ eki boyında turıp,
«Assalawma a’leyku’m!» dep nasıbay sorap atısqan.

Eki diyqan ta’jiriybeles, en’bek etse jarısqan,
Eki palwan bir toyda ın’ıranıp jambas salısqan,
Bir qara telpek astında eki ko’zdin’ birisen’,
Qıyametlik qon’ısımsan’ qazan-tabaq alısqan.

A’miw suwı jerimizge qan tamırday tarag’an,
Japlarımızdın’ tarnawları bir-birine qarag’an,
Ku’n dese ku’n, gu’l dese gu’l, jayna go’zzal Xorezm,
Al men ma’n’gi watanlasın’ qaraqalpaq bolaman!

## BİR ADAMDI BİR ADAM...

Qanday jaqsı, biradar,
Adamzattın’ ju’regi!
Bir adamdı bir adam
Janday jaqsı ko’redi.

Bir adamdı bir adam
Su’yip qalar tanıssa.
Bir adamdı bir adam
Sag’ınadı alısta.

Ketse birew aradan,
Birew joqlap jılaydı.
Bir adamnan bir adam
Barıp ken’es soraydı.

Oq atılsa birewge,
Janın tigip girewge,
Jetip barar su’yewge
Bir adamdı bir adam.

Na’psin tıyıp nan berer,
Tamırınan qan berer,
Kereginde jan berer
Bir adamg’a bir adam...

Jaqsılıq o’sip o’ner me,
Miliondı million su’yer me, -
Su’ymegende eger de,

Bir adamdı bir adam?

İship miyrim ka'sasın,
Tas ju'rekler bosasın.
Berhama su'yip jasasın
Bir adamdı bir adam.
Sentyabr 1975-jıl.

## AQ ALTINLI ELDİN' AQSAQALLARI

*(Respublikalıq xalıq xojalıq islerine o'z tilegi menen belsene ja'rdemlesip jurgen pensioner otag'asılardın' hu'rmetine)*

Xalıq shaqırsa jatpas namıs-arlılar,
Qıymıldasar jetkeninshe halları.
Jigitke bergisiz g'oshshaq g'arrılar -
Aq altınlı eldin' aqsaqalları.

Jigitlik o'tkenson', g'arrılıq murat,
Ka'xudalıq so'zin' jurtqa wa'siyat.
Toplımg'a ko'p tu'sken g'ayratlı g'ıyrat,
Du'bir sezse, jelge tarar jalların.

Jigitlikte ha'r kim esirik nar bolar,
Qayda kıyqıw bolsa, sonda bar bolar,
Xalqı is buyırsa tındırar bolar,
Eske tu'ser sol g'ayratlı jılların'.

Talay at boldırdı shabısın'ızdan,
Talay beller sındı tebisin'izden,
Qazan zorg'a qaynap tabısın'ızdan,
Ko'p bolg'an kewildin' qıylı - qalları.

Pursat bermey tal boyın'dı jazıwg'a,
A'ken'nin' ornına kettin' qazıwg'a.
Qattı shan'g'alaqtı salıp azıwg'a,
Shaqsan', push bop shıqtı jaslıq a'rmanı.

Aydasan'da baydın' qosın, arbasın,
Biymillet ishkizbey suyıq jarmasın,
Qız-kelinshek ayta g'oysa harmasın,
Ash qarındı toydırg'andı palları.

Onseri bel menen siyseri ketpen,
Jantaq da'steletip, tomar gewletken,
Kegeyli, Esimjap, Xanjap, Qızketken,
Talay qazıwlardın' boldıq beldarı.

Sonnan ayaq basıp jan'a turmısqa,
Qatnasqansız qansha ullı qurılısqa,
Kimin'iz Watandı qorg'ap urısta,

Kimler, awır tıl arbasın aydadı.

İs gezegin endi jaslarg'a berip,
Dem alsan'lar eldin' ziynetin ko'rip,
Baxıtlı g'arrılıq da'wranın su'rip,
Ha'zlessen', kelinnin' tayar shayları.

Biraq diyqan biyg'am shalqaya bilmes,
Miynet su'ygen adam qartaya bilmes,
Jambaslap ko'rmegen jantaya bilmes,
Otırsa aldına sıymas qolları.

G'arrılıqtın' da'rti sizge juwımas,
Tamırın'ızda diyqan qanı suwımas.
Jerge ha'm miynetke oyatar ıqlas,
Shamurat atanın' o'rnek jolları.

Jas a'wladlar maqtanadı siz benen,
Shawlıq su'yip, shag'lan' jarqın ju'z benen.
Aman bolın' kempirlerin'iz benen,
Aq altın elinin' aqsaqalları.

1976-jıl

## QA'LEMLES DOSLARIMA

Bir u'rker astında tuwg'an doslarım,
Zaman bersin quwat ilayım sizge.
Sizlersiz joq menin' kewil - xoshlarım,
Bu'gin bir minajat qılayın sizge.

Kimnin' jolı barıs, ulıw ya meshin,
Ayırıw sha'rt emes ertesin-keshin.
Tuwg'anda jazbag'an metrikesin
Qay arxivten izlep tabayın sizge.

Kim ag'a, kim ini, qurdas yaranı,
Ju'yrik qa'lemlerdin' go'zzal quramı.
Shaqırg'anda zamanlaslıq uranı,
Tu'ydey qurdas bolar İbrayım sizge.

Qırq jıl qa'lem tartqan Jolmırza ag'am,
Shayırlıq soqpag'ın siltedin' mag'an.
İnilik izzetten gu'l terip sag'an,
Go'rug'lının' tonın jabayın sizge.

Sapar, Tilewbergen ag'alar bolsa,
Ha'r biri bir arna, jag'alar bolsan',
Bayniyaz ag'a, gu'l aralar bolsan',
«Gu'lnaran'» jolıqqay ilayım sizge.

Da'wirles, qa'lemles janajanlarım,
Ta'jet, G'alım ketik qa'dirdanlarım,

To'lektin' tulg'alı romanların
Basıma ko'terip barayın sizge.

Kel, taqıwa dostım Ka'ramaddiyin,
Ha'k ashqan jerinin' ju'yleyik ju'yin,
Aqıl beriw an'sat, atqarıw qıyın,
Jen'il jolın qaydan tabayın sizge.

Ag'alarım Aytbay, Joldas, Xojabek,
Jaslarg'a - jol, jası u'lkenge - hu'rmet.
Shawdırbay jar moyın, Uzaqbay o'jet,
Aytın'larshı qa'ytip jag'ayın sizge?

Joralarım Yuriy, O'serbay, Abat,
Orazaqsız mag'an ashshıdur nabat.
Saparbay filosof, Qalıy, Xalmurat,
Takabbırlıq tuwın jıg'ayın sizge.

Ma'ten, Ulmambetsiz mende joq ju'rek,
Tuyana Ken'esbay, kishkene To'lek,
Kewil bir, shayırlıq jolımız bo'lek,
Mendag'ı maqsetles ag'ayin sizge.

Joldasbay, İsmayıl, Qabıl doslarım,
Jan'abay, Tolıbay, Kamal jaslarım,
Tarawg'a Qırıqbaydın' qalın' shashların,
Usta bolıp taraq sog'ayın sizge...

Da'wran atın su'rsem, - siz benen su'rdim,
Merekeles bolıp, ma'jliske kirdim,
Hamalı bir deser zamanı birdin',
Sharshasan'ız bir at bolayın sizge.

Quyash nurı - kewil aspanımızg'a,
A'jeliy mug'allaq-dushpanımızg'a
Ba'lent pa'rwaz a'ylep ushqanın'ızda,
Qoltıg'ında qanat bolayın sizge.

Ko'p uwıqta bolar bir maqset - tilek:
Ba'ri bir shan'araqtı ko'terer tirep.
Sonda gu'ldirewish turar gu'rkirep,
Mendag'ı bir uwıq bolayın sizge.

Dos-yaranlar iyni kelgen wag'ında
Aytısar-shertiser xızmet babında.
«Tatıwlıq» degen bir iyisli sabıng'a
Juwsaq kewil kiri jolamas bizge.

Oqıp ko'rsem «Shejiresin» Berdaqtın',
Birlik penen arba soqqan jer taptım.
Baxtı gu'rlep bu'gin qaraqalpaqtın',
Atı xattan shıg'ıp, tu'sip tur ko'zge.

Xalqım tatıp taza bag'dın' almasın,
Burqıp aqtı ko'rkem so'zdin' arnası.
Biz aydag'an a'debiyat arbası
Du'nya bası mu'lkdur ol ha'mmemizge.

Jan'a qosıq jan'a da'wirden nıshan,
A'wel bul arbanı aydadı Asan.
Bul bir a'jep arba serlep qarasan',
Xalıq qızıg'ıp turar aydag'an gezde.

No'jim, A'met, Joleken'ler basında,
Olar ha'm aydag'an bizdey jasında,
Abbaz, Sadıq minip altaqtasında,
Xalıqqa so'z unatıp, ko'p tu'sken ko'zge.

Xojeken' de bug'an ko'p ko'rgen shara,
Marat ha'm jolına bolran pa'rwana,
Arısın to'belep A'denbay bala,
Maqtawın asırıp, ısırg'an bizge.

Qıyqıwın jetkizip ko'plep-ko'meklep,
Aydap kiyatırmız bizdag'ı eplep,
Shıyqıldasa maylap, sawsasa seplep,
Shu'yin qataytamız bosasa tezde.

On'laymız, sazlaymız ortag'a alıp,
Jumıstan keyin ha'm qasında qalıp,
Gu'pshekleymiz ha'mme qıyqıwdı salıp,
Arba shıg'arlıkqa bet alg'an gezde.

Arbamızdı jurt maqtasa quwanıp,
Jamanlasa, - qısırımız suwalıp,
Bir ku'n ha'm **q**oymaymız onı tuwarıp,
ASIG'AMIZ maqset - ma'nzilimizge.

Jolawshı jol qarıp, sharshar bolmayma,
Arbakesh ha'm jaqpay keter sondayda,
Ko'tergini julıp alıp, sol jayda
Ursaq deymiz onı, keltirmey so'zge.

Aldın' kesh, qonaq jay tapqanın' hesap,
Dus keler bir otaw, jag'ıwlı oshaq,
Tınıg'ıp, qaytadan biz apaq-shapaq,
Tan' sa'ha'rden tag'ı jol tayın bizge...

Paxtakesh aq altın ka'rwanın tartıp,
Mashinalar barar jollarda shalqıp,
Biz eldin' ruwhıy baylıg'ın artıp,
Aparamız altın da'wirimizge.

Tu'r bolsın dep bul bir tımsallı qosıq,

At jektim, doslarım, arbanı qosıp...
Siz benen bir jasap, siz benen yoshıp,
Sa'wbetles bolıw zor g'a'niymet bizge.

Aqsham tawıqlar ha'm uyqıg'a jatar,
Sigareta sorıp tan'ımız atar,
Nanları minletli, sorawı qatal,
Bir baxıtlı ho'ner berilgen bizge.

Ko'z nurın'nan tamg'an ko'rkem so'z qanday,
Bul bir iyne menen qudıq qazg'anday,
Xalıqqa so'zin' jag'ıp ketse azg'antay,
Sheshen' kız tuwg'anday, nur ener ju'zge.

O'zin'e sezilmes jurttın' sezgeni,
Kim unatsın ko'p so'ylegen ezbeni,
Qaltqısız o'lshegen xalıqtın' bezbeni
Naq bahasın berer ha'r awız so'zge.

Ustalar jay salar berip ıqlasın,
Diyqan minlet etpes ekken paxtasın,
Maqtasa so'zin'di xalqın' maqtasın,
Hasla salıg'ı jok aytqannın' ju'zge.

Qa'lemles, za'n'giles a'ziyz doslarım,
Hesh bir ortaymasın tolı yoshların',
A'miw boylarının' bu'lbil qusların
Ha'zir ko'p jer tanır ellerimizde.

Zaman ko'rkin tınbay sayrap ju'rsin dep,
Hawazına ja'ha'n qulaq tu'rsin dep,
Jas a'wladqa jan azıg'ın bersin dep,
Shiyrin ziban bergen tillerimizge.

So'z marjanı ol ha'm eldin' da'wleti,
Qızsın altın qa'lemlerdin' sa'wbeti,
Bizde bolsa xızmet qılıw na'wbeti,
Ayanbay xızmetler qılayın sizge.

Ko'z tiymesin, zaman alg'a ketip tur,
Xalıqtın' kewlindegi bir-bir pitip tur,
Da'wir bizden to'reli so'z ku'tip tur,
Ken'nen ashıp kewil sarayın bizge.

Sentyabr 1976-jıl.

## BİZİN' AWILDIN' QIZINA

Sag'an ko'ldin' aq quw kusın
Megzetkenin ko'p esittim.
Tırnalar o'z otırısın
Sennen alg'an dep esittim.

A’rwanalar botalag’ına
Usatıp ko’z ko’risin’di,
Kiyikler o’z ılag’ına
U’yretermish ju’risin’di.

Toyda ko’rsem, ha’mme saqıy,
Jolların’a shashar barın.
İste ko’rsem, bir ila’hiy
Muzıkaday qıymılların’.

Ayta bersem, jurt aldında
Maqtanıwday bolıp keter,
Sen ba’ha’rde shıqqanın’da,
Sho’ller gu’lge tolıp keter.

To’rinde sho’l dalalardın’
Oynar erkin aq marallar!
Ash ko’z zalım an’shılardın’
Tu’slerine ener olar…

Sen hesh kimge berme erik,
Umıt, janım, bayag’ın’dı.
Ko’kirekti sa’l ko’terip,
Tigirek bas ayag’ın’dı.

Sag’an mina’sip do’retip
Ma’rtlik, zeyin sanaların,
Jigitlerdi g’oshshaq etip,
Tuwar go’zzal anaları.

İshin ku’ydir sen olardın’,
Nazdan belin’ sınıp ketsin,
Menmensigen qalalardın’
Ko’rip ko’zi tınıp ketsin.

Bilemen, jol alısına
SHIG’IP, sırtqa barmag’ansan’.
Sulıwlardın’ jarısına
Tu’sip, «missis» bolmag’ansan’.

Biraq, sendey arıw ushın
Nege da’rkar onday ermek?
Seni du’nya tanıwı ushın
Mag’an ju’yrik qa’lem kerek...

Sa’l sabır et, ele men de
Ko’rkin’nen yosh alıp turıp,
Salayın bir su’wretin’di,
Jer-ja’ha’ng’a tanıttırıp.

Ko’reyin tap, sonda senin’
Dan’qın’ ko’kti qushpag’anın,

Dalanın' sum Demonının'
Seni aylanıp ushpag'anın.

Ko'reyin men, sonda maqtap,
Seni du'nya su'ymegenin,
Afrodita albıraqlap,
Kiyimin tez kiymegenin…

## KO'L BOYINDA

Qaytqan qusqa tolıp ko'k jiyek,
Issı jaqqa ushar tırnalar,
Mashinag'a u'ylerin tiyep,
Ko'l boyınan ketti sharwalar.

Oshaq tu'ter suw jag'asında,
Ketken onı iyesi taslap,
Bul oshaqtın' aynalasında
Shay ishkenmen talay jambaslap.

G'arrı shopan u'yin jıqtı da,
Kabinag'a otırdı endi,
Qos burımın qoynına tıqtı da,
Qızı ju'ktin' u'stine mindi.

Ju'k u'stinde iytin qushaqlap,
Barar bizge shay quyg'an sol qız,
Qız jurtında qalg'an oshaqqa
Qarap turman esirkep jalg'ız.

Ko'lde quslar bazarı tarqap,
Issı jaqqa ushıp baradı.
Jaslıq da'wran otawın jıynap,
Bizdi taslap ko'ship baradı…

## VENERANIN' SKULPTURASINA

Su'wretin'di qanday sheber saldı eken,
Kelbetin'di qaysı hayaldan aldı eken.
Qansha da'wir, qansha a'wlad qılg'ınıp,
Sıng'an qolın' qaysı jerde qaldı eken?

Arıwlıqta a'rman etse jan neni,
Sulıw tulg'an' o'z boyına ja'mledi,
Qolsız mınaw jurttı iyirip turg'anın',
Qolın' bolsa qırasan' g'oy HA'mmeni…
May, 1973-jıl, Moskva.

## GEDEYLİK

Du'nyada ne jaman-gedeylik jaman,
Ju'zin' to'men etip, qoymaslar aman.

«Atın’ shıg’ıp, abırayın’ artsa da,
Bizdey bayg’uslarg’a tu’spedi-aw sayan’».

Dedi bir a’mekim awıldan kelip,
Tın’lay berdim onı zeynimdi berip.
Ag’ayin azarda, bezeri bolmas,
Ayap kettim barıp awhalın ko’rip:

Biyshara ırastan a’biger tartqan,
Bir basına sonsha mashaqat artqan,
Ruzıger mashqalasın arqalap,
Mal tabıw jolında juwırıp-jortqan.

Bes gektardan zıyat ha’wli-ha’remi,
Bes sıyır, otız qoy - malım degeni.
Bes mın’ tu’p aq terek, bir ferma tawıq,
Bes tanaptay jon’ıshqasının’ ko’lemi.

U’y bolıp solardı bag’adı eken,
Tınbay janın otqa jag’adı eken,
Ol da azday, u’yden jırılg’an waqta
Sovxoz jumısına shıg’adı eken...

Du’nya mal jigittin’ aqılın alg’an,
Ol qaralay o’ship, o’zegi talg’an.
Turmısında ra’ha’t joq, tınım joq,
Kiyiniw, iship - jew da’stu’rden qalg’an.

Ha’wlisi aylang’an tawıq qorag’a,
A’tirapı tolg’an gu’dshek, urag’a,
Qat-qat gilem, kiyiz arsha u’stinde
Bir to’selmey jatır izeyxanada.

Ku’n-tu’n juwıradı maldan ku’sh alıp,
Balları oqıwdan «eki», «u’sh» alıp,
O’rmekshi awına tu’sken shıbınday,
Jigit bayg’us qalg’an jipsiz tusalıp.

Qurdas patlı edi, ketken azıp ta,
U’yden, maldan bir shıg’almay jazıqqa.
A’kesinin’ egip ketken bag’ları
Aylanıptı mal baylaytın qazıqqa.

Bıyıl jigit bir qıdırıp qalmaqshı,
Boy tiklep du’nyag’a na’zer salmaqshı.
Moskvag’a barg’andag’ı maqseti,
Arzanıraq u’sh-to’rt gilem almaqshı...

Gedeymen degenin bilmen’ler jalg’an:
Qon’ısılar sıylıqqa «Jiguliy» alg’an.
Bul «sorlıda» ha’tte mototsikl joq,
Televizorı da ko’rsetpey qalg’an...

«Gezek pada» menen bag’ıp ju’r malın,
Malg’a pida etip bir shıbın janın,
Shınında da ayap kettim joramnın’
Adam shıdamastay gedeylik halın.

Ayttım og’an: Sondaymısan’ ele sen?
Bul ju’risten a’jel jetpey o’lesen’.
A’ken’ quwmay ketken du’nyanı quwıp,
Bunın’ ra’ha’tin qashan ko’resen’?

Du’nya quwıp jaslay qa’ddin’ dal bolıp,
Zamanın’ aldında tilin’ lal bolıp,
Abıray barda esin’di jıy, jorajan,
O’zin’dag’ı ketpey turıp mal bolıp…
1973-jıl.

## MARAPAT UYIG’I

«O’r betten ko’p jan’a kanallar alıp,
Da’ryada suw qayttı» desip atqanda,
«Ag’ash kuyrıq» ag’am quwaqılanıp,
«Hasla olay emes» depti ol sonda.

«Maqtawdan kay na’rse ketpeydi azıp?
A’miwdi marapat uyıg’ı tepti:
«Ja’yhun da’rya», «asaw da’rya» dep jazıp,
Da’ryanı shayırlar qurıttı» depti.
1976-jıl.

## DAN’Q ARBASI

Dan’q arbası gu’pshekke zer jalatqan,
Bo’genegin ko’mkergen sap gu’miske.
Dan’qtın’ ju’gin tartıw ushın jaratqan,
Bolmaydı ol shan’lı jolg’a miniske...

AYAG’IN’DI puta tırnap, tas qıyıp,
O’rmeleysen’ asqar tawdın’ basına.
Jol azabı qastın tiger qasqıyıp,
Taw qarınan qıraw tu’ser shashın’a.

Ha’mme qaytar mashaqatqa ko’ne almay,
Tek sen kettin’ shın’g’a ayaq basıwg’a.
Aqırında mindin’, jurtlar mine almay,
Eteklikte telmirisken asıwg’a.

Bultlar awnar ayag’ın’a bas urıp,
Biraqta ku’n jerdegidey qızdırmas.
Tu’serlikte kiyatırsan’ ma’sirip,
Ayaq talıp, kirpigin’e muz turmas.

Kiyatırsan’ tu’serlikte sen a’ste,
Ma’nzilin’e jetiwge az qaldı da’.
Ko’binshe sol ko’lik kerek emeste,
Dan’q arbasın tartar senin’ aldın’a...

Jurt gu’wlesip ko’termelep baratqan
Bul arbanın’ jolı dımnan jin’ishke.
Marapattın’ mort ag’ashınan jaratqan,
Jaramas ol jumıs ushın miniske.

Baz birewler bunı jaqsı bilse de,
Tozdırar onı quwıp aydap dembe-dem.
Yamshik jallap jol arbasın minse de,
Pushkin jolg’a dan’q arbasın minbegen..

## G’ARRILAR

Awılımnın’ g’arrıların su’yemen,
Ha’r so’zine bererem bir tu’yeden,
Ha’r birinde Jiyrenshenin’ aqılı,
Qaltasınan tu’rtip turar naqılı.
Gu’rrin’leskeninde jaylasıp olar,
Ha’r biri o’zinshe «fa’ylasuf» olar.
Olar sa’l na’rsege qana’a’t qılg’an,
Olar asıqpaydı, asıg’ıp bolg’an.
G’arrılıqtın’, awır minnetli ju’gin
Sır bermey ko’terip ju’riser bu’gin.
So’z qozg’asa Adam atadan baslar,
İzin ay, juldızg’a aparıp taslar,
Aydan kelip, maqtasar bul zamandı,
Siyasattan «oqıtar» ha’r adamdı.
Ne aytsa da, o’zi ko’rgendey aytar,
Bilmese de, o’zi bilgendey aytar.
Bazda qayıl qalsan’ danalıg’ına,
Bazda ku’lkin’ keler sadalıg’ına,
So’ytse de, olarda teren’ ma’ni bar,
G’arrısız awıldın’ qanday sa’ni bar?
Jaslar xızmet etip, to’rinde ku’ter,
So’ytip azamatlıq sınawdan o’ter.
Eger sen aspandı tursan’ da tirep,
Attan tu’sip, sa’lem bermegin’ kerek.
Sonda g’arrılar qaytadan tuwg’anday,
Quwanar beline belbew buwg’anday.
Ju’rdek eshekler u’stinde g’awqıyıp,
So’ylesip barar jolg’a zorg’a sıyıp.
Biraq an’lamag’an edim hesh burın:
Keshe awıl jolında keshqurın
Ko’rdim bazardan qaytqanın olardın’.
Ayhay, dım siyreksip barar olar dım...

*1975-jıl.*

## QULPITASTAG’I JAZIWLAR

(epitafiya)

**Ko’pirip ko’p jazatug’ın shayırdın’ qulpıtasındag’ı jazıw**

Bul sonın’day shayır: ol hesh o’lmeydi,
(Tuxımı ko’p na’rse qalay o’ledi?)
Pushkin bul du’nyag’a endi kelmeydi,
Biraq, mına shayır talay keledi...

**Zıqna ha’m saq adamnın’ kulpı tasındag’ı jazıw**

Bunın’ saqlıg’ınan kuday saqlasın,
Sır seyfinin’ giltin joytpastan ketti.
Kirzovoy etikte saqlap aqshasın,
O’lerde o’zine de aytpastan ketti.

**G’ıybatkeshtin’ bas ushındag’ı jazıw**

Bul «domalaq arza» jazsa, qorqın’lar,
(Do’hmetinen ko’pler urılıp ketti.)
Qon’ısı qa’birlerde jatqan marhumlar
Bul barg’anson’ qorqıp tirilip ketti...

1975-jıl.

## ATLAR

Atlar, atlar! Alıs ketken qıyalday,
To’rt ayaqtan to’gilgen gu’l ho’neri.
Juldızday, da’ryaday, sulıw hayalday -
Ta’biyattın’ yoshlı do’retpeleri.
Doynaq penen jazıp du’nya tariyxın,
Planetanı du’sirletip o’ttin’iz.
U’rkip dawısınan mashinalardın’
Saxna artına shapqılasıp kettin’iz,
Adam ju’risin’nen qana’a’t qılmay,
Ju’wenin’di bastan sıyırıp aldı.
Bayag’ı dawrıqlı dan’qın’ız, ay-hay,
Endi tek shayırdın’ qosıg’ında qaldı.
Zaman qattı ketti. Ete almas qayıl
Onı ha’tte laynerlerdin’ pa’rwazı.
Jer tanabın qansha quwırg’an sayın,
Sonsha asıg’adı, bolmay ırazı.
İyen’ seni minbes jayaw qalsa da,
Mashinada onın’ g’a’rezi-qastı.
Jolda avariya an’lıp tursa da,
Olar mototsikllerge jarmastı.
Siz tek mal atın’ız benen bul ku’nde
Elden awlaq du’rkiresip ju’resiz.

Texas dalasında, qırg'ız jerinde,
Poezdlar dawısına qulaq tu'resiz.
Al endi ullı toy ku'ni shaw – shuwlı –
Ba'ygi ha'm ılaqqa shıqqanda sizler,
Adam namısı ushın qaytip shabıwdı
At namısı menen ko'rsetesizler...
A'ne, jılqı u'yiri ko'lge quladı,
Janıwar bir jiyren qasqa tayınshaq,
Tan' aldında ne dep kisnep turadı,
Jan'a tuwg'an Sholpan juldızg'a qarap?!

Atlar, atlar!
Ma'n'gi dostı adamnın'...
İyun 1974-jıl

Nesiben' aq bolsın qısqı daladay:
Qızıl tu'lki awnap azang'ı qarg'a,
Ayaz ku'n qa'ha'ri shag'ılısıp nurg'a,
Kewlin' - tay shapqılap shıqqan baladay.

Kewlin' ıssı bolsın jazg'ı daladay:
A'rman ten'izindey buldırap sag'ım,
Suw ha'm sayanı en' sag'ınar wag'ın',
Tu'n - ra'ha't. Juldızlar parlap janadı-ay.

O'mirin' jaynasın ba'ha'rgi daladay:
Qara no'ser menen tawdan say qulap,
Bult artında qızıl-jasıl ayqulaq,
İnsan u'mitleri gu'ller daladay.

Aqılın' ka'mil bolsın gu'zgi daladay:
Jantaq so'klep, hawa mumday tınıg'ar,
Kewilin' a'llekimdi an'sap zarıg'ar,
To'ben'de shırıldap torg'ay turadı-ay...

## AYAZ QALA

Ayaz qala - danalıqtın' qalası,
Go'ne tariyx sag'an iyek su'yegen.
Qıyratıwshı waqıt penen talasıp,
Tas burkittey turısın'dı su'yemen.

Tasın' ku'yrep, topırag'ın tozg'ıg'an,
Sen bilesen' turalmaysan' ma'n'gige.
Biraq senin' basın'dag'ı boz duman
Uyıp qalg'an ullı tariyx - a'n'gime:

**I**

Arxeolog jigit Leningradtan
Mın' jıllık jazıwdı oqıydı yadtan.

Qazıp atırıp bir eski qorg'andı,
Ko'k shırshalap jazg'an tas tawıp aldı.

Jazıwdı urıstırıp oqıdı a'ste
Ha'm bir go'ne ertek so'z tu'sti eske:

G'a'zep penen qaynap xalıqtın' qanı,
Taxtınan taydırdı zalım patshanı.

Ha'm du'zde mal bag'ıp ju'rgen paqırdı
"Taxqa otır, xan boldın'" dep shaqırdı.

So'ytip, xan ko'terdi shopandı olar,
Shopan - xan zor bolıp shıqtı gelleg'ar.

Zeyninde bar edi aqıldın' ko'zi,
Ha'r bir aytqan so'zi naqıldın' o'zi.

Xalıqtı soradı sonın'day a'dil,
Ko'z jasların tıydı jetim ha'm jesir.

Eldi tazaladı urı-g'arıdan,
Bayıwlılar ushtı tappay go'ne tam.

Aqsha da'rya boyı gu'listan bolıp,
At shıg'ardı kimsen' Ayaz xan bolıp.

Da'wleti ba'rsheden boldı zıyada,
A'dalatlıq dan'qı ketti du'nyag'a.

Qog'aday japırılıp xalqı sıyladı,
Tuwrılıqta ten'i-tayı bolmadı.

Biyjo'n ko'termedi adamg'a qolın,
Oyladı ol asıp-taspawdın' jolın.

So'ytip, ol o'zinin' xan sarayına, -
Biyik altın taxtın' qaq man'layına –

Qazıqqa qıstırıp qoydı ol bu'gin
Shopan waqta kiygen jaman sharıg'ın.

Ha'm ko'k shırsha tasqa juwırtıp nurdı,
"Ayaz, sharıg'ın'a baq!" dep jazdırdı ...

2

Qalanı jaw qamal etti bir waqta,
El basına tu'sti tag'ı da'rtli ku'n.
La'shker bası bir ma'rt eken biraq ta
(Jaw da bolsa aytpay bolmas ma'rtligin.)

Bir biyikke minip alıp ol adam,
Qorazlanıp buyrıq berdi daladan:
“Biz kelgenbiz erkek penen urısıwg’a,
Qatınlar tez shıqsın – dedi - qaladan!

Shashı uzın, qısqa olardın’ aqılı,
Bir aqshamda ketsin olar maqulı.
Ha’tte ha’r bir hayal kerek buyımın
Ko’tergenshe a’ketiwge haqılı”.

“O’ybbey bala, jaqsı jaw g’oy, haw mına!”
Dep hayallar quwanısıp qalıstı.
Zatın tu’yip, tislep alıp awzına,
Balaların qollarına alıstı.

“O’lgenin’nen amanlıg’ın’ dım qızık,
Hay, beri kel, min moynıma, balajan!”
Dep erkegin moyınına mingizip,
Barlıq hayal shıg’ıp ketti qaladan...

Pah, shabazım, akılın’nan-oyn’nan,
Yar aylansın senin’ qa’ddi-boyın’nan!
A’tten’ biraq sonnan beri ko’p erkek
Tu’skisi kelmey ju’r jumsaq moynın’nan...
*1974-jıl*

## PAZNALAR

Almastayın qıl qawasız egelmey,
Misli qatarlasıp ushqan g’az barar.
«Jer astında ay baratır» degendey,
Harman’lar, japakesh polat paznalar!

Ha’r salg’an tabın’ız - bir shuwmaq qosıq,
Bolmas bir so’zin’di alıp ya qosıp
Sizdi ısqan shadlı miynettin’ yoshı,
O’shpes iz qaldırg’an dana paznalar.

Traktorlar oyatıp ken’ dalanı,
Jawqıldatıp sizdi iske saladı.
Quslar keynin’izde toylap baradı,
Ba’ha’r nurın jerge bergen paznalar.

Diyqan isi tolı alg’ıs, ma’nige,
O’mir beretug’ın ırısqı da’nine,
Gu’mis giltsiz ken’ baylıqtın’ ka’nine,
Azat miynet jaltıratqan paznalar.

Puwı shıg’ıp jan’a jabılg’an nanday,
Jas topıraqtın’ tanıs xosh iyisi qanday!
Jer betinde tolqın do’rep atqanday,

Shımlardı to'n'kergen palwan paznalar.

Jan'a u'mit penen janın su'yinip,
Haram sho'pler tu'p-tamırdan qıyılıp.
İzin'izden ıg'bal da'ni quyılıp,
Jer anamız ju'kli bolar, paznalar.

Shım topıraq qursın jazıp dem alar,
Jer bawırına sin'ip so'nbes nur qalar.
Erten'ginin' ırısqı da'ni ırg'alar,
Sizler ju'rip o'tken jerden, paznalar.

İnsan miynetinin' ra'ha'tin ko'rsin,
Ha'mme jerde ıg'bal urıg'ı o'nsin.
Jer bawırın tilse tek pluglar tilsin,
Quraldı eritip, quysın paznalar.

*1992-j.*

## MEN ABAYDI YADG'A BİLGEN XALIQPAN

*(28-may 1971-jıl, Alma-Atada Abaydın' 125 jıllıq merekesinde oqılg'an qosıq)*

Men Abaydı yadg'a bilgen xalıqpan...
A'miw boyı tuwıp o'sken topırag'ım,
Sizin' menen bir putaqlas japırag'ım.
Kewlim ashıq - aqshamı joq jarıq tan', -
Men Abaydı yadg'a bilgen xalıqpan.

Shın'g'ıs tawda shıqqan Abay jırları,
Ko'p jan'g'ırtqan qaraqalpaq qırların,
Berdag'ımnın' qosıg'ına qosılıp,
Qulag'ıma birge shertken sırların.

Ko'sh artında asıq oynap jasımda,
Tariyxtan sa'l keshewillep qalıpban,
Bilim bar dep eskermepben basında, -
O'len' so'zge o'zim biraq alıqpan, -
Men Abaydı yadqa  bilgen xalıqtap.

Birge bastıq tariyx jolın aqırın,
Qansha uzaq jolı bolsa tu'yenin'.
«Qaraqalpaqlar - dalanın' bas aqını»
Dep aytqan g'oy ullı Shoqan jiyenim.

Baxıt izlep bir qatepke ju'k basıp,
Babalardın' atı sharshap-shalıqqan.
Dombıran'a duwtarım tur juplasıp,
Jırlasqanda jırın'a dım qanıqpan,
Men Abaydı yadg'a bilgen xalıqpan.

Mine bu'gin baxıt eli dalan' tur,
Ken' dalanı ken'eldirgen adam tur.
Jerin' jaqın «ja'nnet» degen ug'ımg'a,
Abay ag'a an'sap ketken zaman bul.

Dilmashsız aq qazaqshag'a qanıqpan.
Ku'y tın'layıq, dombıran'dı ala bar.
Sen Abaydın' birer so'zin umıtsan',
Men aytayın, kel de mennen sorap al.

Tegimiz bir eris-arqaw shalısqan.
Miyrim su'tin bir emishekten emisken,
Tar qursaqta tay g'unanday tebisken,
Xanalasım qazaq eli, sharıqlan'!
Men Abaydı ag'a tutqan xalıqpan.

*28-may, 1971-jıl. Alma-Ata.*

## KO'KSHE TAW

Arqada bir el ko'rdim Ko'kshe degen.
Tawların qız ju'gindey tekshelegen.
Bundag'ı o'sken adam, o'zge jerde-
«Ja'nnet bar» dep maqtasan' ko'ksemegen.
Kel janım, sol Ko'kshege mingizeyin,
To'ben'di ko'kshe bultqa tiygizeyin.
Mennen basqa su'ymegen aq ju'zin'di
Tawdın' jupar jeline su'ygizeyin.

Jurt ko'rmey-aq Ko'ksheni ko'p aytadı,
Birew kelmey, birewler kep aytadı.
Gu'mis ko'lge shomılıp shıqqan adam
Jartı o'mirge jasarar dep aytadı.
Kel janım, shayır tili jetpegendi
Ko'kshe taw ko'rkem etip aytıp bersin.
Seksen ko'ldin' birine bir su'n'gip al,
Mensiz o'tken jasın'dı qaytıp bersin.

Ko'kshenin' sulıwlıg'ın ko'p aytadı,
Birew kelmey, birewler ko'p aytadı.
Buwrabayda bir tu'nep shıqqan adam
Ashıq bolmay ketpeydi dep aytadı.
Kel, sa'wlem, tarttım sag'an ko'k kemeni,
«Jumbaq tasta» qaldırma jekke meni.
Sıylay bil basqalardın' barlıg'ında,
Ashıq bolsan' su'yego'r tekte meni.

Bul tawda qoylar bulttay ko'shedi eken,
Baxıt da'ni biyday bop o'sedi eken.
Ko'kshe tawdın' qımızın qanıp ishse,
Dawası joq da'rtke em tu'sedi eken,
Kel janım, himmetin'nen bayıg'ayın,

Qazaqtın’ bal qaymaqlı shayı tayın.
Bal barmaqtı batırıp quy qımızdı,
O’zin’ jazg’an da’rtin’nen ayıg’ayın.

Bul Ko’kshe taw Sa’kenge sırlas deydi,
Qazaqtın’ muzasına Parnas[13] deydi.
«Oq jetpeske» o’rmelep shıqqan adam
Shıntlasa shayır bolmay qalmas deydi.
Kel janım, Ayna ko’lde ku’teyin men,
Sulıwlıqta sadag’an’ keteyin men.
Tırmasıp shayırlıqtın’ ko’k shın’ına,
O’lgenshe seni jırlap o’teyin men.

Tas sınıg’ın a’kettim Sırımbetten,
Bunda dan’qlı jiyenim Shoqan[14] o’tken.
Onı tapqan apamnan aynanayın,
Qazaqqa sonday uldı sıylıq etken.
Jazg’ı keshte shomılım zer quyashqa,
Aqsha kiyik turadı tik jar tasta.
Aq qayın’lar biy biylep atırg’anda,
An’sap ko’rgen ashıqlar oynamas-pa!
Kel, su’yeyin muhabbat ko’li bolıp,
Ketego’rme ko’lde suw peri bolıp,
Awıl sırtı awlaqta sırlasayıq,
Sen Aqtoqlı men Aqan seri bolıp.
Bul jerge kelse bizdey kisi kelgey,
Muhabbatqa qay jannın’ ku’shi kelgey?
Kim senin’ ıg’balın’dı ku’nler bolsa,
İlayım «Oq jetpesten» ushıp o’lgey.

*Ko’kshe taw. 10-sentyabr, 1972-jıl.*

## SANAT[15]

Ku’shli bolsan’ jerdey bol.
Bar na’rseni ko’tergen.
Taza bolsan’ suwday bol,
Ba’rin juwıp ketirgen.

*(Qırg’ız sanatı).*

Kewil degen jaman zat.
Taw bolsam dep turadı,
Na’ha’nlikte ha’mmeden
G’aw bolsam dep turadı,

Kewil degen jaman zat,
Dala bolsam deydi ol.
Qartayg’anda qaytadan

---

[13] Parnas – grek mifologiyasında shayırlıq yosh tawı.
[14] Ataqlı demokrat ilimpaz. SHoqan Wa’liyxanovtın’ anası qaraqalpaq qızınan tuwılg’an (İ.Yu.).
[15] - Qırg’ızda termeni «sanat» deydi. İ.Yu.

Bala bolsam deydi ol.

Kewil neni ku’semes?
Bu’rkit bolıp uyada,
Qus balası qonbag’an
Qonsam deydi qıyag’a.

Qoy balası sho’p otlap,
Enapatqa semirer.
Kewil degen sonday zat,
Marapatqa semirer.

Kewil degen ken’eyse
Ken’ saraydın’ o’zi ol.
Kewil qurg’ır taraysa,
Bir tebennin’ ko’zi ol.

Kewil qusı yoshlansa,
Juldızlarg’a ushar ol.
Kewil ko’zi jaslansa,
Japalaqqa usar ol.

Kewil ku’ni qızarsa,
Tawdın’ tasın jibiter.
Ju’reklerde muz tursa,
Sol muzdı da eriter.

Kewil qurg’ır muzlasa,
Basqalardı ton’dırar.
Kewil gu’li jaynasa,
Sho’lge bostan qondırar.

Sa’l na’rsege qıltıyıp,
Shamırqanıp turatın,
Kewil degen ne desem,
Nasıbay eken bir atım.

Aynadan qattı na’rse joq,
Sa’l na’rseden sınar ol.
Kewilden pa’tli da’rya joq,
Sa’l jerde tınıp qalar ol.

*    *    *

Da’wran degen bir jorg’a,
Su’re alg’an su’rip baratır.
Na’psi degen bir dorba,
Tawlar sıyıp baratır.

Na’psi degen zon’ g’arg’a,
Toyar ku’ni bolar ma.
Razmersiz bir dorba,

Tolar ku’ni bolar ma!

Kisilerdi qıynaysan’,
Wa kisilik-kisilik!
O’z xanan’a sıymaysan’,
Sa’l na’rsege isinip.

U’lkensip ju’rip ha’mmeden,
Ushalmag’an kisilik.
Attan tu’sse, za’n’giden –
Tu’se almag’an kisilik.

A’p-a’neydey ko’zlerin’,
Alawratqan kisilik
Ta’kabbırsıp, tillerin
Lalawlatqan kisilik.

A’zzige u’yip qabag’ın,
Shalqayıp ketken kisilik.
Ku’shlini ko’rse, ayag’ı –
Qıysayıp ketken kisilik.

Jıynap-jıynap giyneni,
Jipke dizbe iyneni.
Dosların’a o’kpelep,
Tu’ye qılma tu’ymeni.

Sayıp-sayıp sırtınan,
Ku’lme adamnın’ artınan.
Zar bolarsan’ dostın’nın’
Ko’ship ketken jurtına.

*1975-jıl.*

**SON’ KO’LDE**

Bermes edim on ko’lge,
Ko’l iyesi men bolsam,
Kel sulıwı Son’ ko’lde
Men bolsam da sen bolsan’.

Azanda erte oyansan’,
Ko’l suwına shomılsan’,
Aqquwday bop taransan’,
Qaptalın’da men bolsam.

Qosıqlar kelse do’rewge,
Qalsan’ ko’lde tu’newge,
“Su’yemen” desen’ birewge,
Sol birewin’ men bolsam.

Bolot bolsam jılqı aydar,

Tartıp alsam Jantaydan.
Sulıwlıqta xalıq aytar
Aqmo'r[16] menen ten' bolsan'.

To'rtew qalsaq awlaqta:
Samal esse taw jaqtan,
Son' ko'l menen sol waqta
Sen bolsan' da men bolsam.
Son' ko'ldin' jawg'an qarında,
Jaslıg'ımnın' barında,
Qalar edim Narında,
Eger janım sen qalsan'...
*1973-jıl.*

## ALARSHA[17]

- O, taw suwı, nege ba'rhama
Shala o'kpe bolıp shabasan'?
Ko'ksin'di sen qıya taslarg'a
Urıp,
Urıp,
Urıp ag'asan'?
- Men ta'kabbır sulıw qız edim,
Jigitlerdi mise tutpag'an.
Bir jigitke men bılay dedim:
«Ket jog'al sen, ko'rinbe mag'an!»
Jigit mıyıq tarttı bir ku'lip,
Basqalarday ashıwlanbadı.
Qız kewlinin' sonshelli biyik,
Sonsha na'zikligin an'ladı.
Ha'm esittim alıs tawlarda
Qorg'ap menin' qız namısımdı,
Jalg'ız qarsı shıg'ıp jawlarg'a,
Meni oylap ju'rgen dep mun'lı.
Ko'rdim sol jigitti tu'simde:
Jaralanıp qulaptı attan,
Onday bolıp meni hesh kim de
Su'ye almasın men an'lamappan.
Bir basına awır ku'n tuwıp,
Jatsa kerek dalada qashshan.
Sol jigittin' jarasın juwıp,
Sol jigittin' bir sho'lin bassam.
Sol ushın da sekirip jarg'a,
O'rden ıqqa qaray shabaman,
Aq ko'ksimdi qara taslarg'a
Urıp,
Urıp,
Urıp ag'aman
Sentyabr 1975-jıl.

---

[16] Aqmo'r – xalıq awzında ertek bolg'an sulıw qız, jılqıman Bolot onın' ashıg'ı (İ.Yu.).
[17] Alarsha – qırg'ız elindegi bir taw bulag'ı.

## QIRG'IZ GAİ ERKİNGE SHEST BEREDİ

(Qırg'ızstanda sovet a'debiyatı ku'nleri taw jollarında bolg'an degishpelerden)

Qırg'ızg'a poeziya ju'gin tasıp,
Alatawdın' basınan ko'sh keledi.
Ballar jolda "doslıq" dep qıyqıwlasıp,
GAİ ler jolda Erkinge shesg beredi …

O'z "Volgasın" o'zi aydap bizin' Erkin,
Tashkentten Issıq ko'lge tarttı bir ku'n.
Ko'l boyında kawıshıp muzasına,
Qosıq jazsam dep shulg'ır kewil shirkin.

"Daesh Issıq ko'lim!" dep zıtıp qaldı,
Dosları Frunzeden ku'tip aldı.
Tan' erten' Rıbashige kirer jerde
Shayırdı GAİ ler g'ana tutıp aldı.

Erkin ayttı: "Keshirin', aqınman dep,
"Qırg'ızlarg'a men sonday jıqınman" dep.
GAİ ayttı: "buzdın' joldın' qag'ıydasın,
Aqınjan, ayırıldın' ba aqıldan?" dep.

Erkin ayttı: "Ha'wesker shofer edim,
Kerek desen' bir qosıq oqır edim" …
GAİ ayttı: "Postta turıp, jol u'stinde
Qosıq tın'lap, men awısh soqırmedim.

Basqalarg'a oqırsan' al onın'dı,
Biz bilmeymiz mırzan'dı, baronın'dı.
Aqın tu'we, Aytmatov bolsan'dag'ı
Pırt etip tesemen talonın'dı.

Erkin ayttı: "Barma o'zi aqılların'
Sonsha nege kes-keslep qaqıldadın'.
Qırg'ız, o'zbek ultları tuwısqan g'oy,
Sıylaydı bir-birinin' aqınların".

GAİ ayttı: Dawıl tursa bult bolmaydı,
Bul da'liylin' kewlime gilt bolmaydı.
Biz ushın jalg'ız zan' - jol qag'ıydası.
GAİ lerde hesh qanın'day ult bolmaydı"…

GAİ, so'ytip, rotordı sheship aldı,
Shayırdın' jayaw qalmay nesi qaldı,
Erkinnin' aytqanına qulaq aspay,
Talonın "pırt" etkizip tesip aldı.

Alatawdan ır ju'klep ko'sh keledi,
Ko'sh tartqanlar GAİ lerden seskenedi,
Sol GAİ ler bu'gin qırg'ız jollarında
Ku'limlep Wahidovqa shest beredi.

Erkin ayttı: "Barmısız, joldın' shon'ı,
Ele jolda tursız ba an'lıp meni.
Bu'gin mag'an tanımay shest beresen',
Esin'de me tutqanın' bıltır, qa'ne!

GAİ ayttı: "Tanıg'anson' toqtap qaldım,
Hu'rmetlep sag'ıng'annan joqlap qaldım.
O'zbektin' sizdey u'lken bir shayırın
Sol sapar avariyadan saqlap qaldım.

Xosh kelipsiz bizge uzaq joldan asıp,
Tuwısqanlıq sezimi asıp-tasıp,
Sizler qırg'ız elinin' ju'reginde
Qaysı joldan barman'lar, - ba'ri ashıq!

Shayırdı xalıq su'yip, eskeredi,
Alatawdan ır tartıp ko'sh keledi.
Jol ashıq aqın doslar, jaqın doslar,
Qırg'ız GAİ Erkinge shest beredi!
1975-jıl, 18-sentyabr, Jumg'al jolında.

**ZAMANINAN KESH TUWILG'AN ADAMLAR...**

Zamanınan kesh tuwılg'an adamlar
Men ayayman sizlerdi.
Ha'r ku'ni siz oyang'anda ko'resiz,
Erte turıp basılg'an ko'p izlerdi.
«Qayda asıg'ar bul izlerdin' iyesi?»
Dep atlı izinen jayaw barasız.
Misli jat ma'jiliske kirgen bir kisi,
Tilge shala tu'sip, esnep qoyasız.
Adamlardın' ay - juldızg'a ushqanı
Sizge ertek yaki bir tu's ko'rgendey.
Bıltırg'ı gazettin' bu'gingi sanın
Bıyıl oqıp «jan'alın'tı» bilgendey...

Zamanınan erte tuwg'an adamlar,
Men ayayman sizlerdi.
To'mengi klassqa kaytadan tu'sip,
Partalasqanday bolasız bizlerge.
Siz bir gezde oqıp ketken kitaptı
Jurt jan'alık bilip oqıp atqanday.
Ozıq eller basıp o'tken etaptı
Bir kalaq el jan'a o'tip atqanday.
Arman barıp jekkelikten zerigip,
Biz jetkenshe siz qayırlıp turasız.
«Tuh, ne degen asıqpaytın adam» dep,

Jurtqa giyne qılasız...

Waqtında du’nyag’a kelgen adamlar,
Qutlıqlayman sizlerdi!
Aprel 1974-jıl.

# «DA’WİR SAMALLARI» kitabınan

## 1982

### BOLMASA

Qus balası bolıp ilinbes sang’a,
Bu’lbildin’ xosh hawaz sesi bolmasa,
Sazdı shertken menen kelmes namag’a,
Kewildin’ bir a’ndiyshesi bolmasa.

A’det qalar, ba’lkim qa’siyet qalmas.
Elge xızmet etpey jigit sınalmas.
Ko’p jasag’an menen aqsaqal bolmas,
Parasatlı aqıl-esi bolmasa.

Birewler qartaysa ziyneti asar,
Eline sa’n berip, to’rge jarasar.
Birewler urg’ashı maymılg’a usar,
Ma’zi adam su’wret tu’si bolmasa.

Kimler jas qaytsa da aqılı tolg’an,
Kimseler zuwqıldap til-jag’ı qalg’an.
Atqa «shuw» degennen basqası jalg’an,
Jası u’lkenlik a’wselesi bolmasa.

Kimdur tirisinde-aq atın joqlamas,
İnsan bolıp, ishken duzın aqlamas.
Berjag’ınan quyg’an menen toqtamas,
Arjag’ında birna’rsesi bolmasa...

*Sentyabr, 1980-jıl.*

### TİLEK

Arıw hayal qarsısında
Dize bu’gip, basın iygen
Rıtsarday[18] tu’sken sıng’a,
O’tinemen o’mir sennen:
San qu’diretli, saqıy, eden,
Asıraygo’r to’rt ba’leden:
Ku’nlemewge u’yret meni,
Saqla jurttın’ o’seginen.

---

[18] Rıtsar – orta a’sirlerdegi evropalı batırlar. Olar hayal namısın qorg’awdı ma’rtebe bilgen. İ.Yu.

Marapattın’ ko’pshiginen,
Maqtanshaqlıq esheginen…

**AT ZA’N’GİSİ ZIN’ILDAR...**

Tarlan shabıs talwas etip tan’larda,
Tan’ samalı oynap sulıw jallarda,
Besiktey terbelgen alma ko’z atlar,
Barar edi gu’wlep gu’zar jollarda.

Su’ysingennen bala janım u’zilip,
Jol boyında qarar edim qızıg’ıp,
Almawıtı atlar shaynap suwlıqtı,
Barar qıl quyrıg’ı tal-tal su’zilip.

Jigitler at emes, altın taxtında,
Baqırıp so’yleser neler haqqında,
Sonda zın’lap ses beredi za’n’giler,
Atlar atqa qaptallasqan waqtında.

Za’n’giler qag’ısıp, atlar jeledi,
Sap gu’mistin’ sın’g’ırlısı keledi.
Ju’z dawıslı orkestrdin’ ishinen,
Bul seslerdi tanır edim ele de.

Esten ketpes, esitsem de burında,
Bir a’jayıp ses bar onın’ sırında,
Ha’r a’wlad usınday za’n’gi qag’ısıp,
Gu’wlep ketip barar o’mir jolında...

Ha’r a’wladtın’ o’z du’rkin, o’z zamanı,
Su’rip barar da’wran atlı jorg’anı.
Ten’li-tusı menen oynap-ku’lisip,
Qanday jaqsı za’n’gilesip barg’anı.

El xızmeti degen bir ullı gu’zar,
Birew shan’da qalsa, birewler ozar,
Lekin jubın jazbas jolg’a bir shıqqan,
Toplımsız shapqan at tuyaqtan tozar.

Ko’rgenlerdin’ alıp aqıl - eslerin,
Aydan’ qaptallasıp, za’n’gileslerim!
Menin’ bala gezde su’ysingenimdey,
Ballar yadlap qalsın za’n’gi seslerin...

*1980-jıl, may.*

**SEN DEGENDE**

Juldızlardın’ en’ jaqtısın
Terip - terip alag’oyg’an,
Adamlardın’ en’ jaqısısı
Sol jaqtıg’a barag’oyg’an.

Asqar tawday adamlıqtı,
Ag'ın suwday hadallıqtı,
Ullılıqtı, edenlikti,
Ko'kiregine quyag'oyg'an.

Sen tuwarsan' aqıldı da,
Sulıwdı da, batırdı da...
«Xalıq» dep senin' atın'da da,
Kim qoysa da dana qoyg'an.

Sen quwansan', kewlim tasıp,
Ay - juldızdı aralayman.
Sa'l injılsan', mazam qashıp,
Saw janımdı jaralayman.

Bazda o'zim danadayman,
Bazda isim shaladayman,
Seni ko'rsem, o'z atama
Erkelegen baladayman.

Sen yosh bersen', so'z tabaman,
Birden eki dep sanamayman.
Sen buyırsan', bassalaman,
Duw - sıyın'a qaramayman.

Kewlin'di tabıwdı oylap,
Bir so'zdi bir so'zge baylap,
Qara tu'nde qa'lem shaynap,
Aq qag'azdı qaralayman.

A'rmanım sol, tursam - jatsam,
So'z qusın ushardan atsam,
Sag'an az - kem so'z unatsam,
Basqa baxıt soramayman.

A'jiniyaz, Berdaq o'tti,
Abbaz, Sadıq jırlap o'tti,
Da'rya bolıp hag'lap o'tti,
Sol da'ryanı jag'alayman.

Hamıs ushın at qashırg'an,
Biyik a'rmang'an asılg'an,
Men de jurt qusap tasıng'an
Bir japakesh shımalayman.

Qosıq - ten'iz, bolsam - balıq,
İs buyırsa sizdey xalıq,
Ayag'ımdı qolg'a alıp,
Basım menen jumalayman.

**İZLENİW**

O’mir izleniwden tursa itimal.
İzlenemen, ku’ndiz qolımda shıraq.
«İzlesen’ tabarsan’» degen de so’z bar,
Durıs-nadurısın sınap ko’rmedim biraq.

İzleymen jol ju’rip, kitap aqtarıp,
Jurttın’ so’zlerine qulaq salaman,
Samaldan sorayman sho’llerge barıp,
Juldızlarg’a qarap oyg’a talaman.

İzleymen ku’n boyı bir ko’mik qazıp,
Terim jawırnıma shıqqang’a deyin.
İzleymen tu’n boyı qosıqlar jazıp,
Tan’g’ı uyqı kelip jıqqang’a deyin.

An’shı du’zge shıqsa izleydi tawshan,
Tırna jalg’ız qalsa tırnasın izler,
Qızlar tan’ sa’ha’rde bulaq basınan,
Aqsham tu’sip qalg’an sırg’asın izler.

Hasla taqatım joq, hasla to’zbeymen.
Joq joyıtqan joqshıday salaman soraq.
O’mirim boyı bir na’rseni izleymen,
Ne na’rse ekenin bilmeymen biraq...
*1979-jıl.*

## O’MİR VEKSELLERİ

O’mir – hesh o’telmes qarızdur baqsan’…
Ana su’ti menen, atalıq parız…
O’mirimde u’sh iret o’zgerdi aqsha,
Biraq hesh to’lenip pitpes bul qarız.

İslesem jumıslar bolmaydı ada,
Qa’lem tartıw menen tan’larım atar.
To’s qaltama qol juwırtsam, sondada -
Ele to’lenbegen vekseller jatar.

Ko’z qıyıg’ın salsam, jazg’an birinde:
«Keshe la’zzet alıp tan’ samalınan,
Shadlandın’ bul g’a’niybetli ju’rimge,
Sol ushın da veksel jiberdik sag’an».

Mınaday dep jazg’an bunnan bo’teni:
«Yadın’da ma alg’an ilhamın’-yoshın’?
O’z elinde shayır atın ko’terip,
Bazda jazg’an ta’wir qosıg’ın’ ushın.

Biraz dos arttırdın’, muhabbat taptın’,
Bul ha’m qarız, - to’lemesen’ bolmaydı,
Suwına shomılıp Kegeyli japtın’,

Biypul tın’lag’ansan’ poshsha torg’aydı.

Tattın’ ıshqı otının’ tatlı azabın,
Sırlastın’ aqshamı juldızlar menen,
Bazda birewlerdin’ kewlinin’ babın
Taba almay, zeynine tiydin’ sen.

Bazı waqta jılap turg’an balanı
Bastan sıypap jubatpastan kettin’ sen,
Birewlerdin’ kewlindegi jaranı
Ko’rip turıp biypa’rwalıq ettin’ sen.

Ashıq aspan, yoshlı miynettin’ zawqı,
Sag’an saya berdi qanshama terek.
O’mirde basılmas adamnın’ mawqı,
Ne alsan’, ha’mmesin to’lewin’ kerek...»

Ko’zden uyqı, tınıshımnan qut urlap,
Bir prujina serpip mazamdı alar.
Jatsam-tursam shay qag’azday shıtırlap,
Ko’z o’n’imde sol bir vekseller turar.

Jan ta’saddıq sag’an, himmetli o’mir!
Da’wletin’ bunnan ha’m bolsın zıyada.
«İnsapsız» dep mag’an qılma sen ja’bir,
Bergenin’ yadımnan shıqpas sira’da.

O’mirim boyı qarızın’dı tappag’a
Tırısarman, tapqanımdı to’lermen.
Tolıq to’ley almay ketken waqta da,
Ju’zlerin’e tuwra qarap o’lermen.
Fevral 1980-jıl.

## POEZD EMES, ELDİN’ DA’WLETİ KELDİ

*(Shımbayg’a birinshi poezd barg’andag’ı mitingte oqılg’an bayaz-qosıq, 22-fevral, 1980-jıl)*

Bul zaman jol salıp juldızg’a-ayg’a,
Ne isleymen dese qurbeti keldi.
Poezd qıshqırıg’ı jan’lap Shımbayda,
Bu’gin ullı toydın’ sa’wbeti keldi.

Shayda bu’lbil qonıp taza gu’llerge,
Xosh qılıqlı shiyrin ziban tillerde,
Qazı Ma’wlik bayaz etken ellerde,
Bizge ha’m mine, so’z na’wbeti keldi.

Arqanın’ ardaqlı Shımbay jayları,
Ko’zge ısıq Kegeylinin’ boyları,
Qutlı bolsın poezd kelgen toyları,

Poezd emes, eldin’ da’wleti keldi.

Talay shejirelerde oqıp so’zin’di,
Tariyx da’rbentinde ko’rdim o’zin’di.
Ko’p zaman samalı jelpip ju’zin’di,
Taza turmıslardın’ sawlatı keldi.

Tariyxın’dı tolg’ar edim bul waqta,
Poezd bizdi ku’tip turmas biraqta.
«Daesh, Qarao’zek!», arjag’ı-Taxta,
Ju’rip ketetug’ın ma’wleti keldi.

Qansha ko’p tiyesen’ paxta, salın’dı,
Bul jol sonsha qurg’ınlatar halın’dı.
Bul nag’ız aydın jol, nanı qalın’dı,
İshsen’ suw ornına sherbeti keldi.

Shayırlar du’r shashıp shiyrin tillerden,
Zaman su’yinshi sorap bizin’ ellerden,
Amangu’l, Bag’dagu’l, Raygu’llerden
Jolashardın’ qa’de-qa’wmeti keldi...

Ta’riypin aytayın bul kelgen zattın’,
Teplovozda ku’shi altı mın’ attın’,
Abadanlıq penen ma’deniyattın’
Ag’ar bulaq ırıs da’wleti keldi.

Sarras relsleri soldat qayıstay,
Ushqan qustan, esken jelden qalıspay,
Taw tiyesen’ tartıp keter qayıspay,
Ullı texnikanın’ qu’direti keldi.

Shımbayda shay iship shıqsan’ esikten,
Poezd minip terbelersen’ besikte.
Tek bolg’anı miner waqta keshikpen’,
Gudok shalsa, ju’rer mu’ddeti keldi.

Arba emes, bul asıqpay bararg’a,
Taksi emes sawdalasıp turarg’a.
Zamanının’ suw tulparı bul arba,
Saqıy da’wranlardın’ himmeti keldi.

Umıt bolar ne qıyınlıq ko’rgenin’,
Shifer izlep, taxtay sorap ju’rgenin’,
Taqıyatastan ko’mir tasıp bu’lgenin’,
Ba’ri umıt bolar a’wmeti keldi.

Ketsen’ bir kupede to’rt adam bolıp,
Ma’skewge bararsan’ eki taq qonıp.
Poezd emes, aytsam atag’ın tolıq:
Zamannın’ ko’shpeli ja’nneti keldi.

Tashkent ha’m No’kistin’ tayar jayları,
Sibirdin’ ko’k su’zgen qarag’ayları,
A’ljir, apelsini, hindi shayları, -
Stantsiyan’a tu’ser na’wbeti keldi.

Rahmet a’dillik, danalıqlarg’a,
Turmıs qanday tolı jan’alıqlarg’a!
Bizler ılaq baqqan dalalıqlarg’a,
Jan’a da’wranlardın’ kelbeti keldi.

Mın’ alg’ıs bul joldı salıp kelgenge,
Tulpardı noqtalap alıp kelgenge.
Zaman qa’dirin bilip, da’wran su’rgenge,
Shadlı turmıslardın’ ziyneti keldi.

Kewil sharlap ushqan kustay talpınar,
Ullı eldin’ tuwısqanlıq saltına.
Azamat, miynetkesh Shımbay xalqına
Qutlı bolsın aytar na’wbeti keldi.

## AWIL, AWIL!

*Shayırlar awılda tuwılıp, qalada o’ledi.*
*(rus naqılı)*

U’lken sha’ha’r arqasında,
Qalın’ terek arasında
Elespesiz bir awıl bar,
Kegeylinin’ jag’asında,
“Tuwg’an jerim” degen so’zdin’,
Ma’ni berip payqasına,
Qoyar edim juldız etip,
Aspandag’ı ay qasına...

Anam tuwıp, ha’yyiw aytıp,
So’ylep ju’rip til u’yretken,
Umıtarman onı qa’ytip,
Es bildirip, adam etken!
Quldırag’an soqpaqların,
Sıldırag’an salmaların,
Til du’zetken taqmaqların,
Shu’llik penen an’g’alag’ın...
Bala gezde nan batırıp
Sarı maydın’ tortasına,
Ilaq-qozı bag’ıp ju’rip
Ayaqtag’ı arqashına,
Malı menen, sho’bi menen
U’ykelesip bir o’skenmen,
İytlerinin’ ko’bi menen
İyt tilinde so’yleskenmen.
Kewlim sonda qalg’an ug’ıp
Kereksizin, keregin de.

Oylag'anman, bar jaqsılıq
Usı jerde do'regen dep ...

*      *      *

Ko'p awıllar qublamızda
Go'zzal ja'ne qurg'ın keler,
Qalalardan qashıp barıp,
Ol jerlerde turg'ın' keler.
Bizin' awıl bul dizimge
Kirmese de kewli biyik.
Bunday awıl jer ju'zinde
Men oylayman joq pa diyip.
Qana'a'tshil xalqı sonday,
Ne islese ha'li keler.
Qız-kelini tuwg'an ayday,
Jigitleri da'li keler.
Sho'pkerden jay salıp alsa,
Bir "jiguli" alıp alsa,
Qatereli qalalıg'a
Qudamdalı bolıp alsa;
Bag' ha'remi bolmasa da,
U'y qasında qorası ko'p.
Diyqanshılıq qılmasa da,
Egis jerge talası ko'p.
Shen'gel qora qıspalatıp,
Bug'a baylap, mal saqlaydı,
Arıg'ın semirtip satıp,
Bazar ku'ni shaljaqlaydı.
O'n'i tu'we, tu'sinde de
Qalag'a bir barıp qaytar.
Geshir-piyaz ekpese de,
Qawın-qa'mek alıp qaytar...

*      *      *

Toqshılıqtın' saldarınan,
Da'stu'ri ko'p oylap tapqan.
Qız uzatsa awılınan.
Tu'sken jerin jawday shapqan.
Toy berse de, qoy berse de,
O'z paydasın pitiredi.
"Kim neshe som a'keldi" dep,
"Ko'k da'pterden" o'tiredi,
Onnan keyin qonaqlardın'
Basın qospay, bo'lip-bo'lip,
U'ylerine qon'sılardın'
Kirgizedi ertip kelip.
Ko'rpesheni iyzep jatıp,
Awqatın ku'tesen' sonsha.
Ash ju'rekke aqtan tatıp,
Basın' mın'g'ırday bolg'ansha...

Tan’ aldında, qaytar waqta.
“Baqsıg’a shıq” dep keledi.
“Shıqpasan’ da, baqsı pulın
Ber” dep, ko’zi jep keledi.

Duwtarının’ qulag’ına
Pul qıstırsan’ yoshar baqsı.
(Bunday baqsılardan mına,
Masqarapaz maymıl jaqsı.)
Al hayallar sumka bılg’ap,
Dasturxanlar awmasadı.
“Shtampovka salıptı” dep,
Abısınlar dawlasadı...

Qonaqtı bir jerge jıynap,
Ortadan tamada saylap,
Qosıq tın’lap, tost aytısıp,
Otırsan’ da’ ha’mme shag’lap!
Ku’yew qayda, kelin qayda?
Birge otırıp tilek aytsaq,
Barg’an kisi qusap toyg’a,
La’zzet alıp u’yge qaytsaq...
“Biz joq-juqa zamanda da
Bul ba’leni ko’rmegenbiz.
Ash-a’ptada bolg’anda da,
Bayıw ushın toy bermegenbiz.
Hu’rmet penen betin ashıp,
Kelinshekti sıylag’anbız,
Xalıq jıynalıp kewli tasıp,
Baqsı, jıraw tın’lag’anbız.
Orıs, o’zbek ha’m basqa da
Ko’p bilimli xalıqlar bar.
Jan’a da’wirde hasla da
Bu’ytip toy bermeydi olar.
Bizin’ awıl nege sonsha,
Bunday shadlı, ken’ zamanda,
Da’stu’rlerdi buzıp bunsha,
Qısım qılıp atır jang’a?
Bul ne ko’rgensizlik, toba!
Ha’r murnında batpan samal..."
Dep bayag’ı ata baba,
Awnap tu’sip jatqan shıg’ar...

*      *      *

Awıl, awıl! Ba’ri bir sen
Jaqınsan’ jan ju’regime.
Su’ymegende seni a’bden,
Bunday so’zler keledi me!
Seni degen waqlarımda,
Sag’ınıshın’ molaytadı,
Bilimsizlew jaqların’dı

Men aytpasam, kim aytadı?

Ay-hay, onda er azamat
Jigitler bar edi sonday,
İlgir zeyin, kewli abad,
Bektursın ha'm Urzımbayday...
Ol jerde ko'p joralarım,
Asıq atıp, la'n'ki tepken.
Qıl o'tpestey araları,
Ilayımız - bir qa'ndekten,
"Narkom" deymiz, "parrıq" deymiz,
Nuratdiyin, Ka'rimin de,
Nurım emes, "murın" deymiz,
Laqabı bar ba'rinin' de.
Ko'riskende jıl qusınday
U'ykelesip qalısamız.
Bir u'yirdin' jılqısınday
Kisnep-kisnep tabısamız.
Onnan keyin bir basa-bas
Otırıspa baslanadı.
Kim zeyinli, kim osamas,
Ba'ri ashıp taslanadı.
Shag'al ma'slik qızıp beti,
Jıqqın qusap urıp keter.
Basqımın' ko'p bayto'beti
Bir bayg'usqa minip keter,
So'z iynesin sabaqlasa,
Qamırdan qıl suwırg'anday,
Kim basqıg'a shıdamasa,
Shıg'a qashıp juwırg'anday.
Jıların'dı, ku'lerin'di
Ya bilmesen' ne derin'di,
Azlı-ko'pli abıraydan
U'zgendeysen' gu'derin'di.
Dana bolar nadanın' da
Qarsılıg'ın' qurı keter.
Olaq degen adamın' da,
Solaq penen urıp o'ter.
Otırg'ızıp ju'resinen,
Tuwdırg'anday enesinen...
Saqla, quday! Qaraqalpaqtın'
Basqı degen ba'lesinen!
Ga'ptin' bunday astarlısın,
Ma'ddelisin, dastarlısın;
Ha'zil so'zdin' ko'p qırlısın,
Gula'n'girdey tepkirlisin;
İyik jonsa g'arrekshidey,
Du'rbeze bop shıg'atug'ın,
Shıbın tutqan o'rmekshidey,
Qumırısqag'a talatıwın;
Tildin' sonsha teren'ligin,
So'z tsexının' sheberligin;

Tolqın bolıp ju’giretin,
Ku’lkinin’ bul qu’diretin –
Joq shıg’ar dep oylayman men
Bul awıldan basqa jerde;
Ku’lki jurtı - Gabrovo,
Atı shıqqan Aqsha’ha’rde...

“Erten’ tu’ste bizin’ u’yde
Bolamız” dep biri shıg’ar.
Ekinshisi “na’wbet - bizde”
Dep dawısı iri shıg’ar.
Bir defitsit tawarday aq,
Sag’an gezek turar ba’ri.
Basın joytqan bayg’us qonaq,
Ha’mmesine bolar da’ri.
Azang’ı shay halqasına
Qaymaq qoyıp pal qasına,
Qonaq kelse, quwang’annan
Jatıp isher shalqasına.
Ku’ni-tu’ni qonaq ku’ter,
Dizde din’ke qalmag’ansha,
Besjapqa bir su’n’gip alıp,
Bastı du’zep almag’ansha...

*  *  *

Qaytar waqta u’lken joldan
Awılıma bir qarayman.
Keleshegin boljap aldan,
Qıyal bag’ın aralayman.
Sonda qıyal bostanımda
Sulıw jaylar qatar-qatar
Bag’ ha’remli qıyabanda,
Go’zzal awıl gu’llep jatar.
Kompleks o’ndirisli,
“Bizde ullı ku’sh” dep turg’an,
Mashinalar tu’rli - tu’sli
Knopkag’a islep turg’an.
Jeri tegis ken’ taqtalıq,
Eginleri bolıq sonday.
Jan’a mektep, klub salıp,
Zamanago’y bolg’an qanday;
Eski ata ma’kanlarda
Shashaw jatqan ha’wliler joq,
Kebir menen ızg’arlar da
Qurıtılg’an egis jer bop.
Tabısı mol, isi alıq,
Sovxozımız alg’a ketken,
O’z waktında aylıq alıp,
İntimaqlı miynet etken.
Ferması joq, tamg’a su’yep –
Sıyırların sawatug’ın,

Ot ornına svodka jep,
Qıstan zorg'a shıg'atug'ın.
Jesir qatınnın' mu'lkindey
Texnikası jayrap jatpas,
Silpilese ku'n ebindey,
Mashinalar jolda batpas.
Basshılar joq bayag'ıday,
Tek planın oylaytug'ın,
Ko'mekshige jutap uday,
Oqıwshını jumsaytug'ın...
İske asadı bunın' ba'ri,
Ha'zir zaman sog'an ko'shti.
"Gigant" sovxoz tanaları
"Durıs" desip mo'n'iresti...
*1981-jıl, dekabr.*

**KELDİM**

*(Hurmetli ustaz shayır Sulayman Rustemge qarata aytılran bul ha'zilnama qosıq A'zerbayjanda O'zbekstan a'debiyatı menen ko'rkem-o'neri ku'nlerinin' ashılıwında oqıldı, 6-iyun 1979-jsh, Baku)*

Arzım esit menin' Sulayman ag'a,
Bir yar sawdasına tu'stim de keldim.
Sizin' pampıg'[19], - bizin' paxtamız kibi
Appaq bulıtlardın' u'stinde keldim.

Aral ten'izinen, Ja'yhun gu'linen,
Bag'ı - bostan Xorezmnin' jerinen,
Shan-sha'wketli qaraqalpaq elinen
Qardashlıq sa'lemin aldım da keldim.

Altın Ferg'anadan, Andijanımnan,
Gu'rkiregen Tashkent bostanlarınan,
Hawalı Samarqand sa'yqallarınan
Tarlan kewlim qus bop, ushtım da keldim.

Shan'lı O'zbekstan - shadlıq du'nyası,
Ko'ginde barq urg'an baxıt quyashı.
Shayır Zulfiyanın' go'zzal muzası
Bizge ha'mdam bolıp, yoshtım da keldim.

Aytın' ol pa'riyge, bir beri baqsın,
Aslı Ka'ram kibi otlarg'a jaqsın.
Son'ıra ma'yli bizdi Ko'yko'lge atsın,
Diydar ko'rmekliktin' qastında keldim.

Buyırsın, shoq go'zzal g'oshma bitermen,
Xazardan qırıq ma'rte ju'zip o'termen.

---

[19] Pampıg' – paxta.

Arshın-malshı bolıp izlep ketermen,
Aytın’, maldan-bastan keshtim de keldim.

Qalpag’ım qaradur, kewilim aqdur,
Ju’regimiz jaqın, ara uzaqdur.
Ha’rgiz o’zgelerde qıyalım joqdur,
Ishqı sharabınan ishtim de keldim.

A’ziz - mu’ba’rekdur bul topıraq mag’an,
İz tu’sken Wag’ıyftın’ ayaqlarınan.
Vurgunnın’ tırna ko’z bulaqlarınan
A’ksi-jamalın’dı ko’rmege keldim.

Ko’rdim ol go’zzaldı Mug’an sho’linde,
Lenkorannın’ ter ashılg’an gu’linde.
Araz da’ryasının’ aqqan selinde
Seslerin yad etip turmag’a keldim.

Gu’z paslında ko’rip anın’ ju’zini,
Sharap bolıp aqtı Shemaq ju’zimi.
Jipekke zer tikken Sheki qızının’
Ta’riypine da’stan jazbag’a keldim.

Ol qız patshasıdur ken’ dalalardın’,
Sheshegidur biyik qarlı tawlardın’.
Batır nefitshiler, pampıg’shılardın’
Altın kollarınan su’ymege keldim.

Qardashlıq sezimi ju’rekte, qanda,
Rahmet miynetkesh, azat insang’a,
Eshq olsun tuwısqan A’zerbayjang’a![20]
Mudam xızmetin’de turmag’a keldim.

**BULAQ**
*(Sırbay Ma’wlenovqa)*

U’stinen bult ko’ship atır,
Jolawshılar iship atır,
Aq bo’kenler ıssılasa,
Aqsham kelip tu’sip atır.

Kuslar qonıp, ushıp atır,
Qızg’aldaqlar o’sip atır.
Aq selewdin’ aydarınan
Jel sıypalap esip atır.

Kimler iship, to’gip atır,
Kimler maqtap, so’gip atır.
Jarasında jalg’ız jartas
Nar buwraday sho’gip atır.

---
[20] Eshq olsun – dan’q bolsın.

Sharshap kelgen birew sonda,
At suwg'arıp, sho'lin bastı.
«Qaydan kelgen bulaq bunda»?
Dep tepkilep turdı tastı.

«A'y, sen birew, jolın'dı bil,
Tebingenshe tasta turıp!
Ko'zin izlep bulaqtın' bul,
Ne qılasan' bas qatırıp!...»
1977-jıl. Semey.

## SABANTOYDA

Qara orman jiyeginde
Sabantoyı qızıpattı.
Kim o'rmelep bo'renege,
Kimler sho'lmek buzıpattı...
Ko'zin'di tas qılıp tan'ıp,
Qolg'a sırıq uslatadı.
Alg'a-artqa aylandırıp,
«Ur endi» dep til qatadı.
Sho'lmekpe dep berip salsan',
Sart etedi jerge sırıq.
Tawıp ura almay qalsan',
Gu'w ku'liser ha'mme turıp...
Shlyapanı shın'gıttım da,
Men ortag'a shıg'ıp kettim.
«Bul is qıyın emes dım da,»
Dep o'zimshe qıyal ettim.
«Qonaq shıqtı, jol berin'ler!
Ko'zin tan'ıp, sırıq berin'!»
Dep g'awırlap qız-kelinler
Qoydı aldıma sho'lmeklerin.
Jin shaqırg'an duwaqanday,
Turdım biraz sobırayıp.
«On'g'a ag'ay, solg'a ag'ay!»
Der jigitler sıbırlanıp.
Sıbırlıg'a qulaq saldım,
Zeyin ko'zi menen serlep.
Sırıg'ımdı siltep qaldım,
Shaqır-shuqır sındı sho'lmek.
Jurt gu'w etti qol shapatlap,
Radio maqtap ketti:
«O'zi - shayır, o'zi - konaq,
Sho'lmek buzıwg'a da epli...»
Kestelengen ak su'lgiler
«Durıs» degendey jelbireser.
Shag'lap ku'lip qız-kelinler,
Bizge sıylıq belgileser.
Baratırman keyip ishten,
«Wa'y, hu'jdansız» dep o'zime.

Qızaraman o’z-o’zimnen,
Qaray almay jurt ko’zine.
Sebebi.,. ko’zimdi menin’
Shala tan’g’an edi sonda.
Qonaqshıllıq isletpes neni
Bizin’ tatar tuwısqang’a!,..
İyun 1981-jıl, Almetev

**BİR SINSHIG’A**

A’debiyatqa abaysız kire salıp,
Juwırdı bir kritik press alıp.
«Press jep ju’remen be!» dep, baslıqqa
Shag’ındı redaktor kele salıp.

Baslıg’ı ken’es berdi ko’re salıp:
«Bul at emes shabıwg’a mine salıp.
Tas pressti joq qıl tez stolın’nan,
Qoy ornına plassmas press alıp»...

A’debiyattay «mayda» iske kire salıp,
Juwırg’ansha ha’r kimge press alıp,
Usı jurt ketpeyme eken o’z jo’nine,
İrirek PMK yaki trest alıp!...
1975-jıl

**QIYIN HA’M AN’SAT**

Aktrisanın’ saxnadan ketiwi,
Ha’meldardın’ attan tu’siwi,
Paraxordın’ «almayman» dewi,
Qıyın na’rse usı u’shewi.

Aqmaqlardı maqtap so’yletiw,
Tilin’ menen jaqsılıq etiw,
Kisilerge aqıl u’yretiw,
An’sat na’rse usı u’shewi.

**G’AZLARDIN’ QANATINDA**

Qıyqıwlap quslar tarı,
Sap tartıp baratır ma?
Ketkendey jaslıq shag’ım,
G’azlardın’ qanatında.

Ekewimiz ko’p qıdırg’an
Suwlardın’ jag’asında.
Ekewimiz ko’p otırg’an
Tallardın’ sayasında, -
Ushırattım ulımızdı,
Qız benen baratırg’an.

Ko'zleri mende emes,
G'azlardın' qanatında.

Ko'klemde keler qaytıp,
Bul quslar baratırg'an.
Jaslıq shaq qaytıp kelmes,
Ol solay jaratılg'an...
Su'yiklim, qayg'ılanba,
Jıllarg'a ara turma,
G'am-kayg'ın' ketsin ba'ri,
G'azlardın' qanatında.
1978-jıl.

## U'YİN'NİN' ARTINDAG'I SHOQ KENDİRLİKTE

U'yin'nin' artındag'ı shoq kendirlikte
Uslap alg'anımda, tuwladın' jılap...
Sol bir kendir iyisin men endilikte
Hesh bir a'tir suwdan tappadım, biraq.

Tu'ste jatsam uyqı bermedi shıbın,
Sharshın'dı sheshtin' de, japtın' ju'zime.
Sol sharshın'nan shıqqan shashın'nın' iyisin
Hesh bir a'tir suwdan tappadım ele.

Besik balası bar u'yge engende,
Bir jıllı lep keler ha'dden zıyada,
Su't tatıg'an sol analıq iyisindey
A'tir suw hesh kashan bolmas du'nyada...
Sentyabr 1980-jıl

## QIZ DA'WRANI ATLI ALTIN TAXTIN'NAN...

Qız da'wranı atlı altın taxtın'nan
Tu'sip, kol uslasıp kettin' biz benen,
Jup qumırı bir uya salg'an waqtında,
QIZARIP karadın' miyrim ju'z benen.

U'y aldında o'sken aq talg'a olar
Uya salar edi sho'pshekten qurap,
Bazda taldı shayqap biyda'wlet samal,
Miynetin ku'ydirer olardın', biraq.

Aytqanın' esimde sonda ku'limlep:
«Bular usaydı eken biz ekewimizge»,
Dep asıldın' ha'm de mag'an erkelep,
Shadlı sezim oynap gu'ldey ju'zin'de…

Sonda iske salıp ju'yrik qıyaldı,
O'z kewlimde qurdım bir altın saray.
Ha'm aparıp sendey go'zzal hayaldı,
To'rge otırg'ızıp degenmen bılay:

«Al, shalqı, su’yiklim, ba’ri sen ushın,
Ba’rshe baylıq, ha’mme da’wranlar sag’an.
Qudaydın’ bir epsiz kumırı qusın
Bilmey salıstırıp turıpsan’ mag’an...»

İzzet penen kirip sen sol sarayg’a,
Menin’ bay keulimnin’ patshası boldın’.
Turmısımız shıray qosıp shırayg’a,
Soqpag’ın basladıq o’mirlik joldın’.

Kuslar uya salıp palapanladı,
Qansha ba’ha’r kelip, ko’kledi tallar.
Ko’p ishinen bizin’ u’ydi tan’ladı,
Jeti jurttan kelgen ullı miymanlar.

İzzet penen atlap bosag’amızdı,
Olar ayttı «qanday baysan’» dep mag’an.
Ha’m de shın kewilden alg’ıslap bizdi,
Duwa kılg’an G’afur G’ulamlar sag’an...

Bunday waqta neler tu’speydi eske!
O’mir shınlıg’ının’ joldası - a’rman.
Endi biz otırmız dawıllı keshte,
Ko’zlerin’ mu’la’yim, ju’zin’ pa’riyshan.

Kirpik ushların’ la’m qarasam bayqap,
A’nekey, bir juldız ag’ıp ta ketti.
Mına qara dawıl aq taldı shayqap,
Qumırı kus uyasın buzbasa netti!

A’ne, tolg’an aydı bult jasırdı,
Buzılıstı hawa ırayımız da.
Ju’r, janım, dizemnen ko’ter basın’dı,
Keteyik sol «altın sarayımızg’a»....

27-noyabr 1980-jıl

## PAZIYLET

Doslar keldi gu’wlep men quwang’anda,
Tost aytıp, shadlı saz shaldı da ketti,
Quwanıshımdı bersem almadı sonda,
Ha’mmesi o’zime qaldı da ketti.

Qayg’ı tawı qaq jelkeden basqanda,
Doslar keldi “mun’ayma - dep - haslan da”.
Arzan den’geneni ayaqlasqanday
Qayg’ımdı bo’lisip aldı da ketti.

*      *      *

Bu’gin esitkendi erten’ ko’z ko’rer,

O’mir jan’alıqlar menen o’rleydi,
Ha’tte qonaq ku’tiwler de o’zgerer,
Da’wirler da’stu’rge ırıq bermeydi.

Biraq biziq xalıqtın’ shın insanlıg’ı,
Basqa is tu’skende miyribanlıg’ı,
O’li sıylawdag’ı beksultanlıg’ı,
Qanday zaman tusında da o’lmeydi …

* * *

Bas ushında otırg’anda gu’zetip,
Su’ydim ha’m sırg’an’dı qoydım du’zetip.
Sonda mıyıq tarttın’ shın muhabbatlı,
Men abaysız uyıqlap ketippen qattı.

Kelispegen waqta adamnın’ isi,
A’jepta’wir bolar ko’ringen tu’si:
Jol ortada atı o’lgen bir kisi,
Er-turman arqalap jayaw kiyatır…

* * *

Aqquw qusqa tiydi a’jeldin’ og’ı,
Aq ıyıg’ın silkip o’ldi de ketti.
Biysa’wbet azadan buzılıp jubı,
Diydar qıyametke qoydı da ketti.

Qara tas u’stinde appaq mu’sinde,
Aqquwdın’ jatqanın ko’rdim tu’simde ...
Bizdi hayran etip gu’l ma’wsiminde,
Du’nyag’a bir sulıw keldi de ketti.

* * *

Dos yaranlar u’yli-u’yine tarasıp,
O’zin’ menen o’zin’ qalar gezin’ bar,
Ballar ja’ne “apam” desip jılasıp,
Ju’rekti qıyqalap atqan sezim bar.

- Qoy, jılawıq bolman’ ... Shay qoyın’ qa’ne.
Kim ata-anasın baylap ju’r belge...
Bir sigaret shegip keleyin ja’ne …
Kelgen son’ basqa da aytar so’zim bar...

* * *

Atın’ su’ringende aqıldan saspa,
Tur da shan’ın’dı qaq, urma atın’dı.
Basqa is tu’skende sır berme hasla,
Joqarı tut erlik inabatın’dı.

Na’martler bundayda barıp tasag’a,
Ju’ginedi sharap tolı ka’sag’a,
G’am-qayg’ı ma’rtlikti jaqtırmasa da,
O’mir jaqsı ko’rer ma’rtlik zatın’dı.

* * *

Keshte sharshap kelip kep-ken’ u’yimnen,
Kewlim otırarg’a orın tappadı.
“O’lmektin’ izinen o’lmek joq” degen,
Erkek janım bul naqıldı jaqladı...

So’ytip maqul ko’rdim talap etkendi.
Biraq serlep ko’rsem o’tken-ketkendi,
Sag’an usag’anlar, tapsırmas endi,
Usamag’anlarg’a kewil shappadı...

* * *

“Jaslıq” vokzalınan shıqtıq basında,
Talay ma’nznl bastıq, jollar ra’wan.
Sen qaldın’ “Ayralıq” stantsiyasında,
Men aynanı sabap ketip baraman.

- Sabır et, jolawshı! - destiler bizge, -
“A’rman” stantsiyası barar jer sizge.
Bul poezd biraqta qaytpaydı izge,
Kelmes bir ketkenler bizin’ aradan ...

* * *

Biz ekewimiz ekken na’ller miywalap,
Qan juwırdı qandil sınap ju’zine.
Tan’ sa’ha’rde pisken almag’a qarap,
“Ol bolg’anda edi” deymen o’zime.

Sensiz kelip jetken birinshi gu’zde,
Alma u’zip berdim kishkenemizge.
Sol qızalaq ku’lip quwang’an gezde,
Ap-anıq ko’rinip kettin’ ko’zime.
Avgust, 1981-jıl.

Kewil aspanımda juldızlar so’nik,
Ay da on to’rtinde tolg’anın qoydı.
Qıyallar ha’r tu’rli muqamg’a do’nip,
Joqtı-bardı a’rman qılg’anın qoydı.

Shag’lap otırar edim toylarda burın,
Endi barıp qalsam na’bada og’an,
Qaptalımda bolmasa da bos orın,
Kewlimde bir gu’rsi bos turar mudam.

Sol gu’rsi artınan kelip qasıma,
Mun’lı muzam «ju’r» dep a’ste sıbırlar.
Ha’m a’ketip meni baspanasına,
Tan’ atqansha qosıq jazdırıp qıynar.

Qıynar ol jandırıp ju’rekgenemdi,
Senin’ su’wretin’e kirip dolanıp.
Su’ttey appaq a’rman bolıp sen endi,
Uzaqlaysan’ tan’ sa’wlesin oranıp.

Tan’ da atar, umıt bolar jekkelik.
Biraq sawıqtırıp jan-ju’regimdi,
«Shayır, shayg’a ju’r!» dep erkelep kelip,
Moynıma salmassan’ aq bilegin’di.

*3-avgust 1981-jıl.*

## ORFEYGE[21]

Shal dostım, gu’n’irentip tilla sazın’dı,
Shert qıyamet da’rtli namaların’nan.
A’rman menen ketken sa’rbinazın’dı,
Ba’ri bir, qaytarıp bere almas sag’an.
Jaratıwshı ku’sh bar bul ta’biyatta,
Ol o’zi anadur, ol o’zi doktor.
Tuw desen’, tazadan tuwar, biraqta,
A’jelge onın’ ha’m sharası joqdur.
Tasqınlar tartılıp, basılar boran,
Kifaran’nan shıqkan sırlı hawazg’a.
Arzıwlın’dı shag’ıp o’ltirgen jılan
Basın tasqa urıp, oynasın sazg’a …

Sen ha’mmege tan’sıq jıl qusı edin’,
Erke ulı edin’ gul ta’biyattın’.
Sen onın’ en’ yoshlı jırshısı edin’,
Arzandası edin’ pa’k muhabbattın’.
Go’zzal Evridika ıshqında janıp,
Arıw saylap qushtın’ shın periyzattan.
Talay kirjag’alar sonda qızg’anıp,
Ig’bal aydının’a kesekler atqan...
Ju’zimnin’ suwınan sharap etkende,
Ha’rkim iship, o’zin qaharman sezer.
Muhabbat ma’rtlikti talap etkende,

---

[21] Orfey - a’yyemgi grek mifologiyasındag’ı a’jayıp sazende jigit. Onın’ su’yiklisi Evrodikanı jılan shag’ıp o’ltiredi. Orfey o’z yarının’ janın sorap jer astı patshalıgına sapar shegedi. Ol qaran’g’ılıq patshası qatal Aid aldında o’zinin’ kifara atlı altın sazın sonshelli yoshlı, da’rtli namalarg’a shertedi, na’tiyjede miyrimsiz hu’kimdardın’ tas ju’regi erip Orfeyge yarın alıp ketiwge ruxsat beredi. Biraq ayralıq da’rtinen sabır-taqatı jog’algan Orfey jer astınan jaqtı du’nyag’a shıg’ar jerde abaysız sha’rtin buzıp, artına qarap qoyadı. Sonda izine erip kiyatırg’an Evrodika qaytadan a’rwaq-koylen’kege aylanıp, ko’zden gaya bolıptı – mıs (İ.Yu.).

Ko’pler mashaqatlı sapardan bezer.
Lekin sen bezbedin’ azaplı joldan,
Kettin’ arzıwlın’dı sorap alg’alı.
Du’nya dep atalg’an tu’psiz qurdımnan, -
O’ttin’ sazın’ menen baylap darg’anı.
Qatal Aid - karan’g’ılıq patshası,
Taxtında tırp etpey seni tın’laydı.
Saqal ushlarına tamıp ko’z jası,
İnsanlıqtın’ abzallıg’ın an’laydı.
Muhabbat sazının’ ku’sh-qu’direti
Tas miytin jandı da porday u’giter.
Hu’kimdardan ha’zir ıqtıyar ketip,
“Yarın’dı a’ket” dep ruxsat eter.
Biraq bul bir sonday aldamshı oyın,
“Pa’lektin’ ga’rdishi” deser laqabın.
Qaytıw iz bolmaydı jolında onın’,
Ka’r etpes tilegin’, baylıq, atag’ın’...
Tek te insan a’rmanının’ tarınan
Sharqana tag’ılg’an tilsimli sazın’
O’lmeslik babında ba’slesip og’an,
Biyik ho’ner ku’shi su’rer lawazım...

Ayralıq samalı ıshqı gulxanın
U’rlep bir jandırsa, so’ndirip bolmas.
A’jel sazendenin’ alsa da janın,
Muhabbat namasın o’ltirip bolmas.
“Muwsa sen yar” bolıp min ha’wijin’e,
Dos jılap, dushpanın’ pushayman etsin.
Sazların’ taralıp du’nya ju’zine,
Alıs a’wladlardın’ dadına jetsin.
Shert dostım, qıyamet namaların’a!
Ayralıqtın’ u’yi ku’ygey ilayım.
Men ha’m a’rman menen ketken yarıma
Diydarlasıp, tilleskendey bolayın...

*28-iyun, 1981-jıl. Moskva.*

## YADIMA TU’STİ

Serin’e do’neyin gu’l ju’zli peri,
Ashıqlıq ba’ha’ri yadıma tu’sti.
G’oshshaq jigit, arıw qızlardın’ eli, -
Kegeyli boyları yadıma tu’sti.

Jigitleri ha’r xızmetke jarag’an,
Qonaq kelse, qoy su’yregen qoradan,
Alqımı aq su’yek, haslı qaraman,
Qoshada’s duwtarı yadıma tu’sti.

Tal kibi tawlanıp quwday taranıp,
Ash tuyg’ınday qıya bag’ıp qaranıp,
Xanatlas ko’ylekler shıqsa dolanıp,
Qırg’awıldın’ pa’ri yadıma tusti.

İrgen’di izlesem eller ko’rinbes,
O’zin’ ju’rgen soqpaq jollar ko’rinbes,
Bizler at baylag’an tallar ko’rinbes,
Jen’gen’nin’ dilwarı yadıma tu’sti.

Anası aldında iybenip qarap,
Atasın ko’rgende turdım albırap.
Bir dilbardın’ tulımshag’ı salbırap,
Qız bolg’an jayları yadıma tu’sti.

Laqabın sorasan’ arshan-tamg’alı,
Yar jamalın ko’rip miyrim qanbadı,
İbrayım der, ha’siretin’de jang’alı,
Qayta bastan ba’ri yadıma tu’sti.
1981-jıl, 7-avgust.

# «ALASATLI DU’NYA BUL» kitabınan

**1987**

### SHO’LDİN’ İYİSİN ALSA TURMAS

Qırıq ay qolda o’sken kiyik,
Sho’ldin’ iyisin alsa turmas.
Du’zde ju’rgen shopan xalqı
Sha’ha’rde baylasa turmas.

Bag’ ishinde pisse badam,
Tatar nesip etken adam.
Nama tanımag’an nadan
Bu’lbil sayrasa da turmas.

Miriwbetli bolsa kewil,
Qayg’ı - da’rtin’ bolar jen’il,
Bag’ ishinde ashılg’an gu’l.
Qazan urıp solsa, turmas.

Bultlar ko’shse ba’lent tawdan,
Ko’z jasınan seller jawg’an,
İzi kelispegen da’wran,
Jatıp tu’s ko’rgenshe bolmas...

### JOL SAMALI

Arg’ımaqlar qan sorpa bop qansırap,
Omırawdan aq ko’bigi tamshılap,
Ala shan’g’ıt ullı jolda baramız,
Zaman keler atımızdı kamshılap.
Bir-birewge amanlasar pursa joq,
Ku’limleymiz qayırımlı jansırap.

Ba’rimizdin’ aldımızda bir maqset,
Ha’r kisinin’ basında bar san soraq.

Bul kıyın jol, belesi ko’p do’n’ asar,
Ken’ ko’gildir du’nyag’a ko’z qamasar.
Jer qayısqan kalın’ tuyaq du’biri
Atar tan’nan batar ku’nge ulasar.
Hesh pursat jok, sa’l tınıg’ıp, toqgawg’a,
Jol qoyılmas albawlıqtı aqlawg’a.
Sert aytqanbız: ju’zimiz shan’ bolsa da,
Ar-namıstın’ tazalıg’ın saqlawg’a.

At eziwin jırtsa temir awızlıq,
Birew an’lır «alsam - dep - bir bawızlıq».
Birewler der: sumlıq-g’oy bul oyang’an
İnsap penen Hu’jdan degen jawızlıq.
Tatlı tu’sler ko’rip jatqan jerinde,
Kim turg’ızdı bul ekewdi bu’ginde?
Sa’l oyansa sharap berip, saz shertip,
Qoyıp edik uyıqlatıp bag’ to’rinde...»

Bir ma’nzilge jetiwge jurt talaban,
AG’IP barar jer qayısqan alaman.
Shan’ suwırıp, ko’z ashtırıp qaratpay,
Pa’tli samal attın’ jalın tarag’an.
«Qaysı jerden izge qaytar eken?» dep,
Birazlar tur ko’z astınan qarag’an.
Qan’ıltaq er g’ayzap tirkis taqımdı,
Ko’p ishinde men de ketip baraman....

Atlar keler aq ko’bigi tamshılap,
Zaman keler atımızdı qamshılap.
«Ot basında tınıg’ıp ket, shayır!» dep,
Shaqıradı Poeziya-shamshıraq.
Shayır bayg’us awsadag’ı an’sarı,
Ketip barar esitpegen jansırap.
Muzam sonda ton’qıldar ot basında,
«Dım qurısa ketpedi-aw-dep-hal sorap».

- «O perishtem, shayırlık yosh arıwı!
Ko’rmeysen’ be at ku’sh bermey barıwın?
Aylanarman suwıg’an son’ azıraq
Er g’ayzag’an taqımlardın’ qarıwı». -
«Olay bolsa, bar kete ber ag’ımda,
Endilikte meni izlep, sag’ınba,
Jalınlag’an jaslıq otın’ so’ngen son’,
Neme emsen’ pensioner wag’ın’da...»

Fevral 1985-jıl.

## SA’WBETLİ AQSHAM

*A’. Nuraddinge*

Tal astın tazalap to’sek sal, jora,
Ol jer o’z aldına hawalı bolar.
U’sh ko’pshiktin’ birin o’zin’ al, jora,
Ekkisi qonaqqa dawayı bolar.

Sensiz kewlim bo’ktergisi awıq-tı.
Doslar gu’rrin’lesken aqsham zawıqlı.
Bu’gin qurdas asqan tu’ye tawıqtın’
Ju’weri gu’rtigi mazalı  bolar.

Ga’pke shorqaq, bıdım-bıdım kelesen’,
Biraq so’zge teren’ ma’ni beresen’.
Qatıng’a su’ykenbey ju’rsen’ o’lesen’,
Sondayda arqan’nın’ qozarı bolar ...

So’z aytsan’ ga’pin’di baltaday saplap,
Ku’liwin’ bar ıqlas penen hallaslap.
Ka’tqudalıq etsen’ a’ken’e usap,
Sheshen’e de tartqan tamanı bolar.

Besjap boyı balalıqtın’ ma’kanı,
Tabanlarda bir soqpaqtın’ tikeni.
Jasta - urnıqqır, ha’zir - tek til ekeni,
Bunnan Ulbiykenin’ xabarı bolar...

O’mir su’rip bul g’a’niymet du’nyada,
Dos arttırg’anlardın’ baxtı zıyada.
Biraq senin’ ornın’ bo’lek og’ada,
Doslardın’ da jaqsı-jamanı bolar.

Jigit qamshı basıp ju’rmel torıg’a,
Shıqqanda atlanıp da’wran jolına,
Dos za’n’giles tolar on’lı-solına,
Uzaq aydasarı shamalı bolar.

Birewleri jolın’da jan o’rtegen,
Xoshemeti jumsaq jon’ıshqa gu’lteden.
Et baylag’an sayın ıg’bal ma’rteben’,
Ku’nlep ishten ku’yip azarı bolar.

Birazı adımın abaylap basıp,
Da’wlet ju’rip tursa, qushag’ın ashıp,
Su’rinsen’ zıp berer qayıstay qashıp,
Tu’lkisi bar jerdin’ sag’alı bolar.

Biri o’ttin’ suwı tu’sken tag’am-dı
İsin ko’rip, ko’p uslarman jag’amdı...

So'ytse de, «yar-doslar» degen qog'amdı
Jamanlasan' qattı zıyanı bolar...

Ku'timin bermesen' daqıl da'nlemes,
O'zin'nen de bardur, olardan emes.
Tiride bir-birew qa'dirin bilmes,
Ayta bersen' tu'rli tamanı bolar...

Aqshamlassam dedim, kewlim sag'ındı,
Unatarman olpı-solpı jag'ın'dı.
Bilesen' g'oy baratırg'an ag'ımdı,
Endi tek durıs so'zdin' zamanı bolar.

Basqalarg'a jaqsam diyip men yoshıp,
Ko'pten berman tu'rli muqamg'a qashıp,
Sen su'ygen jollarg'a jazbappan qosıq,
Bunın' da bir ku'ni sorawı bolar.

Al jora, ayta ber, tın'layın seni,
Awılg'a kelmedim birazdan beri.
Ha'wij alıp qayta qurıw isleri,
İs penen so'z, hu'jdan sınawı barar.

Xalıq a'dil quwatlap bul siyasattı,
Shınlıq jolbarısı oyanıp qattı,
O'tiriktin' o'relerin qulattı,
Menmenliktin' endi zawalı bolar.

Awılda o'zgeris bar-dı bir qansha?
Salındı deysen' be sovxozdan monsha?
Awa, ko'p kirledik, juwsaq ta qansha,
Birden ag'arıwı shamalı bolar...

Ko'pten bul awılda ag'a bolmadı,
Eltiri ton desek, jag'a bolmadı,
Ko'bisi hiylesiz xızmet qılmadı,
Mu'mkin endigiler sanalı bolar ...

G'a'remetti ma'zi basshıg'a artıp,
Sizler ha'm ju'rsizler sho'pdeyin qalqıp.
Biz de «shayırmız» dep, No'kiste shalqıp
Ju'rmiz. Ha'mme bug'an gu'nalı bolar.

Suwımızdı baylap, sho'lge ashqansha,
Ten'iz qaytıp, bizdi taslap qashqansha,
Warq-sharq penen qol shappatlap biz sonsha,
Biyparwalıq endi hazarı bolar.

Adam peyli azsa qurg'ın turmısta,
Ko'tere shan'-sha'wker, da'stu'r quwıspa,
El en'begin emiw, para alıspa,
Miynetsiz bayıwdın' ılan'ı bolar.

Ja’digo’y jılpıldap tu’simli jerde,
Du’mshe molla bolıp shompıydı to’rde.
Jan’anı quwatlap ku’tpegen jerde,
Eskiliktin’ egiz tuwarı bolar.

Qansha ullı bolsa xalıq inabatı,
Da’stu’ri hazarsız, sulıw sawlatı.
Bizin’ u’rp-a’dettin’ ha’r saltanatın,
Artsan’ qırıq eshektin’ obalı bolar.

Qamshısın umıtıp ketkendey du’zde,
Bizin’ ko’p jigitler juwırar izge.
Ha’mme alg’a shulg’ıp baratqan gezde,
Bul islerdin’ elge zıyanı bolar.

Xabarın’ bar da’wir ko’z qarasınan,
To’ben’e na’zer sal tal arasınan!
Juldız ag’ar da’rya kibi tasıg’an,
Zamannın’ sonday qen gu’zarı bolar.

O’mir o’ter, biz qalarmız jasqada,
Juldızlar sa’wbetin buzbas hasla da.
Bul turmıstın’ ku’n ko’risten basqa da,
Ruwhıy la’zzeti mazalı bolar.

İzzet-hu’rmet saqlap kisi kisige,
Hadal miynet jumsap xalıqtın’ isine,
Hiyle qılmay hu’jdan ta’rezisine,
Jasawdın’ biymillet da’wranı bolar.

Atlar kisnep, tay tebistin’ jumsag’ı,
Arqashta otlag’an shag’ın qumsadı.
Balalıq shaq-pa’k hu’jdannın’ tımsalı,
Son’ıra ha’r kimnin’ o’z gu’zarı bolar.

Doslar an’sap kelip qurg’anda ba’zim,
Dım pa’kize boldı bul bergen ha’zin’,
Tepkiri bir su’yem ata qorazın’
Shaqırg’ansha gu’rrin’ qızarı bolar...

*Aprel, 1987-jıl.*

## TA’JİRİYBE TAMSHILARI

### To’rtlikler

Adam kewli - jolda o’sken ko’k emen,
Sayası mol, bulaq ag’ar qasında.
Tu’rli tıyıq penen, tu’rli qol menen
Qoltan’balar ko’rdim jazılg’an onda.

Du’ziw ag’ash el ma’pine kerekli,
Shawıp alıp, jayg’a basar sonlıqtan.
Jurt aylanıp o’ter qıysıq terekten,
Qıysıq ag’ash uzaq jasar sonlıqtan.

- Tawdın’ qara tası! Jılaysan’ nege?
Kim seni ıdırattı, kim qapa qıldı?
- Tas bawır birewler jan’a bul jerde
Birewdi ayamay tas penen urdı ...

* * *

Du’nya az waqtında ba’rine jeter,
İnsap paqır azg’a qa’na’a’t eter.
Du’nya bolg’an sayın Na’psi degen iyt
Shınjırın julqılap, qutırıp keter.

*    *    *

Aqılg’a ug’ras kelmes bul u’lken du’nya,
Ayı, ku’ni ha’mmelerge ten’ du’nya.
İnsan peyli tarılg’anda biraqta,
Eki adamg’a tarlıq eter ken’ du’nya.

*    *    *

Apat keltiriwshi qurallar jasap,
Bag’ındıra almaw mu’mkin adamdı.
Hazarsız kishkene qa’lem menen aq,
«Jawlap» alıw mu’mkin pu’tkil ja’ha’ndi.

*    *    *

Bir gezde waqıttan arzan na’rse joq,
Vokzalda otırsan’ hesh waqıt o’tpes.
Bir gezde waqıttan qımbat na’rse jok,
Poezdg’a minerde bir minut jetpes.

*    *    *

Ko’rdim Monamaxtın’ muzeyde bo’rkin.
Ol dım awır deydi (durıs shıg’ar ba’lkim).
Biraq onı, moynı sınıp ketse de,
Bir kiyiwdi a’rman etedi ha’r kim ...

*    *    *

Astan-gesten oynap bolsa balalar,
Ha’r zattı ornına qoyar analar.
Sol sıyaqlı, kimler dana, kim shala, -
Waqıt ba’rin ornı-ornına qoyar ...

*     *     *

Uqtım seni tilin’ basqa bolsa da,
Ma’sele tilde emes, ba’lkim - kewilde.
Bazda qaraqalpaqsha so’ylep tursa da,
Birewlerge tu’sinbeymen o’mirde ...

*     *     *

İslemegen bastı qıynap terleme,
Atlarg’a urmasın eshektin’ shan’ı.
Alma tu’sken menen aqmaq gellege,
Ashıla bermeydi Nyutonnın’ zan’ı.

*     *     *

Qon’ısı bolıp jasar til menen qulaq.
Biri birin onsha jaqtırmas biraq.
Til aytar: «Bilemen, meni su’ymeysen’»,
Qulaq aytar: «Og’ırı ko’p so’yleysen’».

*     *     *

Xalıqtın’ ju’regine barar soqbaqtı
Tapqanlar siltewish belgi qaqbaptı.
Mashaqatlar shegip, sol soqbaqtı men
Taw, du’z qoymay ele izlep ju’rippen.

*     *     *

Qaralıq tileymen ha’mme qazang’a,
Qaralıq tileymen qara ko’zlerge.
Jasıllıq - japıraqqa, qızıllıq - qang’a
Adam kewli, aqlıq tileymen sizge!

*     *     *

Shert, bashqurt, sın’sıtıp quwrayın’dı sen!
Duz samalı, shopan qıyalı menen
Sırlasqan usı bir qodiren’ sho’pten
Baslanar qudiretli Motsart ha’m Shopen.

*     *     *

Ha’mme ag’zan’ tozar, til tozbas biraq,
Mu’shelerdin’ mıqlısı til der edim.
«Tilim awırdı» dep doktorg’a qatnap,
Ukol alıp ju’rgen adam ko’rmedim ...

*     *     *

Ha’r kimnin’ o’zinshe o’lshew tası bar,

Salmag'ın' ol tasqa tuwra kelmeydi.
Jen'il kelsen', ol ku'liwge asıg'ar,
Awır kelsen', jaqtırmaydı, ku'nleydi.

* * *

Kewlin'nin' o'zinde quyash bolmasa,
Ko'ktegi ku'n onı jılıtpas hasla,
Kewlin' suwıq bolsa, ıssılarda da
Kimdur berewlerdi ton'dıra baslar.

* * *

Bir jaqsı adamg'a ku'nde irkilip,
Sa'lemleser edim. Ko'rmedim bu'gin …
Sonday kimdur bizdidag'ı bir ku'ni
Bul joldan tabalmay, joqlawı mu'mkin.

* * *

O'mir kitabı! Ko'p jerin'di tu'sinbey,
Sezip ju'rmen shala oqıg'anımdı.
Algebranın' qıyın ma'selesindey,
Ko'p sawal qıynap ju'r endi janımdı.

* * *

Bazda-bazda bul qızıqlı du'nyag'a
Ullı adamlar da kelip ketedi,
Jurt jıynalıp ornın basalmasa da,
Bir adam ornına o'lip ketedi.

* * *

Jat jurtlarda o'ldi Ovidiy Nazon,
Watan ayralıg'ı shayırdı jıqtı.
Zer ya ga'whar emes, qaltasınan son'
Tu'yiwli bir qısım topıraq shıqtı.

* * *

A'zelden du'nyanın' isi arasat,
Patsha - patshalarg'a keltirer apat.
Tek seni a'yemgi altın taxtın'nan
Taydırarlıq ku'sh joq, go'zzal muhabbat!

* * *

Bazardan birewdi qıdırg'anımday,
Men o'zimdi geyde izleymen tınbay.
Bazda o'z-o'zimnen qashaman zımırap,
Qashıp qutılmassan' o'zin'nen biraq.

*   *   *

Samal guwlep, bulaq ag'ıp qasımda,
Kekilik qalg'ıp ketti tu'n ortasında.
Tu'lkinin' awzında ketken jubayı
Ja'ne qaytıp keldi tu'sinde sonda …

*   *   *

Qızg'anısh u'sh tu'rli iren'ge iye:
Qara iren'i - dushpanın'nın' peylinde,
Qızg'ıshı - doslardın' ku'nshilliginde,
Aq iren'i -basqalardın' ba'rinde...

*   *   *

Asıp-tasıw suwg'a g'ana jarasar,
Bassınba sen basqalardı to'mensip.
O'sken sayın tut o'zin'di alasa.
«Ag'ash miywa pitken sayın to'menshik».

*   *   *

Maqtanshaqlıq - to'menlewdin' girewi.
Buwınsız til - maqtanshaqtın' tirewi.
Tın'lap ko'rseq, onnan na'ha'n adam joq,
An'lap ko'rsen', sonnan nadan adam joq.

*   *   *

Bir tu'kten shash bolmas, bir gu'rishten as,
Bir tu'pten bag' bolmas, taw emes bir tas,
Biraq quraladı ba'ri birewden,
On eki mu'sheden ja'mlesken gewden'.

*   *   *

Qondı bir tamshı shıq pisken almag'a,
Ha'm «men - mazmunman» dep kerdi ko'kirek,
Biraq ku'n shıqtı da onı jalmadı,
Alma tur, Al qayda sol shıqtan da'rek?

*   *   *

Ana kirpik bolsa, perzent ko'z bolar,
Perzent - kepter, ana - zer gu'mbez bolar:
«Analıq haqını tolıq o'tedim» -
Degen ga'p kenewsiz qurg'aq so'z bolar.

*   *   *

Bu’lbildin’ tiykarg’ı ka’sibi - sayraw,
Onın’ u’ninde bar sırlı qaytalaw.
Qosıg’ımdı bir ret men qaytalasam,
O, bu’lbil, ne ushın jurt ku’ler mag’an?

*     *     *

Salmadan suw ag’ıp o’tti sıldırlap,
Atqulaqlar o’sek taqtı bıldırlap.
Tek meshin irkilip dedi olarg’a:
«Kim arqalı o’sip turıpsız nurlap?»

*     *     *

Gey birewler jas gezinde aq tozadı.
Gey bir gu’ller qartaysa da solmag’an,
Ta’n qartaysa - ta’biyattın’ nızamı,
Biraq jaslay jan qartaysa, sol jaman.

*     *     *

İsles bolıp ju’rip proletar menen,
Marks qurallandı zor qural menen.
Ha’m «qosımsha qunnın’» qulpın buzdı da,
Urdı kapitaldı «Kapital» menen.

*     *     *

Ko’she tolı adam baratırg’an eken,
Na’zerleri sag’an qaratılg’an eken ...
Ha’zir mendey seni oylap do’n’bekship,
Ja’ne kimler oyaw jatırg’an eken?

*     *     *

Qosıq ko’zsiz, shıqsa - ko’kiregin’ soqır,
Miyden shıqqan so’zdi jurt miyge toqır,
Ko’zin’e sho’p tirep otırıp jazbasan’,
Jurt onı ko’zine sho’p tirep oqır ...

*     *     *

Ba’rha sumlıq oylay berse, aqmaq ta -
Ku’shi jeter aqıllını jıqpaqqa.
O’ytkeni, aqmaq barı - joqlı aqılın
Bag’darlaydı jalg’ız qıysıq soqpaqqa.

*     *     *

Ayna tekte ko’rseter sırt ju’zin’di,
Sırtqı shıray - sharq urg’an bir shag’ala.
Eger tolıq ko’rgin’ kelse o’zin’di,

Ju'regimnin' aynasınan sıg'ala.

*    *    *

Qaptalımnan o'tken qızıl ko'ylekten,
Jelpigen lep jeliktirdi jas jandı.
A'ste g'ana jelpip o'tken sol lepten
Ju'regimde bir du'beley baslandı ...

*    *    *

Men - gibrid, sabıq na'lden ko'gergen,
Pushkin menen Nawayının' shan'ınan.
Men - taza qan, sap ju'rekte islengen,
Men - Berdaqtın' jalg'ız tamshı qanıman.

*    *    *

Qay jerge bolmasın alıp barar jol,
«Jol» dep ataladı sonın' ushın da.
Biraq qaysı jerge aparadı ol?
Ma'sele sonda ...

## WATAN

Hukıwqı sheklenbegen go'zzal hu'kimdar,
Sen kimsen' janıma ha'kimlik etken?
Biz tu'we, ne ullı dana shayırlar
Senin' kimligin'di aytalmay ketken.

Bunda ne ma'rdana xalıqlar jasar,
Taw ko'termes beglik inabatların.
Biraq, sensiz olar - qanatsız sun'qar,
Sag'an arnar qaynar muhabbatların,
Ha'm sennen qu'diretli ku'sh-quwat alar.

Miynetten, aqıldan dan'q abıray alg'an
Bunda jasar ne-ne ullı adamlar.
Biraq, birer naymıt qol qatsa sag'an, -
Shaqırsan' «la'bbay» dep, juwırısıp olar,
Kimi attan, kimi taxtınan tu'sip,
Ayıplı baladay aldın'da turar.
«Watan» dep otlarg'a tu'sip ha'r kisi.
Mıltıqtın' awzına qas qaqbay qarar!
1979-jıl.

## İSENİM

Gu'mbirlisi alıs poligonlardın,
Aqsham do'n'bekshitip kontinentlerdi,
U'rkiter u'mitin atar tan'lardın',
Keleshekke bekkem isenimlerdi.

O sadıq İsenim - kanatlı tulpar,
Senin’ ju’yitkip shabısındı su’yemen.
U’yirin’ qay tawda ha’zir, janıwar?
Sen jazım bolg’alı izlep ju’r iyen’.

Sen shılbırdı u’zip qashqalı beri,
Qara tas artında ju’r seni bag’ıp
Gu’man ha’m shubhanın’ ash bo’rileri.
U’rkip kisnedin’ de, kettin’ ılag’ıp...

Sensiz - piyadaman jolı o’nbegen.
Ko’p asıw bar, - jayaw qalay asarman?
Jan’a biyikler bar «ushıp kel», degen,
Qanatsız qus bolıp qalay usharman?

Bir-birewge degen bekkem isenim,
Atsan’ xa’m qanatsan’ sen adamlarg’a.
Tayg’aqlarda taymas tabanın’ senin’,
Soldattay sadıqsan’ qıyın jollarda.

Sen bolmasan’, - jıljır ayaq basqan jer
Sensiz - tek bu’gin bar, erten’ler - gu’man.
Sen sa’wlen’di to’gip turmasan’ eger,
Alda jol qatqalaq, tawlarda duman.

Sen barda - qa’ter joq, mu’shkiller an’san,
Kewil kepterine tatıwlık uya.
Ko’z astınan qarap, qobaljıp insan,
Sanap baspas edi ayag’ın du’nya.

Sen barda, - ellerdin’ doslıq bag’ında
Saz-sa’wbet, muhabbet tıyılmas edi.
Alımlar atomdı tapqan wag’ında,
«Bunnan bomba soq!» dep buyırmas edi.

Tınıshlıq - du’nyanın’ maqset, tilegi,
Ol gu’resler o’ter u’stin’nen senin’.
Haq niyetli insaniyat ju’regi
Sag’an bildiredi biyik isenim!

O sadıq İsenim, - qanatlı tulpar,
Ju’yitkip shabısındı sag’ınaman men.
Qaysı tawda otlap ju’rsen’, janıwar?
Sharq urıp izlep ju’r jog’altqan iyen’.

İnsan kewlindegi jasıl otlaqlar
Intıg’ıp sag’ınar, shaqırar seni.
Zaman jolındag’ı tasqın bulaqlar
Sherbet suwlarına qandırar seni.

Kel, men seyisleyin miner aldında,

O'rsin kekilin'di qızdın' qolları.
Go'zzal keleshektin' tın' jollarında
Jalındı tarasın tan' samalları!

Oktyabr 1986-jıl.

## MEN QALADA OQIG'ANDA

Sabaqtan kesh shıg'ar edik,
Men qalada oqıg'anda.
Ku'n bata awıldan kelip,
Ku'ter edi anam sonda.

Paxta zavod diywalına
Su'yenip ol turar edi.
Pu'tkil du'nya qıyalına
Men dep jolg'a qarar edi.

To'bemdi ha'r ko'rgen sayın,
Bir jıllı so'z aytadı ol.
«Sharshadın' aw, aynanayın»
Dep basımnan sıypadı ol.

Qayta tuwg'anday quwanıp,
Aldı-artıg'a qaramay aq,
Qaran'g'ıda qarıwlanıp,
Barar edik jalaq ayaq.

İyt ko'rinse qarsımızdan,
Qorıqpag'ang'a usar edik.
Adam shıqsa aldımızdan,
Joldan shetke qashar edik...

Endi bazda mashinalı
O'tsem zuwlap sol ka'radan,
Jelbirep aq oramalı,
Meni ku'tip turar anam.

Ha'm to'bemdi ko'rgen sayın,
Quwanıp qol bılg'ag'anday.
«Sharshadın'-aw, aynanayın!»
Dep basımnan sıypag'anday.

*Mart, 1987-jıl.*

## GU'Z KO'RİNİSİ

Jıl qusları inturist bolıp,
Hindstang'a ushıp baratır.
Terimshi gu'z a'njamın ko'rip.
Atızlarg'a qurdı aq shatır.

Salqın lebiz o’nip jellerge,
Miynet su’ygish nasoslar tındı
Atlanısqa tayar pillerdey
Kombaynlar sapqa dizildi.

Gu’z boyadı «namazshamlarg’a»
Erik bag’dın’ usha basların.
Shıg’ır tallar tınıq suwlarg’a
U’n’ilisip tarar shashların.

«Terim ushın ba’ri tayar!» dep,
Mag’lıwmatlar ketti qalag’a.
Adam barmas bir atız shertek
Qan’qıyadı qula dalada.

Ha’zirshe ju’r qol terimshiler,
«Bul tek baslaması» deskendey.
Avtobuslar ka’rwanı keler,
Qala awıllarg’a ko’shkendey.

Defoliatsiya waqtında o’tti,
Ashıq-jarıq ku’nler ko’p bolg’ay.
Jolg’a shıg’ar soqbaqtan shette
O’lip atır bir poshsha torg’ay.

Paxtalıqtan qurt izleymen dep,
O’lgen sorlı keshe uwlanıp.
«Bıyıl plan zor boladı» dep,
Brigadir barar quwanıp...

Oktyabr 1984-jıl.

## TASQA KO’GERGEN GU’L

Adam adam bolıp tilge kelgeli,
Da’stanlar do’retip, kitaplar jazıp,
O’z-o’zin tu’sinip bolg’an joq ele,
Adam tastan qattı, gu’lden de na’zik.

İnsan iynindegi ju’ktin’ awırın
Artsan’, asqar taw da ın’ırana baslar.
Qus shoqısa Prometeydin’ bawırın,
Adam to’zer, lekin to’zbeydi taslar.
Sol qara taslardı jarıp ba’ha’rde,
O’sken gu’ldi ko’rip janın’ qulazıp,
Maqtanıp, eljirep oylarsan’ ha’m de:
«Adam tastan qattı, gu’lden de na’zik».

Brestte tas erip, temir taplandı,
Son’g’ı demge deyin shayqastı soldat.
Karbıshev muzladı, Gastello jandı,
Ta’slim bolg’anda da tas penen polat.

Biraq ma’n’gi tariyx tasına olar
Ma’rtlik otı menen kettiler jazıp,-
Bul jazılg’an bes so’z bılay oqılar:
«Adam tastan qattı, gu’lden de na’zik».

İnsan kewlindegi miyrim-sha’pa’a’t
Eger quyash bolsa, tas gu’ller edi.
Ag’ar da’rya bolsa ıshqı-muhabbat,
Du’nyada sho’l qalmay gu’llener edi.
Son’g’ı nanın berip o’z joldasına,
Adam jıg’ıladı ju’regi sazıp.
Jazsan’ arzır onın’ qulpı tasına:
«Adam tastan qattı, gu’lden de na’zik».

Doslıq, miyrim ushın ken’ qushaq ashqan
Bul zamanda ozıq aqıl-zeyinler.
Ot ha’m suw, pal ha’m uw tabıstı qashshan,
Tabısalmay atır biraq peyiller.
Olar Xirosima ha’m Osventsimdi
Du’nyag’a tan’baqshı aqıldan azıp.
Qıyrag’an tirshilik taxtına ha’m de
«Adam tastan qattı…» dep qoymaq jazıp.

Kewil - bir go’zzal bag’, ta’rbiya etip.
Tatlı miywasın jep, aralaw mu’mkin.
Bir jıllı ju’z benen waqtın xosh etip,
Bir jaman so’z benen jaralaw mu’mkin,
Gu’llensin dep insan kewlinin’ bag’ı,
Bag’man gu’l egedi ta’n’irge jazıp,
Gu’ldi jenship keter maldın’ tuyag’ı,
Al adamnın’ kewli gu’lden de na’zik.

Adamzat du’nyag’a kelgeli beri,
Jaqsılıq-jamanlıq oyının oynap,
Kimligin tu’sine almay **o’**zleri,
Qansha kitap jazar basların qıynap.
Adamzattın’ minezlemesin mag’an
Da’l, tolıq su’wretlep ber dese jazıp,
Aytar edim xalıqtın’ naqılın og’an:
«Adam tastan qattı, gu’lden de na’zik».

*May, 1982-jıl.*

## PA’LEKLİ QOSTA TU’NEW

Wa jolawshı, uyqın’ qattı eken dım,
Jaslay jatıp, kartayg’anda oyandın’.

*A. S. Pushkin.*

Tan’ sa’ha’rden jolg’a tu’semiz ja’ne.
Uyqın’dı pitirip al, janım, qa’ne.
Jas uyqı tez qanbas.
Qarama mag’an,

Men ko’p uyqlag’anman o’z o’mirimde,
Uyqın’dı gu’zeter juldızlar shamı.
Qanın’day la’zzetli jazdın’ aqshamı!
Qosbaqqısh g’arrının’ ga’pi tawsılmas,
Jıynalg’ansha usı palız baqshanı.
Uzamay ay batıp, tu’ser qaran’g’ı;
Du’z uyqısı emler kewil jaran’dı.
Miyzan tu’sse kerek, hawa ton’azıp,
Jaqsılap qımtıyın peshexanan’dı.
Tu’tinlik salg’anım,
Shılım shekkenim,
Ja’ne uyqısızlıq atın jekkenim.
Su’rilmegen qıyal,
Oylanbag’an oy,
Jazılmag’an qosıqlarım ko’p menin’ ...

Muhabbat ha’m qosıq - azaplı a’rman,
Sol eki esikte o’liwge barman.
Jol sharshatqan jas uyqın’dı gu’zetip,
Tan’ atqansha qosıq oylap shıg’arman.
Samal qosıq penen tınıs alg’anday,
Juldızlar da qosıq bolıp jang’anday,
Pu’tkil a’lem qosıq da’ryası bolıp,
Ruwhım arqalı ag’ıp turg’anday.
Ha’wlirtip, tu’nlerge urıp tan’ımdı,
Hallaslatıp ju’rektegi qanımdı,
Sol da’rya biyra’him degishi menen
İyrim tartıp gewlep atar janımdı.

Sonda men o’zimdi shayır sezermen,
Kewlim-segbir tartqan bir haq Ba’zergen,
«Malıma qarıydar tabılg’ay da» dep,
Jang’a qısım qılıp, sho’lge to’zermen.
Jollarım qulazıp, bazda bos shıg’ar,
Ga’ usınday bir pa’lekli qos shıg’ar.
Geyde gu’lxan jag’ıp joldın’ shetine,
Tu’nep atqan bir sa’wbetles dos shıg’ar,
Jolshıg’a taptırmas baxıt bul a’ne,
Qawıshıw-g’a’niymet, jol ju’riw ba’ne.
Gu’rrin’lesip, ko’z ilgitip azıraq,
Tan’ sa’ha’rden jolg’a tu’semiz ja’ne . . .

Alısta munartar awıl teregi,
Tawıqlar shaqırıp, iytler u’redi.
Tıng’an kerizinen nasos salmanın’
Qurbaqalar tınbay kontsert beredi,
Tu’nge u’n’ilsen’ keulin’ hu’reylenedi,
Kirpisheshen tısır-tısır keledi,
Balların qımtag’an ana qolınday,
Biysheklerin qımtar qawın pa’legi.
Ha’kke shıqılıqlap tabar sum xabar,
Shıq tu’sti mawjırap, hawada ızg’ar.

Samal oynap u'stin ashıp ketkendey,
Jalan'ash ten'keyip uyqılar g'arbızlar.

Awıl sırtında yar ku'tse intizar,
Sholpan «uyıqlap qalıp» qılıq shıg'arar.
Qara shashın' menen aq bilegin'e
Peshexana sırtınan ay sıg'alar.
Sen oyanıp ayttın': «Ele jatpadın'.
Boldı, qıynay berme qıyal atların ...»
Men ayttım: «Azıraq tamashalayın
Du'zde tan'nın' qulan iyek atqanın...»
A'ne, tu'nge tan' gezegi awısıp,
Juldızlar birimlep tu'n'lik jawısıp,
Esitiler geyde palız shetinen
G'arrının' «hayta-hayt!» degen dawısı.
Qorıqshısı saq bolmasa serlegen,
«Qawınnın' jaqsısın sag'al jer» degen,
Sonday poeziya palızında da
Usıg'an ta'qabbil isler bar degen . . .

Ta'a'jjub qalasan' zamang'a qarap,
Ne degen ken' saya, miywalı daraq,
Jan awırtpay onın' jemisin terip,
Ko'pler tili menen orıp ju'r oraq.
Kim is jaqpas bolsa aqılı zayıl,
«Shayır bolıp» shıg'ar g'ayıptan tayıp,
En'bek penen ekken pa'lek o'skenshe,
İyt tu'ynekler sırg'ır urqanın jayıp.
Ma'rt bolsan' julıp ko'r...
Bolarsan' aqmaq,
Tum-tustan shuwlasar olardı jaqlap,
Ataq-abıray atın tartıp aldına,
Kitapların basar altıng'a qaplap.
Tiyip ketsen', aytar «qoy, tiymen'ler» dep,
Baqırar: «talanttı qa'dirlen'ler» dep,
Arzasına viza sheger ag'amlar,
«Kitabın shıg'arın', ja'birlemen'» dep.
Jawshımshıq tiygendey pisken tarıg'a,
Tapsıp aqıl aytıp tiyer janın'a,
«Atshabarı» ha'm «Ko'kaman» degendey,
O'zlerindey ja'hil sınshıları da...
Birewleri tınbay qa'lem terbegen,
O'z jazg'anın o'zi oqıp ko'rmegen,
Birewleri gegirdekke suw bu'rkip,
Ozadı dep jaslarg'a jol bermegen.
Maqtımqulı, Berdaq kelse tirilip,
Usılar menen bir na'wbetke turılıp,
Toplamları shıqpay jawrasar edi,
Baspaxana planınan su'rilip . . .
Orsaqı so'z aytıp ku'ldirse zaldı,
Sıy-hu'rmettin' zorı solarg'a qaldı.
Ko'rkem so'z dep sha'lkem so'zdi u'yrengen,

Men ayayman awldag’ı ballardı...
Salı arqasında suw ishse shigin,
Alımlar gerbitsid shashadı bu’gin.
İsenbeymen: NTR jol tabar dep,
Shayırlıq atızın tazalaytug’ın . . .

Yashag’ay, tan’ attı!
Oyandın’ sen de,
Tu’ndegi tar kewil ken’eydi demde.
Jaqsı adam eken qorıqshı g’arrı,
Alg’ıs aytıp, jolg’a tu’seyik endi.
Sen qasımda barda jollar ra’wan,
Ruwhım jasarıp, yosh ener mag’an.
Go’zzal arzıwlardın’ sırlı ma’nzili
Seni alıp kel dep mennen sorag’an.
Ol ma’nzil men ushın juldızday jıraq.
A’lbette jetersen’ sen og’an biraq.
U’mit, miriwbetli o’mir jolında
Adam adam ushın a’diwli qonaq.
Qansha jol bar, oyg’a almayın hasla,
Kewil tasıp aqsın juldızlı yoshqa.
Du’nya turar, da’wran o’ter ha’r kimnen,
Bir tu’nep shıqqanday pa’lekli qosta...
*Sentyabr, 1986-jıl.*

**TU’Nİ MENEN QIRG’AWILLAR SHAQIRDI**

Tu’ni menen qırg’awıllar shaqırdı.
Uzaq tentiredik awıl sırtında.
Qorıqshı g’arrının’ go’ne jurtında
Tu’ni menen qırg’awıllar shaqırdı.

An’shı quwg’an arqardayın juwırg’an
Bult artında barar ay ko’kti sholıp.
Ekewmiz baramız: elden quwılg’an
Ertektegi eki ashıqtay bolıp.

Gezenip turg’anday g’ıybat sadag’a,
Baramız aylanbay biz artımızg’a.
Adamlarsız jasay almasadag’ı,
Adam adamlardan qashadı bazda...

Jipek lebi menen ju’zin’di jelpip,
Seni jubatadı avgust aqshamı.
Shegirtkeler tınbay u’shbo’lek shertip,
Jandı juldızlardın’ biyhesap shamı.

El uyqıda, salıkerlik tusınan
Esken samal g’ana hu’kim su’redi.
Irg’alg’an nar qamıs kapellasınan
Jan terbetkish mun’lı sazlar keledi.
Bolshoy teatrdın’ zer lojasında

Otırg'an xanımday sabırlı, u'nsiz,
Sen uzaq otırdın' menin' janımda,
Sharshawlı oylarg'a shu'mip kewilsiz.

Samal ayttı «sulıw, qısınba» dedi,
«Nalıshqa shertbegil kewil tarıqdı.
Ha'r dayım kelip tur usında» dedi,
«Keptireyin essiz ko'z jasların'dı.

Bilgir ha'm ta'kabbır adamzat degen,
Onın' ko'p qılwasın jaqtırmasam da,
Bir go'zzal isi bar «muhabbat» degen,
Sog'an ta'n beremen men ha'r qashan da.

Su'ygen - ayıp emes, su'yilmek - ıg'bal,
Qızg'anısh qalweni tırnaydı gu'ldi.
Menin' sazlarıma qulag'ın'dı sal,
Ba'lkim, sergitermen qapa kewlin'di», -

Dep samal jag'ımlı elpildep eser,
Ruwhımızdı bo'lep bir sırlı sazg'a.
«İnsan-ta'biyattın' perzenti» deser,
Nege samal shenli bolmaymız bazda?

Tın'lap ko'r, ne degen miyrim onda bar,
Jang'a jag'ımlısın qa'ytersen' onın'.
Hesh bir djaz orkestr, hesh qanday duwtar
Ornın basa almas bul qapellanın'.

Onın' qarapayım namalarında
Bir de g'a'let ses joq u'ylespey turg'an...
Tu'n boyı tentirep awıl sırtında,
Juwdıq ha'siret dag'ın zeyinge urg'an.

O'mirge qushtarlıq qayta oyanıp,
Jubattıq, sergittik kewil paqırdı.
Tu'ni menen nar qamıslar ırg'alıp,
Tu'ni menen qırg'awıllar shaqırdı.

Mart, 1985-jıl.

*     *     *

Tag'ı tar soqbaqta ushırasıp qaldıq.
Bir jag'ımız - tikjar, bir jag'ı - qurdım.
Sag'an jol bermekshi boldım da aldın,
Qurdım erneginde qıyalap turdım.

Bir ayaq sıyg'anday bul kiyik sokbaq,
Sen aman o't, janım, men jol bereyin.
Meyli, ash qurdımg'a qulayın men-aq,
Lekin, aman o'tkenin'di ko'reyin.

Muhabbattın’ sırlı soqbaqlarınan,
Aldaw nege kerek, talay ju’rgenmen.
Onın’ da’rtlerinen, azaplarınan
Ma’jnun emes, ma’jgu’n bolıp ko’rgenmen.

Biraq, ha’r soqpaqtın’ o’z su’rdewi bar,
Ha’r sulıw - qalemsiz bitilgen xattay.
Bul tilsimli xattı oqıwg’a, dilbar,
Sawatım jetpey tur, tislerim batpay…

Kewlin’ muzqaymaqtan jaralsa kerek,
Jibisip ketkey dep u’mit etemen.
Ishqın’da o’rtenip janadı ju’rek,
Biraq, o’zim bayg’us ton’ıp ketemen...

1986-jıl.

## JAN’ALAN, DOSTIM...

*(Qasım Nurımbetovqa)*

Jurtqa aytpag’an sırımdı,
Aytayın sag’an, dostım:
Zamanın’ jan’arg’anda,
Sen de jan’alan, dostım.

Eskilik tozıp barar,
Jan’alıq - ozıq bolar.
O’zin’ jan’arıp barsan’,
O’mirin’ qızıq bolar.

Arttırıp aybatın’dı,
Ayama g’ayratın’dı,
Jan’a toplımg’a qos,
Qamshıla g’ıyratın’dı.

Jan’arg’an waqta zaman,
Jan’arsın sezim - sanan’.
Jan’a joldı jatırqap,
Go’nen’e bolma alan’.

Du’nya - degishli da’rya,
Tınbay o’zgeredi.
Keshe esitkendi
Bu’gin ko’z ko’redi.

Jurt jan’a kiyim kiyse,
Jan’ala kiyimin’di.
Jan’ala da’rkar bolsa,
U’y-da’ske, buyımındı.

TOZIG’I jetse, o’zgert

Tısındı- astarın’dı.
Biraq, jan’alay ko’rme,
Sen eski dosların’dı.

Dos arttır jan’a a’wladtan,
Jatırqamasın o’zin’di
Lekin, eski doslardan
Bura ko’rme ju’zin’di.

Jan’ası qızıq, a’wesek,
Jan’a dos jaqsı bolar.
Biraqta mendey bolıp,
Seni tu’sinbes olar.

Qansha jasasan’, qasın’da
Su’ygen qostarın’ bolsın.
Jan’a zamanlarda da
Eski dosların’ bolsın.

Jasaudın’ qızıg’ı joq
O’zin’nen bo’lek mag’an.
«Ha’y, shayır! Kelmey kettin’-g’oy!»...
Degenin’ kerek mag’an.
Sentyabr, 1985-jıl.

**ASHIQ SO’Z**

Pa’tli samal shayqap waqıt da’ryasın,
Jarıslarg’a urar jan’a tolqınlar.
Taza o’zgerisler simfoniyasın
Bul tu’simpaz du’nya qumartıp tın’lar.
Ju’rek ha’wlirmesin, ushpasın qutın’,
O’mir o’zgerisler menen o’rlegen.
Jasay bil o’zin’di ma’rdana tutıp,
U’lken maqset, jan’a u’mitler menen.

Kim ol, ullı isler shan’ınan qashqan,
Gu’llendiriw ushın jan’a du’nyanı?
Ten’izge bir tamshı suw aparmastan,
Sho’llerge burg’anbız asaw da’ryanı.
Lekin, marapattın’ zamanı o’tti,
Ashıq so’ylesiler jigitler menen.
Jasay bil shınlıqqa tik burıp betti,
U’lken maqset, jan’a u’mitler menen.

Paxtanın’ aqlıg’ı, nurdın’ pa’kligi, -
Diyqan xalqımızdın’ hu’jdanı taza.
Onın’ miynetinin’ mashaqatları
Shıntlap jırlanbag’an hesh shıg’armada.
Kimler sol pa’klikke qara daq salıp,
Jalg’an dan’q-abıraydın’ jorg’asın su’rgen?

Bo’leklengen o’zin joqarı alıp,
Mayda maqset, g’a’rrem u’mitler menen?

Xoshamet so’z aytıp biyik minberden,
Shan’lı joldan bag’qa atların burdı.
Detsad salatug’ın qarejetlerden
Ma’rmerlep, ganj oyıp dashalar qurdı.
Joq sıyır su’t berdi qag’azg’a iyip,
Mag’lıwmat otladı mallar padası.
Paxta punktlerde otırdı mıqshıyıp,
Qundız malaqaylı haramzadası...

Qara ko’ylen’keler zan’ tasasında
Sırtqa shıg’ıp ketti nızam sheginen.
Ga’whar janıp tilla ju’zik qasında,
Garnitur jıynadı pil su’yeginen.
Artıq du’nya ko’z shıg’arar qashan da.
Aytayıq kelgende ga’ptin’ ın’g’ayı.
Haram da’wlet baxıt bermes insang’a,
Nege kerek «Qurbangu’ldin’ sırnayı».
Qa’lwen o’sti gu’ldin’ tuqımlarınan,
U’lken isenimlerge boldı g’ılaplıq,
Endi haqıyqatlıq tolqınlarınan
Qırg’a shıg’ıp qaldı sol «altın balıq».

Miynetkesh xalıq ma’n’gi, a’dalat ma’n’gi,
Ma’n’gilik insanıy insap-qanaat.
Na’psi qurbanına sabaq ha’m ta’mbi,
Bul keskin o’zgeris - ashshı haqıyqat.
Pa’tli samal shayqap waqıt da’ryasın,
Ursın jag’ıslarg’a jan’a tolqınlar.
Taza o’zgerisler simfoniyasın
Bul tu’simpaz du’nya qumartıp tın’lar.

Ko’p penen ko’rgenin’ ullı toy demek,
Kelin’ ma’rtlik, hu’jdan shaqırg’an jaqqa.
Baxıt ushın jol joq xalqın’nan bo’lek,
Alag’ada bolman’ qıysıq soqpaqqa.
Atlardı nıq ertlen’, g’oshshaq jigitler!
Jollar mashaqatlı, ma’nziller uzaq.
En’ jaqsı maqsetler, jan’a u’mitler,
Bul jolda bizlerge ha’mdam bolajaq.

Sentyabr 1985-jıl.

## XOSHADA’S

*T.Genjebay baqsıg’a*

Ala moynag’ın’dı alıp qollarg’a,
Pa’rlerin titiretip ushır «Tarlandı».
Asırımı ba’lent yoshlı jollarg’a

Su’r ma’rdana hag’lap «Qara jorg’an’dı».

Qulaqtan ter alıp, ko’sile tu’ser,
Ga’ ha’wijge minip, pa’sine tu’ser.
Qayta bastan go’ne da’rtim qozg’alıp,
Essiz balalıg’ım esime tu’ser.

Esimde awılg’a baqsı kelgeni,
«Shasa’nem-G’a’ripti» aytıp bergeni,
Baqsını da’stang’a salar aldında
«Qa’ne, ballar, barıp uyıqlan’» degeni.

Gewish arasında, esik artında,
«Shıqpayman» dep jılar aqır son’ında
Bir baxıtlı bala uyqıdan qalıp,
Tan’ atqansha baqsı tın’lag’an sonda ...

Mardıyg’an jigitler, tuyana qızlar,
Ayaq uyısa da, o’tse de ızg’ar,
Otırısın buzbay sa’ha’rge deyin,
Baqsı tın’lar edi uyıp, enag’ar.

Ha’wijge mingende su’ygen naması,
Qıyqıwın jetkizer jigit ag’ası.
«Ba’ra’kalla» dep g’arrılar ırg’alıp,
Jaslıg’ın esleydi-aw bilsem shaması.

Bul ku’nde baqsının’ qaytqan da’wleti,
Estrada, magnitofon na’wbeti.
U’yden shıqpay sayrap turar jer ja’ha’n,
Ha’r zamannın’ o’z sazı, o’z sa’wbeti.

Da’rtli kewil biyda’rt penen oynamas,
Taza bag’da «go’ne bu’lbil» sayramas.
Atlardı qıynamas uzaq aydawg’a,
Jurt jıyılıp endi baqsı tın’lamas.

Onnan ko’re oynap-ku’lgeni abzal,
Keshte televizor ko’rgeni abzal.
Mal ko’beytip, tawıq saqlap, pul tawıp,
Barıs-kelis penen ju’rgeni abzal.

Jurtqa tan’sıq emes bul ku’nde baqsı,
Du’nya quwıw boldı kewildin’ naqshı.
Toy berip, pul jıyıp jaqın-juwıqtan,
Ulına «Jiguli» alg’anı jaqsı.

Basqa quslar sayrar bag’larda bizin’,
«Sanalı geldin’» nen oyanbas sezim.
G’a’rip segbir tartpas A’lepshırwannan,
Sa’nemler ko’shkiden taslamas o’zin ...

Ala moynag'ın'dı alıp qollarg'a,
Pa'rlerin titiretip ushır «Tarlandı».
Mashina ju'rmegen awlaq jollarda
Su'rip-su'rip alg'ıl «Qara jorg'an'dı».

Kimseler xosh ko'rmes, kimge jag'arsan',
Begligin'di buzba, ınjılma ha'rgiz,
Ba'lkim sen en' son'g'ı baqsı shıg'arsan',
Biz ha'm son'g'ı tın'lawshın'ız bolarmız ...

*Sentyabr, 1986-jıl.*

## UMTILAMAN JAN-TA'NİM MENEN…

(*Mu'sinshi Qa'wender Berdimuratovqa*)

Umtılaman jan-ta'nim menen,
O'mir, seni sulıw jasawg'a,
Kemis jerlerin'di toltırıp,
Artıq jerlerin'di qashawg'a,
Umtılaman jan-ta'nim menen.

Bir tu'p emen tırmasıp o'sken,
Jabayı sho'p jarqabag'ınan
Bir sandıqtas saqıy  ta'g'dirden
Berilgendey sıylıqqa mag'an.
Jasıl jag'ısınan da'ryanın'
Baqtım og'an suqlanıp basta.
Nurlı tulg'an' - sırlı a'rmanım,
Bekingendey ko'rdim sol tasta,
Jas emenge taslap jip za'ngi,
Sol tastı men tınbay qashayman,
Jarqabaqqa asılıp ma'n'gi,
Senin' ıshqın' menen jasayman.

Almas qashaw, granit tastın'
Eregisi bazda sharshatar.
Al to'mende qutırg'an tasqın
Meni an'lıp gu'rkirep jatar.
Ashshı quyash bazda sho'lletip,
Mısqazanday miydi tesedi,
No'ser jamg'ır bazda selletip,
Qara dawıl samal esedi.

Ha'lden tayıp men qaysı ku'ni,
Almas qashaw tu'ser qolımnan?
Waqtım pitip, men qaysı ku'ni,
Ash qurdımg'a qulayman qashan?
Hesh pursat joq˙ onı oylawg'a,
Tınbay granitti qashayman.
Seni tas tutqınnan qutqarıw
Ishqısında g'ana jasayman.

Aspan ba’lent, juldızlar sırlı,
Senin’ sırın’ sheksiz sonın’day,
Sulıwlıg’ın’ sonday ko’p qırlı,
Ayqulaqtın’ qubılıwınday.
Mashqalada to’zermen ne bir,
Jumılg’ansha jup qarar ko’zim.
Men bilmeymen, ha’y, sırlı o’mir,
Netken periyzatsan’ sen o’zin’?
Suwretin’di hesh ten’i-taysız
Sog’ıp shıg’a almay qalarman.
Almas qashaw menen abaysız
Bir jerin’di shawıp alarman.
Zamanlasım, jetkinsheklegim
Sonda turıp sınap-mineser,
«A’ttegene-ay, tap mına jerin
Kelistire almaptı-aw» deser.

Degen menen ta’n berer mag’an,
Miynetime, inabatıma,
Qara tastı ku’ydirip turg’an
Menin’ senlik muhabbatıma ...
Umtılaman jan-ta’nim menen.
O’mir seni sulıw jasawg’a,
Kemis jerlerin’di toltırıp,
Zıyat jerlerin’di qashawg’a,
Umtılaman jan-ta’nim menen...

## ZAMAN MENEN AYAQ QOSIP JU’RMESEN’

Zaman menen ayaq qosıp ju’rmesen’,
Kewlindegin qas-qabaqtan ilmesen’,
Shan’da qalıp, ashalmassan’ ko’zin’di
Ha’m shetke alarsan’ kem-kem o’zin’di.
Ozıp ketkenlerge giyne etersen’,
Kisinin’ tu’yesin tu’yme etersen’.
Qızg’anıshtan ken’ peyilin’ tarayar,
Aq na’rseler ko’z o’n’in’de qarayar,
Qızıqtırmas da’wir o’zgerisleri,
Jaqpas basqalardın’ jaqsı isleri.
Sezim tıyıg’ın’dı kem-kem tat basar,
Qayralmag’an qazan pıshaqqa usar.
Keshte uzın ko’ylen’ken’e qararsan’,
Ha’m o’zin’di u’lken adam sanarsan’.
Ju’rek-bawır degen joq endi sende,
O’kpege aylang’an ha’mmesi demde.
O’tkendegi azın-awlaq xızmetin’
Bahalanbay atırg’anday miynetin’.
Du’nyanı tek jalg’ız o’zin’ qurg’anday.
Basqalar qasın’da qarap turg’anday,
Shurt minez bolarsan’, tu’tip ju’nin’di,
Moyınlap sezbessen’ o’zin’ minin’di.
Doslar ken’es berse, qorlap atqanday,

Jorta bir na'rsen'di urlap atqanday.
Sen - dana, basqalar - bas emes, bo'rik
Nege sennen aqıl soramas kelip?
Ot basında o'zin' bilgish bolarsan',
Ozıp ketkenlerdi sırttan sayarsan',
"Shabazımlap" ju'rgen hayalın' sonda,
Shıdamı tawsılıp, tiygen son' jang'a,
Aytıp salar jurt aytpag'an minin'di,
"O'zin'nen" dep keltirer ol jinin'di,
"Eselep so'yleysen', keselep iship,
Onsha ne araqtın' izine tu'sip?
O'zin'dey pa'lenshe jur g'oy qatarda,
Al sen mısal altaqtasız at arba, -
Satırlaysan', hesh is kelmes qolın'nan.
Dos degenler xabar almas halın'nan..."
Dep ton'qıldar iyni kelse qashan da,
«Hayal durısın aytar jaqtırmasan' da)…
*Noyabr, 1984-jıl.*

## MİLLİONBAY AZAMATQA

*(Qaraqalpaqstanda millionınshı bala - Azamattın' tuwılıwına arnalg'an mitingte oqılg'an qosıq.)*

Bizge g'a'niymetdur tez o'sip-o'nbek,
Keleshektin' ıg'bal gu'llerin termek.
Qanday jaqsı, aq besikte in'galap,
Bul a'jayıp elde du'nyag'a kelmek!

Taza ashılg'an gu'ldey jamalı menen,
Elge shadlı toydın' xabarı menen,
Uzaq o'mir, nesip ıg'balı menen,
Bul qızıq da'wranda du'nyag'a kelmek.

Kelinler ko'z jarıp, ayday ko'rikli,
Aydın' a'tirapına juldız tolıptı.
A'miw boyındag'ı bul aq otawdın'
Perzentleri bu'gin million bolıptı!

Meyli Azamat ya Axmet, Ernazar,
Gu'layım, Gu'lshexra, Galya, Gu'lbazar.
Ullı Watan ha'mmesinin' anası,
Bir baxıtlı u'ydin' perzenti olar.

Mayso'k uwıp, shashıw jese boladı,
Qolda shampan tolı kese boladı.
Qaraqalpaqstan degen bul eldi
Baxıt roddomı dese boladı.

Ulları - jigittin' sheri der edim,
Qızlarımız o'mir gu'li der edim,
Qaraqalpaqstan degen bul eldi

Qaharman analar eli der edim.

Su'yinshi sorap ayaq jeter jerlerden,
Shayırlar du'r shashıp shiyrin tillerden,
Bul go'zzal kelinnin' ayaq astına
Payandozlar to'sen' taza gu'llerden.

«Balalı u'y - bazar» degen bar maqal,
«Azamat» dep qoydı atın aqsaqal,
Ha'r tuwılg'an perzent qımbat biz ushın,
Ol pu'tkil du'nyanın' mu'lkinen abzal.

Miyrim sılawmayın jag'ın' u'stine,
Bul burınnan analardın' da'stu'ri.
Murnın shımshıp, quyrıg'ınan shapatlan',
Baqırg'anda g'azlar u'rksin sestinen.

Jaqsı ırımlardı islen' eldegi,
Kindigin il keregege to'rdegi.
Kundaqlasan' tikke tursın kolın'da,
«Aq altın» paxtadan bolsın jo'rgegi.

Mine, besigi ha'm tayar a'ndamlı,
Bası altın, ayaq ushı da'ndanlı.
Duzlı suwg'a shomıldırıp turın'lar,
Jigit bolıp o'ssin pisik, bardamlı.

Jen'geyler jawlıg'ın qıya taslasın,
Qız-kelinler besik toyın baslasın.
Ha'yyiw aytıp sharlan' aylanasında,
A'kesi toy a'njamınan qashpasın.

Aklıq - shawlıq ko'rip, g'arrılar yoshsın,
Shawqım - su'ren menen qulag'ın tessin.
Kelinler jumıstan qaytıp kelgenshe,
Bala-baqsha qılsın kempirdin' u'stin.

Mektep, tuwıw u'yi ko'plep salınsın,
Sport sarayı ha'm eske alınsın,
Bala baqsha salmay ju'rgen baslıqlar,
«Ja'rdem ber» dep oqıwshıg'a jalınsın.

Na'sil ko'p tuwmasa, xalıq o'se me,
Ko'psinbeymiz jetsedag'ı neshege.
«A'ste ayda, abaylı bol ballarg'a!»
Dep GAİ jazıp qoysın ha'r bir ko'shege.

Ha'r perzent o'mirden o'z ornın tawsın,
A'ziyz analarg'a rahmet jawsın.
Bala tuwmay ju'rgen batıs elleri,
Bizin' jaqqa qarap an'sarı awsın.

Ha’r perzent o’z ornı, nesibesi bar.
Millionı erjetse, million isi bar.
Keleshek degen sol ullı saraydın’
Erten’gi zor ustaları usılar.

Bizge g’aniymetdur tez o’sip-o’nbek,
Keleshek bag’ının’ miywasın termek.
Qanday jaqsı, aq besikte in’galap,
Bul shadlı zamanda du’nyag’a kelmek!

Azamat bol, xalıq isine palwan bol,
Bir g’oshshaq jigit bol, jaqsı insan bol.
Bunnan ha’m qızıqdı da’wran bar sag’an.
Qaraqalpaqtın’ Millionbayı, aman bol!
6-noyabr, 1982-jıl.

## KESHKİ JOL OYLARI

O’mirdin’ ko’bi ketip, azı qaldı,
Tu’lki du’nya jetkizbey, tazı qaldı,
G’arrılıqtın’ jol tosar bandaları
An’lısıp aldımnan or qazıp aldı.
Bilemen, olar meni ku’tip alar,
Bir ku’ni “Urı sayda” ku’tip alar.
Awdarıp astımdag’ı atımdı da,
Pisetimde barımdı sıtıp alar.
Alsa alsın … Bilemiz shaqshıyatın,
Oylawg’a onı biraq joq pursatım.
U’mit, maqset ekewin joldas ertip,
Baraman. Shuw, janıwar qanazatım!
Bes to’be artta qaldı asırımlı,
Mantan’lap, buzsan’ ayaq basıwın’dı,
Ele de ashshı qamshı tartaman men,
Bundayda bilesen’ g’oy ashıwımdı.

2

Enshime tiyip edin’ tay wag’ın’da,
Qıyalpaz bala kewlim bay wag’ında,
Dorban’da er basına qıstırılg’an
Jem emes, kitap ju’rdi bar wag’ında.
Kisnedin’ sen baylawda ku’nde turıp,
Jabıwlap ot salmadım, tu’nde turıp.
Urıstan son’g’ı jıllar kemtarlıg’ın
Atqardıq ash qarıng’a birge ju’rip.
Arg’ımaq, dal bedewdin’ uranında
Atlar ko’p qaraqalpaq soramında,
Solardın’ du’birlisi shıqqan jaqqa
Elewrep shabar edin’ g’unanın’da.
Bolsın dep jas iyeme qızlar ashıq,

Talanttı iske saldın’ o’ner ashıp
Arqashta alg’ashqı iret tan’ asırıp,
Muhabbat gu’lin terdik bir sırlasıp.
Samalg’a jalların’dı tosar edin’,
Namısqa tırısqanda yoshar edin’.
Bazda o’z u’yirin’nin’ iyisin sezip,
Ku’sh bermey, bizdi alıp kashar edin’.
Ba’ygide bazda guwlep oza qoysan’,
Maqullap jurt qıyqıwlap azan-g’azan,
Ku’nshillik tosqawılı su’rniktirip,
Jıg’ıldın’ talay iret omaqazan ...
Aqsan’lap barıp biraz, ju’rip kettin’,
Shan’ımdı qag’ıp men de turıp kettim,
Awıllastın’ atı ozsa ko’re almag’an,
Adamdag’ı tar peyil qurıp ketsin.
Atlardın’ omırawdan ag’ıp teri,
Jurt penen shan’lı jolda sonnan beri
Aydasıp kiyatırmız sen ekewmiz,
Ga’ keyin, birewlerden ga’ ilgeri.
Shu’w, janım, ko’ligim joq sennen basqa,
Jaqsı-jaman iyen’ joq mennen basqa,
Hesh qanday mashinag’a awmasbayman,
Da’wlet bası malımsan’, jiyren qasqa!

3

O’mirin’nin’ mazmunı qunın’ bolar,
Tın’-tın’lap qulaq salsan’, burıng’ılar –
“O’mirdi qa’sterlen’” dep, ba’ri birden –
Zinxarlap ta’n’irdin’ ko’p zarın qılar.
Al so’ytip qa’sterlesek, toyamız ba?
A’shirepilep onshama ayamızda,
Nawqan qurttay paxtag’a orap onı
Yamasa ko’rgizbege qoyamız ba?
Bergende eki o’mir - eki ju’rek,
Birin minip, birewin jetelerek.
At tuyag’ın ayag’an shan’da qalar,
Bul piyada qalg’annan beterirek …
Ha’zliktin’ izlemedim sayamanın,
Jurt penen mendag’ı jan ayamadım,
Qosıqtın’ qulıp asharın tabaman dep,
Qanshama qa’lem-qag’az zayaladım,
Buwlıg’ıp tu’tinine sigarettin’.
Jazıw dep tu’nuyqımdı biykar ettim.
Ulug’lap jırlayman dep zamanımdı,
Yosh minip, kıyalımdı tulpar ettim.

Ha’r kim o’mirin o’zinshe jasap keter,
Bazda attay taqırg’a tusap keter.
“Shayba, shayba!” - dep guwlep baqırısqan,
Muz u’stinde xokkeyge usap keter,
Oyınnan men de bir ku’n quwılarman,

So’ytse de jaslıq qanım suwımag’an,
Utılsa, song’ı aylamnan u’mit etken,
Xokkeyshidey o’n’men’lep juwıraman...

4

O’mirdin’ ko’bi ketip, azı qaldı,
Tu’lki du’nya zıp berdi, tazı kaldı,
Jasta bizdi ku’ydirgen sa’nemlerdin’
Kempir ko’ylek ishinde nazı qaldı...
Jazalmay bu’lip atsam qosıg’ımdı.
Tarsa-tars urdı birew esigimdi.
“Biymezgil qonaq pa” dep shıg’ıp ko’rsem,
Birew tur tuwg’an ayday besi ku’ngi.
Albırap aqsha ju’zden qan tamadı,
Ju’regim ash quzg’ınday antaladı.
“A’piw et, sırlı  sulıw, kirin’!” - desem.
Sıyqırlı sa’wle qusap jaltıradı.
“Joq shayır, siz ha’lekke qalıp ju’rmen’,
Jaman oydın’ basına barıp ju’rmen’.
G’arrılıqqa kandidat bolg’anlardın’,
Tapsırg’anson’, dizimin alıp ju’rmen.
Go’rug’lı jıg’ılsa da jen’ilmegen,
Qartaydım demes eken kewil degen.
İyesi ıqqa qarap bu’rsen’lese,
Ol o’zi o’rge qarap sa’wirlegen ...
Men olardın’ dizimin alıp ju’rmen,
Qartayg’anın esine salıp ju’rmen’.
G’arrılıqtın’ demalıs bag’ında da
Qızıq ko’p, keshewillep qalıp ju’rmen’..."
Dep ku’lip, ol ketiwge ıng’aylandı,
Tu’simpaz, bir bilewik sumg’a aylandı.
Kewil qusım qaytadan qanat qomlap,
Ha’zilim tez tıyılıp, shıng’a aylandı.
Bekire bası tasqa urılardın’
Aldında tuwlaytug’ın jini bar dım.
Ko’pirde tesik ko’rgen g’arrı attay,
Arg’ı ju’zge o’tpesten turıp aldım:
“Joq, sulıw, ol bag’qa men baralmayman,
Jaslıqsız A’miwi joq Araldayman,
Eremen men izin’e samal bolıp,
Endi esik awzında qalalmayman.
Miyrimsiz ko’zin’ jandı jaralag’an,
Jel bolıp ko’ylegin’e oralaman.
Kewlimde so’nse jaslıq muhabbatım,
Qalayınsha men shayır bolalaman?
Shayır degen adamnın’ kimin’ bilmey,
At sırtınan aynaldın’ sırın bilmey.
Getenin’ seksendegi qosıqların
Oqıyman endi sag’an tınım bermey,
Jaralap shayır janın ayamay-aq,
Ketejaqsan’ artın’a qaramay-aq.

Joq, Muzam, sensiz endi jasamayman …” -
Dep juwırdım izinen jalan’ayak …

5

Sezimsiz uyqas so’zden ıg’ır janım,
Oylasam, qaynap keter jıg’ırdanım.
Bag’ına jaslıg’ımnın’ qaytıp barsam,
Bag’manı kirgizbey tur bu’gin, janım.
Jazarem alma ag’ashı gu’zde gullep,
Ma’wsimler nızamınan shıg’ıng’anın,
Jas muhabbat aldında g’arrı shayır
Dize bu’gip qalaysha jıg’ılg’anın …
Aytıwg’a biraq bunnan arı mag’an
Ruxsat biz paqırg’a darımag’an.
“Miynet et, paxta ter!” dep qıshqırmasan’
Qaraqalpaqta qosıq dep tanımag’an.
Bul elde shayır ko’ppiz ko’zge tu’sken.
Ba’ri bir qoyan soqpaq izge tu’sken.
Shayır o’z ashıqlıg’ın jırlay qoysa,
Ersi ko’rip, enapat so’zge tu’sken.
Qosıqtın’ qızıl so’zden zıqı shıqqan,
Mendag’ı solay qaray ıg’ısıppan.
Paxtadan pamazıy so’z toqıp ju’rip,
Muhabbattı jırlawdan shıg’ısıppan.

Muhabbat! Bulaq bolıp ag’ıl, a’rman!
O’mirdin’ shırag’ısan’ jag’ıp alg’an,
Ishqın’da bir ku’ymegen adam sira’
Ag’ash g’oy bar jemisin qag’ıp alg’an.
Muhabbat! Ha’mirin’e bag’ınarman,
Tutansan’, shaqmaq bolıp shag’ılarman.
Jambıldın’ jasın bizge  bergende de,
“Jarlıqa!” dep o’zin’e tabınarman...

6

O’mirdin’ ko’bi ketip, azı kaldı...
G’ılaplıq etkenlerdi jazıp aldı.
“Bulqıysan’, asaw da’rya” dep ju’rgenim,
Ayag’ı qayır tewip, sazı qaldı,
Mut du’nya, tegin ha’zlik, marapat so’z
Joldan urıp ketipti-aw bazılardı,
Para jew, qosıp jazıw, urlıq degen
Ba’leni ko’mgen jerden qazıp aldı.
İsenip at min’gizse xalıq olarg’a,
Arman barıp peylinen azıp aldı,
Jalg’an abıray, aqshag’a duzaq qurıp,
Tu’lkiler quwaladı tazılardı …
Qa’pelimde “aq su’yek” bola qalıp,
Sirkesi suw ko’termey sazıraydı.
“Bo’lingendi bo’ri jer” degen so’zdin’,

Ma’nisi jurt yadında ma’zi kaldı...

O’mirdin ko’bi ketip, azı qaldı,
Bergeni dım ko’p eken, jazıp aldı,
Ol qarızdın’ ha’mmesin o’tew mu’shkil,
Oylasam, tan’lar atpay sazıp aldı.
“Qıymıldag’an qır asar” deydi biraq,
Bas ayaqtı, jiyrenim, shıyrag’ıraq,
Kim biler aldımızda nenin’ barın,
U’mit degen aldag’ı ayna bulaq.

7

Ko’p benen awır ju’gin’ jen’illegen,
Ko’p benen kewil qusın’ sa’wirlegen,
Tawsılar waqta g’ana an’g’aramız,
Adamda en’ zor baylıq o’mir degen.
Tınımsız gu’res ushın oyatılg’an,
O’mir me yamasa bul teatr ma?
Kelesi seansqa bilet alg’an
Ornın’a otırıwg’a kiyatır ma?
Qızıqlı telefilm seriyası,
Qıyınnan qıyıstırg’an waqıyası.
Syujettin’ sharıqlawı sheshilgenshe
Tartadı qunıqtırıp ma’rgiyası,
Ta’g’dir - sum rejisser ol filmge,
To’rtku’lde tuwg’an qılıp erte ku’nde,
Qaydag’ı bir İzmirge aydap barıp,
O’mirin’e toshka qoyar qa’pelimde...

Yamasa ju’remiz be ele uzaq,
Tu’nlerde otlaq jerge seni tusap,
A’ssalam alasar kus, do’n’ basında
Otırsan’ ko’zdi jumıp dana qusap!
Ba’lkim sen bardı boljap aytajag’ın’:
Qansha duz bul o’mirden tatajag’ım.
En’keygen ma’rhamatlı ullı quyash,
Men ushın qansha shıg’ıp, batajag’ın? …
Rahmet, jan joldasım jiyren qasqa,
Maqtawlı ko’ligim joq sennen basqa.
“Ju’rgen-da’rya”  desedi. Shu’w, ja’niwar,
Albawlıqtı su’ymes bul zaman hasla …

Mart, 1987-jıl

**ADAM**

Ga’wmis mamont qarsı shapqanda,
«Ma!» dep qattı ses shıg’ardı ol.
(Bul en’ tun’g’ısh so’z edi sonda,
Eslegendi o’z anasın ol.)
Tas penen ol urdı haywandı,

Aqıl, hiyle ko'rsetti ku'shti.
Biraq izdegi balasın urmadı,
O'z balası yadına tu'sti...

Adam edi bul haywan tu'sli.

2

Kamerag'a tıqqanda, balalar -
«Mama!» desip jıladı shuwlap.
(Bul en' son'g'ı so'zi olardın'.)
Rushkanı jiberdi tawlap.
Vagonetka tasırlap ku'shli,
Krematoriyag'a su'n'gidi...

Haywan edi bul adam tu'sli.

Fevral 1987-jıl.

**ESHEKTİN' SHİKAYATI**

Bazı bir qopallar ja'njelleskende,
«Eshek ekensen'» dep so'ger bir-birin.
Bul so'gisti jan'a esitip ju'rmen be?
Og'an selt etpeydi qularım menin'.

Tu'sinemen bul so'gistin' parqına:
Bir-birin eshekke ten'gerip olar,
Menin' uzın qulag'ımnın' artına
Aqılı kelteligin jasırmaq bolar...

**SAG'ALAYAQ**

Qara qarg'a u'ymelegen
Gu'mis japıraq qızıl jiyde …
Qudayım-aw, bul ne degen
Sulıw ko'rinis deymen geyde.

Urıqlıqqa jap boyında
Qus to'sektey janbaslayman.
Saqawatlı gu'z qoynında
Do'gerekke ko'z taslayman.

Bul ne degen pisikshilik!
Bul ne degen saqıy topıraq!
Jurt atızda, esik ilik,
Jumıs kızg'an g'ır a'tirap.

Ayı-ku'ni jaqınlasqan
Jas kelinge usaydı gu'z.
"Bosang'ay – dep - qıylanbastan",
Tilegin'de juwıramız.

Ken’ paxtalık. Ha’r xanadan
Appak mamıq shag’ırayar.
Biriishi ret ko’rgen adam
“A’jayıp” dep an’ırayar.

Sarı altın sarı atızlar,
Tolqır gu’zdin’ samalınan.
Solqım ju’zim, alma bag’lar,
Pal tamarday dodag’ınan.

Atlap kirip atız shelden,
Qawın u’zip jegenin’de,
Ana-ta’biyat, awıl-elden
Nege kettim demedin’ be?

Jasımıq ha’m boy ju’weri
Ten’selip tur u’y qasında,
Qarap tursan’ oy jiberip,
Awıl jaqsı-aw ırasında"…

2

Keshir, endi bu’ginde men
Salıp bar shayırlıq ku’shti,
Ta’riypin’e tartsam qa’lem,
Qosıq shıg’ar irenishli …

Ko’k jiyegin’ qalg’ıp alıs,
Sag’ımlanar ıssı qumda.
Sag’an degen bir ayanısh
Gezer bu’gin ruwhımda ...

Ala shan’g’ıt ko’z ashtırmay,
Bir jag’ımsız jeller eser.
Bult ko’rinse uzaq turmay,
Ko’k gu’rkirep, quymas no’ser.

Qubılmas hesh ayqulaqtın’
Jeti ren’li do’n’gelegi.
Ko’llerine bizin’ jaqtın’
Jıl qusları kem keledi.

Hasıl jerler kebir ashqan,
Gu’lden qaldı erik bag’ı.
Ko’ller kewip, ten’iz qashqan,
Ju’regimde qayg’ı dag’ı.

Burqıp aqbas ılay suwlar,
Da’rya usar izeykeshke.
Adam onı qorlap, uwlar
Ha’m sol suwdı o’zi ishken.

O’rdegi tek o’zin oylar,
Seni oylar so’z ju’zinde,
Kag’az tolı sızıp joybar,
Jubanamız biz bu’ginde …

Esitilmes endi sennen
Asaw tolqın sesleri de,
Ashshı dawıs “Qutqar!” degen
Esitemen tu’slerimde.

“Baylaman’lar – dep - da’ryanı!”
Juwıraman jalan’ ayaq …
Duzlı shan’g’ıttın’ ma’kanı,
Sag’alayaq, Sag’alayaq!

Shayırlar ha’r qashanda da,
Ken’ du’nyanı gezip-gezip,
Keler sharshap awılına,
G’arrılıqtın’ iysin sezip.

Ha’m eslep o’z bala gezin,
Ju’rgen soqbaqların izler.
Kermek da’mli mun’lı sezim
Su’tilmekler kewlimizde.

Tuwıp o’sken jerge degen
Sol a’jayıp muhabbattın’
Ornın basar ne bar eken?
Tapshı sonday ka’ramattı.

Tuwg’an jer dep tar okopta
Soldat oyg’a talıp keter.
Kosmonavt ushar waqta
Bir tu’p juwsan alıp keter.

Patshalar da, danalar da
Ullı tutsa da o’zlerin,
Jas qaytıp, jer tayanarda
An’sar deydi tuwg’an jerin.

Sho’lin awsap aqsha kiyik,
G’azlar ko’lin izler geyde,
Nalanı taslap Astafev[22]
Keter so’ytip Eniseyge...

Jaslarg’a ten’ adım atpay,
Din’ke ketip, qıssa demin’...
Shawıp bolg’an jawır attı,
Alıp taslap er-juwenin, -

---

[22] Viktor Astafev – belgili rus jazıwshısı, jaqında

Arqashtag'ı qamıslıkqa
Jibergendey...
Mende, ay-hay!
Tuwıp o'sken sol shan'laqqa
Bararman ba ko'p uzamay.

Atar tan'nın' bir ku'ninde
Bir salmada suw kesilip,
Tanıs soqbaqtın birinde
Atqan adım tu'wesilip,-
Men-du'nyasız, du'nya-mensiz,
Joldan qashıq sol jurtlıqta,
Saatsız ha'm telefonsız,
Shawqımı joq jım-jırtlıqta,
Jatarman ba jas tallardın'
Sıldırlısın tın'lap uzaq...

Jurtı shan'g'ıt samallardın',
Sag'alayaq, Sag'alayak!

*Oktyabr, 1986-jıl.*

## SAQLAN' G'AMZATOVTI!

*Rasul G'amzatovtın' 60 jıllıq merekesinde russhası oqılg'an qosıq. Maxashqala, 8-sentyabr 1983-jıl.*

Saqlan' G'amzatovtı!
Kim aytqan o'zi,-
Shayır xalqı bizde ko'p dep og'ada?
Qosıq qarday qaplasa da jer ju'zin,
Bunday shayır kele bermes du'nyag'a.

Xalıq shayırsız termes o'mirdin' gu'lin,
Olsız jan ruwhın' tutanbas hasla.
Jerde-ashıq, ko'kte-juldızdın' tilin
Kimler tu'sindirer shayırdan basqa?

Saqlan' onı gu'reslerde sharshawdan,
Ku'nshiller ko'zinen, asqınlawlardan.
Dan'q-ataqtın' biyiginde muzlawdan,
Pa'sliktin' qapırıq, qabızlawınan.

Biraq, G'amzatovtı saqlaman' ha'rgiz:
Bu'rkit pa'rwazında ma'rtlik ushıwdan.
Zaman ta'shwishinde aqsham uyqısız
Qabırg'asın so'tip qosıq jazıwdan.

Balalıq pa'klikten, danalıq aqıldan,
Saqlaman' ıshqıdan, ku'yip-jansın ol.
Olla matematik shıqpaydı onnan,
Meyli, «patimatik» bolıp qalsın ol[23].

---

[23] Men «matematik» emespen, «patimatik» pen deydi shayır hayalı Patimatqa

İnsan qayg'ısının' g'am qanjarınan
Jıg'ılsa ol Dag'ıstannın' sho'linde,
Xaqnus kibi qayta turıp ornınan,
Qosıqlar jan'lasın shiyrin tilinde.
Maxashqala, 1983-jıl.

## TAW JOLINDA

Jalg'ız jolg'a shıqsan', jolların' o'nbes,
Joldas ertken bunın' ma'nisin bilmes.
Ha'y sen, jas jolawshı, eglen azıraq!
Jol ju'reyik bir-birewge bolıp es.

Qara, qanday sulıw dumanlı tawlar!
Altın lipas kiygen gu'zgi tog'aylar.
Jalg'ız arqar jar shetinde mo'n'irer,
Ba'lkim, o'z joldasın shaqırıp turar.

Jaslıqtın' jeligi bastan o'tse de,
Bel bayladım usı joldan o'tpege.
Bildim, sen de bizdey qumar ekensen',
Bul tawlar du'nyasın sayran etpege.

Jurt asıg'ıp biri-birinen beter,
Mashinalar zuwlap jollardan o'ter.
Asıqsa asıqsın, haq jol olarg'a,
Meyli, bizden ko're erterek jeter.

Kesh qalsak, panalap tawdın' ıg'ına,
Ot jag'ıp, nan qızdırarmız shog'ına,
Bildim, sen de bizdey ashıq ekensen',
Bul qısqa o'mirdin' go'zzallıg'ına.

Kiyik soqpaq, jarqabaqlı shetlerden
Men bunday jollardı talay o'tkenmen.
Jazg'ı jamg'ırlarda jawrap tawlarda,
Shopan qoslarında qalıp ketkenmen.

Jup qılıp jaratqan quslar qanatın,
Joldas tawıp shıqsan', sharshamas atın'.
Menin' ta'jiriybem, senin' jaslıg'ın'
Mu'mkin, jen'illeter jol mashaqatın...

Bunda saylar bir jırag'a quyılar,
Bunda adamlar asqar tawg'a sıyınar,
Bizge qa'wip joq o'tsek Qoysuw da'ryasın,
Arjag'ında G'amzatovtın' u'yi bar...
*TSada, 1983-jıl.*

---

ha'zillesip.

## JA'NE BA'HA'R KELDİ

Ja'ne ba'ha'r keldi. Biraq ta
G'azlar bunda kelmeydi qaytıp.

Ten'iz qashar jag'adan uzaqqa,
Kimlergedur na'letler aytıp...

Ertede o'zim qonaq qıdırtqan
Ko'k seynerim jatar qırg'aqta.

Bir qızalaq, bir bala og'an
Minip qarar ko'k ten'iz jaqqa.

Gu'rpildesip merwert tolqınlar
Juwmas endi bul jag'ıslardı.

Ko'rmes endi bul jas balalar
Sharqıldasqan shag'alalardı.

Bunda endi «o'zim biymen» dep,
Duzlı dawıl qanatın jaydı.

Al adamlar jag'ısta gu'yben'lep,
Bu'gingisi menen jasaydı.
Mart 1986-jıl.

## HAMAL

Jigit, abaylı bol, bul sonday biyik,
Mingenin'di o'zin' bilmey qalarsan'.
Ma'rtebe atının' jalın tararsan',
Oyda joqta ha'mme qaladı su'yip.

Jigit, saqbol, abaylı bol, biraqta
Abaylı bol - jurttan emes,... o'zin'nen.
Ko'zler u'mit penen tigilgen waqta,
Ko'geren'lep nur qashpasın ju'zin'nen.

Aldın'a tartılg'an g'a'letiy tulpar,
U'stin'de o'zin'di sezersen' biyik.
Ha'm jıg'ıp ketkenin an'bay qalarsan'.
Ju'rse hu'rmetin'e ko'pler bas iyip,
Tek sonda, tek sonda bilip alarsan', -
Tırnaqsha ishinde ju'rgenin «su'yip»....
Aprel 1982-jıl.

# «Duzdı samallar» kitabınan

### 1988

### BUL JER ELE ZOR BOLADI

**I**

Qa’weset bar: qaraqalpaqlar
Ko’p uzamay ko’sher degen.
Qaydag’ı bir jaqsı jaqqa
Barıp qonıs basar degen.

Oqıdım bir gazetadan,
G’amqorshımız ko’p-aw, toba!
Erinbestey esaplag’an,
Sırtımızdan sızıp joba.

Aytıwınsha: ko’shshek bunnan,
Jan’a qonıs jayg’a qarap,
Aralg’a suw aparg’annan
Anag’urlım arzanıraq.

Esaplag’an shotqa salıp...
Al bug’an ne shek qoyasan’!
«Shotın qoldan julıp alıp,
Ha’sseni bir!..» dep koyasan’.

Ayırımlar alag’ada
Bolıp sonday qa’wesetke,
Ko’ship u’lken qalada da
O’z awılın ha’wes etken.

Meyli, o’zi bilsin ha’r kim
Bilgishlerdin’ zamanı bul.
Biraq artıq bolmas ba’lkim,
Sa’wirlesek shamalı bir.

Ketken g’azlar ko’lin joqlap,
Usı ku’nde kelip ju’rgen.
Oy juwırtıp sog’an shaqlap,
Bir na’rseni bilip ju’rmen.

Bardur boljaw qa’bilietim,-
Bilgen na’rsem sol boladı:
Sa’l azıraq sabır etin’,-
Bul jer ele zor boladı.

Sabır etin’ sa’l azıraq,
Duzlı shan’g’ıt degen ga’p be?
Ko’mpis bolıp biz ha’zir-aq

U’yrenistik og’an ha’tte.

Awız suwın’ duzlaq bolsa,
U’yrengen o’z duzın’ bolar.
«Suw bar ma?» dep soza-soza,
Tu’ye moynı uzın bolar…

Astı da duz, u’sti de duz
Jasap turg’an jerimizdin’.
Ashshı g’oy dep nalıman’ız
Tamg’an man’lay terimizdi.

«Duz tatıp ket!» degendi de
Tegin aytqan dep bolmaydı.
So’ylegende so’zin’nin’-de
Duzı bolsa shep bolmaydı...

Biraq jetpes o’z jerin’e,
Qansha jaman degende-de.
Beyishtin’ tap naq to’rine
Katej qurıp bergende de.

O’ytkeni bir qarabaraq -
Sho’p emes g’oy adam degen.
Teren’ tamır urg’an daraq -
Watan degen, watan degen!

2

Qattı ag’ıslı ullı da’rya
Ko’k ten’izge quyg’an jerde
Qos basarda ata-baba,
Su’yenip siyseri belge, -

Niyet etken deydi tan’da:
Kim islese hadal en’bek,
Jarqılıq jer, sol adamg’a
A’rwanaday iyego’r dep.

Jer ashıp du’t kegeylerden,
Suw aparıp, daqıl ekken.
«Kesew shanıshsa ko’gergendey»
Degen so’zdi naqıl etken.

Usı jerde o’sip-o’nip,
Qara shan’araq el bolg’anbız.
Awır miynetine ko’nip.
İslep qara ter bolg’anbız.

Bunda tapqan ırg’aqların
Qosıg’ımız, ertegimiz.
Bul jer ushın bir waqları

Dirildegen telpegimiz.

Jag’alasıp jaw kelse-de,
Bul jerdi hesh bermegenbiz.
Kim qay tilde so’ylesede,
Til jatırqap ko’rmegenbiz.

Qara u’y, me, kiyiz u’y me,
Xiywa tarash ha’wli me ya …
Sıbay qonıp tatıw ku’yde,
Bir shınarg’a saldıq uya.

Kewlimiz de, arımız da
Bir g’o’rektey xanalasqan.
Malımız da, janımız da,
Qanımız da aralasqan.

Diyxanshılıq gu’l jaynasa,
Ten’izinde aw maylag’an,
Sharwaları mal aydasa,
Shayırları so’z aydag’an, -

Jan’a turmıs qushag’ında
Shalqıp atqan el edik biz.
Abadanlıq oshag’ında
Ot so’nbewin tiledik biz.

Toyıp sekirip son’ biraq ta,
Ha’dden asıp ketsek kerek.
Bul a’diwli topıraqqa
Ko’p qıyanet etsek kerek.

Qayta qurıw aynasınan
Qarap ko’rsek o’zimizdi,
Juldız izlep ay qasınan,
May basıptı ko’zimizdi.

Na’psimiz ashılıp ken’nen,
Peylimiz dım tarayıptı.
Endi mine o’zgelerden
İzlep ju’rmiz bar ayıptı.

Bir-birewge ayıp tag’ıp,
Aytıs penen o’termiz biz.
Da’rya ele tolıp ag’ıp,
Jag’ısına qaytar ten’iz.

Ten’iz qashqan menen bizden,
Biz qashpaymız u’yimizden.
Arba ju’rip keter ele,
İske o’tip alsaq so’zden...

3

Jaratılıs a'dil qanday!
Obal-sawap, insabı mol.
(Sum bolg'anda adamlarday.
Tutar edi-aw basqasha jol;

Ku'shlilerdin' ıg'ın shalıp,
A'zzilerin qorlar edi.
Jaqsısın o'zine alıp,
Jaqınların qollar edi) ...

Jaratılıs a'dil qanday!
U'leserde baylıqların,
Anan' bo'lip bergen nanday,
Alalamay bo'lgen ba'rin:

Birewlerge asqar biyik
Taw berse de jer bermegen.
Maral man'ırap, aqsha kiyik
Juwırg'anday sho'l bermegen.

Bir jerler xosh ta'biyatlı,
Qırg'awıldın' qanatınday.
Biraq jemisi joq tatlı
Gu'labı, tor nabatımday.

Birewler balıqqa jerik,
Birewlerde-Adriatik...
Birewlerge jamg'ır berip,
Ku'n bermegen jadıratıp.
En' bay eller mu'ta'j ha'tte
Boyan tamır, gazli ka'nnen.
Yaponlardın' «topıraq sat» dep,
Jalıng'anın esitkenmen...

Siz benen biz ma'kan qılg'an
Bul topıraqta ba'ri-de bar.
Egin eksen' o'rre turg'an,
Sho'plerinde da'ri-de bar.

Nar qamıslı ko'llerinde
Oynar sazan, bo'rgeleri.
Jantag'ının' gu'llerinen
Pal jıynaydı ha'rreleri.

Ken' ja'ziyra dalasında
Malına jay o'rislerin.
Qara taldın' sayasında
Bir jelpinip shay ishkenin'...

Miynetin' de, la'zzetin' de

Basımızdan keshirgenbiz.
Jeti iren’li su’wretin-de
Ruwhımızg’a ko’shirgenbiz.

Tegin emes tuwg’an topıraq,
Beze almaydı adam degen.
Teren’ tamır urg’an daraq, -
Watan degen, watan degen!

4

O’zgermeli da’wir degen,
Jerge de bir na’wbet keler.
Bizler du’zemegen menen,
Du’zeledi bul jer ele.

Keler o’z iyesi onın’, -
Jan’a a’wlad - aqıllı jas.
Ko’p so’ylemes bizdey bolıp,
Bizdey osamaslıq qılmas.

Jerdin’ qa’dirine jetip,
Ko’teriser to’besine,
Bizdey o’lermenlik etip,
Ku’l tartpaydı ko’meshine...

Kayta qurıw ka’bileti
Jer-anada mol boladı.
Az g’ana jıl sabır etin’,
Bul jer ele zor boladı.

Zer qa’dirnn bilip zerger,
Sonday zaman kelgen gezde,
«İjarag’a az-maz jer ber»
Dep jalınar du’nya bizge...
*Sentyabr, 1988-jıl*

## ARAL ELEGİYALARI

I

Suwı qumaytlang’an bir a’zim da’rya
Ruwhım arqalı ag’ıp baradı.
Demikken en’ son’g’ı balıqlar onda
Esen’kirep qalash qag’ıp baradı.

Burqıp aqqan ılay suwda sayranlap,
Da’ryadan ten’izge bulqınıp oynap,
Erkin tu’ser edi. Joq endi ol waq,
Suwı kesilgen son’ nag’ıp baradı?

*     *     *

Muz tu’serde tuwlap ol hasıl balıq,
Qızıl suw ten’izge gu’wlep jetkende,
Da’ryanın’ ko’p uzaq o’rine barıp,
Wwıldırıq shashar edi ko’klemde.

Gu’mis shabaqların du’rletip aydap,
Ko’k ten’izge keler edi masayrap…
Endi ha’lden tayıp, jigeri qaynap,
Ten’iz ta’n’irisinen ma’det ku’tkendey.

*   *   *

Ten’iz ta’n’irisi joq. Bar bolg’anda da,
Ba’lki bul jag’ıstı umıtar edi,
Sayran etip alıs okeanlarda,
Bizge degen kewlin suwıtar edi.

U’lken xojalıg’ın jiberip xodqa,
Mu’mkin o’ter edi xozrasshetqa...
Bir “ko’l” qurıdı dep kim berer sotqa?
Ko’ldenen’ tabısqa qunıg’ar edi …

*   *   *

Tubalasa irkip ku’shli ag’ısın,
Da’ryalar ten’izge jete almas eken.
Ten’iz taslap o’z ma’n’gilik jag’ısın,
Ta’g’dirine ta’sil ete almas eken.

Balıq oynar shalqar suwdın’ tusında,
Ten’iz alıp ketken balıq, qusın da.
Adamnın’ en’ a’zzi jeri usında:
O’z watanın taslap kete almas eken.

*   *   *

Suwg’a ne? Ba’ri bir qayda tolg’anda,
Jan’a jarıslardı jatırqay bilmes.
Qay jerde suw bolsa, shag’ala sonda,
Qırg’aqtın’ qımbatın qa’dirley bilmes.

Qalsa onın’ tuwg’an jeri qala ma,
Muhabbatı, jaslıq o’miri qala ma,
Ata-babasının’ qa’biri qala ma?
İnsanday sag’ınıp qa’dirley bilmes …

*   *   *

Qumshawıt jag’ısta oyg’a talaman,
Shan’g’ıt ko’z ashtırmas, ju’zin’ ko’rinbes,
Eski ultan menen ketip baraman,
Qayırılsam, artımda izim ko’rinbes.

Kemeler qawsag’an qayırda tozıp,
Ko’rsen’ ju’rek sızlar, da’rtlerin’ qozıp.
Qansha qarasam da moynımdı sozıp,
Ko’z ushında ko’k ten’izim ko’rinbes.

*      *      *

Ha’zir da’rkar emes mag’an toy-bayram,
Awlaq ju’rip qıyal su’rgim keledi.
Bul apat islerden aqıllar hayran,
Sebeplerin serlep bilgim keledi.

Tasıwdan awıllar jawrag’an gezde,
Burın qurban bergen da’rya, ten’izge.
Qaytıp berer bolsa Araldı bizge,
Jandı qurbanlıqqa bergim keledi.

*      *      *

“Za’rredey payda joq senin’ janın’nan”
Dep ku’lgendey gu’wler duzlı samallar.
Gu’zgi ku’n sıg’ırayar asırlıp shın’nan.
Tamırı jalan’ash jatar tomarlar.

Keshe tolqıp jatqan qayırdı qara!
Qanlı urıs bolg’anday qıp-qızıl sora.
Bir g’arrı u’sh eshki menen awara,
Alıstan awız suw tasır hayallar.

*      *      *

Toy tarqag’an alan’ yan’lı a’tirap,
Jag’ısta awıllar jetim qalg’anday.
Suwsız balıqshının’ isi patırat,
Kemesi ko’shkisiz ketip qalg’anday.

Alıs okeannın’ balıg’ın awlap,
Traulerden to’gip, poezdlar jallap,
Sol “altın balıqqa” isler kombinat,
Ju’zdi sarıplap, birdi payda kılg’anday.

*      *      *

Sonın’day ma’rt edi bunda adamlar,
Dawıl ha’m tolkında sımnan o’tkendey.
Xosh kewilli, eden edi adamlar,
Bekire kespelep qonaq ku’tkendey.

Qısta muzdan-muzg’a sekirer edi.
Dawılda ko’k tolqın o’kirer edi.
Shadlıg’ın, ruwhın, bekirelerdi

Endi ba’rin birew urlap ketkendey.

* * *

Sabır-taqatı joq, shurt minez bolg’an,
Kimler o’z elinen shıg’ıp baratır,
Kimler Sarı kamıs dey me, qaylardan
Balıq izlep, azap shegip baratır.

“Taslap ata ma’kan Urge, Shegen’di,
Qon’ıratqa barıp salı ek endi”.
Qaydag’ı bir Poladzada degendi
Ja’ne a’lle kimdi so’gip baratır...

II

Bir ma’rmer dasha tur go’ne jag’ısta,
Keshki jolawshının’ qıyalı yan’lı.
Altın plyaj edi bul awlaq tusta,
Peruza aspanlı, ma’rwerit tan’lı.

Sho’ldin’ saratanı ha’wirli waqta,
Ne adamlar keler edi qonaqqa.
Ko’k tolqın erkelep appaq ayaqqa,
Beyishtin’ bul da bir tımsalı yan’lı.

* * *

Ha’meldarlar jutıp beyish hawasın,
Bunda dem alıwg’a ko’p keler edi.
Arnawlı samolet, ha’n’legen mashın
Sıylı qonaqlardı jetkerer edi.

Xrustal jamlarda shayqalıp sharap,
Salqın sharda’reden ten’izge qarap.
Xanımlar sho’llese “borjomi” sorap,
Xannın’ qızınan-da o’tkerer edi...

* * *

Ra’ha’tli ku’ndiz, payızlı aqsham,
Su’n’gip shıqqanın’da salqın suw qanday!
Bes ku’nlik du’nyag’a qutlı qonaqsan,
Sezersen’ eneden qayta tuwg’anday.

Biysa’wbet adamdar kele almas edi,
Ne bolıp atqanın bile almas edi.
Ku’ni keshe g’ana bul ıras edi,
Endi ko’rgen tu’stey, tan’g’ı dumanday.

* * *

Biraq bul tu’s emes, boldı ha’mmesi,
Jaqsılıq-jamanlıq shabırsıp ketti.
Dan’q, du’nya ha’zlikke ko’p awıp esi,
Ag’amlar durıs joldan g’abırsıp ketti.

Da’slep xızmet etken boldı berilip,
Kem-kem kisiligi tuttı kerilip.
Aqırsında mingen muzı bo’linip,
Sen’ ju’rer aldında abırjıp ketti...

III

Ne g’a’letiy da’wir! Adamıyzatqa
Jaqsılıq ushın jan ayamas zaman.
Bir jag’ınan o’zin aydap apatqa,
Ayag’ı astına qaramas zaman.

Aqıllı, bilimli, sumlıqlı, sada,
Ko’k tıyını tu’sse, bolarday ga’da.
Ko’z aldında ko’k ten’izin joytsa-da,
Juwabın hesh kimnen soramas zaman.

*      *      *

Miyribanlıq jas sorg’alap betine,
Uyadan bir ma’yek almag’an zaman.
Jerik bolıp aqquw qustın’ etine,
Sın’sıwına qulaq salmag’an zaman.

Ha’r qızg’ısh o’z ko’lin qorır bul waqta,
Ha’r kim murap o’zi suw ishkep japqa.
Bir sayg’aqtı tirkep “qızıl kitapqa”,
Mın’ kiyiktin’ basın jalmag’an zaman...

*      *      *

Ya insan, adamlar ne degen dana!
Wa’jleskende bir-birinen o’tkerer.
Ja’bir ko’rip atsa ta’biyat-ana,
So’ylep-so’ylep so’z tarashın jetkerer.

Birewler - iyesi miyrimli ju’zdin’,
Birewler - iyesi toyımsız ko’zdin’.
Birewler - qurıwın tilep ten’izdin’,
Sonnan la’zzet alıp, sulıwlıq ko’rer …

IV

Gu’rsingen hawazın’ tur qulag’ımda,
Ko’z aldımda aqsham jarg’a urg’anın’.
Jadırap ku’n shıg’ıp, jel basılg’anda,
Qız minezli juwas bolıp turg’anın.

Tawlar sho'gip, jerge kirmegen shıg'ar,
Juldızlar ha'm birden so'nbegen shıg'ar.
Du'nya hesh waqta-da ko'rmegen shıg'ar:
Bir maydanda ten'iz qurıp qalg'anın...

*      *      *

Xosh, ten'iz, su'yiklim! Jaralı janday
O'lim halatında urasan' hallas.
Menin' qayg'ım amfibiya - adamday,
Sensiz qırda jasap sawa bola almas.

Seni sum a'jelge etken giripdar
U'sh jawız qılmısker ele-de jasar.
Hesh waq qolg'a tu'sip, sotlanbas olar,
Hesh prokuror og'an ayıp tag'almas.

*      *      *

Ol u'sh jinayatshı aramızda bar:
Biri-biypa'rwalıq meduzaları.
Gilkildep tolqınsaq betinde jatar,
Muzday suwık ja'nlik, joqtay hazarı.

Sezdirmey denen'di jaralar a'sten,
Gu'lshanlardı basar soralar a'sten,
Ten'iz qurıp, da'rya tubalar a'sten,
Onda bolmas miyrim, hu'jdan azabı.

*      *      *

Ol u'sh jinayatshı sanamızda bar:
Biri-o'zimshillik, ta'kkabbır jar tas.
Ayag'ına bas ursa da tolqınlar,
Turar ızg'arlanıp, ju'zin jılıtpas.

Shortan shabaq ko'rse, jutpag'a tayın.
Shortandı da biraq quwalar jayın.
O'zinen zor shıqsan' g'ana ag'ayın,

*      *      *

Osal kelsen', qaptalına juwıtpas …
Ol u'sh jinayatshı aramızda bar:
Biri-osamaslıq, oy joq basında.
Payda ha'm dan'q ushın kesiwge tayar
O'zi minip turg'an tal shaqasın da.

Tek bu'gingi tabıs - en' bas a'rmanı,
Keleshek - olardın' biypul qurbanı.
"Bizden son' suw bassın meyli du'nyanı"

Dep jazar olardın’ qa’bir tasına...

V

Bul u’sh qılmıs qamalların buzıwg’a
Adamzat bir zor atlanıs qılajaq.
Jan’asha oylawdın’ ku’ni qızıwda,
Shınlıq tolqınları ha’wij alajaq.

Basqa menen urısıp u’yrengen Adam
O’zine urıs ashar, bayrag’ı - hu’jdan.
Bul, shayır aytqanday, “barlıq urıstan
Ullı ha’m birden-bir urıs bolajaq”.

*  *  *

Hujdan azabında o’rtenip adam,
Perzent anasınan keshirim sorap,
Miyrim su’ti sonda iyip qaytadan,
Ten’iz bolıp tolqır ana-ta’biyat.

Hag’lap qudayımnın’ da’ryaları-da,
Tog’aylar mawjırap tınısh tan’larda,
Ten’iz erkeler o’z jag’ıslarına,
Sen ha’m biz ol toyda bolmaymız biraq...
*Aprel. 1988-jıl.*

## «PLAXA» İZLEP...

*Shın’g’ıs Aytmatovqa*

Way, enag’ar adamzat!
O’z isine o’zi, hayran qalg’anday.
Sumlıq ha’m ilimdi qatırıp jumsap,
Bir plaxa[24] sog’ıp shıg’ardıq sonday...
Bir mu’lik boldı o’zi ayta **q**alg’anday.
Turar iyesinin’ ku’nine jarap,
Ko’rgen jag’a uslap, ta’wbe qılg’anday.
Sog’ıw an’satlıqqa tu’spedi biraq:
Qansha usınıslar, daw ha’m ja’njeller,
Kanshama disputlar bolmadı payda.
«Betonnan sog’ayıq» dedi birewler,
Birew aytar «NTR zamanı qayda!»
Birewler der: «bolsın nag’ız ag’ashtan,
Betonın’ ne? Ayan’ baltanın’ ju’zin.
Bası shabılarda adam ha’r qashan,
Ta’biyattan bo’lek sezbesin o’zin...
Ko’p tartıstan, keyin shıqtıq aralap

---

[24] *P l a x a - o’lim jazasına tartılg’an adamnın’ basın shabıwg’a arnalg’an du’n’ke ag’ash, qassaplar onı «jan ag’ash» deydi, (İ. Yu.)*

Ag’ash tuqımı bar ha’mme jaqlardı,
Livan kedrlerin qırıqtıq jarg’ılap,
Savannada ullı baobablardı.
Tayga qarag’ayın biyigin saylap,
A’ydik emenlerdi qıyratıp shıqtıq.
Tu’bine za’ha’rli izey suw aydap.
Sayalı gu’jimdi quwratıp jıqtıq.
Mine, tayar boldı!
Planetanın’
Ornattıq xalıq barar ken’ maydanına.
Ha’r kim alıp barıp og’an dushpanın,
Aybaltamdı juwsam deydi qanına.
«Ju’r» dep biri-birin zorlaydı adam,
Zorlag’anı menen barmaydı adam,
Birin-biri tutıp jup jag’asınan,
Su’yreydi, qıynaydı, qorlaydı adam...
Kimler adamzatqa etse jaqsılıq,
Ekinshiler isler og’an shaqsıylıq.
İsenim ko’piri qıyrap belinen,
Eki jag’ıs bir-birine qaqshıydı...
Ju’rer jollardı da shıqtıq, minalap.

Basıp almayıq dep onı abaysız.
Ha’r adım atqanda dize qaltırap,
Ju’rekke as batpas, uyqımız jaysız.
Lekin jasaw za’ru’r, jan degen tatlı,
Ma’jbu’rmiz minalı joldan barıwg’a.
A’jel quzg’ınları qara qanatlı,
Tayar tur o’mirge pa’nje salıwg’a.
Jerde tirishilikke tuwg’ızıp qa’wip,
Gu’rsiner Nevada, Semey sho’lleri.
A’jeldin’ binarlı urıg’ın tawıp,
Alg’ıs alar «ilim pida’kerleri».
Uyag’a talasqan eki lashınday,
Adamlar ayawsız bir-birin jular.
Podshipnigi maylanbag’an mashınday,
Astımızda jer hawlıg’ıp aylanar,
Ashko’zler shanag’ı teren’ qurdımday,
Baylıq u’stemlikti awsar bir tınbay,
Juwhalanıp ten’iz suwın simirip,
Na’psi o’rbir shegirtkenin’ qurtınday,
Jawrap Missisipi, A’yiw da’ryalar,
Jag’ısların taslap qashadı Aral.
Gazge uwlang’an hindler qan’g’ırıp barar,
Shernobılde tallar dir-dir qaltırar.
İship da’ryadag’ı za’ha’rli suwdan,
Jag’ısta qan qusıp o’ler negrler.
A’jel qısnag’ına vertolet quwg’an,
Qashıp barar sayg’aq ha’m kenguruler.
Paxtadan «aq altın» alıw qastında,

Za’ha’r shashqan samolettin’ astında
Bawırı shanshıp, ın’ırsıydı balalar,
Jolda o’lip atqan torg’aylar qalar...
Dinamit jarılar, laynerler janar,
Terrorlar, mafiyalar - jawız haywanlar,
Plaxag’a qarap aydap bir-birin,
Yag’nıy o’zin-o’zi qıynar adamlar...
Al, ol du’n’ke ag’ash o’lim shaqırıp,
Mudam qang’a sho’llep turar desedi.
Biraq sel jamg’ırlar o’mir shaqırıp,
Ol ag’ashtan nart shıbıqlar o’sedi.
Sol nartlar japırag’ın ılaqlı eshki
Jep atır artınan kelip arqayın.
Ol ag’ashqa kelip otırar keshte.
Muwsapiyt jolawshı ju’zi sarg’ayıp,
Ha’m u’shkilsiz pishken uzın lipasın
Sa’l qımtap, ag’ashtı sıypap qoyadı.
Shıramıttım tu’sin, saqalın, shashın,
Shirkewdegi su’wretlerge bayag’ı:
Quddı ko’kten tu’sken İysa payg’ambar
Haqqında an’ız so’z tu’sedi eske.
Sol dep paraz etsek, oylag’an shıg’ar:
«Azap penen shegelenip krestke,
Asıqpay o’lgennen mınawın’ abzal.
Shart u’zilip tu’sken gellen’di ko’rip,
Esin’di jıyg’ansha ketersen’ o’lip.
Geroinnen tartsan’ onın’ u’stine,
O’lerin’de janın’ awırmas ja’ne.
Ne degen nnsanlıq, miyrim-sha’paat,
O’sip qetken eken g’oy bul adamzat! ...»

Al, da’rya boyında adamlar barar,
O’zi soqkan mu’likke ha’wlirip qarar,
Ha’r qaysısı o’z basınan qa’wip etip,
Bildirmey o’z moynın sıypalap qoyar,
Olar endi ullı da’rya boyında
Jan’a oyshılına jan’a zamannın’
Ju’giniwdi niyet etken oyında,
Aqılı kirgendey oysız adamnın’.
Sonshelli peylinen azg’an bul insan,
Sezgen bolsa kerek oyanıp hu’jdan:
«Kemege mingennin’ janı bir» degen
Naqıldı esletip tolqır okean.
Jawızlıqtın’ mu’lki sol du’n’ke ag’ash,
Mu’mkin nartlap, daraq bolar qaytadan.
Aqıl aspanında nur shashıp quyash,
Ullı haqıyqatqa jol tabar insan …

*No’kis, mart, 1988-jıl,*

## BORANLI KESHTE

U'stu'rttin' sho'li ko'k tayg'aq,
Shıdatar emes boran dım.
Iqladı kelip ko'p sayg'aq
Mal qorasın Oraldın'.
Bas saldı iytler shawıldap,
Qızıq boldı qalayda.
Qa'pelimde awılda
Kiyiktin' eti molaydı.
Qaqaman boran julqınıp
Qag'adı keshte aynanı.
Ha'r qazanda bul ku'ni
Sayg'aqtın' go'shi qaynadı.
Ot basında Oral ma's,
Et tuwrar maldas qurınıp,
Eziwden ku'lki jıyılmas,
Qatınına burılıp:
- Jurt mashınlı ju'ripti
Sayg'aq atıp boranda.
Qudaydın' o'zi kiyikti,
A'keler aydap Oralga... –
Dep mardıyar maqtanıp,
Qızara bo'rtip qulperen'.
Seksewildin' shoqları
Isıtıp, ha'mme terlegen.
- İytlerge nesip bolar-ma.
En' irisi sol an'nan...
Toysın-da etke olar-da,
Alg'an joq g'oy qoran'nan. –
Dep hayal sorpa quyadı
Duwramalı samarg'a.
Balalar-da toyadı,
Uyqıg'a jatar olar-da.
Ashıwlı boran dalada
Aynanı sabar hu'wildep.
Man'ıray-ma, jılay-ma,
Tu'sinbedim tilin tek...
*Moskva, Oktyabr,1987-jıl.*

## TİYME OG'AN

Tiyme, bala, jılang'a
İyren'lep baratırg'an!
Jasaw ushın bumanda
Oldag'ı jaratılg'an.
Senin' awılın' bolsa,
Onın'-da watanı bul.
Aqsardın' arasında
Ha'z etip jatadı bul.
Sen tek, tabanın' menen

Jer basıp, ju’resen’ jol.
Pu’tkil denesi menen
Bul jerge berilgen ol.
Oqıw ya payda quwıp,
Ketersen’ er jetkende.
Al, ol usında tuwıp,
O’ledi usı jerde,
Jılannın’ tu’si suwık.
Adamnın’ ishi suwıq.
Bawırına tartıp ju’rip-aq,
Adamlar jayar uwın.
«Jılannın’ tili za’ha’r,
Shaqsa shataq" deydi sol.
Bul so’zde nadanlıq bar;
Shaqpaydı, tisleydi ol.
Tisleydi uwın jumsap,
Ursan’ ha’m azap bersen’.
Miyrim-sha’paat qumsap,
Jalt-jalt qarawın ko’r sen.
Sezimin’ serli bolsa
Sen serler edin’ ba’rin:
Qız minez qılıqların,
Qamshı o’rim nag’ısların...
Tuwılıp o’skenine
Bul bir usqınsız jerde,
Ayıplı emes ha’m de
Og’an o’kinbeydi de.
Jerge jılan-da kerek.
Em bolar uwı ushın,
Adamlar serlen’kirep,
Ayaq basıwı ushın.
Ha’y, bala, tiyme og’an!
Sen ne, urajaqsan’-ba?
Jasaw huqıwqınan
Ma’hrum qılajaqsan’ ba?

## BAYIWLIG’A

Teleantennag’a qonıp in’irde,
Tambasında bay-baylag’an bayıwlı!
Ko’pten joq edin’ g’oy sen bul o’n’irde,
Qaydan keldin’ sen on’bag’an bayıwlı?

Tu’rin’ ubıjıqtay, u’kili ko’zin’,
Dım bir zıyanatsız qussan’-aw o’zin’,
Biraq jurt awzında ko’p jaman so’zin’,
Neden jamanatlı boldın’, bayıwlı?

Irastan sen baydın’ ulı boldın’ ba?
Ata-an’an’nan jaslay qarg’ıs aldın’ ba?
O’gey sheshen’ sag’an do’hmet saldı ma?
Neden jamanatlı, boldın’, bayıwlı?

Ma’kanın’ go’ne tam, uyan’ jarıqta,
Ba’ledey ko’riner tu’rin’ xalıqqa.
Menin’ demim shamalasıp qalıppa,
Sen ne dep qıshqırıp tursan’, bayıwlı?

Ten’iz tolqıp turg’an waqta irgede,
El qanday ma’s edi keshe U’rgede...
Ju’regim dawamas endi ko’rmege,
Ma’kanlap alıpsan’ o’zin’, bayıwlı.

Arqadan jag’ımsız samallar eser,
Samal esken sayın en’semiz tu’ser,
Uzamay bul awıl ko’shedi deser,
Sol ma aytajag’ın’, bayg’us bayıwlı?

Naqıl bar: jer qattı, aspanı uzaq,
Ko’shpeymiz be degen u’mit bar biraq.
Tambasıng’a shıg’ıp baqır qattıraq,
Ba’lkim. senin’ dawısın’, jeter, bayıwlı.
*Aprel, 1988-jıl.*

## EKİ QUWANISH

Men atımdı tu’sip basqag’a berdim.
Er-turman, dorbası, qamshısı menen.
Sen da’rhal quwanıp juwırıp keldin’,
Ko’zin’de shadlı jas tamshısı menen.

Sen bayg’us quwandın’ ha’z etip ku’lip,
«Piyada qaldırıp jazaladı-aw dep.
Men bayg’us quwandım: jayawlap ju’rip,
Ko’p jaqsı qosıqlar jazaman-aw dep ...
*Mart, 1988.*

## DU FU[25]

«Bası artıq ya o’zin’e kereksiz,
Kitaplardı o’z bahasın to’lep biz,
Alamız, ya qanday kitap qa’leseq,
Sol kitapqa almastırıp alasan’».
Dep esittim bir du’kanda men bu’gin.
Da’rhal o’zim jazg’an kitaptın’ ba’rin,
Apardım da, almastırdım bag’ana,
Du Fudın’ shappattay bir toplamına
1988-jıl, may.

## BURMALAWSHIG’A

[25] Du Fu – VIII a’sirde o’tken ullı qıtay shayırı.

Bazı bir jigitler oynap an'g'alaq,
«Qızay» an'lıw menen jatqan desedi.
Awzına kelgenin sırttan sandalap,
Ko'zimshe «qosıg'ın' qatqan» desedi.

Qosıqtı burmalaw ushın ha'r qashan,
Hasla keregi joq aqıl ha'm hu'jdan.
Pıstırmada at u'rkitip tasadan,
Ma'pleniwge olar shaqqan desedi.

Jıyıstırıp miyrim, insap, ardı da,
Sa'l su'rinsen', atlap o'ter aldıg'a.
Seyfulg'abit penen İzbasardı da,
Usındaylar iske shatqan desedi.

May, 1988-jıl.

## TUSIN'NAN BİR JA'NAN O'TİP BARATIR

Ag'an'nın' so'zine qulaq sal, bala,
Bet alısın' jaman ketip baratır.
Zeyni pa'slik qılmay bir serlep qara,
Tusın'nan bir ja'nan o'tip baratır...

Bilmedim kiygeni qanday tawardan
Sın-sımbatın ko'rip esten awarman,
Ha'r basqan qa'demi bir da'rtli a'rman,
Sen o'zin' bil, mag'an o'tip baratır.

Go'zzallıq du'nyası sonshelli abat,
Sulıwlarda bolar g'ayrı ka'ramat,
Gu'lli ko'yleginen jelpip aromat,
Ju'zi mahıy taban o'tip baratır.

Nadanlar ashıqlıq la'zzetin bilmes,
Saz-sa'wbetti su'ymes, oynayıp ku'lmes,
Son'ıra qonıp ket dep jalınsan' kelmes
U'y tusınan miyman o'tip baratır.

İlhamım yar bolıp, kelse a'wmetim,
Bir ta'riypler edim qa'ddi-qa'wmetin,
Jaslıq da'wran ten'-tayı joq da'wletin',
Tez baqpasan', da'wran o'tip baratır.

Sen bolsan' janıwsız, gu'lxanın' suwıp,
Uwızda toymapsan' eneden tuwıp.
A'ken' jetealmag'an du'nyanı quwıp
Bir ash ko'zli nadan o'tip baratır.

İnsanda siz-bizlik ha'm de miriwbet,
Ko'zlerin'de nur joq, so'zin'de - la'zzet,
Muhabbatın' basqa jurtqa ku'yewlep,
Ko'kirekte a'rman ketip baratır.

Ashıq na’zer menen serle, ha’y, bala!
Jaslıq bag’ı solmaydı dep oylama,
Ba’ha’r paslı keldi, gu’llep aynala,
Taw basınan duman o’tip baratır.

Kewil a’ndiyshesin ayttım ma’zi men,
Jaslıq da’wran bolmas o’zi-o’zinen,
Ko’zin’di ash, juwermek, juwır izinen,
Tusın’nan bir ja’nan o’tip baratır!
*Moskva, dekabr, 1988-jıl.*

**ESSENTUKİDEGİ SA’RWİ TALLARDAY ...**

Bultlar aqboz atın tawg’a tusag’an,
Suwlarında sherbet barday, pal barday.
Ku’nler o’ter bir-birine usag’an
Essentukidegi sa’rwi tallarday.

Qıyalım tawlarg’a ushar hawalap,
Jaslıq da’wran jasıl do’ngen bir daraq,
Uzag’ına turmas eken ol biraq,
Essentukidegi sa’rwi tallarday.

Xalıq qıyamet naqıl so’zler do’reter:
Bir jigit tusınan beterme-beter
Sallanısıp jeti du’rkin qız o’ter,
Essentukidegi sa’rwi tallarday.

Ba’ri o’tip bolg’an edi tusımnan,
Hesh bir du’rkinde joq edin’ g’oy, janan?
Jasarta jaqsan’ ba bizdi qaytadan,
Essentukidegi sa’rwi tallarday?

Taw basında bultlar qozg’alan’ tawıp,
Qoy, tınısh kewlime salma g’alawıt.
O’mirim jayparaxat o’tsin ırg’alıp,
Essentukidegi sa’rwi tallarday ...
Avgust, 1982-jıl.

**U’SH OQ**
(Legenda)

Bajbannın’ balası oynar tog’ayda,
Keklik qus qıshqırıp jılaydı sayda.
İzlep tawıp alsa qustın’ uyasın,
Bir jılan ol jerde bolıptı payda.

Bala uslap ılaqtırdı jılandı,
Palapanın ko’rip keklik quwandı,
Sol waqta ses keldi tog’ay ishinen,
Su’ysindirip qulaq salg’an adamdı:

«Adam ulı, qanday jaqsı balasan'!
Sıylıqqa sen endi u'sh oq alasan'.
«Attım!» desen', jıqbaytug'ın jawın' joq,
Ko'zi qattı ko'zma'mbet sen bolasan'.

Tiri jang'a aytpa bul sırdı biraq,
Dus kelgenge atpa oqtı zayalap.
Eger aytıp qoysan' bunı adamg'a,
«Attım» degen og'ın' atılmas onda ...

Bala u'ybetine qashtı ha'wlirip.
Bir ku'ni tog'ayda jigildik terip,
Qon'ısının' qasımker balası menen
To'belesip qaldı ol oynap ju'rip.

Sol tawnazar bala bunı sabadı,
Dım qorlıg'ı keldi, o'ksip jıladı.
«Attım» dedi sıng'an tisin tu'kirip,
Qon'sı bala jar basınan quladı.

Bala u'ybetine qashtı ha'wlirip,
Erjetti bir qızdı unattı su'yip,
Kese turdı bug'an bir jigit biraq,
«Attım!» dedi. Ol ha'm ku'l boldı ku'yip.

Qatıng'a sır aytpas erkek kemde-kem,
Sharap ishken waqta maqtanıp da'ken',
Sırın aytıp qoydı. Qalg'an bir og'ı.
Atqan menen endi ko'shpeydi eken.

Barg'an sayın boldı dushpanı mıqlı,
Birisinen biri ku'shlirek shıqtı.
Endi o'kinip ju'r jigit o'geysip,
Tog'ay piyri bergen essiz ush oqtı ...
*Fevral, 1988-jıl.*

## A'SKERBAYG'A

Betin' bıdım-bıdım, ju'regin' taza,
Alshag'ırday minezin' bar biymaza,
U'sh - to'rt miliysadan kelmese qaza,
A'jelin'nen o'lmeysen' sen, A'skerbay,
«Eshek da'pterden»

Shaqamannan shaybas bug'a tabılıp,
Uslay almay ju'rdik ha'mme jabılıp,
O'gizler tu'yekten shıqtı sabılıp,
Senin' janın' tas eken dım, A'skerbay.

Ismamıtın' sharshap haldan ketkenshe,
Tusın'nan ne rawshanlar o'tkenshe,

Gu'rektey tislerin' qawsap pitkenshe,
Jigitlik da'wrandı ishtin' A'skerbay.

A'wpildep juwırdın' jarag'an narday,
Qobızday quwsıydı turpatın' darday,
Araqta a'ken'nin' qarızı barday,
İzine qunjıyıp tu'stin', A'skerbay.

Seni qapqan iytler qutırıp o'ldi,
Sona shaqsa ma's bop tutılıp o'ldi,
Eske alar ga'ptin' endi utırı keldi,
Talantqa suw qospay ishtin', A'skerbay.

Esiktin' awzında an'qırdı eshek,
Qaqaman suwıqta kim keldi desek...
Otsız o'jirede podshipka to'sep,
Uyqılap jatqanın'dı ko'rdim, A'skerbay.

Ton'ırtqası toldı jap ha'm salmanın',
O'n'eshin' o'zgeshe, tas eken janın',
Sol ju'risten o'lmey aman qalg'anın',
Ju'rimin' bar eken ele, A'skerbay.

Jurt aytısar endi seni qoydı dep,
Qarar og'an qattı ta'sir qıldı dep,
Joytılg'an qa'lemin tawıp aldı dep,
Es barda etegin japqan A'skerbay.

İshinde bar gu'mbirlegen shayırlıq,
Endilikte qalsan' onnan ayrılıp,
İlha'm perishtesi baqpas qayırılıp,
Hasharg'a na'zerin' tu'spes, A'skerbay...

## PERİ MİNGEN AT

Sonday bir ku'sh hu'kimi ho'ktem ...
A. Blok

Seyisxanag'a azanda kelip,
Seyis ku'nde hayran qaladı:
Atı qara terge shomılıp,
Oqıranıp zorg'a turadı.
Awırg'andı ba'lkim janıwar,
Dep suwlıqqa bayladı andız.
Erten' de sol awhal ta'kirar ...
A'jeplenip seyis uyqısız,
Tan' asırıp an'lıdı keshte.
Tu'n jarpında qulıplı da'rwaza
O'z-o'zinen ashıldı a'ste.
At tıpırshıp boldı biymaza.
Ha'm izinshe appaq deneli,
Qara shashı bo'ksesin jawg'an

Jalan’ash qız kirip keledi,
Saldır-gu’ldir at ayag’ınan
Kisen tu’sti. (Ko’rdi ha’mmesin,
Esi ketti seyis sorlının’).
Jalın sıypap qız aq ma’mmesin
Omırawına bastı torının’.
At juwasıp, bir tepsindi de,
Qıypaqlap qız ha’mirine ko’ndi.
Jalın qarmap bir sekirdi de,
Qustay ushıp qız atqa mindi,
Pa’rsiz oqtay qan’rıp saygu’lik,
Ketti ju’yitkip qula dalag’a.
Tu’s ko’rgen’dey seyis ha’wlirip,
Qala berdi seyisxanada ...
Sol degendey ha’r ku’ni keshte
El uyqıg’a jattı-aw degende,
Keler ilham perisi a’ste.
Kisenlewli at qusap men de,
Tıpırshıyman onı sag’ınıp
Ashıq bolıp qozar da’rtleri
Ha’mirine u’nsiz bag’ınıp,
Ko’teremen erkeliklerin.
Peri mingen attay azaplap,
Ol janımdı qıynar ba’rhama
Da’rtlerimdi to’gip qag’azg’a,
Tan’ atqansha qa’lem tartaman.

Mart, 1988-jıl.

## BERDAQTIN’ DUWTARI

*(Shayırdsh duwtarın shawlıgı muzeyge tapsırg’anda)*

Haslın’ senin’ ag’ashtandur,
So’yle duwtar, so’yle duwtar!
Hawazın’ tolı a’rmandur,
Da’rtin’ bayan a’yle duwtar.

Ullı shayır iyen’ bolg’an,
Qulag’ın’a bu’lbil qong’an.
Talay toylardı atqarg’an,
Dan’qın’ belli elge, duwtar.

Go’ne zamannın’ gu’wası,
Sharxanan’da saz ag’lası,
Berdaq babamnın’ mun’lası,
Da’rtin’ bayan a’yle, duwtar.

Gu’mbirlegen sazg’a baysan’,
Da’rtlerimdi qozg’ag’aysan’.
Gu’n’irenip nege jılaysan’?
Tilin’ bolsa so’yle duwtar!

*      *      *

Da’rya ko’k ten’izge quyg’an aradan
Qashıqlawda o’sti bir tu’p qaraman.
Aydos baba sayasında tu’slenip,
Ku’nxojadan biyler ken’es sorag’an.

Ten’siz urıs barar Watan jerinde,
«Azatlıq» uranı xalıqtın’ tilinde.
Masayraydı qılıshınan qan tamıp,
Xan la’shkeri qaraqalpaq elinde.

Ernazar alako’z alıs qorg’anda,
Xang’a qarsı qaytpay sawash qurg’anda,
Satqın ag’ayinler arqadan atıp,
Jawg’a jıg’ıp berdi, o’ldi a’rmanda.

Jaralı iyesi jalın qarmag’an,
Bir at sonda qarg’ıp Qazaqda’ryadan,
Pa’rsiz oqtay qan’g’ıp uslatpay ketti,
Ala quyın shawıp elden armag’an.

El su’ygen bahadır, jas sun’qar edi,
Ashıqlıq ıshqında biyqarar edi.
Urıs pitken son’ qosılıwdı an’sag’an,
Aydan arıw qalın’lıg’ı bar edi.

Atın baylap, su’yengeni qaraman,
Qan sorg’alar qılısh tiygen jaradan,
Bir diydarın ko’rip o’lsem yarımnın’,
Degen a’rman bir ketpeydi sanadan.

Ashıqlardın’ alıp ushıp ju’regi,
Talay ku’tip, talay bunda tu’nedi.
Bu’gin aqsham usı terek astında,
Ushırasıwg’a wa’delesken ku’n edi.

Tu’n ishinde yar kelgenin bildi ol,
Irza bolıp mıyıq tartıp ku’ldi ol.
Quwday sın’sıp qushaqlag’an yarının’,
Qolında ko’z jumıp jigit o’ldi sol.

Qız aytıptı deydi: «Ta’n’irim, al meni!
Yarım menen bir topıraqqa sal meni!»
Qız tilegi qabıl bolg’an desedi,
Bılay bolg’an tileginin’ kelgeni:

Shan’ ko’terip shamal esipti deydi,
Sel-sel quyıp, bultlar ko’shipti deydi,
Dawıl uyıtqıp qaramannın’ u’stine
«Shatır» etip jasın tu’sipti deydi ...

*  *  *

Teberik duwtardı qolg’a alaman,
Qarayman da, tu’rli oyg’a talaman.
Samal shaqırıp so’ylep turg’anday bolar,
O’zegin o’rt shalıp ku’ygen qaraman.

Bolıptı ol gezde duwtarshı usta,
Ha’rdayım tın’-tın’lap irkilgen tusta,
Ha’r ag’ash o’zinshe saz shertip turar,
Onı ko’rse ızın’lag’an qamıs ta.

Izın’-ızın’ sesler keler daladan,
Samal esse, quwray sın’sıp jılag’an,
Bu’rtik jarg’an jo’newittin’ qabıg’ı,
«Kesip alıp, sırnay soq» dep sorag’an ...

Sol usta bul jerge kelgen desedi,
Ku’ygen daraq da’rtin bilgen desedi.
Duwtar islep sol qaraman ag’ashtan,
Berdaqqa aparıp bergen desedi.

Ha’m ol aytqan deydi: «O, dana shayır!
Xalıqqa ıg’bal izlep bolarsan’ sayıl,
Arnap soqtım, al sen usı duwtardı,
So’zin’e, sazın’a zamanlar qayıl ...»

Ustanı alg’ıslap, jang’a ten’gerip,
SHayır qolg’a aldı, da’ske o’n’gerip.
So’z ag’lasın, saz ag’lasın su’ysinip,
Xalıq tın’ladı quwday moynın to’n’kerip.

Yoshlı qosıq! Bir ku’sh bar-aw o’zin’de,
Jımbırlap enesen’ sana-sezimge.
Kewillerde ba’ha’r gu’li ashılar,
Baqsılar ha’wijge mingen gezinde.

Teberiksen’ ullı shayırdan qalg’an,
Baqsı qız Hu’rliman sende saz shalg’an.
Qarajannın’ qashqan attay elewrep,
Seni so’yletkenin su’yip qalg’anman.

«Yar, sen qal endi» dep xosh hawaz Esjan,
Japaq baqsı gu’rlep da’ryaday tasqan.
Bu’gin ko’rdim Genjebaydın’ qolında,
Jan’la duwtar, qa’ne jan’adan yoshlan!

Sazdı su’ymegennin’ u’yi ku’ymesin,
G’a’ripler sag’ınsın Sa’nem siynesin.
O’zegin o’rt shalg’an qaraman ag’ash,
Ashıqlardın’ a’rmanınan so’ylesin ...

May, 1988-j.

*      *      *

Kel, sen sa’wbetles bol bizge, ha’y samal!
Eglerge zorım joq, zarım bar menin’.
Ushardan oq jegen su’ylindey mısal,
Sarqıp ushar g’ana halım bar menin’.

Miyribansan’, ta’bizime tu’sersen’,
Anamnın’ aq jawlıg’ına usarsan’.
Peshanamnan sıypap-sıypap esersen’,
Bu’gin senlik ruzıgarım bar menin’.

Ba’lent tawg’a barsam, basında qarı,
Sel-burshaqtan jawrar onın’ da halı.
Qa’wesetli, bir-birinen g’awg’alı,
Saw basımda sawdalarım bar menin’.

Kewil alg’am-dalg’am, ju’rekler sazıp,
Bu’lbil qus uyası qaldı qulazıp.
Ju’k artayın desem, qa’tebi jazıq,
Ko’sh artında jaydaq narım bar menin’.

Saz sherteyin desem, sazım kelispes,
Aynag’a qarasam, ju’zim keliepes,
Adamlarg’a aytsam, so’zim kelispes,
Kelisiksiz namalarım bar menin’.

Da’wlet qaytıp, isin’ shapsa nasırg’a,
Doslar o’sek aytar oshaq basında.
Sondayda sen pa’rwanasan’ qasımda,
Durıslıg’ımdı ta’n alarım bar menin’.

Qayg’ı-g’am shadlıqtı an’lıwın qoymas,
Sum pa’lek biz benen oyıng’a toymas.
Bazı bir isleri aqılg’a sıymas,
Sonshelli ne gu’nalarım bar menin’?

28-iyun 1988-jıl

## O’MİRZAYA JULDIZI

1

O’mirimnin’ keshinde, gewgim tu’skende,
Tawlar qabag’ında janar bir juldız.
Kiyikler urlanıp qaq suw ishkende,
Qa’pelimde birden so’ner sol juldız.

Jog’altqanday sırlı saqıyna ju’zik,
Bir sulıw a’rmanlı ko’zlerin su’zip,
Ha’r qarag’an sayın bawırımdı u’zip,
Aqsham tu’slerime ener sol juldız.

Aspan jiyeginde jang'anı nesi,
Janıp turıp demde so'ngeni nesi?
Azaplap bizge pa'nt bergeni nesi,
Janımdı otlarg'a salg'an sol juldız?

Ayralıq azabın kewlinde giznep,
Jawtan'lap qarayman men onı izlep.
Jasawdan da zıyat bir g'ayrı la'zzet
Aldap a'ketken-be? Qa'ne sol juldız?

Anam aytar edi onın' ta'riypin,
A'rmanlı nashardın' mun'lı tariyxın,
Ko'zden bir-bir ushqan yan'lı bar uyqım,
O'mirimnin' keshinde so'ngen sol juldız.

Mo'lt-mo'lt etip mun'lı qarar da turar,
Birewdi izlegen bolar da turar.
Jel u'rlegen shamday so'ner de qalar,
El awzında ertek bolg'an sol juldız.

2

Panalag'an ko'l jag'asın, taw shın'ın,
Jalg'ız u'yi turar edi an'shının'.
Mo'ldir bulaq ko'lge quyar jıltırap,
O'rimindey tu'sip qalg'an qamshının'.

Jazg'ı tu'nde sol bulaqtı jag'alap,
Bawırın'da na'reste bar shaqalaq,
Qız juwırar albıraqlap ko'l betke,
Quwday sın'sıp jılap barar «apa» lap.

Esitkendey apası joq sorlının',
Qızın ha'm de emiziwli bir ulın
Qaldırıp ko'z jumg'an a'rmanlı ana,
Bilse edi o'gey sheshe qorlıg'ın!

Esitkendey a'kesi ju'r tawlarda,
Qulan quwıp, arqar atıp awlawda.
U'yine eki-u'sh ku'nde bir keler,
Qashan kelse u'yde qatın shawlawda...

Qız barar u'kesin bawırına basıp,
Qorqıp, albıraqlap, akıldan sasıp,
Qasında bar qaplan iyti an'shının', -
Tiri jetimlerdin' sadıq joldası.

3

Bul istin' ma'nisin aytsam men degen,
Biykar dersen' bul du'nyanı ken' degen.
Ko'rgenler jag'asın uslar, toba dep,

Ko’rmegenler ertek so’z dep senbegen.

Ertek emes, ertede jurt ko’ripti,
Ana bayg’us a’rman menen o’lipti.
O’gey sheshe, sol anadan tuwılg’an
Na’restenin’ ju’regine jeripti...

Besiktin’ janında jatqan qız bayg’us,
SHorshıp oyanıptı ko’rip jaman tu’s.
Peylin an’lap jawız o’gey sheshenin’,
Qashtı o’z u’kesin alıp asıg’ıs.

Aydı joqlap edi, ko’rindi ay-da,
Juldızlar da boldı aspanda payda.
Otırdı qız tan’nın’ atıwın ku’tip,
Ko’ldin’ jiyeginde qupıya jayda.

Bir waqta gu’wildep bir dawıl esip,
Qamıslar sıpsın’lap, gu’wlep so’ylesip,
Ko’l shetine ıg’ıp kelipti deydi,
Sonda terbetilip bir altın besik.

Qız bayg’us quwandı hawlıg’ıp qarap,
U’kesin su’ydi-de jatqızdı orap.
Etegin sherbenip suwg’a tu’skende,
Besik ıg’ıp ketti sa’l arrag’ıraq.

Besikti tutsam dep ha’reket etti,
Abaylamay teren’ iyrimge jetti,
Qa’pelimde gu’rpildegen aq tolqın,
Qızdı ko’mip, birden battı-da ketti.

Ju’rek-bawırın nishter tilgendey boldı,
Tu’s ko’rip atırıp o’lgendey boldı,
Bir topar qız a’tirapında sın’qıldap,
Bunı ermek etip ku’lgendey boldı.

Suwperiler edi ku’lisken bular,
«Peride miyrim joq» degen so’z-de bar.
SHeshindirip muzday qolları menen,
Biygu’na sulıwdı a’ketti olar...

4

İyt jag’ısta shır-pır boldı qan’sılap,
Bir sumlıq sezgendey janıwar jılap,
O’zin suwg’a attı qızdın’ izinen,
Qutqara almadı iyesin biraq.

Tislep alıp shıqtı ko’ylegin g’ana,
Ta’g’dirdin’ isine kim turar ara!
Jılap atqan na’resteni aylanıp,

Ko'lge qarap ulıdı iyt biyshara.

Kim umıtar bul azaplı kesheni,
Qarg'anıp kiyatqan o'gey shesheni,
Ko'rgen waqta a'lle neden seskenip,
İyt ju'regi qaltıradı desedi.

Du'nyada ne jaman,- jeriklik jaman,
Jerik asın jese, qalarmıs amam.
Biraq sol tas tuwg'ır o'gey sheshenin'
Jawız niyetine shıdamas adam.

Adam tuwe, iytin' janı tu'rshikti,
SHalawıtlap qarg'anıptı, urısıptı.
Qızdın' joq bolg'anın bilip quwanıp,
İslemekshi oyındag'ı qırsıqtı.

Keldi na'restege juwırıp alıp,
Balanın' ju'regin suwırıp alıp,
Jep mawqın basıwg'a asıqtı sonday,
Otqa taplap sa'l-pa'l quwırıp alıp.

Pıshaq shıqtı jıltırap jen' ishinen,
Sol waqta bas saldı iyt kelip birden.
Qashtı o'gey sheshe qanı sorg'alap,
Alba-dulba bolıp shıqqanday go'rden...

5
Sonnan berli bayg'us an'shının' qızı,-
Ta'n'irim ayap, juldız bolıptı o'zi.
Ha'r in'irde taw artınan sıg'alap,
Qaraydı sol O'mirzaya juldızı.

Essiz sulıw buwlıg'ıp ko'z jasına,
Sıg'alap qaraydı ko'l jag'asına,
Jawız o'gey sheshe o'tken aqshamı
Keldi me dep u'kesinin' qasına.

Jıllar o'tpes, ku'nler batpas sanasa,
Bala oynap otır endi qarasa,
Qaptalında iyti jatır gu'zetip,
Torsıq sheke ul bolıptı tamasha.

«İzep bastırmayman hesh bir jawızg'a,
Qa'tirjam bol, sulıw» degendey qızg'a.
Qaplan iyt bir ulıp qoyar in'irde,
Qarap taw artında tuwg'an juldızg'a.

SHu'kir etip ta'g'dirine bag'ınıp,
Juldız uyıqlar tu'n perdesin jamılıp.
Erten' ja'ne qaraw ushın bir zaman,
Jerdegi sol jas o'mirdi sag'ınıp...

*Avgust, 1988-jıl.*

# «U'MİT JAG'ASI» kitabınan

**1990**

## TIRNALAR

A'l hawada qanatların taldırıp,
Jat ma'nzilge sapar shekken tırnalar.
Ayralıq da'rtinde bizdi qaldırıp,
Shadlıg'ımdı alıp ketken tırnalar.

Hawazın'a qulaq salıp qarasam,
Aq qag'azday g'ag'ırlasıp barasan'.
Xosh alliyar aytısqanday bolasan',
Kelmeske jol tartqan go'zzal tırnalar.

Jerge bir na'wbetdur, elge bir na'wbet,
Qaytıp baratqanday qaytısı da'wlet.
Ash tolqınlar urmas jag'ısqa gu'rlep,
Sonalı ko'llerden ushtı tırnalar.

Sizler na'sil ko'rgen atawlar awlaq,
A'dira qalg'anday aydınlı suwlaq.
Din' aspanda mun'lı «qurıw – qurıw» lap,
He dep baratırsız, bayg'us tırnalar?

He is tapsa, insan peylinen tabar,
Ol qast etse, teris ag'ar da'ryalar.
«Bul jer bizge haram» degendey olar,
Ah urıp qıyqıwlap barar tırnalar.

Quslardı ko'latsız, ten'izdi suwsız,
Qaldırg'an na'ma'rtler qalmas sorawsız.
«Farg'ısqa jolıg'ıp ba'ri qalıwsız,
Tuqımqurt bolg'ay» dep barar tırnalar.

Tan'larım oyanbas tolqın sestinen,
Qaylardan alarman onday ku'shti men?
Duzlı shan'g'ıt ko'mgen ko'ller u'stinen,
Bul jag'ısqa tu'spey barar tırnalar.

Barar intizamlı, jipke dizilip,
Men qarayman ju'rke bawırım u'zilip.
Sizdey men de, ata jurttan bezigip,
Hege kete almayman, aytın' tırnalar?

## JILQI JILINA
*(1990)*

Astın'da Aqbozat - tulpar uranı,

Ton'lı ushqın shashıp gu'mis na'linen,
Olsız da bul g'alawıtlı du'nyanı
Ha'wlirtip, du'sirlep kirip keldin' sen.

G'a'letiy ses penen kisnedi atın',
Jallarına qıraw qatıp, muz turg'an.
Suwıq edi jılqı minez aybatın',
Ju'zin'e arasat ızg'arı urg'an.

Qaysı juldızlardın' boldın' toyında,
Qay ma'nzilden shıqtın' sa'ha'r waqtında?
Qanday niyetler bar senin' oyın'da?
Ayt jasırmay ja'riyalılıq haqqına.

Oshaq bası, arsha ag'ashtın' janında
U'miydiwar seni ku'ttik biyqarar.
(Ayazlı arqanın' qay ormanında
O'sken eken bul ko'k shırsha janıwar).

Mine, ju'ris tındı ko'she-ku'ylerde.
Azap penen tapqan shampandı ashıp,
Arsha ag'ashtı bezep ha'mme u'ylerde,
Otırmız biytaqat keypimiz qashıp.

Jaqsı biler ha'zir ha'r esli adam,
Bo'linse bo'ri jep, du'zde qaların.
Du'nya aman bolsa ba'le-qadadan,
O'z oshaq basının' aman boların.

Tariyx - ana taza zamang'a jerip,
Jan'asha jasawdın' jolın go'zlegen.
Ko'z ashılıp, tiller g'o'yag'a kelip,
Qaradıq du'nyag'a jan'a ko'z benen.

Qarap ko'rsek qayırılıp izlerge,
Ko'p biyhu'wda jang'a qısım qılıppız.
Gu'wlep qol shappatlap qısır so'zlerge,
Da'ryanı ten'izden sho'lge burıppız.

Endi jan'a jolg'a burayıq desek,
Go'nergen mashina burılmay atır.
Ba'rin tezden qayta qurayıq desek,
Bul siresken du'nya qurılmay atır.

Bir jaqtan, oyang'an oylar qozg'alıp,
Jan'asha jasawdı talap etpekte.
Eski intizamlar ko'nbey, shamlanıp,
Minberlerdi burıp ku'sh ko'rsetpekte.

Bir jaqtan, oyang'an xalıqlar bel buwıp,
Jan'a gu'reslerdin' mingen atına.
Bir jaqtan, birewler otqa may quyıp,

Jılınbaqta milletshillik otına.

Jan’asha isletip adamlar miyin,
Tubalawdın’ munar ku’ni batqanday.
Bir jaqtan, hawlıqqan du’nyanın, u’yin
Jawız reketirler tonap atqanday ...

Qabag’ı qatın’qı kelgen Jan’a Jıl,
Sen ne menen belgileysen’ ornın’dı?
Aqboz atın gijin’letken bala jıl,
Bilsek deymiz senin’ platforman’dı.

Jen’il ko’rdim Qarbabanın’ qapshıg’ın,
(Ol ne qılsın, joqtı jerden qaza ma!?).
Ba’lki bizdi dag’darıstan ap shıg’ıp,
Ba’lki tartarsan’ ba awır jazag’a?

Ushan kemelerdi shayqag’an dawıl
Ten’izlerde teginlikte basılmas.
Biz baratqan jollar qıyın ha’m awır,
Boz dumanı ha’ degende ashılmas.

Aqbozatqa jaydaq mingen Jan’a Jıl,
Bekkem otır, ma’kkem qarmap jalınan.
U’lken u’mitlerdin’ jılı bola bil,
Aqıl, insap perishtesi darıg’an!

Yanvar, 1990-jıl

## KORABLLER QOYIMSHILIG’INDAG’I ELES

Keshe gu’rlep turg’an U’shsay portında,
Bu’gin - korabller qoyımshılıg’ı.
Ko’ship ketken balıqshılar jurtında,
Jatar jayrap kemelerdin’ sınıg’ı.

Espe qumg’a ermek bolıp ko’milgen,
Essiz paroxodlar, kater, barjalar.
Palubalar qumnan zorg’a ko’ringen,
Kayutag’a kirgen samal zar jılar.

Ya, insap! Ne degen g’a’letiy oyın:
Bul mu’liklerdi soqqan adamnın’ qolı,
Taqtayın qoparıp, temirin qıyıp,
Metall sınıg’ına almaqta onı.

Quddı dinozavr qabırg’asınday
Keme su’lderine su’yendim uzaq.
Qorqınıshlı edi qa’bir basınday,
Ju’regimdi tırnar biyra’him azap.

Go’ne jag’ıstag’ı qalg’an dashanın’
Qarawıl g’arrısın tın’lap qarasan’,

Kim bilipti o’tirigin ya shının,
Ertek esitkendey ta’siyin qalasan’:

«Bazda U’shsay betten samal eskende,
Qorqınıshlı sesler keledi» deydi.
«Jinnin’ oynag’ınday ot jag’ıp tu’nde,
Birewler shuwlasıp ju’redi» deydi.

«Shırpıldag’an qamshı sesti shıqqanda,
In’ırsıp jılag’an erkek dawısı,
Qulag’ıma tal-tal keledi sonda,
Kimlerdin’ ku’lkisi ha’m g’awırlısı.

Dawıl tınıwına dawıslar tınar,
Bizin’ aqıl jetpes ne isler bar-dı.
Mu’mkin bul ten’izdin’ iyesi shıg’ar,
Jazalap atırg’an gu’nakarlardı ...»

Eski adam bayg’us balıqshı g’arrı,
Bul joramalın’a ne desen’ bolar?
Jazalamaq bolsa gu’nakarlardı,
Pa’kize jer basıp ju’ripti olar.

İyesi bolmaydı u’lken qılmıstın’,
Juwapqa tarta almas onı hesh bir zan’.
Bul na’psiqaw paydaku’nem turmıstın’
O’zi bul qılmısqa ha’wesker bolg’an.

«Ta’biyattan miyrim ku’tpe, tartıp al!»
Dep biz man’layshag’a jazıp qoyg’anbız.
«Tın’nan jer ash», «aq altındı» artıq al!»
Dep ten’izdi qurtıwg’a da barg’anbız.

Aq su’ti qorlang’an ana-ta’biyat,
Endi bizin’ jawız hu’jdanımızdı,
Qırda qalg’an sınıq mashtag’a baylap,
Qatan’ jazalawg’a kiristi bizdi.

«Jazanın’ u’lkeni ele artında,
Bul tek baslaması, bul - oyınshıg’ı»
Dep turg’anday bolar U’shsay portında
Jatqan korabller qoyımshılıg’ı,

Sentyabr, 1989-jıl. Moynaq

**MONOKULTURA HAQQINDA QOSIQ**

Jurtqa jaqpas ta’repin’di jaqlasam,
Bayag’ıday «aq altın» dep maqtasam,
Sen tuwralı ha’zir g’a’remet so’z ko’p,
Ne aytayın, sen belgili paxtasan’.

A’lpeshlep, su’ydirgen jerlerin’ de ko’p,
Azaplap ku’ydirgen jerlerin’ de ko’p.
Qar astınan qarmalatıp suwıqta,
Miylerdi shaydırg’an jerlerin’ de ko’p.

Basshılarg’a baylıq ha’m dan’q a’perip,
Da’wrandı su’rdirgen jerlerin’ de ko’p.
Atızda ten’seltip awıl-qalanı,
Xalıqtı bu’ldirgen jerlerin’ de ko’p.

Bar jerinde tabıs, pulın’ da boldı,
Pulı bardın’ ba’ri qolında boldı.
El en’begin emgen ta’silxor ushın,
«Qosıp jazıw» degen jolın’ da boldı.

Endi bir basqasha zaman bolıp tur,
Biraq azaymag’ın’ gu’man bolıp tur.
Ten’izge suw bermey, eki da’ryanı
Simirip turg’anın’ jaman bolıp tur.

Ha’zirgi adamlarg’a abaylap qara,
O’z qılmısın sag’an awdarıp g’ana,
O’zin emes, seni sotqa bermekshi,
Al, bug’an ne deysen’, Paxtabay jora?

Ha’zirgiler menen oynama, bala,
Olar - ko’zi ashıq, shetinen dana.
Aytısqanda bir-birine aldırmas,
Pirin’di tan’adı arqan’a g’ana.

Olar paydasına pu’tin og’ada,
Suwdı bo’gep turıp, isher sag’ada.
Ayaqtag’ı uw ishse de ayamas,
«Doslıq» dep qıyg’ırıp qoyar nabada.

Sag’adag’ı suw ishkenge jutınıp,
Biz otırmız aqabag’a tutılıp.
Wa’de berip, bizdi aldastırg’anlar,
Eplep ketip atır aman qutılıp ...

Qayımshıl at hazar bermes doynaqqa,
Saylawlarda tilin qosar bayraqqa.
Sol wa’deler so’z emes, suw bolg’anda,
Aral qaytıp keler edi-aw Moynaqqa.

So’z so’ylemes ha’r kim o’zin aqlamay,
Wa’deler ko’p sıptırın’qı noqtaday.
Senindag’ı til-zibanın’ bolg’anda,
Bir aytar edin’-aw ba’rin, Paxtabay!

Aytar edin’: «Ha’y, insapsız insanlar!
Nege jalg’an so’yleysizler qıysan’lap?

Aq paxtag'a qara ku'ye jaqqansha,
Peylin'izdi du'zep alın' siz on'lap».

Aytar ediq: «Mende qanday bar jazıq?!
Suwdı sho'lge aydaysız kanallar qazıp.
Ko'zlerin'iz hesh na'rsege toymaydı,
Qana'a'tten qalg'an peylin'iz azıp.

Az eksen'ler, «qoy» dedim be sizlerge?
Shuqshıyıp tu'stin'ler bizin' izlerge.
Qısta g'o'rek terip, jan sebil bolıp,
Oqıwshını qıynadın'lar gu'zlerde.

Kiyik juwırg'anday sho'ller qalmadı,
Palız-tamarqag'a jerler qalmadı.
Jer ko'rsen', ba'rine paxta ektin'iz,
Maldı arqanlawg'a sheller qalmadı.

Men bilemen, ele sizler toymaysız,
U'yrengen a'detti birden qoymaysız.
«Az egip, saz egip mol hasıl alın'»,
Dep ko'z qısıp bir-birin'e oynaysız.

Qayta qurıp, du'zen' buzg'anın'ızdı,
Qoyın' du'nya quwıp qızg'anın'ızdı.
«Monokultura» dep meni so'kkenshe,
Sotlan' o'zin'izdin' hujdanın'ızdı.

Der edi-aw Paxtanın' bergende tilin!!!
Juwg'an menen ketpes jabısqan jelim.
Ku'ygennen ku'y shıg'ıp aytılg'an so'z g'oy,
Sen aman bolg'aysan', paxtakesh elim!
8-noyabr 1989-jıl.

## ANEMİYA

Da'rtli qosıg'ımdı sag'an arnayman,
Dilgir mu'ta'jlikte jasarım menin'.
Aqsha ju'zi japıraqtay sarg'ayg'an,
Ko'zi do'n'gelengen nasharım menin'.

Ko'rgenmen awırıw alma ag'ashın,
Miywası pispey-aq to'gilgen sawlap.
Sonday sen de biywaq iyildi basın',
Jamg'ırsız ıssıda turg'anday jawrap.

Qız wag'ın'da qızıl almaday edin'!
Atan'nın' u'yinde su'rgen da'wranın' -
Joq endi. Turmıstan sen opıq jedin',
Tu'rin' jin sorg'anday, ju'zde joq qanın',

Ta'nin'nen et qashqan, din'ke joq dizde,

Ko'z aldın' buldırap aylanar basın',
Nur joq sol tanaday jaynag'an ko'zde,
Jaq suwalıp, jang'a batqan nauqasın'.

Gu'zde uwlı shan'ın jutıp terimnin',
Jazda ıssılarda atızda ju'rsen',
Bilgeni bir «paxta» senin' erin'nin',
Kempir-g'arrının' da shorısı - bir sen.

Uyqın'dı to'rt bo'lip besik terbettin',
Qonaq-qopsı, da'stu'r jedi barın'dı.
Qısımınan g'arrı degen sur bettin'
Bir pul shıqpas, alsa tabısların'dı.

Bazda enen' emiziwge aqlıg'ın
Alıp keler edi atız basına.
Shan'g'ıttan panalap ırashtın' ıg'ın,
Emizip otırdın' onın' qasında.

Endi ja'ne awırlasqan ayag'ın',
Ju'zlerin'de qan joq, azıp qalıpsan',
Bir jasar na'resten' qolın'da tag'ı,
Jol boyında dilgir bolıp turıpsan'…

*  *  *

O'rtelgendey saratannın' tandırı,
Shıjg'ıradı otlı quyash jandırıp,
Mashinalar barar jolda shan'g'ıtıp,
Jol boyında ku'nge ku'yip, shan' jutıp,
Turıptı bir bala ko'tergen hayal,
Hesh toqtamas «Jiguli» ler, «Volga» lar.

- «Obaldag'ı-ay, baratug'ın jerine
Ala keteyik», der hayal erine,
- «Jolda turg'anlardı terip, meni ne,
Taksist degenin' be? Otır jo'nin'e!» …
Qolı ko'teriwli qaladı hayal,
O'ter zuwlap «Moskvish»ler, «Volga»lar …

Bayg'us ne oylap tur kelinshek ha'zir?
Bul ne sergizdanlıq, kim etken ja'bir?
«O'zin' medpunktke apar balanı,
Paxta sho'llep atır, zaya boladı» -
Dep ku'n-tu'ni suwshı bolg'an eri me?
Medpunktten tabılmag'an da'ri me?
«Mine qag'az, usı bu'gin qalag'a,
Aparmasan', qa'wip tuwıp tur balan'a.»
Degen sestra ma medpunkttegi?
Joq, joq, olar emes oyının' tegi.
Jalg'ız a'rmanı sol: jetip qalag'a

Shıpa tabıw qolındag'ı balag'a.
Dizden din'ke ketken, zorg'a dem alar.
O'ter zuwlap «Jiguli»ler, «Volga»lar.

*      *      *

Du'nyanı ken' deser, qarasan' an'lap,
Onnan tar joq bir nauqasqa shatılsan'.
Balan' menen tar koykada qırınlap,
Emlewxana da'lizinde jatırsan'.

Bir vrash - miyirban, birewi - naymıt:
«Tuwıwdan basqanı bular bilmegen,
O'zin' - anemiya, balan' - gepatit» ...
Dep tu'yreydi bazda ashshı til menen.

- «Bayın'a ayt, tapsın mına da'rini,
Bizde joq». - «Qayaqtan tabadı onı?»
- «Pulg'a ne tabılmas ...» dep ol ma'nili
Ku'lip tili menen shag'adı onı ...

Ha'zir dımnan qa'ha't miyrim-sha'pa'a't,
Qandı ko'beytiwshi da'riden beter.
O'zin'di qolg'a al, jıyna ku'sh-quwat,
Mu'sa'pirlik ku'nler o'ter de keter.

Da'rtli qosıg'ımdı sag'an arnayman,
Tawsılg'anday kewil asharım menin'.
Aqsha ju'zi zapıranday sarg'ayg'an,
Ko'zi do'n'gelengen nasharım menin'.

Sawalarsan' o'zin', jazılar balan',
O'zin'di qolg'a al, kewil suwıtpa.
Peylimizdi buzg'an qansızlıq ılan'
Emlenbeydi ele jaqın-juwıqta ...
Aprel, 1989-jıl.

## MARAT NURMUXAMEDOVTI ESKE TU'SİRİW

Juldız ag'ıp ketse aqshamg'ı waqta,
Birden sen tu'sersen' yadıma menin'.
Jasın tu'sti dese jasıl daraqqa,
Da'rha'l sen tu'sersen' yadıma menin'.

İzmir sho'llerinde esken samallar,
Tu'rki tilde jollap qayg'ılı xabar,
İyesin jog'altqan bir at janıwar,
Tınbay sigbir tartar yadımda menin'.

Eki sun'qar izli - izinen hawada,
Qanatları sınıp tu'sti qıyag'a[26].

[26] Akademik M.Nurmuxamedov 1989-jılı İzmirde (Turkiyada)

Ta’g’dir qastın tikkendey bir uyag’a,
He qıyallar kelmes yadıma menin’.

Hiylekerlik jolın tutqandı ko’rsem,
Alımsıp tapsıg’an nadandı ko’rsem,
Ju’yrik sag’ındırar shabandı ko’rsen’,
Sondayda tu’sersen’ yadıma menin’.

Durıslıqtı burmalap, pan’sıp nazlanıp.
Aqbaytallıq etip jag’ımpazlanıp
So’ylep turg’anlardı ko’rsem, qıynalıp,
Mudam sen tu’sersen’ yadıma menin’.

Muraplar bildigin islep sag’ada,
Ten’iz tasıp ketken eski jag’ada
Hzir kerek bolıp tursan’ og’ada,
Da’rman aytarday - aq dadıma menin’.

Birewler an’basa, birewler an’lar,
Du’nyag’a ko’p kelmes go’zzal insanlar,
A’jel naymıt ol ha’m jaqsını tan’lar,
Diydarın’ mo’r basqan yadıma menin’.

İzmir sho’llerinde esken samallar,
Tu’rki tilde jollap qayg’ılı xabar,
İyesin jog’altqan bir at ja’nıwar,
Tınbay segbir tartar yadımda menin’...

## O’MİR, SAG’AN ASHIQPAN

Miriwbetli zawqı-sapalı o’mir,
Ay qasınan juldız u’zgizdin’ bizge,
Bazda shadlı, bazda qapalı o’mir,
Muqıytın’nan marjan su’zgizdin’ bizge.

İsim on’lap sen tu’sirdin’ sa’tine,
Jel bolıp tiymedin’ bazda betime –
Mın’ awparin seiin’ miriwbetin’e,
Da’wran jorg’aların su’rgizdin’ bizge.

Sen qayda «shap!» desen’, men solay shaptım,
Sazların’nan qurshı qandı kulaqtın’,
«Shayırlıq» degen bir sırlı bulaqtın’
Sherbet suwlarınan ishkizdin’ bizge.

«Ha’sed ha’remine kirmegen bol» dep,
«Ha’rgiz qıysıq joldan ju’rmegen bol» dep,
«Qayda ju’rsen’, mudam el menen bol» dep,
Qulaqlarga ba’rha quyg’ızdın’ bizge.

---

avtokatastrofada o’ldi. Al, a’kesi Ko’ptilew Nurmuxamedov, Qaraqalpaqstan hu’kimetinin’ basshısı, jaslay stalinlik repressiya qurbano bolg’an edi. (İ.Yu.).

Balalıq bolmadı oyınga toyg'an,
Zalım urıs onın' noqatın qoyg'an.
Biynesip qalg'anday sha'wketli toydan,
Qatal ha'mirin'di ju'rgizdin' bizge.

Bir ku'ni toq bolsaq, u'sh ku'n ash boldıq,
Bo'z ko'ylek ishinde jalan'ash boldıq.
Urıstan son' esi engen jas boldıq,
«Eseysin» dep bilim bergizdin' bizge.

Maqtımqulı, Pushkin, Bayron qaldı ma?
Tu'nlerde oqısaq ko'zler taldı ma?
Appaq qag'az jayıp menin' aldıma,
Qosıq qatarların tergizdin' bizge.

Abbaz, Sadıq na'zerine ilgende,
Na'jim, A'met, Jolmurzag'a ergende,
G'afur G'ulam, Sa'bit Muxan kelgende,
Jeti jurttan miyman kirgizdin' bizge.

Shın'g'ıs penen Rasulg'a ergizip,
Qaysın, Mustay menen birge ju'rgizip,
Danalardın' ma'jilisine kirgizip,
Ullı na'siyatlar bergizdin' bizge.

Dos-yaranlar menen sınasıp boldım,
Shayırlıq mu'lkine mu'na'sip qıldın'.
Sag'an o'mirimshe shın ashıq boldım,
Jurttan arıw saylap su'ygizdin' bizge.

Bazda oyshıl ettin' oylarg'a talg'an,
Bazda yar-dos boldın' lebizi jalg'an.
Oynadın' jezden'dey apan'dı alg'an,
Ne a'jep ha'diysler ko'rgizdin' bizge.

«Arg'ımaqtan yabı ozıp ketkenshe,
Tu'yenin' quyrıg'ı jerge jetkenshe,
Barlıq shayır prozag'a o'tkenshe,
SON'G'I demim - qosıq», degizdin' bizge.

Qaytıp o'ter bolsan', tap solay, o'mir,
Janımday su'yemen seni ba'ri-bir.
«Qaytadan jasaysan'» deseler ha'zir,
Alar edim tolıq negizin' bizge.

Aprel, 1989-jıl

## QAYTIP KELSE EDİ BALALIQ SHAG'IM

Qaytıp kelse edi balalıq shag'ım,
Sizler menen bul mektepke qatnasam,
Klasstan klassqa birge atlasam,

Qaytıp kelse edi balalıq shag'ım.

Atızlarda bolıq egin ırg'alsa,
Quslar jug'ırlasıp, namag'a salsa.
Mag'an kiyim, da'pter izlep du'kannan,
«Balam oqıydı», dep anam quwansa.

Tan'g'ı shımshıq penen oyanıp birge,
Ju'rek sha'wkildegen ıqlaslı tu'rde,
Ketsem senler menen oqıwg'a men de,
Qaytıp kelse edi balalıq shag'ım.

Ko'zim qızıradı senlerdi ko'rip,
Ba'ri eske tu'ser nawqanday o'rip,
Jalan' ayaq arba joldı shan'g'ıtıp,
Japtan qarg'ır edik balaqtı tu'rip.

Klasstın' edeni polsız jer edi,
Aynaları ayko'rmektey tar edi.
Awıl boyınsha bir ha'klengen jay bar,
Sol kishkene tamdı «mektep» der edi.

Sol gezde de qısta qar jawar edi,
Bir kesek pesh, sınıq morja bar edi.
Bul so'zlerge senler tu'sinbeysizler,
Kiyimler «bo'z» degen bir tawar edi.

Biraq xalıqtın' onda peyli ken' edi,
Du'nya quwıp ju'rgen adam kem edi.
Ha'zirgidey ko'meshke ku'l tartıw joq,
Sumlıq jaylamag'an eden el edi.

Ol waqtın' da ta'wir jeri bar edi,
Taza suwlı da'rya, ko'li bar edi.
Ballarına paxta tergizbeytug'ın,
Ken' peyilli diyqan eli bar edi.

Degen menen ha'wes etpen' burıng'a,
Sag'ındırmas jaslıq jıllarım menin'.
O'mirin'iz jaynasın tan' nurınday,
Ko'zi jawdırasqan ballarım menin'.

Ha'sseniy, qaytadan tuwılarmedim,
Shadlı balalıqtın' baxıtın sezip,
Ataq, abıray, dan'qtın' ba'rinen bezip,
Sizlerge qosılıp juwırar edim.

Ol joq endi bizge. Siz barsız biraq,
Quwanaman ba'rha' sizlerge qarap.
«Jigirma bir» degen jan'a a'sirdin'
Atların minersiz, jalların tarap.

Biraq, ol bir sonday asaw at bolar,
Bilimsizdi jıg'ıp ketip, mat qılar.
Ol zamanda aqıllı ha'm insaplı
Bizlerden ko'p bilgish adamzat bolar.

Olar, ba'lkim, birin-biri aldamas,
Sulıw so'ylep, qızıl tilin jallamas.
Atom bomba menen jurttı qorqıtıp,
Ana ta'biyattı bizdey qorlamas.

Kim jaqsı oqısa, - sonın' zamanı,
Xalıqqa, keleshekke ku'sh-quwat bolın'.
Bizler du'zey almay atqan du'nyanı
Du'zetip alg'anday azamat bolın'.

Kompyuter zamanı ku'tedi sizdi,
Bilim shın'larına umtılar bolın'.
Bizler sumlıq penen qurtqan ten'izdi,
Miyrim suwı menen toltırar bolın'.

## ORINLI KEYİS

«Ha', qos aydap atırsan' ba, bala?» - dep,
Diyqan o'z ulına sawal beripti.
Al, balası u'sh ku'nnen son' «Awa» dep,
Onın' sawalına juwap beripti.

G'arrı ayttı: «Jatırın'a tartqansan',
Nege sonsha ko'p so'yleysen', anturg'an!»

## EPİGRAMMALAR

Ja'riyalılıq qolay tu'sti birazg'a,
Ma'kiyen aylandı ata qorazg'a.
Mezgilli - mezgilsiz tınbay shaqırar,
Qa'ytip shaqırsa da endi haqı bar.

*      *      *

Ha'mel degen, qarap tursan', dım qızıq.
Basqadan bir jeri dım parq qıladı:
A'welinde maqtap atqa min'gizip,
Attan tu'sirerde infarkt qıladı.

*      *      *

Aral a'tirapında zor «urıs» boldı,
Saylawlarda qattı julqınıs boldı.
At minip alg'an son' Araldı satıp,
Eneg'arlar, ba'ri tım - tırıs boldı...

*      *      *

Namazshamda bir sum bir sumdı taptı,
İshkirneler ishten esikti japtı.
Adamlardın’ arasına ot taslap,
Tu’lki bolıp aldap, iyt bolıp qaptı ...

* * *

Kimde bolmas bendeshilik, aljasıq,
Aralasıp jasar shın ha’m jalg’anın’.
Esitpedim du’kanshının’ aljasıp,
Artıq o’lshep, puldı kemis alg’anın...

## BOZATAWDIN’ JOLINDAG’I TOG’AYLAR

***E. Embergenge***

Bozatawdın’ jolındag’ı tog’aylar,
Ko’rgende ko’zimnin’ jawın aldın’ız.
Qalay buldozerden aman qaldın’ız,
Bozatawdın’ jolındag’ı tog’aylar?

Toran’g’ıl kegeyge basların shatqan,
Qusın’dı mergenler ushardan atqan,
Dawıtko’lge deyin sozılıp jatqan
Ken’ hawalı, zeyin ashqan tog’aylar.

Jasıl shatırdaysan’ jazda sayalı,
«Dem alsam ...» der jolawshının’ qıyalı,
Gu’z paslında turdın’ zer lipas kiyip,
Altın menen shayqag’anday du’nyanı.

Ba’ha’rde o’tkende u’stin’nen senin’,
Quslar jug’ırlasqan sestin’nen senin’,
Du’nya sonsha sulıw ko’rindi mag’an,
Na’zer salsam jasıl ko’shkin’nen senin’.

Jang’a tiydi qapırıq hawalı qala,
Mashinan’dı toqtat, Embergen bala!
Qayda ju’rsem qıyalımda ırg’alar,
Bozatawdın’ boyındag’ı tog’aylar.
1989-jıl.

## TIMIRIQ

Sho’ptin’ bası sılt etpeydi, tımırsıp,
İytler suwg’a «gu’mp» beredi ın’ırsıp.
At tepsinip, mal mo’n’irer shıbınlap,
Tu’tinliktin’ ashshı iyisi qon’ırsıp.

Sıtırlamas ju’werinin’ arası,

Shımshıqlar da sharshag'anday shaması.
Tu'ngi hawa ha'wirindey tandırdın',
Zeriktirer shegirtkenin' naması.

Ku'ni menen shomılg'anı esinde,
Suw ko'rgendey sandıraqlap tu'sinde,
Tırjalan'ash qara botalaq balalar
Uyıqlap atır peshexana ishinde.

Saratannın' qızın samal a'ketip,
Ashıw-ızasına bizdi tap etip ...
Olsızdag'ı o'rten' shalg'an bul du'nya
Janayın dep tur ma deymen lap etip ...
Shımbay, Azat awılı, 1989-jıl

**MA'N'GİLİK**
*(Go'ne so'z)*

Bir topar jigitler atlanıp toyg'a,
İn'irde jol aldı qon'ısı awılg'a.

Jol boyında qaldı a'wliyeshilik.
Jen'il minez, osamaslaw bir jigit, -

Marhum jatqan dostın toyg'a shaqırdı,
«Ju'rsen'-a', jora», dep oynap baqırdı.

Bir waqları za'n'gi qag'ısıp og'an,
Bir atlı qosıldı kelip qaptaldan ...

Biraq onı hesh kim elestirmedi,
O'lgenin de ba'ri umıtqan edi.

Awıldan tap jan'a shıqqanday birge,
Jetti g'awqıldasıp toy bolar jerge.

Toy qızdı, ha'mme ma's. Tek te bir jigit,
U'nsiz bir nasharg'a ko'zlerin tigip.

Iqtıyarı ketkendey-aq o'zinen,
Otırdı ol qanı qashıp ju'zinen.

Shag'al-ma'slik boldı, jıraw aytıldı,
Awır jatar waqta u'yge qaytıldı.

Kelgen waqta qoyımshılıq tusına,
Marhum jigit bılay dedi dosına:

«Toyg'a mira't ettin', raxmet jora,
Sag'ınıp ju'r edim, ha'z ettim, bala.

Endi mira'tim bar menin' de sag'an,

Bir aqsham bizge de  bolasan’ miyman».

So’ytip, jigitlerden bo’linip olar,
Bir a’jayıp otırıspag’a bardılar.

Hasıl gilem to’sep tilla sarayg’a,
Gu’ller qoyg’an, diywalları sharayna.

Ha’wijinde saz ha’m sa’wbet degenler,
Jilwa taslap oynar arıw sa’nemler.

Bir dilbar naz benen qa’demin basıp,
G’aybana miymang’a bolg’anday ashıq.

İzzet-iyba menen qıyılıp qarap,
Jigitke ishkizdi bir ka’sa sharap ...

Jigit bir shiyrin tu’s ko’rgendey boldı,
Tiriley beyishke kirgendey boldı.

Tek esinde tan’ aldında qaytqanı,
Dostının’ «Saw bol», dep og’an aytqanı ...

Awılına kelse, ba’ri o’zgergen,
Joq bayag’ı dos, tuwısqan, ko’z ko’rgen.

Bul - hesh kimdi, bunı hesh kim tanımas,
So’yleskende tu’sinisip jarımas.

Hayalının’ atın aytıp baqırdı,
Balaların birim-birim shaqırdı.

Esitkenler an’-tan’ bolıp qarasar,
«Bayg’us awırg’an g’oy» desip ayasar.

Bildi me ol: qansha zamanlar o’tken?
Du’nya qayta-qayta o’zgerip ketken.

Ma’zi tanıs da’rya ag’ar qasında,
Bultlar ko’sher ele tawdın’ basında.

Bul sheksiz o’limdi nur menen shulg’ap,
Qu’diretli Quyash shıg’ar shashırap.

Noyabr, 1989-jıl

**ANA JU’REGİ**

*(Ra’wayat so’z)*

Jigit ayttı: «ne desen’ de ko’nemen,
Bas alıp ketemen, su’ymesen’ eger.
Bosag’an’a bas qoyıp-aq o’lemen,

Mag’an hayal bolıp tiymesen’ eger».

Ma’kka’r sulıw masayradı jol taslap,
Ayttı: «onda bir sha’rtim bar - tilegim:
Anıq meni su’ygen bolsan’ ıraslap,
A’kelip ber o’z anan’nın’ ju’regin» ...

Jarımes jigit u’yine tez bardı da,
Bel bayladı bejeriwge tilekti:
Kempirinin’ basına bir qoydı da,
Gewdesinen julıp aldı ju’rekti.

Jıg’ıldı su’rnigip ol bosag’ag’a,
Ju’rek tu’sti uwısınan ulının’.
Jerde jatqan ju’rek ayttı: «Abayla,
Awırmadı ma hesh jerin’, qulınım!»

*Noyabr, 1989-jıl.*

## JA’NE BU’GİN AQSHAM TU’SİME ENDİN’ ...

Ja’ne bu’gin aqsham tu’sime endin’,
Tag’ı barsaq kerek Litsey bag’ına.
Gu’ldey ajarlanıp ketipsen’ sen dım,
JOQLIG’IN’ esime tu’spes tag’ı da.

Ha’r kelgende ju’rer edik bul jerde
Tek g’ana jas Pushkin muzası menen.
«Usı jerde jasag’anda egerde,
Men de shayır bolar edim», dedin’ sen.

Esten shıqqan edi ruwxıy ashlıg’ım,
Senin’ diydarın’a jutıng’an shag’da.
Menin’ u’lkenligim, senin’ jaslıg’ın’
Bilinbes edi bul tilsimli bag’da.

A’rmanlar antalap, ot bolıp ku’ydim,
Ko’p an’sag’an edim aq diydarın’dı.
U’p-u’lken qol menen aymalap-su’ydim,
Senin’ kip-kishkene ayakların’dı.

AYTTIN’: «Kelemen», dep xatlar jazg’ansan’,
«Nazlı sharda’re[27]» de qansha ku’ttim men.
Shashların’ ag’arıp, ja’ne azg’ansan’»
Dep sıypadın’ muzday qolların’ menen.

«Altın sarayı» tur patsha hayaldın’,
Qulpırg’an aq qayın’, jasıl emeni.
Sen sonda qolımnan jetelep aldın’,
«Ku’n jawdı, tez ju’r», dep qıstadın’ meni.

---

[27] «Nazlı sharda’re», «Gu’zesi sıng’an kız» - Patsha awılı, Pushkin litseyindegi estelik orınlar (İ.Yu.).

Ha’m a’ydik emendi bir aylandın’ da,
Ko’zden g’ayıp boldın’. Uzaq izledim.
U’nsiz tas su’wretler turar aldımda.
Anadan adasqan baladay edim.

Men atın’dı aytıp, baqırdım jılap,
Bag’da tek te jamg’ır hu’kim su’redi,
«Gu’zesi sıng’an qız» ko’z jasın bulap,
Ol da bayg’us jılap otırar edi ...

*      *      *

Ta’g’dir da’ryası der ag’ar ma’wij urıp,
Bir de o’rlep, bir de sal bolıp ıqtım.
Qızıq-qızıq penen jag’alap ju’rip,
Ayralıq jag’ısına tag’ı da shıqtım.

Bul bir qarg’ıs atqan jag’ıs sonın’day,
Bunda darg’a da joq, ko’pir sira’ joq,
Yar-dosı ko’p, bay bolsan’ da qanın’day,
Bul suwdan o’tiwge hasla shara joq.

Ha’wlirter «lars» etken degish dawısı,
Biynesip awshıday turman jag’ada.
«Jaqtı gezde jolın’dı tap, jolawshı»,
Degendey qıshqırar jalg’ız shag’ala.
1989-jıl.

## ALIS A’WLADLARG’A

Jazg’ı tan’da jasıl japıraq jamılıp,
Bu’lbil quslar menen sayrag’ım keler,
Batar ku’nnin’ shapag’ına shomılıp,
Atar tan’g’a sa’lem jollag’ım keler.

Dan’q ha’wes etiwden niyetim awlaq,
Qaysı shayır alar kewlin’di jawlap?
Alıs qashırımlı ha’y go’zzal a’wlad,
Senin’ kimligin’di boljag’ım keler!

Ken’ du’nyanın’ sag’alayaq elinde,
Shayır bolıp atım shıqqan menin’ de,
Qaysı qa’wimlerdin’ qanday tilinde
So’yler so’zin’izdi an’lag’ım keler.

Sizge deyin nebir zamanlar o’ter,
Qansha a’wlad kelip, qanshası keter.
Bilmedim, hawazım qay jerge jeter,
Sonda da bir qosıq arnag’ım keler.

Da’ryalar teris ag’ar, ten’izler keber,
(Bunday iske bizler og’ada sheber).

Kırq shilter tesilip, jer keyin teber,
Sonnan burın onı qorg'ag'ım keler.

Oqıp ko'rsen'izler tariyxnamadan,
Bizler ja'riyaladıq bir jan'a zaman,
Niyetimiz du'ziw, peylimiz jaman,
Shındı jalg'an menen aldag'ın' keler.

Sonday mashaqatlı jolımız bizin',
Qa'wip-qa'terli on'lı-solımız bizin'.
Shetin'izden bilgir ba'rimiz bizin',
Qaysı birimizdi tın'lag'ın' keler.

«A'weli o'zin'di qayta qur, qa'ne!»
Dep ta'p berip turmız bir birimizge,
O'zin qayta qurıw jag'adı kimge?
O'zin'di emes, jurttı on'lag'ın' keler...

Jıqtıq ta'biyattın' jasıl tuwların,
Za'ha'rlep pitirdik ag'ın suwların.
Zamannın' bunın'day tu's alıwların
Tu'rli jaqqa jorıp, boljag'ın' keler.

Du'nyanı jan'adan du'zeymiz desip,
Qızıl gegirdek bop, qaralay o'ship,
Birew jalg'ag'andı, birewimiz kesip,
Tildi so'zge janıp qayrag'ın' keler.

Tariyx ana azap shekken joldag'ı, -
Jan'alanıwdın' bul ashshı tolg'ag'ı,
Siz tuwılar da'wirlerge aldag'ı
Na'sil tayarlar dep oylag'ım keler.

Biyxabarmız sizin' kimligin'izden,
Miriwbetin'izden, sumlıg'ın'ızdan.
Juldızlar u'n'ilse tu'n'ligimizden,
«Kim ekenin ayt» dep ımlag'ın' keler.

Bir-birewdi jatırqamay ele siz,
İntimaqlı jasaw jolın bilesiz,
Bizin' ko'p islerge ku'lip ju'resiz,
«Bayg'us babamlar» dep oylag'ın' keler.

Jasap insan hu'jdan, ar-uyat penen,
Sıylasasız qızg'ın muhabbat penen,
Adam til tabıssa ta'biyat penen,
Nag'ız insan sol dep sıylag'ın' keler.

Ta'biyat - ol tirishiliktin' iyesi,
Qorlag'ang'a bolar g'arg'ıs-kiyesi.
Oldur adamzattın' Hawa enesi,
Qa'ytip o'z anan'dı qorlag'ın' keler?

Jasıl tog’aylardın’ sayası sizge,
Ten’izde tolqınlar naması sizge,
Da’rya suwlarının’ tazası sizge,
Ba’rin-ba’rin sizge arnag’ım keler.

Ha’y, siz alıs a’wlad - biytanıs urpaq!
Du’nyag’a kelesiz siz qay waq, bir waq.
Uzaq o’tmishlerden sizdi ulıg’lap,
Sizge tan’ sa’lemin jollag’ım keler.
*May, 1990-jıl.*

## HAWAZIN’ SENİN’

«Dem bermes» ke demi jetken qarındas,
Yoshlansan’ yamana ketesen’ endi.
Sun’qar quslar jete almag’an tawlarg’a,
Pa’tli pa’rwaz benen jetesen’ endi.

Qaraqalpaqtın’ bolg’an jeri «Dem bermes»,
«Dem bermes» ke heshbir nama ten’ kelmes.
Hawazın’da bu’lbil qustan kem ko’rmes,
Jandı ju’ysiz jerden so’tesen’ endi.

Ushırg’an qusın’nın’ tappay turag’ın,
Duwalap taslaysan’ jurttın’ qulag’ın.
Ha’mme La’yli - Ma’jnu’n bolıp ılag’ıp,
Zaldan shıg’ıp ketse netesen’ endi.

Saxnada sulıwlıq ha’m nazın’ menen,
Talpınasan’ talant pa’rwazın’ menen.
Qalay g’ana usı hawazın’ menen,
Bir nashar ornına ketesen’ endi?
Yanvar, 1990-jıl, U’rgenish.

## BİR KA’SA SHAY QOLG’A ALIP...

Bir ka’sa shay qolg’a alıp,
Meyil ettim na’zer salıp.
Ka’sada nazlı shayqalıp,
Keler bir qonaq, bir qonaq.

Shaydı ishpey shayqap ko’rdim,
Ju’rislerin bayqap ko’rdim.
«Kim eken?» dep boljap ko’rdim,
Bizge kiyatqan bul qonaq.

Shıqqan jeri uzaqpeken,
Kegeyli ya Moynaqpeken?
Bir qudayı qonaqpeken?
Bolg’ay da’ bir qutlı qonaq.

Tik ju’rse shay sho’biresi,
Qonaq keler ko’binese.
Keler edi - aw bizdi dese,
Bunsha bu’ytip shayqalmay-aq...

Toqsan beste sha’mbe aqdur,
Aq ju’zin’e toymaq joqdur,
Kewil kewilge qonaqdur,
Sonı biler me bul qonaq?

Ju’zinen nur shashıwları,
Ha’zer taslap qashıwları,
Serlep ayaq basıwları,
Sag’an usaydı bul qonaq.

Aqsham sırlasıp ay menen,
Ku’nim o’ter «pay - pay» menen.
İship qoyarman shay menen,
Tezden kelmesen’ sen qonaq...

## JANAN KO’RİNBES

Menin’ ıg’balıma jaralg’an dilbar,
Bir o’zin’nen basqa janan ko’rinbes,
«Miyriban» desedi seni adamlar,
Miyrim-sha’pa’a’tin’ mag’an ko’rinbes.

Bizdi qoyıp bunsha hijran dag’ına,
Bu’ginligi jettin’ shadlıq shag’ın’a,
Juldız u’ymelese ay qabag’ına,
Arada sol arıw Sholpan ko’rinbes.

El ishinde sırım jurttan jasırıp,
Jalbararman ayag’ın’a bas urıp,
Sen ku’lgende kewlim ku’ndey ashılıp,
Tawlardın’ basında duman ko’rinbes.

Go’zzal bardur go’zzallardan zıyada,
Gezermen jolın’da payıw-piyada,
Sulıwlarg’a tolg’an bul ken’ du’nyada,
Bir o’zin’nen basqa janan ko’rinbes.
1990-jıl.

## BİR AQ QALPAQ ASTINDA

*(Toqtag’uldın’ 125 jıllıq toyında oqılg’an qosıq)*

Jer sulıwı Talasta
At suwg’arıp tasqıng’a,
Otırg’anday Manas taw,
Bir aq qalpaq astında.

Taw basında juldızlar,
Aydan tuwg’an ul-qızlar.
O’sip - o’ner qırg’ızlar
Bir aq qalpaq astında.

Alatawg’a usatıp,
Aqqa boyap to’besin.
Tigip bergen uqshatıp
Manastın’ shon’ enesi.

Suwıqqa da ton’bassan’,
Issıg’a da ku’ymessen’,
Jamg’ırda jawrap qalmassan’,
Bul aq qalpaq astında.

Qansha tariyx da’wir bar,
İnabatlı o’mir bar,
Ken’ daladay kewil bar
Bul aq qalpaq astında.

En’bekke bilek sıbang’an,
Qonaq kelse quwang’an,
Azamat el quralg’an
Bul aq qalpaq astında.

Qomuzdan sulıw ku’y shıg’ar,
Tolıbayday sınshı bar,
Toqtag’ulday ırshı bar
Bul aq qalpaq astında.

Astına ay-juldızdın’,
Dan’qın jayg’an qırg’ızdın’
Danalıg’ı Shın’g’ıstın’
Bul aq qalpaq astında.

*4-oktyabr, 1989-jıl, Frunze.*

## QASHQIN

*(Suyinbay Eralievke ha’zil)*

Awırıwxana diywalınan asırılıp,
Jalan’ ayaq kashıp keler Su’yinbay.
Sestralar shuwlap ulı-tasırlı,
Quwıp keler appaq-appaq quyınday.

- «Joq, jatpayman, keldim tolıq kelege,
Jazıldım» dep, dawam eter qashıwdı.
- «Jok, jatasan’ bir jeti ku’n ele de!»
Dep qıshqırar sestralar ashıwlı.

Alvinası keshe qashqan u’yine,
Qatınlarg’a qashıw degen buyım ba-a’y.
Botinkasın salıp alıp iyinge,

Jalan’ ayaq qashtı bu’gin Su’yinbay ...

Nege qashqan? Ma’nisi sol bolg’anı:
Dostı kelgen Toqtag’uldın’ toyına ...
Men otırman ot basında tolg’anıp,
Usındayda neler kelmes oyın’a!

Bul zamanda doslıq - qısqa wakıtlı;
Buzar esap, biypa’rwalık, minezin’.
Usılarday dostı bar jan - baxıtlı,
Ol baxıtlı kim desen’ler - men o’zim.

Oshaqta - ot, so’ylesemiz asıqpay,
Arasın’da az-kem sharap ko’remiz.
Birin-biri sag’ınıskan ashıqtay,
Bir-birewdi an’saymız da ju’remiz.

Saatlarday birge sog’ar u’sh ju’rek,
Eljireser, sırqatlardı umıtıp.
Bul oshaqta uzaq jan’g’ay ot gu’rlep,
Menidag’ı qayda ju’rsem jılıtıp.

Ha’y, adamlar - qara jerdin’ qayıg’ı!
Men tileymen sizge bir dos jasqanbay:
Sen barg’anda awırıwdan ayıg’ıp,
Bolnitsadan jalan’ ayaq qashqanday ...
16-noyabr, 1989-jıl

## QIRG’IZ QOSIG’I

Suwsamır suwı teren’lep,
O’te almay turman elen’lep.
O’tkizip alsan’ bolmay ma,
Payapıl salıp ha’mellep.

Suwsamır suwı tarag’ay,
Ku’ydirdin’ da’rtke jaramay,
Payapıl ushın niyetlep,
Qırıqtırıp ju’rmen qarag’ay.

Porlı qıya Qapshıg’ay,
Boranlap barıp ashılg’ay.
Sen desem, seni sag’ındım,
Bozlag’an u’nim basılmay.

Ala bel o’tkel asıwda,
Ala tawdın’ basında
Aylanar bult kete almay,
Ashıg’ına jete almay.

Boz jorg’a eken mingenin’,

Boz shekpen eken kiygenin’,
Ayda-jılda kelesen’,
O’tirik eken su’ygenin’.

Ullı tawg’a shıkqan bar,
Ular etin jegen bar.
«Shınayaq tolı qımızdı
Kim ishpeydi?!» degen bar.

Qoqtın’ bası qol jılg’a,
Qol jılg’adan qol bılg’a.
Qol bılg’asan’ barayın,
Qostar etip alayın.

Etin’e kiygen ko’ylegin’
Ol ne degen gezleme?
Ko’rsetip qoysan’ bolmay ma,
«Ko’reyin» degen jezden’e ...

Subayılda sulıw tuwg’an jer,
Beline shılbır buwg’an jer.
Qızlıg’ında at minip,
Aq maraldı quwg’an jer
Uzın bulak suwınan
Ko’k ko’ylegin ko’terip,
Aq baltırın juwg’an jer.
6-oktyabr, 1989-jıl, Qapshıg’ay jolında.

# «BEGLİGİN’Dİ BUZBA SEN» kitabınan

**1995**

### GU’LLER AN’LAMAS

Tobınan ayırılg’an torala g’azdın’
G’an’kıldısın aydın ko’ller an’lamas.
Gu’l ıshqında ku’ygen bu’lbil nalasın
Ba’ha’rde ashılg’an gu’ller an’lamas.

Birewge - ayralıq, birewge - sayran,
Du’nyanın’ isine qalarsan’ hayran,
Suw izlep ılaqsa jaralı ja’yran,
O’zi suwsap atqan sho’ller anlamas.

Qastın’ barday sonsha qıynap janımdı,
Ayawsız shertersen’ kewil tarımdı.
Menin’ «sen» dep shekken azaplarımdı,
Qudag’a mın’ shu’kir, eller an’lamas.

Gu’l ma’wsimi o’ter ba’ha’ri-jazı,

Biymezgil urmag’ay qazan ayazı.
Ashıq Ayaz «sen» dep pitken bayazın
Biyda’rt janlar, alshaq diller an’lamas.

**MU’NAJAT**

Ta’n’irim, insap ber o’z bendelerin’e.
Bul barıstan neshik zamana bolar?
Da’rt jamalıp kewillerdin’ sherine,
Da’wir dag’darıstan awara bolar.

Aqıllar tubalap, bolıp ar-sarı,
Kim ne aytsa awıp jurttın’ an’sarı,
Malın pullap biyinsaplıq bazarı,
Ha’r kimnin’ kewlinde bir nama bolar.

Kimler hiyle menen shalqıp jatajaq,
Pulg’a o’tse joq iymanın satajaq.
Miriwbet tan’ları qashan atajaq?
Jurttın’ bir a’rmanı sol g’ana bolar.

Ta’kabbırlıq illetine shatılıp,
Ku’shliler a’zzige dize batırıp,
Arzan so’zler qımbatına satılıp,
Biyday nannın’ izi zag’ara bolar.

Qırmızı qan ag’ıp asqar tawlarda,
Abıl-Qabıl tu’sken pitpes dawlarg’a.
Analar perzentin berip jawlarg’a,
Botasız bozlagan a’rwana bolar.

Ta’n’irim, sen bilersen’ zamannın’ sırın,
Peyil azsa, ıg’bal keterler qırın.
Kewillerge quysan’ miriwbet nurın,
İnsan bir-birine pa’rwana bolar.

Ju’rek jansa, ıshqı otında jansın,
Ashıqlar uyqısın buzıp oyansın,
Tayansa, analar besik tayansın,
Baldaq tayang’anlar biyshara bolar.

Otlar jansa, jansın oshaqta gu’rlep,
Atlar shabar bolsın bayraqqa terlep,
Kim qolın jılıtsa urıs otın u’rlep,
Qarg’ısqa ushırap, giryana bolar.

Uslassa, palwanlar jag’a uslassın,
Taslassa, qoshqarlar gelle taslassın.
Urıssa, qorazlar g’ana urıssın,
Adam urısqan jerler wayrana bolar.

Oktyabr, 1991-jıl

## KO’RSETKEN RA’HA’TLİ  KU’NİN’ USI MA?

*(M. Gorbashevqa)*

Dana ra’hbar bilip sag’an ergende,
Bizdi alıp kelgen jerin’ usı ma?
Xalıq isenip sag’an kewil bergende,
Ko’rsetken ra’ha’tli ku’nin’ usı ma?

Aqıl ayttın’ biyik minberden turıp,
Qoldan ot shıg’ardıq shappatlar urıp.
Go’nergen du’nyanı qaytadan qurıp,
Shag’lap jasaytug’ın elin’ usı ma?

Jan’asha oylawdı jurtqa u’yrettin’,
O’zin’ go’ne su’rdew jol menen kettin’.
Du’nyada bir ullı ma’mlekettin’
Toyların tarqatqan jerin’ usı ma?

Jaqsın’dı jasırmay, aytsaq durısın,
Toytardın’ du’nyanın’ «salqın urısın».
Eski tutımlarg’a qarsı gu’resin’
Usap edi da’slep u’mit qusına.

Temir perdelerdi juldın’ aradan,
Ko’zin ashsın dedin’ ha’r el, ha’r adam.
Gu’rmewli tillerge sen berip ziban,
So’ylep-so’ylep bolg’an jerin’ usı ma?

Oqırayıp qarap millet milletke,
Duwshar boldıq awız alalıq illetke.
Ku’shliler a’zzini qaqbaylap shetke,
«Qoy derge xoja jok» degen usı-da’!

Doslıqtı qaslıqtın’ qarası basıp,
Ko’pler postı jıllı u’yinen qashıp.
Buzıqlar saxnada awiretin ashıp,
A’dep-ikram u’yretkenin’ usı ma?

«Qawın-qawın» degen oyın bar qızıq,
Qayta quraman, dep ha’mmesin buzıp,
Xalıqtı bos du’kannın’ awzına dizip,
Kupong’a u’n’iltken ku’nin’ usı ma?

Tax talasıp, bir birin’e tas atıp,
Tu’rli jolg’a jaltan’ etip jasatıp,
Eltsin «erkin baha» iytin bosatıp,
Jurttı talatpaqta bazar tusında.

Usap du’zde qasqır quwg’an kiyikke,

Bahalar sekirip ketti biyikke.
Paraxordın’ ma’pine kim tiyipti?
A’dil zaman ornatqanın’ usı ma?

En’ bay eldi ashtan juldız sanatıp,
Jurttı jawız mafiylarg’a talatıp,
Batısqa qol jayıp, qayır soratıp,
Bir masqara qılg’an jerin’ usı ma?

Birin’ bas sawg’alap qashtın’ uzaqqa,
Birin’ otır seni taydırg’an taxta.
A’dilliktin’ sotı qurg’an duzaqqa
Tu’speymiz dep, tapqan sharan’ usı ma?

Dag’darıstan shıqsaq dag’ıspay aman,
Bazarg’a o’termiz, du’zleser zaman.
«Qayta qursaq, bolar bir shadlı da’wran»,
Dep su’rgizgen da’wranların’ usı ma?!

## BAZAR JOLINDA

Ba’zergen malısız bazar qızar ma,
Ka’rwan ju’gin a’njam etin’, jigitler.
Endi ha’mme biz shıg’amız bazarg’a,
Bazarın’ insaplı bolg’ay jigitler.

Ko’pten beri barmay bazar-osharg’a,
Turmısımız aylanıptı nasharg’a,
So’zden dan’g’ırlatıp aydap bos arba,
Aqılgo’y bolg’andı qoyın’ jigitler.

Bazarladıq Xojelini, Shımbaydı,
Biz burında ko’rgenbiz be bundaydı?
Sarsıq so’zden qulag’ımız shın’laydı,
Jer ju’zi ga’p eter bizdi, jigitler.

«Shırtım» oynap, shıg’ıp qaldıq oyınnan,
Qudaydı umıttıq ba’rha sıyıng’ai.
Suw emes, so’z aqtı Tu’yemoyınnan.
Jalg’an wa’delerden toydıq, jigitler.

Awızbirshilik qashtı kem-kem aradan,
Ha’r kim o’zin jurttan bilgish sanag’an.
Miy shayılıp ketti «warra-warra» dan,
Bunın’ aqıbetin bergey, jigitler.

Ha’r bilgish o’zinshe siltep bir joldı,
Basshı aytsa, qosshı quplamas boldı.
Bos uslag’an qamıs qıyg’anday qoldı,
Ha’mme «demokrat» boldı, jigitler.

Piter emes bilgishlerdin’ aytısı,

Bazar musallatı jurttın’ qayg’ısı.
Bilgir sanap ju’rgenlerdin’ qaysısı,
Jol san’lag’ın tabar eken jigitler.

Jılan jalag’anday du’kanlar kepti,
İygen jelinlerdi suwalıp ketti.
Temeki tartqanlar nasbayg’a o’tti,
Sawdagerdin’ qolı keldi, jigitler.

Jumıs qaldı, aytıs bazarı qızdı,
Birew joybarlasa, birewler sızdı.
Eplep ju’rip turg’an mashinamızdı
Buzıp taslap, jayaw qaldıq, jigitler.

Ko’ligi bar eller saltanat tutıp,
U’stimizden o’tip atır shan’g’ıtıp.
Jayaw bazarlaymız endi shan’ jutıp,
Bo’ten ilajı joq bunın’, jigitler.

Biraq endi izge qaytıp ta bolmas,
Attın’ basın keyin tartıp ta bolmas.
«Qayda baramız?» dep aytıp ta bolmas,
Ta’wekel qayıg’ın mindik, jigitler.

Bul sonday a’jayıp bazar bolajaq,
Ja’ha’n sawdasına barın salajaq.
A’dalatlıq ta’rezisin qurajaq,
Bizin’ bezben da’rtke aspas, jigitler.

Bul bazarda o’tpes eplemey zatın’,
«Jen’impaz» atang’an sıy-marapatın’,
«Konkurentsiya» der jarıstın’ atın,
Sol jarısqa shaylanın’lar, jigitler.

Ta’lli-pa’lli islep aldap kelgenler,
Xalıqtın’ esabınan da’wran su’rgenler,
Shappat penen ju’z qızartıp ju’rgenler,
Bul bazarg’a kire almas, jigitler.

Bilim, zeyin menen uzaqtan sholıp,
Bul bazar ta’rtibin atqarsaq tolıq,
«Mersedes» minersen’ millioner bolıp,
Su’re alg’ang’a da’wran keldi, jigitler.

Gu’rshin’ - dollar bolar, paxtan’ - aq altın,
Suw bolsa, jer - anan’ asırar xalqın.
Mal baqsan’, bul bazar ko’terer narqın,
Bardamlını bazar su’yer, jigitler.

Satarmang’a bermes onsha ja’birin.
Alarmang’a ju’rgizer o’z ha’mirin,
Ha’tte ma’rmer tasın’, boyan tamırın’

Qıp-qızıl valyuta bolar, jigitler.

Bizler paxta satsaq, Sibir - ormanın,
Qazaqstan su'zer biyday qırmanın.
Qawın satsan', shıtırlaydı shırwanın',
Nitratsız nayshalatsan', jigitler.

Bayag'ıday qosıp jazıp paxtanı,
Uslap qalmas xalıqqa da'rek aqshanı.
Bul bazardın' basqa bolar qaqpanı.
«Bankrot» der ol qaqbandı, jigitler.

Ko'meshke ku'l tartsan' eger go'rqawsıp,
Jen'ildin' u'stinen barsan' jalqawsıp,
Qaraqalpaqshılıq qılsan' albawsıp,
Bul bazar pa'nt berer bizge, jigitler.

Joqarg'ılar bul bazardı jaqtırmas,
Wa'de berer, Aralg'a suw aqtırmas.
Burıng'ıday buyrıq ku'tip taq turmas,
Bul bazardın' o'z zan'ı bar, jigitler.

Pullıg'a - may, pulsızlarg'a- tortası,
Juqalıq etip tur jurttın' qaltası.
Mafiya ha'm sawdagerdin' man'qası
Qashshan bul bazarg'a kirdi, jigitler.

Bul du'nya degenin' bir qızıq bazar,
Mal o'timli bolsa, sawdası qızar.
Tezirek barg'aymız og'an biyhazar,
Bazarın' insaplı bolg'ay, jigitler!

Mart, 1991-jıl.

## MUSTAQİLLİQ MAYDANINAN O'TKENDE

Bu'gin A'miw bolıp aqqım keledi.
Arg'ımaq at bolıp shapqım keledi.
Bu'gin o'n'irine o'zbek ag'amnın'
Kewlimnen gu'l u'zip taqqım keledi.

Nawayı, Berdaqlar da'stan bitkende,
Babur ta'rki watan qılıp ketkende,
Mashrab g'azzelleri pa'ryad etkende,
Oyg'a alg'an maqsetine jetken be?
Babalar ruwhı keshti oyımnan,
Mustaqilliq maydanınan o'tkende.

Aqmal, Allayarlar atılıp ketkende,
Jawlar Qadriydi qatl etkende,
Sharafatlı insan uyqısın buzıp,
Qa'birinen shıg'arıp alıp ketkende...
Ba'ri ko'z o'n'imnen o'tkendey boldı,

Mustaqilliq maydanınan o’tkende.

«Aq altınnan tawday qırman pitkende,
Onı jat ka’rwanlar alıp ketkende,
Sen oyshan’ su’yenip awır ketpenge,
U’nsiz turıslarıн’ eleslep ketti,
Mustaqilliq maydanınan o’tkende…

Senin’ ruwhın’dag’ı ma’rtlik, danalıq
Jan’a da’wran jolın tapbag’ı lazım.
Biyik insanlıg’ın’ du’nya ta’n alıp,
Ja’ha’n minberinen shıqsın hawazın’.

Kewil talwas etip, ilham yosh urar,
Miyrim suwı menen tolg’anday Aral,
Eser bir a’jayıp jag’ımlı samal,
Mustaqilliq maydanınan o’tkende.

O’zbekstan - Ku’nshıg’ıstın’ Sholpanı,
Ko’p qıyın jollardan o’tersen’ asıp.
Biniyad tawıp azat insan a’rmanı,
Jolın’dı jaqtırtar ıg’bal quyashı.

«Qutlı qa’demin’e ha’sanat!» diyip,
Qan-qardash xalıqlar qol berip qolg’a,
Qara qalpag’ımdı shalqayta kiyip,
Janın’da baraman bul ullı jolda!

*22-avgust, 1992-jıl, Tashkent.*

## JUBATIW

(«Qulag’ım esitpeydi, ko’zim girew tarttı» dep nalıg’an bir yashullıg’a)

«Esitpeydi» dep nalıma qulaqqa,
Onda turg’an hesh ga’p joq arsıng’anday.
Bul ku’nde sonday so’zler aytılmaqta,
Esitkish qulaqlar da sarsılg’anday.

«Ko’zlerim girew tarttı» dep o’kinbe,
Onda ga’p joq, qısınıp, bekingendey,
Bul topalan’ du’nyada usı ku’nde
Qızıq joq ko’rmedim dep o’kingendey.

## PAYG’AMBAR JASINDAG’I ADAMG’A

Sen endi payg’ambar jasına keldin’,
Burıng’ıday biypul da’wranın’ bolmas.
Katqudalıq istin’ basına keldin’,
Jaslardın’ qılıg’ın qılg’anın’ bolmas.

Jas miner, ku’sh qaytar, tolısar aqıl,

Atızlar jalan’ash, jıynalar daqıl.
Ko’rer ko’zge ersi ja’ne namaqul
İslerdin’ basına barg’anın’ bolmas.

Hawlıqpay hawalap ushar alasar,
«Sabırlı qus» dep jurt og’an qarasar.
Parasat belbewi sag’an jarasar,
Shurt minezlik a’ylep, sıng’anın’ bolmas.

A’wel rasu’lilla-alayhissalam
Haqtın’ birligine keltirdi iyman.
Tuwrılıqtı su’yer haqıyqat mudam,
Hiyle menen joldı burg’anın’ bolmas.

Birewler - ateist, birewler - dindar,
Bul so’zden birazdın’ qulag’ı shın’lar
Payg’ambar jasına shıqpag’an kim bar?
Kewilge menmenlik alg’anın’ bolmas.

Hiyle menen sumlıq ekewi egiz,
To’rtti to’rtke qossan’ shıg’armas segiz,
Haslına tartadı tu’binde negiz,
Negizi joq ga’pti aytqanın’ bolmas.

Jaqsılıq gu’lxanın jag’a bilmesen’,
Durıslıqtın’ jolın taba bilmesen’,
Takabbırlıq tuwın jıg’a bilmesen’,
«Haqpan» dep, aybaraq urg’anın’ bolmas.

Ne is o’tse o’tti jaslıq shag’ın’da,
Na’psin’di tıy sen endigi jag’ında.
Bul muqaddes jasqa kelgen wag’ın’da,
Elewirep teris qaytqanın’ bolmas.

O’tken islerin’e ta’wbe qılmasan’,
Gu’zarın’dı tuwrı jolg’a salmasan’,
Hu’jdan mu’lkin ha’zir qayta qurmasan’,
Aqırette qayta qurg’anın’ bolmas.

*İyul, 1991-jıl.*

## BEGLİGİN’Dİ BUZBA SEN

Bar bilgeni awzında.
Sawdıraq qaraqalpag’ım.
Jan sa’wlesi ko’zinde,
Jawdıraq qarakalpag’ım.
Kewili ken’ maydanday,
Tamg’a juldız jayg’anday.
Pisip turg’an naymanday,
Gewdirek qaraqalpag’ım...

Zaman barar o’zgerip,

Esitkendi ko’z ko’rip.
Arbanın’ jaman jerleri
Oy-shuqırg’a gez kelip,
«Tartpaydı - dep - tabanlap,»
Atın’dı urma, jamanlap.
Bunnan da jaman jollardan
Janıwar o’tken hamallap.
Awmastırma yabın’dı
Ayg’ırg’a, qaraqalpag’ım.
Adamsan’ g’oy sabırlı,
Qayg’ırma, qaraqalpag’ım.

Tariyxtın’ talay o’tkelin
Sal minip keship o’tkenin’
Yadın’da ma? Sonda da
Ayaqqa ıg’ıp ketpedin’.
Jabıg’ın’dı jel tu’rip,
U’zigin’nen sel kirip.
An’sag’ansan’ g’oy quyashtı,
Bult artına telmirip
Keldin’ g’oy so’ytip kelege,
Qızba, qaraqalpag’ım.
Begligin’di ele de
Buzba, qaraqalpag’ım.

Hesh qashan sen hesh kimnin’
Bolmag’ansan’ erkesi.
Ha’mme sennen u’lkensip,
Gu’jireyter en’sesin.
İnsannın’ peyli buzılsa,
Shoshqanın’ bolar gu’rkesi.
«Ash adam urısqaq» degendey,
Suw ko’termes sirkesi.
Ja’n-jaqta ja’njel, arasat,
Qublası joq arqanın’.
Bundayda aqıl-parasat
Da’nin ek, qaraqalpag’ım.

Bir ko’zdi bir ko’z jegendey,
Ta’kabbırsıp atlasıp,
«Qay balasan’?» degendey,
Ag’ayin ketti jatlasıp.
Qızıwı ketip doslıqtın’,
Suwısıp barar qatnasıq.
Ju’zleri ku’lip jıltırap,
İshleri turar sotlasıp.
Erme jurttın’ so’zine,
Julma gu’ldin’ jarpag’ın.
Bir yaratqan o’zin’e
Yar bolsın, qaraqalpag’ım.

«Alg’a bas, alg’a, alg’a!» dep,

Artımızg'a qayırdı.
«Aq altın ber elge!» dep,
Ten'izimizden ayırdı.
Qurırda bayg'us Araldın'
Du'nyag'a dan'qı jayıldı.
Boztorg'ayday shırlattı
Shının aytqan shayırdı.
Tar jolg'a tursan' dus kelip,
Dana bol, qaraqalpag'ım.
O'zin'e o'zin' ku'sh berip,
Pana bol, qaraqalpag'ım.

Jerdin' tilin bilesen',
Haslı diyqan xalıqsan'.
Maldın' tilin bilesen,
Sharwag'a da alıqsan'.
Hadal miynet islewde
Qashan harıp-talıpsan'?
O'zin'di o'zin' asırap,
Qol jaymaysan' tarıqsan'.
Qonaq ko'rsen' quwjın'lap,
Suwg'a kirgen balıqsan'.
«Ag'amlar o'tsin dep» ju'rip,
Esik bette qalıpsan'...
Jesir u'ydin' qızınday,
Jaraspaydı jaltag'ın'.
Shıyratıp esken shıjımday,
Shıyraq bol, qaraqalpag'ım.

Tartınshaq jolı jin'ishke,
Sarsılma, qaraqalpag'ım.
Aralasıp kir ishke.
Tartınba qaraqalpag'ım!
*Noyabr, 1991-jıl Tashkent.*

## ON'BAG'IRLAR SATTILAR SENİ
(Aralg'a)

O'lgen na'restenin' bas ushında
O'ksip - o'n'sip jılaydı ana.
Sırtta, ashıq ayna tusında
Bozlar bir botasız a'rwana.

Da'rti menen usı ekewinin'
Ko'kte quyash o'rtenip atqanday,
Bir azalı joqlawdın' u'ni
Bar a'lemdi mun'g'a tartqanday.

Aral, Aral! Sen keshir bizdi.
Sorımızdı sorlatqan elmiz.
Irıs qazanı - ten'izimizdi

Qu’pa’ - ku’ndiz urlatqan elmiz.
Hesibesin haqtan tilegen,
Miynet shınıqtırg’an bilegin,
Aq ko’kirek eden elsen’ dep,
Bergen edi ıg’balımızg’a,
«Bir qazannın’ bir qulag’ına
İyelik et, ol - nesiben’» dep.
Ete almadıq sag’an iyelik,
At tabanlap, arba shu’yelep,
Awdarıldı ırıs kerseni.
Jamanlıqtan jiyirkenbegen,
Kisi ıg’balına u’yrenbegen
On’bag’ırlar, sattılar seni.

«Ta’biyattan ku’tpen’ler miyrim,
Ta’biyattan tartıp al!» dedi,
So’zi jalg’an, wa’desi shiyrin,
Olar partbiletli xan edi.
«Mol aq altın ushın!» dep turıp,
Sharap ka’saların qag’ıstı.
Da’rya suwın sho’llerge burıp,
Ten’iz taslap ketti jag’ıstı.
O’zli - o’zi awız jalasıp,
Satıp hu’jdan degen na’rseni,
Qorlap o’zinin’ ta’biyat - anasın,
On’bag’ırlar, sattılar seni.

Aral. Aral! Ol naymıtlarg’a
O’kpe - giyne, tag’ne etpe sen.
Kemisi ha’zir soqlıg’ıp jarg’a,
Betleri joq sag’an betleser.
Sen tu’we sen, olar o’zlerin,
O’z iymanın, - o’z isenimin,
Basına ku’n tuwg’an gezleri,
Demde satıp kettiler bu’gin...

Aral. Aral! Bilesen’ be sen,
Ha’zir sonday abırayın’ ku’shli.
Ha’mme xalıqtın’ tilindesen’ sen,
Atı - hawazın’ a’lemge tu’sti.
Senin’ dag’darısın’ dan’q a’perip,
Talaylarg’a da’wran su’rgizdi.
?lken lawazımg’a ko’terip,
Biyik minberlerge min’gizdi.
Ant suw ishti olar saylanarda,
«Biz Aralg’a suw beremiz» dep.
«Alıs Sibirdegi da’ryalardan
Suwdı aydap a’kelemiz» dep,
Minberlerden totıday sayrap,
Sen tiymesler sıng’a ilindi.
Bu’ginligi ba’ri tal shaynap,
Kimler ekenligi bilindi.

Erten’ ja’ne bolar saylawlar,
«Aralım» dep jılag’an gezlerde,
Ja’ne wa’de, ja’ne aldawlar
Dawıs bergizdi bizlerge...
At - abıray alg’annan keyin,
Buwsanıp o’z ma’rtebesine,
Bası tasqa tiygenge deyin,
Olar seni almas esine.
Qa’deleri sin’gendey qumg’a,
Qorlap insap degen na’rseni,
İnsapsızlıq auktsionında
«Kim zıyatqa» sattılar seni.

Jılag’an menen kelmes ornına,
Quwday sın’sıp jılama, ana!
Bozlay berme o’ytip onshama,
Ha’y botası o’lgen a’rwana!
«Ko’z iyeli» degen babalar,
Ten’izdin’ de iyesi bar - dı.
Keler ele sonday zamanlar:
Suwı qashqan jag’alıqlardı
Qayta juwıp ma’rwert tolqınlar,
Shag’alalar sharq urar ele.
Sheginisip sonda sho’l - qumlar,
Shalqar ten’iz jarqırar ele.

Aral, Aral! Senin’ jag’an’a
Tastan ornatıp bir bag’ana,
Jan’a a’wladlar jıynalıp sonda,
Jazıp qoyar mına na’rseni:
«Jigirmalanshı a’sir ayag’ında
On’bag’ırlar, sattılar seni...»

## SEN TEBERİK DA’RGAYISAN’ BİLİMNİN’

*(A’jiniyaz atındag’ı pedinstituttın’ 60 jıllıg’ına)*

Ken’ du’nyag’a ko’zin ashqan elimnin’,
İlhamısan’ sen shayırlıq tilimnin’.
Qaraqalpaqqa qalın’ kitap oqıtqan,
Sen teberik da’rgayısan’ bilimnin’.

Ozıq oydın’ oshag’ısan’ bilgenge,
Shamshıraq tas janıp turar irgen’de.
Studentlik da’wranımdı esleymen,
Ha’r saparı esigin’nen kirgende.

Sen muqaddes medresem bawırman,
A’rman gu’li gu’lshanın’nan tawılg’an,
Qaqtıq suwın an’sap kelgen kiyiktey,
Biz kelgenbiz bilim izlep awıldan.

Keleshekti u’mit penen boljag’an,

Urıstan son'g'ı jıllar edi ol zaman.
Otsız jayda jazıwg'a qol juwıspay,
Da'wetin'e quyg'an sıyan' ton'lag'an.

Studentke ju'rek jalg'ar as qıyın,
Kenep shalbar, bo'z ko'ylegin' - bas kiyim.
To'segi joq sım krovat astında
«Tik tur!» desen', tik turadı noskiyin'.

Ruwhımızg'a bilim nurın na'r qılıp,
Ketpegenbiz, joqshılıqtı ar qılıp.
Bo'lip jegen studentlik zag'ara
Pay, ne degen mazalı edi jarqılıq!

Ko'p a'wladtı bilimi zor xalıq etip,
Atar tan'da shıqqan ku'ndey jarq etip,
Kelip-ketti ne bir dana ustazlar,
Aqıl - oyın keleshekke sarp etip!

Aytsan' ada bolmas onın' da'rtleri,
Ko'zdin' mayın emgen bilim ka'ntleri.
Qaydasızlar qırq besinshi jıllardın'
Shu'tik shıra jaqqan studentleri!

İlham perim bunda boyjetken erteden,
Sensen' tun'g'ısh muhabbatım - ma'rtebem.
Qayda endi xosh qılıqlı sol qızlar,
Janımızdı ıshqı otında o'rtegen?

Ne joq deysen' eske alıwg'a ılayıq,
Meyli, endi o'tken ga'pti qoyayıq.
«Bazar qatnasıg'ı» degen to'beden
Keleshekke na'zer salıp qarayıq.

Bilim menen aqıl o'ser, oy o'ser,
O'ser waqta awıradı boyo'ser ...
Ko'p uzamay ozıq oylı adamzat
Kompyuter tili menen so'yleser.

Bul tildi tez u'yrenbese jasların',
Turmısımız mandımaydı, doslarım.
Bilim degen sırlı bulaq suwınday,
Qanıp ishken qoyın baqpas basqanın'.

Qosıqtın' bul ayaqlang'an jeri eken,
Qutlı bolsın alpıs jıllıq mereken'.
Keleshekte qansha VUZlar bolsa da,
Aldı menen seni sıylar qareken'.

28-dekabr 1994-jıl

## ULUG’BEK QATİRESİNE
***(Ullı alım Mırza Ulurbektin’ 600 jıllıq merekesine)***

Siz juldızlar menen sa’wbet qurg’ansız,
A’lem tilsimlerin oqıy alg’ansız.
Gu’mbezi Dawwardan tag’limat ko’rgen
TOG’IZ murabbiydin’ biri bolg’ansız.

İlim qanatında ushqır qıyalın’
Tamashalap juddızlardın’ jamalın,
Du’nyag’a da’rs berip falakiyattan,
Ko’p alg’ıs alg’ansız insaniyattan.
Ja’ha’ngirlik a’ylep baban’ız Temir,
Jeti ıqlımg’a ol ju’rgizse ha’mir,
Sa’yyaralarg’a siltep ahli-insandı,
Siz jawlap alg’ansız ilmi-jahandı.
Taj ha’m taxt ha’wesi - ma’n’gilik talas,
Bunda ug’ul o’z atasın ayamas.
Hu’kimdarlıq sizge miyras a’yledi,
Aqıbet tag’dir suyiqast a’yledi.
Lekin patshalıqtın’ taxtınan da siz
Alımlıqtın’ taxtın ba’lent qoydın’ız.
Bul abadiy taxtdur, qansha qılsa qast,
Pa’da’rqush perzentler taydıra almas.
Ma’n’gi otırarsız bul altın taxtta,
İnsaniyat yad eter ha’mme waqıtta.
«Dan’qlı babamız» dep maqtanar mudam
Tu’rkiy ziban ulus, go’zzal Tu’rkstan.
Samarqand u’stinde janar juldızlar,
Aspanı-falakten rahmetler jawar.
A’wladların’ sizden ha’miyshe ırza,
Ruwhın’ızg’a tazim, Ulug’bek mırza!
6-oktyabr, 1994-jıl.

## HAG’LA, A’MİWİM!

Jazg’ı tan’da shıqsam A’miw boyına,
Hawası janıma jag’ıp baradı,
Qanat baylap qıyalıma - oyıma,
Ilay suwlar burqıp ag’ıp baradı.

Teren’ iyrim tartıp, jaylap ta ag’ar,
Bazda sazan atıp, tuwlap ta ag’ar.
Sawlatlanıp, suw tulpardın’ jalınday,
Irıs qazanı bolıp qaynap ta ag’ar.

Basqa qızıg’ın’dı qoyatur dersen’,
Altın saxnalı bir teatr dersen’.
Suw iyesi Sula’ymannın’ mu’lkindey,

Mol g’a’ziyne ıg’ıp kiyatır dersen’.

Qızketken, Kegeyli, Paxta arnalar,
G’arqa’lleziy bolıp Quwanısh jarmalar,
Ko’lde g’az qıyqıwlap, jılımlar maylap,
Atızlarda diyqanshılıq ırg’alar.

Ha’reketke keltirip ken’ du’nyanı,
Qarag’anday eldin’, jerdin’ da’wranı,
Jag’alıqta jasıl tuwın ko’terip,
Jas tog’aylar alg’ıslaydı da’ryanı.

Hag’la. A’miw - berekettin’ bulag’ı!
Bar tirishilik sag’an qullıq qıladı.
Sen ha’wijge minsen’, eller quwanıp,
Shayırlar da sennen ilha’m aladı.

Ten’izdi teris qaytqan zamanlar qurttı,
Hesh kim emes, onı adamlar qurttı.
Sag’adag’ı suw simirip juwhaday,
Ayaqqa ag’ızbay, ten’seltti jurttı.

Ashko’z bendelerdin’ peylin bayqag’an
Ta’n’irim ba’lkim talay basın shayqag’an,
Jaratqannın’ o’zi jarılqar bolsa,
Adam irikken da’rya tasar qaytadan ...

Boyların’da ju’rip oyg’a talaman.
Demde ne zamanlar keshti aradan!
Pa’tli ag’ısın’dı qaytadan ko’rip,
Quwang’annan ko’zime jas alaman.

Hag’la, hag’la A’miw, - ja’wlan urıp aq.
Abiyhayat suwı menen tolıp aq.
A’ydarhaday aybat shegip, julqınıp,
Ha’m jilli ko’zlenip, Ja’yhun bolıp aq.

Jag’ısına baxıt ba’ha’rin bersin,
Sag’an Nuw payg’ambar qa’ha’rin bersin.
Qırg’a shıg’ıp qalg’an bayg’us Aralg’a,
Ha’r tamshın’ tirishilik na’ha’rin bersin.

Juwasıp, hesh kimge bag’ınbag’aysan’,
Na’wpir suwdan hasla arılmag’aysan’.
Sen ha’zirgi adamlardın’ peylindey,
İshkirnelik etip, tarılmag’aysan’.

*Avgust, 1993-jıl.*

## JARQILIQ, NAWRIZDIN’ BAYRAMI KELDİ

Miriwbettin’ nurın quyıp janlarg’a,
Ju’rek sha’wkildesip, quwantıp eldi,

Jarıq sa’wle berip atar tan’larg’a,
Jarqılıq, nawrızdın’ bayramı keldi.

Ku’n ku’limlep, hawa rayı jo’nlesip,
Diyqandı shaqırar atız «kel» desip,
Usı bu’gin ku’n menen tu’n ten’lesip.
Kewillerge ten’lik da’wranı keldi.

Jaslar jelkildesip, ju’zleri jaynap,
Qartlar shu’kiranalıq insabın oylap,
Nawrızlıq go’jeler bu’lkildep qaynap,
Ko’pten ku’tken toydın’ a’njamı keldi.

Bul jan’a ku’n «Nawrız» dep atalıp,
Miyrim-sha’paattın’ nurı tutanıp,
A’tko’nshekler buldırıqqa pa’t alıp,
Aqsham ayqulashtın’ maydanı keldi.

Ja’ma’a’t ja’m bolıp, qa’wmi-qog’amlar,
Jen’geyler naz etse, ku’lip ag’amlar,
Da’stu’rxandı bezep tatlı tag’amlar,
Su’melekti ertip qaymag’ı keldi.

Sazendeler sazlap jan’latıp sazın,
Shan’laqta shag’lasıp jurt qurar ba’zim,
Qawıshıp ko’risip abısın-ajın,
Sallanısıp qız ha’m ja’wanı keldi.

Ja’njel du’nyasında bazar sawılg’an,
Urıs joq, arazlıq joq, ba’rshe bawırman.
Bar adamzat shıqqanday bir awıldan,
Tatıwlıq mu’lkinin’ sultanı keldi.

Jaqsı u’mitler juwıp kewil g’ubarın,
Du’zelgey dep arasattın’ zamanın,
Ruwxı shad bolıp ata-babanın’,
Awnap tu’sip jatqan xabarı keldi.

Haqtın’ inayatı insan kewlinde,
Miyribanlıq, miriwbettin’ gu’lindey,
Shan-sha’wketli O’zbekstan elinde,
Ku’n ku’limlep ba’ha’r a’yyamı keldi!
Jarqılıq, nawrızdın’ bayramı keldi!

*Mart, 1991-jıl.*

## MEN TASHKENTTİ SAG’INAMAN KO’RMESEM

*O’zbekstanda qaraqalpaq ma’deniyatı ku’nlerinin’ ashılıwı saltanatında oqılg’an qosıq*

Men Tashkentti sag’ınaman ko’rmesem,
Bu’lbillerin tın’lap bag’qa kirmesem,

Shınarlardın’ sayasında shay iship,
Doslar menen sa’wbetlesip ju’rmesem, -
Men Tashkentti sag’ınaman ko’rmesem.

Bunnan o’ter menin’ barlıq jollarım,
Ba’ha’riw - jaz, meyli qıs ya gu’z waqtı.
Bunda eske tu’ser jaslık jıllarım,
Menin’ jigit waqtım, onın’ qız waqtı ...

Barlıq ma’ha’llede miyman bolg’anman,
Shayxantawr, Qoylıq, Eski Juwası..,
Ko’p tın’lap ha’m ko’p ma’rtebe alg’anman,
G’afur, Aybek, Mirtemirler – duwasın.

Zulfiyanın’ altın sazlı muzasın
Jaslay tın’lap, sulıwlıg’ın sezgenbiz.
Abdulla Aripler, Erkin Wahidlar,
Quwıs-qoltıq qoymay birge gezgenbiz.

Bazda jalıng’anbız shayxanalarda:
«Hay, shay tasıp ju’rgen u’ke, qarag’ım!
Shayın’dı bereber ataxanlarg’a,
Quy bizge bir urtlam ıshqı sharabın» ...

Men Tashkentti sag’ınaman ko’rmesem,
Jazda Anhar boylarında ju’rmesem,
Shiyrin tilli o’zbek shayırlarınan
G’a’zzel tın’lap, qosıq oqıp bermesem, -

Jılag’anman men de jurttay bu’linip,
Ko’rip zilziladan qıyrap qalg’anın.
Haqnus kibi ku’l ishinen tirilip,
Jan’adan en’ go’zzal sha’ha’r bolg’anın.

Bul qalanın’ adamları o’zgeshe,
Biyik inabatlı, ilgir zeyinli,
Shayırdan da o’ter sulıw so’z dese,
A’dep-ikram qulıqlı, ashıq peyilli.

Bunda bay tillerdin’ tu’rkiy ta’rkibi,
İlim-hikmetlerdin’ gu’walı tili.
Ruwhı teren’ muhiyt o’zbek xalqının’
Abiyhayat quyg’an duwalı tili.

Nawayı dan’q bergen, Babur jırlag’an,
Mashrab g’a’zzel pitken bul til bar bolsın,
Bul til ushın Qadiriydi qorlag’an
Naymıtlar aqırette qorıw-zar bolsın.

Keter kemtarshılık, bul awır demler,
Zaman du’zeter o’z a’ndiyshelerin,
Aydın keleshekke qoyg’an qa’demler

Berer ko’p uzamay na’tiyjelerin.

Ha’r kim niyetine bola is ko’rer,
A’wmet tileymen men islerin’izde.
Bir qız erge shıqsa, qırq qız tu’s ko’rer,
Jaqsı tu’sler engey tu’slerin’izge.

No’kisten men sizdi an’sap kelmesem,
Kelip, ta’n’iri sa’lemlerin bermesem,
Doslar menen erten’gi ku’n ıshqında,
Mustaqilliq maydanınan ju’rmesem, -
Men Tashkentti sag’ınaman ko’rmesem.
26-yanvar, 1993-jıl

## KO’ZLERİMNİN’ AG’I-QARASI QIZLAR

Birewlerin’ - qızım, birin’ - qarındas,
Ko’zlerimnin’ ag’ı-qarası qızlar.
Sizlersiz du’nyanın’ qızıg’ı bolmas,
Jalg’an emes, ga’ptin’ ırası, qızlar.

Sizge arnalar bul qosıg’ım menin’,
Sallanısıp ju’rgen qız benen kelin.
Gu’l egiwdi qoyg’an qaralpaq elin,
Gu’llendirip turg’an lalası qızlar.

Apaylar, jen’geyler, qurdaslar ha’m de
Qaharman analar otırg’an to’rde.
«Waqtında qız boldıq» - deser ba’ri de,
Qashıq emes ga’ptin’ arası, qızlar.

Sizlersiz jaynamas o’mir gu’lzarı,
Shahsa’nem G’aribtin’ shın ahıw-zarı.
Ha’r jigittin’ bolar su’ygen dilbarı.
Ha’r adamnın’ bardur anası, qızlar.

Tariyxın’ baslanar Hawa eneden.
Piyrin’ Biypatpadan alg’an o’negen.
Ayday jamalına juldız tu’negen,
Ashıqlar kewlinin’ quyashı qızlar.

Birisi Arıwxan, biri Aqsholpan,
Zamanında eldin’ uranı bolg’an.
La’yli, Zulayxalar da’standa qalg’an,
Muhabbattın’ biybi zadası qızlar.

Barshın o’tken Alpamısqa opalı,
Nadira g’azzeli zawkı-sapalı,
Qız Jipektin’ ko’sh baslag’an toparı.
Dan’qlı sulıwlardın’ urpag’ı qızlar.

Na’siyat bereyin desem sizge men.

Ha’zir aqıl almas birew-birewden,
Sonda da aytayın sezgenlerimnen,
Kerek jerin alar shaması qızlar.

Men sizge taqbayman eski ug’ımdı,
Ha’zir da’wir eskilikten shıg’ındı.
Jarasıqlı zamanın’a bu’gingi
A’dep-ikram jolın tutın’ız qızlar.

Ata-anamız bizge erik berdi dep,
Erkin jasaytug’ın zaman keldi dep,
Baspaqlardın’ jibin basqa tu’rdi dep,
Qudaydı umıtıp ketpeyik, qızlar.

Qızlarımız ko’pdur ba’ha’r gu’lindey,
Sulıwlıg’ın ja’riya qılmas bilinbey.
Aqıl-zeyni shın’qobızdın’ tilindey,
Sol qızlardan o’rnek alayıq, qızlar.

Meyli su’rme shekin’, tulım qoyın’lar,
Meyli shashtı kesip, burım  qoyın’lar.
Ma’sele shashta emes, basta degen bar,
Jarasıqlı jag’ın oylayıq, qızlar,

Meyli tırnaqlardı boyan’ qınalap,
Biyik o’kshe kiyin’ na’lin sınalap.
Hesh adam min taqpas ayıpqa sanap,
Ersi ko’rinbese bolg’anı, qızlar.

Quday bergen sulıwlıqtı burmalap,
Plastmastan kirpik qoyıp su’rmelep,
Qasları man’layg’a qaray o’rmelep,
Suw tawıqtay su’mireymeyik, qızlar.

O’zin’di bilmeysen’, bazda o’zlerin’,
Boyawsız-aq sulıw ayday ju’zlerin’.
Quwırılg’an shimishkidey ko’zlerin’,
Girtiyip ketpesin su’rmeden qızlar.

Evropadan u’lgi alamız desip,
Musılmannan orıs bolamız desip,
Dizeler ha’rriyip, yubkanı kesip,
Quyrıqsız bo’dene bolmayıq, qızlar.

Rok - kontsert a’wiretin ashqanday,
Tap jillixanadan jan’a qashqanday,
Qıshqırar ayag’ın o’giz basqanday,
Sog’an ju’da’ ha’wes bazı bir qızlar.

Bolamız dep qattı ma’deniyatlı,
Jek ko’rip ana til, a’debiyattı,
O’z xalqın’ aldında bolıp uyatlı,

Tildi burran'latıp so'ylemen', qızlar.

Sulıwlıqtan biz qalmayıq pa'ste dep,
Jan'a a'wlad alar bizdi eske dep,
Xalqın' mın' jıl kiyim tikti kestelep,
Jaraspas pa edi kiygende, qızlar?

Tu'rkmen qızlarında bar jaqsı o'rnek,
Keten ko'ylek kiyip sallanıp ju'rmek,
Modalar baltırdan joqarı o'rlep. -
Ketkende de olar buzbadı, qızlar.

Na'siyattı qoydım endi tuwarıp,
Ju'rmen' gene ga'p dep, kewilge alıp.
Eskinin' ha'mmesin joqqa shıg'arıp,
Jetpis jıl jan'alıq quwg'anbız, qızlar.

O'tmishtin' janıwlı oshag'ın ko'sep,
Ata-babamızdı ko'p kıldıq o'sek.
«Kommunizm» qurıp shalqıymız deseq,
Bul qıtker zamang'a tap boldık kızla'r.

Ayayman sizlerdin' uyımın'ızdı,
Qız ballarg'a kerek buyımın'ızdı,
Kiymey, ta'limsigen kiyimin'izdi
Qırq bahasın bersen' tabılmas, qızlar.

Qayta quramız dep ju'rgen danalar,
Qılmısınan qashıp, basın panalar.
Bos du'kan awzında bayg'us analar
Sandalıp ju'rgenin ne dersen', qızlar.

Bunday boladı dep kimler tu's ko'rgen,
Quyqan' juwlap turar baz bir islerden,
Qız da'wiri qıyın waqqa dus kelgen,
Sının'ızdı buzban', qarag'ım qızlar.

Zaman bu'ytip turmas, keler kelege,
Az-kem sabır etip turın' ele de,
O'tip alsaq bazar degen ba'lege,
Darqanlıqqa shıg'ıp ketermiz, qızlar.

Zaman keler ele mereke-toylı,
Ba'ri ornına tu'ser jayına-jaylı,
Ishqın'da shayırlar qartaysın ma'yli,
Bag'larda gu'l bolıp ashılın', qızlar.

Aralıqtan tu'rli zaman keshse de,
Da'stu'rler o'zgerip ayra tu'sse de,
Barlıq bayram kalendardan o'shse de,
Sizin' bayramın'ız o'shpegey, qızlar!

*Mart 1992- jıl.*

## YAD ETER SİZDİ

*(Sharaf Rashidovtın' esteligine)*

Do'hmet degishleri, g'ıybat selleri,
Juwıp ketalmadı izlerin'izdi.
Ana topıraq O'zbekstan elleri,
Ruwhın'ız qa'sterlep, yad eter sizdi.

Altın japıraq to'gip gu'zgi shınarlar,
Ha'ykelin'de[28] esken samal tınarlar,
Gu'n'irengen gu'mbezler, ba'lent minarlar
Ko'kten saza berip, yad eter sizdi.

Qara qus qanatın jayg'an zamanda,
So'zin'di o'tkizip Ma'skew tamang'a,
«Tashkent ruwhın» jaydın' pu'tkil ja'ha'ng'a,
Tuwıp-o'sken eller yad eter sizdi.

Altın besik bolg'an Jizzaqtın' sho'li,
Sawlatlı Samarqand - jaslıq ma'nzili.
Arqada Xorezm, qaralpaq eli,
Ko'zge su'rme qılar izlerin'izdi.

Ha'm alım, ha'm danısh, diyqan edin'iz,
Begligin buzbag'an sultan edin'iz,
Kishipeyil, go'zzal insan edin'iz,
Altıng'a qaplayıq so'zlerin'izdi.

Kim tas atsa, tawdın' barıp qasına,
Atqan tası tu'serler o'z basına ...
Xalıq jıynalıp hu'rmet toyxanasına,
Qa'dirdanlık a'ylep, yad eter sizdi.

Sizdi kim mingizse ba'lent ma'rmerge,
Onın' ornı bolar ba'rhama to'rde,
O'zin'iz azatlıq an'sag'an jerde,
Biyg'a'rez Watanın' yad eter sizdi.

Du'nyag'a dan'q jayg'an o'zbek elleri,
G'umshalap ashılg'an ıg'bal gu'lleri,
Jan'a da'wran mustaqilliq jelleri
Ma'n'gi jelpip turg'ay ju'zlerin'izdi.

## BUL QALANIN' KO'SHESİNEN JU'RGENDE

*(No'kistin' 60 jılıg'ına)*

Bul qalanın' ko'shesinen ju'rgende,

---

[28] Ha'ykel – estelik ma'nisinde.

Bilinbeydi toqlıg'ım ya ashlıg'ım.
Eske tu'ser gu'wlep o'tken jaslıg'ım,
Bul qalanın' ko'shesinen ju'rgende,

Qaysı jaydı qanday waqta qurg'anın,
Qay ko'shege qashan asfalt urg'anın,
Yad bilemen qaysı terek qaymanda
Qay ba'ha'rde qansha japıraq salg'anın.

No'kis dese qozıp qeter delebem,
Ko'p jırladım, jırlayman da ele men.
Jer ja'ha'nde bul sha'ha'rge usag'an
Qala tapbay, ba'rha qaytıp kelemen.

Qalalar bar biz ko'rgen ha'm ko'rmegen,
Xalqı sıymay qara suw bop terlegen.
Onda adamlar jasap turıp bir jayda,
O'mirinshe qon'sıların bilmegen.

Bizde u'y joq ku'ndiz ilip otırg'an,
Apaq-shapaq jaynap ku'lip otırg'an.
Arg'ı basta kimnin' iyti u'rgenin,
Bergi basta ha'mme bilip otırg'an.

Bul qalanın' aeroportı ishinde,
Zilzila bar ha'r laynerdin' ku'shinde,
Biraq bazar degen ba'le shıqqalı
Samoletsız tu's ko'remen tu'simde ...

Sha'ha'rler ko'p ma'lim du'nya ju'zine,
Hawa jutsan', tu'tin urar ko'zin'e.
Alıp qoyama dep a'lle birewler,
Zavod, fabrika qura bergen o'zine ...

Bul qalanın' dım basqasha halları,
Shan' bolsa da, taza hawa jolları.
Tek Araldan esken duzlı samallar
Shırqımızdı buzdı son'g'ı jılları.

Taxiyatas ele jaqın qonajaq,
Xojelige ja'ne ko'pir salajaq,
Bul u'shewi keleshekte qosılıp.
Budapeshttey u'lken sha'ha'r bolajaq.

Qattıag'ardan Qızketkennin' sag'ası,
Qutlı qonıs bolg'an A'miw jag'ası,
«Ag'am barda arqam tamda» degendey,
Ullı Tashkent onn' g'amxor ag'ası.

Jigit da'wiri a'yne alpıs jasında,
U'rgenishi, Tashawızı qasında.
Buxara ha'm Samarqandtan u'yrengen

Ta’limat ko’p bul No’kistin’ basında.

Arqamızda Qızılorda ag’ayin,
O’zbek, qazaq, tu’rkmen, qırg’ız, nog’ayım.
Tuwısqanı ko’p xalıqpız baxıtlı,
Bir qosıqqa qaysı birin tıg’ayın.

Awzım barmas bul No’kisti jas dewge,
Ko’shelerin jer dewge ya tas dewge.
Almasbayman dollar to’sep qoysa da,
Parij, London, Vashington, Ma’skewge.

Wa No’kisim, sen pitpegen jırdaysan’,
A’ynegimnen tan’da tu’sken nurdaysan’.
Ha’r toyın’dı prezident qutlıqlap,
Du’nya turg’anshelli jasap turg’aysan.

*Noyabr, 1992-jıl.*

## SHOPAN XALQI - SHINIQQAN SHO’L PERZENTİ

*(Taxtako’pir qoyshılıq sharwalarının’ Biysen bulaqtag’ı bas qospa ken’esinde oqılg’an qosıq)*

Ka’siptin’ jamanı joq shıg’ar ba’lkim,
Miynettin man’lay teri tamar altın,
Qızıl qumg’a qoy jayıp, qozı tergen,
Men su’yemen elimnin’ shopan xalqın.

Ba’rqulla og’an hu’rmet etkim keler,
Sıy ko’rsetip, kewline jetkim keler,
Olardı ko’rsem, qoyıp so’z aydawdı,
Qoy aydap, Shopan bolıp ketkim keler.

Tınbas ol damıl tawıp jamg’ır, qarda,
Betegeli bel, otlaq jasqalarda,
Shopannın’ mashaqatlı mashqalası,
Men bilsem, joq-aw deymen basqalarda.

Bir tınbas jazı menen, qısı menen,
Oynama bul sharwanın’ isi menen,
Qalada soyıslıqqa bir qoy baqsan’,
Zır juwırtar u’yin’nin’  ishi menen.

Ku’n ısıp, birde suwıp, birde jawıp,
Qoy degen juwas malg’a ba’ri qa’wip.
Bir shopan ju’zlep, mın’lap qoy bag’adı,
Ba’rinin’ basın ja’mlep, babın tawıp.

Shopannın’ bos wag’ı joq bel tayang’an,
Kesh jatıp, tawıqtan da erte oyang’an,
Balası qıymıldag’an ju’kli anaday,
Do’n’bekship, tu’n uyqıdan to’rt oyang’an.

Mal degen el baylıg'ı tınıp turg'an,
Eti qaynap, qaymag'ı uyıp turg'an.
O'gey a'ke minezli qatal ta'biyat,
Shopandı sho'l qoynında shınıqtırg'an.

Qoy barda qonaq-ku'tilip, toy sawılar,
Turısı bereket g'oy, oy janıwar!
A'zelden Adam ata jaqsı ko'rgen,
Beyishtin' malı g'oy bul qoy janıwar.

Mına bir bazar degen zaman keldi,
O'tkeli jaypawıtsız, jaman keldi,
Malı bardın' ha'li bar degendeyin,
Qanday bazar bolsa da shaman' keldi.

Biysen bulaq suwları sın'qıldag'an.
En'begin' en' baylıq g'oy ın'qıldag'an,
«Qara ko'l palto a'per - dep – auktsionnan»,
Qızları millionerdin' qın'qıldag'an...

Paxta ha'm salı egeyik diyxan bolıp,
Bir jaqtan qoy bag'ayıq shopan bolıp,
Ash-jalan'ash qalmaspız, quday berse,
Peyli ken' Qaraqalpaqstan bolıp.

Ag'ayin oyda o'zbek, qırda qazaq,
Tuwısqanı ko'p adam ko'rmes azap.
Bereket hadal en'bek, tatıwlıqta,
Du'zelip keter so'ytip zaman o'zi-aq.

Tiyse de mına zaman zeynimizge,
Bizge endi qaytıw joq keynimizge,
Elimnin' sho'l batırı-shopan xalqı,
Qudayım bere bergey ken' peylimizge!

Qoldan kelse, kewlin'di tabar edim,
Bulaq bolsam, men sizge ag'ar edim.
«Shopan ata» degen bir orden islep,
Ba'rin'nin' o'n'irin'izge tag'ar edim...
*18-iyun, 1992jıl. Biysen awıl.*

## POEZİYA JULDIZINA

Jıllar asaw attay, bizdi uzaqqa
Alıp qashıp barar keshi-ku'ndizi,
Jerde jang'an otlar so'ner, biraqta
Sen so'nbeysen', Poeziya juldızı.

«İnsanlar o'z da'rtin gu'n'irenip ju'rsin»,
Dep ta'n'irim sag'an bergendi tilsim,

Adam juldızlardın' tilin ne bilsin,
Sen bolmasan', Poeziya juldızı?

Tawlar bulaq ko'zin ko'mbese eger,
Adamlıq pazıylet o'lmese eger,
A'rman juldızları so'nbese eger,
Sen so'nbeysen', Poeziya juldızı.

Jasıl japıraq samal menen oynasa,
Ashıqlıq ıshqıdan kewil toymasa,
Gu'ller g'umshalansa, bu'lbil sayrasa,
Sen jan'asan' Pozziya juldızı.

«G'alawıtlı ha'm bul go'zzal du'nyanı
Ta'rk etken shag'da da shayırdın' janı,
Biyik ko'kten sa'lem jollap mudamı,
Jan u'stimde, Poeziya juldızı!

*Aprel, 1991-jıl.*

**DA'WRAN**

«Da'wlet qusı qonarında
Bas tan'lamas mudam» deser.
Quladin quw alarında,
Japalaqtı «tarlan» deser.

Da'wran qarag'an shag'ında,
Ha'r kim patsha o'z tag'ında.
Da'wleti qaytqan wag'ında,
Jaqsını da «jaman» deser.

Atlar attan bo'lingende,
Qıyqıwg'a jurt eringen be?
Dal bedewler su'ringende,
Ju'yrikti de «shaban» deser.

Mereke ko'rmegen kimse,
O'zin bek sanar o'zinshe.
Shontıq jigit atqa minse,
O'z atasın «joram» deser.

An'g'ırt minez alamanshı,
Kıyqıwı o'zine qamshı.
«Xalqım!» dese bir aldamshı,,
«Usı kerek mag'an» deser.

«Pay eneg'ar mına eshek.
Lap bolmaydı-aw tulpar desek,
Quyrıg'ın samalg'a to'sep,
Shabısına qaran'» deser.

«Suw beremen ten'izin'e»

Dep inantar lebizine.
Ha’r kim tartar negizine,
An’lamag’an jaman deser...
*Sentyabr, 1989-jıl*

## PARA

Bir illet bar «para» degen,
Beredi eken, aladı eken.
Haram qollar qaltıramay,
Qaltasına saladı eken.

Bermegenler kala berer,
«Bilmegenler bara berer,
Bilgen adam para berer», -
Dep jurt naqıl qıladı eken.

Ha’zir ju’da’ ko’p aytadı,
«Gu’jip ketti» dep aytadı.
Esitkenler «toba» aytadı,
Alg’an omma uradı eken.

Xalıq aytsa, qalpı aytpas,
Bolmag’andı jalpı aytpas,
Go’r o’giz baltadan qaytpas,
Gu’ysemesten jutadı eken.

Bergen adamına paylı,
Alg’anlardın’ ishi maylı.
Jolları bar qıylı-qıylı -
Beriwshiler biledi eken.

Bergenler de tek ju’rmeydi,
Alg’annan pa’nt jep ju’rmeydi.
Qıpsalı sır ko’p ju’rmeydi,
Jurtqa a’shkara boladı eken.

U’yine barg’anın aytıp,
Qanshama bergenin aytıp,
Jumısı pitkenin aytıp
Erten’ o’zi-aq jayadı eken.

Birewler bar - jırıp jeydi,
Birew - iyttey u’rip jeydi.
Aqıllısı - bo’lip jeydi,
So’ytse jaqsı sin’edi eken.

O’lermenler qalta an’lıydı,
«Bere me» dep jaltan’laydı.
Ko’p jegenler taltan’laydı,
Ko’zine may pitedi eken.

Qabat-qabat jaylar salıp,
Ballarına mashın alıp,
Zan’-zakon piyada qalıp,
Ba’ndirgide turadı eken.

Bul illettin’ ta’psi urg’anlar,
Mut du’nyanı qapsırg’anlar,
«Tutasan’» dep tapsırg’anlar,
Tuta almag’an boladı eken.

Haramsınbay alıp-alıp,
Aqıbeti barıp-barıp,
Artıq du’nya ko’z shıg’arıp,
Bir ba’lege shatadı eken.
Avgust, 1994-jıl.

## DA’WİRLERGE DAWIRIQ SALG’AN JAS QALA

*(Taqıyatas qalasının’ qırq jıllıg’ına)*

Ko’z qıyıg’ın salıp ko’rsen’ kartag’a,
Bir qala bar biz jasag’an arqada.
Altın ku’nnin’ sınıg’ınday jarqırap,
A’tirapına sa’wle shashar ba’rhama.

Tariyx berer ha’r zamang’a bir zaman,
Tu’rli muqamlarg’a do’nip tur zaman.
Jas bolsa da, zamanında du’nyag’a
Onın’ dawırıq salg’anına ırzaman.

Nesibesin salıp ullı nesipten,
Terbetilip jatıp altın besikte,
Bul qalanın’ in’galag’an dawısın
Zamanında pu’tkil ja’ha’n esitken.

Texnikanın’ taynapırı mın’lag’an
İs baslarda jer qulag’ı shın’lag’an,
Kremldin’ telefonı shın’g’ırlap,
Stalinnin’ dawısın da ol tın’lag’an...

Eske alsan’, ma’zi ertek bolg’anday,
Keshe ko’rgenlerin’ bu’gin jalg’anday,
Ken’ aymaqtın’ energetik ju’regi,
Bu’gin bunda du’ris-du’ris sog’ıp turg’anday.

Bul ju’rekten taralg’an qan tamırlar,
Jetken jerde jen’illeser awırlar.
«Irısqın’dı sat, - ra’wshan al» degendey,
Jaynap-jasnar mın’ san qala-awıllar.

Bul qalanın’ qolı jetpes qay jaqqa?
Gu’rish tazalap, shıg’aradı tay paxta.

Beton iylep, sıyır sawıp, ot jag'ıp,
Qızlar menen balıq arshır Moynaqta.

Ol jarq etse, kewlin' waqtı xoshlıqta,
Televizor ko'rersen' qol boslıqta,
Urgenishte gilem toqıp bul qala,
«Mersedes» ke zavod qurar «Doslıq» ta.

Bul qalanı ha'mme jerde yad eter,
Nurı tu'sken jerin shın abat eter.
Qaratawda g'asırlatıp tas shaynap,
Tashawızda tu'rkmen elin shad eter.

Ol qorıqpaydı bazar degen ba'leden.
Bir jarq etse, million manat to'legen.
To'lemesen', qaran'g'ıda qaldırıp,
To'legendi shug'lasına bo'legen...

Ha'r elat bir parqı menen ayırılar,
Bul sha'ha'rge da'wlet qusı qayırılar.
Qosıq jazsa Taqıyatas tuwralı,
«Nur qalası» dep maqtaydı shayırlar.

Sawlatına tan'ırqanbay qoymaysan'.
Jas ha'm sulıw diydarına toymaysan.
Ja'yhun da'rya burqıp aqqan jag'ısqa
Shamshıraq tas tu'sken be dep oylaysan'.

Qırq jas degen bir jigittin' da'wiri,
Alpısta da sır aldırmas ta'wiri.
Talay g'arrı qalalardı qızdırar
Taqıyatas GRES - inin' ha'wiri.

Qalag'anda bul qalanın' tırnag'ın,
Sazg'a qosıp ullı qurılıs ırg'ag'ın,
Akatsiya gu'llep atqan bul jerde,
Jaslıg'ımda men de onı jırladım.

Jırla desen', eleberin jırlayman,
Qıyalımda quyash bolıp nurlaysan',
Aqquwday taranıp A'miw boyında,
Keleshekke nur taratıp turg'aysan'!

*8-sentyabr, 1993-jıl.*

## SAQLANIN' BU'GİNGİ BUZIQ HAWADAN

(Shayıra Zulfiyag'a)

Qattı buzıq ko'rdim ku'nnin' ırayın,
Jang'a jag'ımsız bir samal ızg'ırar,
U'y qasında bag'da kesh tu'sken sayın,
Oyshan' qa'dem basıp shayıra barar.

Japıraqların to’gip onın’ jolına,
U’nsiz gu’zetedi mıqlı shınarlar,
G’arg’alar g’aqıldap anhar boyında,
A’lle qayda mun’lı maynalar jılar.

Gu’l ma’wsimi pitip, o’tkenin jazdın’
O’kinish soqpag’ında oylap barar ma?
Ya erte u’zilgen bir sulıw sazdın’
A’rmanlı hawazı jılap barar ma?

Mudam jaralıdur shayırdın’ janı,
Lekin iltimasım, sizden, shayıram:
Umıtsan’ızdag’ı pu’tkil du’nyanı,
Saqlan’ o’zin’izdi mına hawadan.

Gu’z emes, qıs emes, bir iyt awara,
«Bul qay ma’wsim?» dep - te soramas ha’zir.
İsenip bolmaydı bunday hawag’a,
Kim bolg’anın’a ol qaramas ha’zir.

Jalg’ızlıq sazında jalg’ız sharxana,
Samal su’ykense de ol jılar ba’lkim.
O’kinish soqpag’ınan qaytın’ arqag’a.
Hu’jdanın’ız pa’kdur, ju’zin’iz jarqın.

Da’rtli liran’ menen insanlar baxıtın,
Jan ku’ydirip jırlaysız siz udayı.
Go’zzallıq gu’lshanın, sabır daraqtın’
Kewil bostanın’ızg’a ekken qudayım.

Biybi Fatmanı men yadıma alsam,
Kewlimde hu’rmetim artadı sizge.
Eger men bir dinshil musılman bolsam,
Namaz oqır edim etegin’izge.

So’z bar «saqlang’andı saqlarman» degen,
Ba’rin ilajlaydı deni saw adam.
Zinhar, sa’l qımtanın’, o’tinemen sizden,
Saqlanın’ mına bir buzıq hawadan ...
*Aprel, 1991-jıl.*

## KENDİR MENEN XOSHLASIW

Bilmegen ne bilsin, bilgen - jolamas,
Aytsam qudayımnın’ bul bir ermegin.
«Ju’weri ektim kendir menen aralas»,
Kendir emes, da’rt ekenin bilmedim.

Kendir arasında o’sken el edik,
«Bir jag’ımlı o’simlik» dep ju’r edik.

May shıg'arıp, ıyjan tu'yip jer edik,
İshten tın'g'an ba'le ekenin bilmedim.

Kendirim, kendirim, xosh bol kendirim,
Yadımnan shıqpaydı sallang'an tu'rin'.
Tek bilgenmen jaqsı jag'ın'dı senin',
Jaman qa'siyetin' barın biledim.

Japırag'ın' nag'ıslı dolanar edi,
Taram-taram bolıp ırg'alar edi.
A'ytewirde bir xosh iyisin' bar edi,
Mu'shki-a'nwar, a'tir suw ma, bilmedim.

Jasıl do'nip o'stin' u'ydin' qasında,
Jasımıq-naymannın' aynalasında,
Quwısın'da qız an'lısam jasımda,
Jupar an'qıp, qıyalımdı terbedin'.

O'ne boydan o'sek samalın' eser,
«Na'shebentlik keypin' kıyamet» deser,
Bu'gin tuqımın'nan qalmaptı a'ser,
Atız-shel basında seni ko'rmedim.

Gu'llegen paytın'da girtli tozandı -
Shıq penen jıyarmısh erte azang'ı ...
Kim keypiyat su'rip, tatsa «mazan'dı»,
Aqıbeti xor ekenin bilmedim.

Bul da'rtke shatılıp kimler sorlasa,
Aqılı azıp, o'z o'mirin qorlasar.
Birli-jarım ba'n'gi-sa'n'gi bolmasa,
Burın bug'an ha'wes eldi ko'rmedim.

Erkek kendir o'sti sıydam sıbanıp,
Atam arqan esti, qabıq shıg'arıp.
Talay org'an edim qolım qabarıp,
Senin' bunday sumlıg'ın'dı bilmedim.

Ayam may shıg'arg'an urg'ashı kendir,
Dawayısı edin' palawdın' sen bir.
Zıyanatlı bolıp qalıpsan' endi,
Qattı qadag'andur o'mir su'rmegin'.

Jaqsılıq, jamanlıq - qon'ısı mudam,
Ko'knarda gu'l sulıw, na'shesi jaman,
Sonday qa'siyetler berilgen sag'an,
Jaman jaqların'dı burın bilmedim.

Haq kewilli insap, adamgershilik,
Hadal miynet penen etken tirishilik,
A'dep-ikram, ta'rtibi bar elshilik
O'rbitpegen buzıq istin' o'rnegin.

So’ytpegende, isler shawıp kesirge,
Sandıraqlap, ba’lkim erte-keshinde,
Qıyda-qıyıs kalar-ek kendir ishinde,
Jazdıra almay sum ta’g’dirdin’ gu’rmegin.

Qara endi adamlardı bu’gingi!
Tu’ye bolsan’, jutar qosıp tu’gin’di,
Na’shebentlik ta’n’irisine ju’gindi,
Zaman qa’ytip du’zelerin bilmedim.

«Ekpe» desen’ eger tasada bug’ıp,
«Shekpe» desen’, sheger ba’n’gisi shıg’ıp,
Bul illet atadan balag’a jug’ıp,
Qanday na’sil tuwıların bilmedim.

Adamshılık, hu’jdan, miyrim-sha’pa’a’t,
Sonın’ saldarınan bolıp tur qa’ha’t,
Da’rtke shatsa, bul «g’aletiy ra’ha’t»,
Qurap bolmas sıng’an o’mir sho’lmegin.

Kendir emes - bul ayıptın’ a’kesi,
Peyli buzıq adamlardın’ na’kesi.
Kimdi ko’rsen’ - A’platunnın’ tekesi,
Kim jıg’ılıp, kim jıg’arın bilmedim.

Keldi endi ja’riyalılıq zamanı,
A’shkaradur jaqsı-jaman tamanın’.
Xosh, Kendirbay, tuwardım bul namanı,
Jag’a ma, jaqpay ma sag’an, bilmedim.
Aprel, 1991-jıl.

## İYSHANBAY KU’Yİ[29]

Jas ta’biyat mawjırap jatqan keshte,
Sizdi Kavkaz tawında aldım eske.
Qız-Jipektin’ ko’shindey, mın’ buralıp,
Aqsha bult o’rmeler tawg’a a’ste.

Usınday jomart ta’biyat
Ha’semlep sizdi jaratqan.
İyshanbay ag’a, ayda at,
Qızlar ma, deymen, baratqan.

Aq Mashuktın’ burımı o’rilmegen,
Beshtaw og’an talasıp, gu’rildegen.
Arshın to’sli arıwdın’ siynesindey,
Qos o’rkeshli Elbrus dirildegen.

Taw bo’kteri betege,

[29] Almaatalı professor İyshanbay Qaraqulovqa jazılg’an bul ha’zil o’len’ haslında qazaqsha jazılg’an (İ.Yu.).

Kewilin’e kim jetedi?
Jaslıq da’wran, bew shirkin,
O’tip g’ana ketedi-aw.

Qa’ytip su’rsen’ da’wrandı, so’ytip o’ter,
Qa’dirin’e men jetpey, kimler jeter?
Siz benen sa’wbet qurmay ju’rer bolsam,
Ko’sh artında bir taylaq bosqa keter.

Abzal ag’am, İyshanbay,
Qaraqalpaqtın’ balası.
Mın’ jigitti jıysamda-ay,
Sizdey bolmas shaması.

Qıpshaqlardın’ qızları ziyrek keler,
İyne tikse, narısı iyrek keler.
Qarataban Qaraqul atamızdın’
Balasınday azamat siyrek keler.

Wa, İysheke, İysheke,
Alıstag’ı bawırım.
Maqtanadı siz benen
A’miwdegi awılın’.

Jas minezin’ kewildi ko’teredi,
Sizge bes qız tiygende neter edi?
İysheken’dey jigitler kelmegende,
Du’nya shirkin kewilsiz o’ter edi.

Wa, İysheke, İysheke,
Jigitlerdin’ sultanı
Uzaq bolg’ay ilayım
O’mirin’nin’ urqanı.

Bew, sulıw qız, biz benen xabarlasqıl,
Da’wran o’tse, sholpın’dı tag’almassan’.
Bal barmaqlı qolın’nan quy kımızdı,
İyshanbayday jigitti taba almassan’.

Oy, İysheke, İysheke,
Qılshıldagan boz bala.
Qızlar ketip baradı,
Ayda attı tez g’ana.

**JOLLIDAN SA’LEM**

*(Bir qız turmısqa shıg’ıp ketkende onın’ Jollı degen iytinin’ aytqanı)*

Adamlar ne degen biya’dep bolg’an,
Kewlimde eskendey ızg’ırıq samal.
Hege»ketemen» dep aytpadın’ mag’an?

Qalay - qalay qızsan’ o’zin’, Ayjamal?

Sen ketkende sırtta ju’rip te edim,
Bu’ytip keterin’di bilip pe edim.
«Qayda barasan’?» dep u’rip te edim,
Dawısımdı esitpedin’, Ayjamal.

Bahram a’kelgende men ku’shik edim,
Qolın’nan sonsha ma su’t iship edim.
Qabag’an iyt bolar dep ku’tip edin’,
Birewdi qaptımba sira’, Ayjamal?

Ba’rha’ seni qorg’ap jaman ko’zlerden,
Oqıwg’a qatnadım erip izlerden.
He jamanlıq ko’rdin’ o’ytip bizlerden?
İyttin’ kewlin tu’sinbegen Ayjamal.

Qulag’ımdı shımshıp o’tkenin’de de,
«Patassan’» dep tergep, so’kkenin’de de,
Esikti ilmesten ketkenin’de de,
U’ydi bag’ıp jatpadım ba Ayjamal?

Uyıqlap jatsam men da’lizde pırıldap.
U’y sıpırdın’ pılesosın’ dırıldap,
Qarsılastım ba men sonda ırıldap?
A’ste shıg’ıp keter edim, Ayjamal.

Seni oylap juldız qarawlap shıqtım,
Ko’shede iyt qoymay sorag’lap shıqtım.
Qon’ısılardın’ ba’rin aralap shıqtım,
«Eto ne xorosho!» bilsen’, Ayjamal.

Adamlarday, iyt te iytke ten’ bolmas,
Jaqsı iytler jaman dostan kem bolmas,
Ha’r iyt o’zi bolar, biraq men bolmas,
Endi mendey iyt joq sag’an, Ayjamal.

Men qosıq jazdırdım shayırg’a aytıp,
Ko’rsem, shalg’ayın’nan oynarman tartıp,
Meyli, kelmey - aq qoy bul u’yge qaytıp,
Barg’an jerde baxıtlı bol, Ayjamal.

## XİYWALI GO’ZZAL

*(Xorezmli ataqlı baqsı-kompozitor Hafiz Shirazıiydın’ 1990-jıl avgustta o’tken yubileylik merekesinde oqılg’an qosıq)*

Qıya - qıya baqqan xiywalı go’zzal,
Ishqın’da janbag’an - jang’an da zaman.
Pa’rwanalar o’zin otlarg’a urg’an,
Da’rtin’ janıp turg’an shamnan da jaman.

Dilbarısan’ ba’rshe qız ha’m kelinnin’,
Go’zzalısan’ a’l - Xorezmiy elinin’.
Zulımlıg’ı qanjar kirpiklerin’nin’
Pa’rman eter Xiywa xannan da jaman.

Jigitlerdin’ ishin g’ıj - g’ıj qaynatıp,
Bir na’zerin’ menen alarsan’ atıp.
Hafız Shiraziydın’ sazın yıg’latıp,
Apan’ sulıw bolg’an sennen de jaman.

Shirazı telpegin kiygen jigitler,
Ishqı otlarında ku’ygen jigitler,
Senin’ aq ju’zin’di su’ygen jigitler,
Qızg’anbay aytaman, dımnan da jaman.

«Qarındasım» desem, tilim almadın’,
Miyman g’oy dep miyirbanlıq qılmadın’,
Sa’menderdi[30] ne ku’nlerge salmadın’,
İbrayımnın’ halı onnan da jaman...

## BİR HA’MELDAR JİGİTKE

Ko’zin’de nur, ju’zin’de qan qalmag’an,
Ma’jbu’rleysen’ qattı so’zge barmag’a.
Tar gewdede bul ne degen ko’kirek,
Bunday ko’kirek jarasadı arbag’a.

G’arezin’ joq adam kelgen wag’ında,
Sup-sur ju’zin’ ja’ne susayıp keter.
O’zin’nen ku’shlini ko’rgen waqın’da,
Jampan’lap, ayag’ın’ qıysayıp keter.

Ko’kiregin’di basıp sa’l-pa’l odanda,
Izg’arlanıp, bola berme ızalı.
En’ bolmasa, so’zin’ joq pa adamg’a
Sorap shekken sigarettey mazalı.

Jaman so’z ol pıtıra qorg’asınday,
Quyı pa’slik etpe, menmenlik qılma.
Tilin’e saq bol - qalanın’ qarg’asınday;
Awıldın’ iytindey a’wpildek bolma ...
Oktyabr 1994-jıl.

## TUSAWLI KİYİK

*(Mu’sinshi Q. Joldasbekke)*

Qara pıshaq qara tasqa
Janıp-janıp qayraladı.

---

[30] Erkin Sa’mender – Xorezm shayırı (İ.Yu.).

Bul shiybuwın ayaqlarım
Nege shandıp baylanadı?

Ya bolmasa bul ayaqlar
Jelden ju'yrik emespedi?
«Miyrim» degen so'z qayaqta?
Bar bolsa «qoy» demespedi.

Jeldey ju'yrik to'rt ayag'ın',
Eki ayaqlı jawızlarg'a
Qalay g'ana uslattın'lar,
Ko'zi qıyıp bawızlawg'a.

Miyrim joq-aw ırasında,
Bul insannın' balasında.
Man'ırap ju'r ılaq genem,
Qay putanın' arasında?...

*İyul, 1991-jıl.*

**JA'NE KELDİM SENİN' QA'BİRİN' BASINA ...**

Ja'ne keldim senin' qa'birin' basına,
Kelgenimdi bilmesen' de, bilsen' de.
O'zin' barda jetiw ushın qasın'a,
Men asıg'ar edim qayda ju'rsem de.

A'lle qanday ko'rip basqa bag'lardı,
Kewil qusım ushsa sayran etiwge,
Da'rhal-aq sag'ınıp arzıwlı yardı,
Talwas eter edim sag'an jetiwge.

«Shayır, usaydı g'oy sende yosh barg'a!»
Dep ku'lgen ju'zin'e men edim ha'wes.
Sol o'zin' sıypag'an qara shashlarg'a
Qıraw tu'sti, biraq ga'p onda emes.

Ga'p sonda: sen bizdi taslap ketkeli,
Adamlar o'zgergen, zaman o'zgergen.
Darg'ası biyra'him a'jel o'tkeli,
Arg'ı ju'zge ketti talay ko'z ko'rgen.

Adamlar o'zgerdi, zaman o'zgerdi,
Men qalay o'zgermey kalayın sonda?!
Oylamag'an islerdi de ko'z ko'rdi.
Ta'g'dir burdı atımdı o'zge bir jolg'a.

Bundayda ko'beyer pa'ndi-u'gitler,
Aqılg'a ko'p ergen adasar eken.
O'mirlik joldası o'lgen jigitler,
Qızlı u'yge qarap jılasar eken.

Gu’zgi kesh. Izg’ırıq. Tu’spekte gewgim.
Sharshadım, sandalıp jalg’ız ju’risten.
Bir keshte aynasın qaqsam birewdin’,
Ku’lki ha’m muzıka esitildi ishten ...

«Jan’arar» dep edi su’ygi-muhabbat,
Jan’armasa kerek ol bir tu’yirde.
Bosatıp jibergen iyesi joq at,
Bası batpas eken bo’ten u’yirge.

Ko’plerdin’ qu’stanı qılg’anı azday,
Ba’lkim, sen de bizge tag’ne etersen’?
Tobınan ayrılg’an torala g’azday,
Sonda nege o’zin’ taslap ketesen’?

Bazda men sıymayman bul ken’ a’lemge,
Sırtlay qarag’ang’a joqtay a’rmanım.
Ne dep turg’anımdı esitesen’ be?
Men seni, men seni... sag’ındım, janım.

Tek sen qas-qabaqtan an’lar edin’ de,
Keshir, gu’birlenip da’rtimdi ayttım.
«Suwıqta jalan’bas turma» dedin’ be?
«Qayt u’yge» deysen’ be? - Al, onda qayttım.
1-noyabr 1990-jıl.

## SON’G’I XAT

Jansız sulıw jatar qang’a boyalıp.
Adamlar juwırısıp keler daladan.
Sıbırlap atqanday shala oyanıp:
«Tiymen’ ol kisige, ol jaqsı adam».

U’nsiz qaldı xattı oqıp ko’rgenler:
«Eger bir is bolsa usınnan mag’an,
Ku’yewime ayıp tarıp ju’rmen’ler.
Tiymen’ ol kisige, ol jaqsı adam.»

Erkektin’ ko’z jası tamıp sarg’ayg’an
Sol qag’azdı ashıp oqısam, mudam -
Bir mun’lı sıbırlı esitiler mag’an:
«Tiymen’ ol kisige, ol jaqsı adam ...»
May, 1989-jıl.

## MAZLUMXAN ELİNDE KO’RDİM BİR JA’NAN

Mazlumxan elinde ko’rdim bir ja’nan,
Qıyal etsem, hu’rden ziyada keldi.
Bir ash bu’lbil sayrap kewlimde mudam,
Qayta bastan tilim go’yag’a keldi.

Ju’zleri munawwar aspanda aydan,

Ay menen juldızdan bizge ne qayran?
Sup-sulıw ılag'ın ertken bir ja'yran,
Jaman ko'zden awlaq uyag'a keldi.

Ko'zlerime ısıq, xojanın' eli,
Ja'yhun jag'asında ırg'alg'an gu'li
Qıyalım sol yarg'a kewil bo'lgeli,
Atın talg'a baylap, piyada keldi

Kiygeni xanatlas, zerbalak lazım,
Ha'r mıyıq tartqanı bizge lawazım.
Jan'adan jalg'anıp u'zilgen sazım,
Qaytadan ha'wijli namag'a keldi.

Ha'mirede – Xansayat, G'a'ripte - Sa'nem,
Miyribanlıq etkey bizge de iyem.
Ishqı da'pterine tebiretsem qa'lem,
Gu'lden keyin tilim sarag'a keldi.

Jeri ja'nnet ma'kan, miywalı bag'ı,
Xoja – seyitlerdin' go'zzal urpag'ı.
Bir gu'ldin' ıshqında janların jag'ıp,
Ashıq Ayaz sizin' arag'a keldi.

*Sentyabr, 1993-jıl.*

*   *   *

Men senin' kewlin'di qabartqan ku'ni
O'zimdi sezemen du'zde qalg'anday.
Ra'ha't ja'ne taslap ketedi meni,
Dalbayg'a kelmegen u'rkek tarlanday.

İnsan o'miri degen biymaza ma'wsim,
Olsız da onda az shuwaqlı ku'nler.
Kewil – ag'ıp turg'an bulaq-dı ba'lkim,
Parıqlamay tas atar og'an ha'r kimler.

Jan'saq isler o'kindirer izinen,
Su'ymesem, men bulay so'zlemes edim.
Tabılsa da'ryanın' bergi ju'zinen,
Arg'ı ju'zden seni izlemes edim.

Kewil ko'zgimde tek seni ko'remen,
Hasla qıyanet joq onda tamshıday.
Seni qapa qılsam, jawrap ju'remen,
Du'zde ku'kirt sho'bin tawısqan an'shıday.
*22-mart 1996-j.*

**QARLIG'ASH**

Jaslay jang'a jaqın en' sulıw tilde

Ku’yip-pisip, sayrap turg’an qarlıg’ash!
Ne dep turg’anın’dı tu’sinbesem de,
Mag’an da’rkar emes sen ushın dilmash.

İnsang’a u’yirsek qussan’ a’zelden,
Sulıw su’wretin’ bar ka’lem sızg’anday.
Qanatların’ qayshı menen gu’zelgen
Pa’kligin’e perishteler qızg’anday.

Ne degen jag’ımlı na’zik ha’m ko’rkem
Til menen sayraysan’ ketkenshe esin’.
Beyish hawazınan ilhamlanıp sen,
Oqıysan’ «Leylatul qadir» su’wresin.

Namrud firg’awnnın’ gu’lxanı janıp,
Aspanı-falekti jalınlatqanda,
Payg’ambardı u’lken saqpang’a salıp,
Gu’rlep jang’an ot ishine atqanda, -

Sen suw tasıp kirttay tumsıg’ın’ menen,
Otqa suw sepkensen’ shırıldap ju’rip.
Payg’ambar eljirep shın ju’reginen,
Sag’an duwa qılg’an bul isti ko’rip.

«Hak niyetin’ menen atkarsan’ qalıs,
Jaqsılıqtın’ u’lken-kishisi bolmas»,
Degen ibratlı so’z a’zeliy tanıs
Sonnan qalsa kerek bizge, qarlıg’ash.

Sa’wirdin, samalı menen ba’ha’rde
A’ynegimnen kirip keler edin’ sen.
Tamnın’ ag’ashına, qa’wipsiz jerge
Jubaylasıp uya salar edin’ sen.

Shımshıq an’lıytug’ın targ’ıl pıshıq ta
Sag’an ma’lel bermey ko’z jumar edi.
Siyrek ko’rinesen’ sen son’g’ı waqta,
Qashqanın’a kanday sebep bar edi?

Awa, biz insapsız qattıg’a ketip,
Ayawsız uwladıq jer, suw, hawanı.
Ana-ta’biyatqa qıyanet etip;
Endi tartpaqtamız onın’ zawalın ...

Balalıq shag’ımnın’ o’jiresine
Seni alıp kirgen ko’klemgi quyash.
Kel, ashıq kewlimnin’ pa’njiresine
Tartınbay uya sal, sulıw qarlıg’ash.

Hut ayı, 1995-jıl.

## MEN O’Z TA’G’DİRİME QAYIL QALAMAN

Jazg’ı aqshamlarda jatıp shalqama,
Juldızlarg’a qarap oyg’a talaman,
O’z o’mirin’di oylag’anda, ba’rhama
Men o’z ta’g’dirime qayıl qalaman.

Bar onın’ bir jazıp atqan da’stanı,
Menin’ o’mirimnen sheberlep qurap.
Men tuwılar gezde onı basladı,
Qashan pitkererin bilmeymen biraq.

Shadlıqtan - arqawı, g’amnan - erisi,
Toqıp atırg’anday ha’r bir demimdi.
Bazda yosh bergendey ilham perisi,
Jazg’anları eljireter kewildi.

Bazda ruwhı tu’sken, jamg’ırlı ku’ndey,
Boyawı bos shıg’ar jazg’anlarının’.
Bazda ba’ha’rdegi ashılg’an gu’ldey,
Quyar zeyinine la’zzetli nurın.

Men o’z Ta’g’dirime hayran qalaman,
Ol sonday miyriban, sonın’day qatal.
Birde jaz ku’nindey ku’lip qarag’an,
Birde qar - boranlap, qapıltıp atar.

«Analı jetim - zor» degen ug’ımdı
Bizge na’resteley na’sip etti ol.
Ash ha’m jalan’ayaq balalıg’ımdı
Tikeshli soqpaqlardan aydap o’tti ol.

Ha’m shıg’ardı jaypawıtsız, o’tkelek,
Qıyın ha’m qızıqlı jaslıq jolına.
«Mashaqatsız, an’sat o’mir ku’tpe» dep,
Bir hikmetli qa’lem berdi qolıma.

Jaqsı - jaman demey usı jolımnan,
Bizdi alıp keter, ta’g’dir ko’regen.
Sol qa’lemdi tu’sirmesten qolımnan,
Su’rine - qabına ju’rip kelemen.

Kewil bu’lbilimdi mudam ash etip,
Sayrata-sayrata esten tandırdı.
Muhabbattın’ sharabına ma’s etip,
Ayralıqtın’ otlarına jandırdı.

Bazda shadlıq bulag’ınan ishirip.
Da’wri - da’wranlardı su’rgizer bizge.
Bazda mu’sa’pirlik halg’a tu’sirip,
Ko’rmes islerdi de ko’rgizer bizge.

Ruwhıyatım aydap sho'l - ba'yabang'a,
Mun'ımdı samalg'a shag'ındıradı.
Ma'kkar muhabbattın' taxtı aldında
Tiz sho'ktirip; og'an tabındıradı.

Bazda tuyıq ko'shelerge kirgizip,
Ha'wlirtip, a'were - sarsan' eter ol.
Bazda tik shın'ırawlı jarg'a min'gizip,
Bir waqta qutqarıp alıp keter ol...

Men o'z Ta'g'dirime kayıl qalaman,
Ol esirker arzıw- u'mitlerimdi.
Og'an ta'n beremen, ta'wbe qılaman,
Arnap shu'kiranalıq ma'writlerimdi.

A'zel jazmıshımda jazg'an jol menen
Ol meni sharshamay alıp baradı.
Bilegimnen tutıp mıqlı qol menen,
Sa'l shıg'ınsam, qaytıp jolg'a saladı.

Bile - bilsen', an'sat emes og'an da,
Ku'n kelgende esap berer olda g'ı.
Tik turıp bayanat jasar ol sonda,
«Ku'ndelik da'pterin» ashıp qoldag'ı.

Ta'g'dirim! Men sag'an su'yeymen arqa
Ha'm sıylayman biyik inabatın'dı.
Tilin' mu'ki bolmay Ta'n'irim aldında,
Jaqsı jasag'aysan' bayanatın'dı.

Aytqaysan' sen sonda: Pa'rwardigarım!
Jazg'anın'dı hesh buljıtpay bejerdim.
Yalg'anshının' bendeshilik bazarın
Aralatıp, bir benden'di a'keldim.

Sawap isler qıldı, miriwbet taptı,
Bilip-bilmey qılg'an gu'nası da ko'p.
Biraq «insan» degen ullı ataqtı
«Begligin buzbastan alıp o'tti» dep…
*1995-jıl, fevral.*

**ALIS MALAYZİYA KESHELERİNDE**

1

Alıs Malayziya keshelerinde
Qus jolınan to'gilgendey juldızlar,
Kublanın' bul g'a'niymetli jerinde
Seni oylay-oylay boldım biyqarar.

Palma jelpip turg'an payızlı ko'she,

Bul jerler ko’rmegen qarlı qıslardı.
Ta’n’irim «jerge ja’nnet quraman» dese,
Ba’lkim, tan’lar edi bul jag’ıslardı.

Jok, ol mu’ta’j emes beyishke haslan,
Ne jaratsa «adamlarg’a bolsın» der,
«Qızg’anısıp iyttey ırıldaspastan,
Ha’r kim o’z elinde da’wran su’rsin» der.

Lekin, qam su’t emgen bende bul adam,
Qulaq asar shaytan waswasasına,
Durıslıq izlep o’zi buzg’an du’nyadan,
Tu’rli pikir uyalaydı basına.

2

Alıs Malayziya keshelerinde
Qus jolınan to’gilgendey juldızlar,
Kuala-Lumpurdın’ ko’shelerinde
O’zge bir o’mirdin’ da’ryası ag’ar.

Bul biytanıs da’rya bizde aqpag’an,
Enip te ko’rmegen tu’slerimizge,
Bul «u’shinshi du’nya» rawaj tappag’an,
«Artta qalg’an el» dep oqıtılg’an bizge.

Bunda bolg’anın’da menin’ qasımda,
Kim «artta qalg’anın» ko’rer edin’ sen.
Biraq, ha’zir qay du’kannın’ awzında
Nan gezekte turg’anın’dı bilmeymen.

Negedur, pushayman etip baraman,
Umıtqanman saat neshelerin de.
O’kinish ag’ımında ketip baraman,
Kuala-Lumpurdın’ ko’shelerinde.

3

Muxit aymalag’an bul atawlarda
Jemistin’ ju’z a’lwan tu’rleri o’ser.
Abılaysan’ seller jawıp tawlarg’a,
Xurma gu’llep atsa, bananlar piser.

Ha’zir qıstın’ ayı bizin’ esapta;
Al, bunda ko’ylekshen’ ıssılap ju’rer.
Kelgendeysen’ tek gu’l aralamakqa,
Gu’ller, gu’ller, gu’ller ja’ne de gu’ller .

Biraq, endi olar berilmes tegin,
Ko’rgen bassınıwdın’ talay zıyanın,
Xalqı qanlı gu’res azabın shegip,
Biyg’a’rezlik alg’an Malayziyanın’.

4

Biznesmenler menen ha’r jolıqqanda,
Eske tu’ser bizin’ epsizligimiz.
Nege sonsha qısım qılamız jang’a?
Nege olaq xalıqpız bu’ginligi biz?

Bir ka’sa kofenin’ u’stinde olar
Million dollar ma’selesin sheshedi;
Jumsalg’an bir pulı mın’ manat tuwar,
Tasqa ekse, tamır urıp o’sedi.

Olar - du’nya bazarının’ erkesi,
Olar aldamaydı, aldanbaydı da.
Bizdegidey gu’jireytpes en’sesin,
«Tonayman» dep gedeydi de, baydı da.

Meyli, tag’ne qılman’, mırzalar bizge,
İlajı bolar bul yalg’anshı bes ku’nnin’.
Bassınban’, bizde de ha’zirgi ku’nde
«Biznesmenler» qoyın baqpas hesh kimnin’.

Tilimizge biznes belbewin orap,
Aytısqanda bolar halımız ma’lim:
Bizdey reglamentsiz sulıw ga’p qurap,
İslete almaysız so’z kapitalın...

5

Spiker - parlament baslıg’ı bunda,
Bizdi qonaq etti dasturxan jayıp.
İzli-izinen qosıq jan’ladı sonda.
Biytanıs, jarımlı sazlar a’jayıp.

Ah, netken xosh hawaz saxna bu’lbili!
«Mırza, a’piw etin’, jan’ag’ı bizge
Qosıq aytqan janan qay bag’dın’ gu’li?
Ne degen talantlı artist ko’p sizde!»

Mırzam ku’ldi sonda mag’an sıbırlap:
«Sazendeler, qosıqshılar bul jerde
Hesh te artist emes, ba’ri deputat;
Parlamenttin’ ag’zaları ba’ri de.

Siz qızıqqan xanım, gu’l ju’zli janan, -
Eksport ministri» - dep ko’zin qıstı,
Sonnan keyin ol xa’m turıp ornınan,
Bir qosıq basladı, jurt hawaz qostı.

Ol qosıqtı esitpedim men biraq,
Bir g’a’letiy sezim ıshqında jandım:

Qarsımda otırg’an go’zzalg’a qarap,
«Eksport ministri ...» dep sıbırlandım

6

«A’ssalam», «İnsha alla» degen so’zlerden
Bunda tu’sinbedim basqa hesh so’zdi.
Solayda saxnadan tu’sti de birden,
Bir dilbar oyıng’a shaqırdı bizdi.

Bilemen, bul ma’zi qonaqqa hu’rmet.
Tam-tam ku’shke mindi, zal ketti gu’rlep.
Tayarlıqsız bala shıqqanday taxtag’a,
Kettim jalan’ ayaq shıg’ıp saxnag’a.

Biraq, sol biytanıs ırg’aqlı sazlar,
Dilmashsız-ak bawır bastı janıma,
Ha’m qarap qoyaman urlanıp bazda,
Qızdın’ qon’ırawlı ayaqlarına.

Tilden ko’re tu’sinikli bul ayaqlar,
Ku’limlegen ko’zler, ju’zler tilleser.
Kewlimde Xorezm, Qaraqalpaqtan
Yoshlı raqslardın’ samalı eser.

Ko’zlerde, ju’zlerde til bolmasa da,
Kewillerde sırlı ziban bar eken.
Tiller birin-biri jatırqasa da,
Diller dilmashsız-aq til tabar eken.

7

Sulıwlıqta bir-birinen ziyada,
Jasıl tog’ayları jaynar bul jerdin’.
O’tip baratırıp, djungliyada -
Maymıldın’ adamg’a ku’lgenin ko’rdim.

Ol sonday ku’ledi ra’ha’tke batıp,
Bir qızıq saxnanı tamashalag’anday.
Ol ku’ledi ishek-silesi qatıp,
Birew kindiginen qıtıqlag’anday.

Sonsha nege ku’ledi ol anturg’an,
Bizin’ qay jerimiz og’an tamasha?
Ba’lkim, bul gorilla - aqıllı haywan,
Pa’mlep ku’lip tur ma eken yamasa:

Uyatsızlıq ha’wij alg’an bul du’nya
Rok-kontsert saxnasına aylanıp,
Adamlardın’ qayta bastan maymılg’a
Usap kiyatırg’anına quwanıp ...

8

Alıs Malayziya keshelerinde
Qus jolınan to’gilgendey juldızlar.
Bul miymandos musılmannın’ elinde
Kiymeshekli kelin, qolan’ shash kızlar.

Dolanar ku’limlep qara ko’zleri,
«Salamat datan’!» der kirip janın’a.
Tili bo’ten, biraq usar o’zleri
Menin’ kegeylili baldızlarıma.

Bul jerde de qızlar dinine berik,
A’dep-ikramları ha’z berer mag’an.
Bunda ha’r sulıwdın’ jamalın ko’rip,
Seni sag’ınaman, sho’lleymen sag’an ...

Gu’l nag’ıslı uzın ko’ylek kiygeni,
Jurttı su’ysindirip, tartar qıyalın’.
Xosh qılıqlı, bir-birinen iybeli,
Ay-hay, sa’nemleri Malayziyanın’!

9

Qanday daraqlar ko’p deysen’ bulmanda,
Qızıl, jasıl japırak, kiygen lipası,
Basqa ag’ashlar jaynap-jasnap turg’anda,
Mudam jılap turar kaushuk ag’ashı.

Ol turar quwarıp, iren’ki qashıp,
Tilkim-tilkim bolg’an onın’ denesi.
Ha’r pıshaq tiygende za’ha’rdey ashıp,
Ba’lkim, azap sheger awıtqıp esi.

Adam ayamay bul azap ag’ashın,
O’tkir tıyıq penen jara saladı.
Sol jaradan aqqan ashshı ko’z jasın
Qabaq tostag’anra jıyıp aladı.

Kaushuk «sawıp» alar malay diyqanı.
Ne ilaj? Ka’sibi. An’sat pa og’an?
Ha’zir ag’ash tu’we, adamnın’ qanı
Kaushuk «ko’z jasınan» a’dewir arzan.

10

Alıs Malayziya keshelerinde,
Qus jolınan to’gilgendey juldızlar.
Sulıw sezimler bar kewil to’rimde,
«Solar so’nbegey» dep, ju’regim sızlar.

Ha’mme Hawa ene, Adam atadan -

Nege jatırqaymız bir-birimizdi?
Tu’stik pe ya basqa planetadan,
Jat topıraqtan jaratqan ba ya bizdi?

Hind okeanı juwıp turg’an tazartıp,
Mınaw Malakkanın’ altın jag’ısı.
«Mın’ bir tu’n» de aytqan ertekten artıq,
«Jer ja’nneti» degen eram bag’ı usı.

Eger eller - eldi, adamdı - adam
Jatırqamay tatıw o’mir su’rgende,
Bul ra’ha’t esigi ashılıp mudam,
A’dilsizlik ko’rmes edi bir bende.

Biraq, ha’zir ol joq, ol ma’zi a’rman,
Ha’r u’y esigine ta’mbiler basqan.
Mu’mkin, men bos qıyal qulı shıg’arman,
Jurtlar iygilikten waz keshken qashshan?

Hesh te olay emes. Ko’pler o’zin’dey,
İygilik, tatıwlıq tiler ha’mmege.
Barlıq jerde adamıyzat bizin’dey,
Qushtar azat, tatıw o’mir su’rmege.

Shadlıq - sizge, qayg’ım - o’zime qalsın,
A’rmang’a sho’llermen o’mirim barında.
İnsan ashıqlarday shag’lap dem alsın,
Go’zzal Lankaviydin’ kurortlarında.

11

Bizlerge biytanıs bul eldin’ xalqın
Shetinen «bay» dep men ayta almayman,
Bayı - bay, jarlısı - jarlı-dı ba’lkim,
Bay eller ha’m qalıy bolmas ondaydan.

Biraq ta, bul elde urlıq joq eken,
Mashıng’a - garaj joq, sharbaq joq bag’da.
Urlıq islep qolg’a tu’seg’oysan’ sen,
O’mirin’she sarg’ayarsan’ qamaqta.

İshiwshilik bunda da’stu’rden qalg’an,
Shiyshe ashılmaydı qonag’ın’a da.
Qıysayıp qaramas bunda hesh adam
Viski, konyak ha’m arag’ın’a da.

Du’kan - qarawılsız, esik - qulıpsız,
Jolg’a qoyıp ketken zatın’a tiymes.
Bilemen, siz mag’an ku’lip turıpsız,
Sırttı maqtag’andı kewlimiz su’ymes.

Awa, bul «ertekke» isenbes xalıq,

İnsap, haqlıq ermek bolg’an ellerde;
Nızamlar qag’azdın’ ju’zinde qalıp,
Nızamsızlıq ha’wij alg’an ellerde ...

12

Alıs Malayziya keshelerinde
Qus jolınan to’gilgendey juldızlar.
Bereketli bul musılman elinde
Sajdegahte haqtın’ inayatı bar.

Bardıq zıyaratqa bir ku’ni tan’da,
Bul muqaddes jaydın’ dan’qın esitip.
Shomılar qublanın’ kuyash nurına,
Shah Jahannın’ aq ma’rwarid meshiti.

Palmalar ırg’alıp, ha’mme jaq gu’llep,
Perishteler ko’kten jerge engendey.
«Quda bir, Muhammed rasuli haq» dep,
Gu’mbezi gu’n’irenip hawaz bergendey.

Kirdim jalan’ ayaq, ko’pke ilesip
Ha’m tilek tiledim Pa’rwardigardan:
«Ya Ta’n’irim, benden’e bergeysen’ nesip,
Miriwbetli bolg’ay du’nyada insan!

Sheksiz qu’diretin’nen bina bolg’an ku’n,
Ha’r shıqqanda to’gilgen qan ko’rmesin.
To’rt ayaklı haywan ko’beysin, lekin, -
Eki ayaklı haywan o’sip - o’nbesin!

Ta’n’irim, bermesen’ de  artıq du’nya-mal,
İnsap ha’m miyrim ber bendelerin’e,
Ha’mmenin’ kewline jaqsılıqlar sal,
Du’nyag’a - tınıshlıq, zalımga - zawal,
Bereket ber Malayziya eline».
Kuala-Lumpur Dekabr 1991-jıl.

## TO’K TAWINDAG’I OYLAR

1.

Tu’s atın’nan, kel Ulmambet qasıma,
Bir shıg’ayıq To’k tawının’ basına.
Senin’ menen bir sa’wirlep qaytayın,
Kelgenimde men payg’ambar jasıma.
Aytalmassan’ sen de «ju’da’ jaspan» dep,
Qaraysan’ ba qıraw shalg’an shashın’a?
Biraq «ha’zir aq shash moda erlerge»,
Dep hayallar aytısar ko’p jerlerde...

2.

Doslar boldı. Ele de bar. Biraqta
Birazları ketti kelmes jıraqqa...
Birazı ha’meldar bolıp o’zin’dey,
Ko’riner tek jıynalısta, qonaqta.
Otırıspada apaq - shapaq bolamız,
Zor beremiz marapat ha’m araqqa.
Sol zan’g’ar g’oy Brejnevtın’ tusında
Erkeklerdi su’yistirgen usınday...

3.

Al sen, bala, sa’l jasıraq bolsan’ da,
Bizin’ menen sırlasıwg’a barsan’ da’.
Menin’ ushın o’zgermeysen’ o’mirde,
Kerderige ha’kim bolıp tursan’ da.
Ju’r qa’ne, bir jırtılısıp alayıq,
To’k tawına gu’z kiyatqan qarsan’da.
Sen bir gezde shayır edin’ «wo» degen.
O’zgerisler bolmay atır ne degen.

4.

Bir biymaza nazbiyke g’oy shayırlıq,
Durıs isledin’ o’z waqtında ayırlıp,
«O’nerdi u’yren de jiyren» degendey,
Heke talaq dese, berdin’ qayıllıq.
Yosh perisi ne buyırsa al mag’an,
Bas tartıwg’a mende joq hesh tayınlıq.
Ko’mpis bolıp, ko’nip ketken qusayman.
Jep ju’rgenim joq biraq ta pushayman.

5.

Wa, shayırlıq! Sensiz sahra sho’ldeymen.
Bulag’ınan ishken sayın sho’lleyman.
Ha’r saparı tu’sip ketse ushqının’,
Tamızıqtay janıp bolmay so’nbeymen.
Yosh perisi kelse, joytıp esimdi,
Jandı qayda qoyarımdı bilmeyman.
Biraq ha’zir kim tiygizer ol qayırdı,
Farrısınıp ju’rse kerek shayırdı...

6.

Eki zaman enshi alısqan bir waqta,
Bir namentay shayır kelip bul jaqqa,
Astan - kesten qılıp «qayta qurdı» ol,
Ko’p kemeler shıg’ıp qaldı qurg’aqqa.
Sonda senin’ aytqan ushqır so’zin’di
Jurt ku’liser eske alıp ha’r waqta:

«Du'nyanın' isine qalasan' qayıl,
Shayırlar - sekretar, sekretar - shayır...»

7.

Ma'ylidag'ı... He is bolsa, alladan,
Qaraqalpaqqa kimler biylik qılmag'an!
Bu'gingi zaman basqa, zan' basqa.
Ha'r shayır o'z oyın ashıq jırlag'an.
Biraz jeri jaqpasa da zamannın'
Usı jeri unan'qırap tur mag'an.
Erkin so'ylep, erkin jazıw degendi
Ko'rip - bilip atırmızg'oy biz endi.

8.

Wa, erkinlik! Ju'rgen jerin' qut qanday!
He bar senin' orının'dı tutqanday?
Sun'qar qustın' pa'rwazı bar o'zin'de,
Tawg'a shıg'ıp, taza hawa jutqanday.
Qayrawdag'ı g'azday edin' baylawlı.
Sa'l talpınsan', iyen' qabaq shıtqanday.
Partiyanı jırladıq tek atam dep,
Tuwg'an eldi aytqızbadı - aw watan dep.

9.

Ha'r kisinin' bolar watan - anası,
O'z watanın su'yer adam balası.
«Watan qayda?», «Watan sag'an bilip qoy.
Moynaq penen Muz ten'izdin' arası.
Sol aralıq ba'ri senin' watanın'»,
«Al mınaw - she, qaraqalpaq dalası?»
«Onı ma'zi «tuwg'an jer» dep jırlaysan',
Solay etsen', sen milletshil bolmaysan'».

10.

O tuwg'an jer! Sen nelerdi ko'rmedin'.
Ko'p ko'rgensen' ku'shlilerdin' ermegin.
«İskenderdin' shaqı bar» dep, qudıqqa
Hege adamlar baqırg'anın serledim.
Ku'shlililerge qosıg'ımdı bersem de,
Senlik watan muhabbatın bermedim.
Senin' ıshqın' kewilge nur quyg'anday,
Su'tilmegin' sag'ındırg'an Ziywarday.

11.

Jigitler bar, «o'z watanım» degende,
Ko're almas awılınan basqanı.
Watan mag'an at min'gizse egerde,

«Watanım» dep onı tilge baspadı.
Da’rtke ushırap, qayg’ı - ha’siret shegerde,
Bul topıraqqa tamıp ko’zden jasları,
O’kingende, o’geysimey balasın,
Sıypar bastan usı watan - anası.

12.

O’zligin’di bilmey turıp, o’zgeni
Bildim dew, - qamlıg’ın’nın’ belgisi.
O’zligin’di mise tutpay bezgenin’,
Bilsen’, kelte pa’mligin’nin’ belgisi.
Danalardı tın’lay - tın’lay sezgenim:
İnabatın’ - begligin’nin’ belgisi.
«Sen hesh kimnen kem emessen’, biradar,
Hesh kim sennen artıq emes sira’ da».

13.

O’z u’yinin’ tuwırlıg’ın jel tu’rip,
Erkin o’sken insan nalısh qılar ma.
Ana topıraq, tuwıp - o’sken el turıp,
Fayrı jurtta ol an’samay turar ma.
Qara taldın’ sayasında jelpinip,
Sa’wbetlesip, shay ishkendey bolar ma, -
En’ jaqsı jer bar dese bul du’nyada,
Ol - bizin’ el, ha’mmesinen zıyada.

14.

Anam meni sheship alıp besikten,
Qara u’yden shıqqanında ha’wletip,
Tun’g’ısh iret quyash nurın ko’rgenmen.
Watan sensen’ o’mirim ha’m da’wletim.
Sen qayg’ırsan’, qayısadı qabırg’am,
Quwanaman, kelse az - kem a’wmetin’.
Jansam, senin’ da’rtin’ menen janaman,
Bosag’an’dı ba’rha’ tawap qılaman.

15.

Tuwılasan’ dese mag’an ju’z iret,
Tek te usı jerde tuwılar edim.
Jalan’ ayaq may topıraqtı shan’g’ıtıp,
Barlıq soqpag’ın’nan juwırar edim.
Burqıp aqqan ılay suwın A’miwdin’
Ju’zlerime su’rtip, juwınar edim.
Bunda teren’ tamır urg’an terekpen,
Watan - mag’an men - Watang’a kerekpen.

16.

O’z suwının’ boyın su’ymes qay terek,
Sen tawımsan’ menin’ arqa su’yegen.
«Ja’yhun jag’asında o’sken bayterek»
Dep baslang’an gimnin’di su’yemen.
O suveren Respublikam, Watanım,
Seni su’yiw huqıwqına iyemen.
Mustaqilliq - biyg’arezlik samalı
Ju’zlerin’di jelpip turg’ay mudamı.

17.

Oy, zaman - ay, kettin’ - aw birden o’zgerip,
Keshe esitkendi bu’gin ko’z ko’rip.
Sheshenliktin’ seminarın o’tkizdik,
«Qayta qurıw» emes, boldı ezbelik.
Go’nelerin buzdıq, jan’asın qurmay,
Biraz waqıt is ornına so’z kelip.
U’lken u’y shan’ırag’ı ku’yrelip qaldı,
Ballar basqa shıg’ıp, u’ylenip aldı...

18.

Qan shashırap qarabaqlar ashıldı.
Mafiyalar jawızlıg’ın asırdı.
«Bekkem birlik» bir zamanda ıdırap,
Bolıp ketti du’nya ulı - tısırlı.
Biybastaqlıq, qımbatshılıq, qıtshılıq
Turmıstın’ bar bereketin qashırdı.
Endi bolsa, biz ko’rmegen burında
Baratırmız bir bazardın’ jolında.

19.

Ko’rgenlerdin’ aytıwınsha, bul bazar,
Onda bolar «ha’kim bazar», «qul bazar».
«Ha’kim bazar», - is bilermen, da’ldalshı,
Alıpsatar, sawdagerge pul bazar.
«Qul bazar» - bul jumıssız ha’m gedeyge,
Arzan miynet, qımbat turmıs, pulg’a zar.
Bul bazardın’ o’z zan’ı bar qıyamet,
Og’an ha’tte tisi batpas hu’kimet...

20.

«Kelgen edik bul jerge dem almag’a,
Siyasattan az - kem sawa bolmag’a».
«Jutar hawamız da siyasatlang’an,
Tirishilik joq onı jutpay turmag’a».
«Durıs aytasan’, bul siyasat ha’mmeni
U’n’ildirip qoyıptı bir da’ryag’a!
U’mit penen tigilemiz og’an ko’p,
«Altın balıq» shıg’ar eken qashan dep»...

21.

Tariyx tu’nep jatqan To’ktin’ qalası,
Sol a’yemgi «jipek joldın’» jag’ası.
Arameyshe jazıwların oqıwg’a
Ele ilimnin’ kelmey atır shaması...
Altın gu’zdin’ azanında ha’z bergen,
Ay-hay hana, tuwg’an jerdin’ hawası!
Jaslıq da’wirim ja’ne mag’an qaytqanday.
Sen bul jerge ha’kimsen’ - aw aytqanday.

22.

Sen tuwmadın’ xan tuqım ya to’reden,
Hu’kimetti tirep turg’an o’reden
Balasısan’ qara taban diyqannın’,
Sheshen’ seni bo’z jo’rgekke bo’legen.
Ha’kim degen u’lken hamal a’lbette,
Ha’kim bolıp ko’rmesem de bilemen.
Elewiretip ushar - ushar qusı bar,
Sol keshegi raykomnın’ ku’shi bar.

23.

Jag’day joq bir - birewge ku’lgendey,
Jurttın’ bilmegenin birew bilgendey.
Ha’kim bolıw on’ay emes tap ha’zir,
Bayag’ısha shalqıp da’wran su’rgendey.
Jurt jawrag’an jetpesinlik ko’rpesin
Basqa tartsan’, ayaq ton’ıp bu’lgendey.
Shamalı g’oy senin’dag’ı ayırman’,
Qa’lem shaynap, bas qatırg’an shayırdan.

24.

A’tten’, biraq jigitler bar ayırım.
Eske salar bir esersoq bay ulın.
Bu’gin ha’kim, erten’ «ha’r kim» degendey,
El ma’pine az tiygizer qayırın.
Jurt bilmeydi, dep ha’zlikke berilip,
Tartpay minip ju’rmelinin’ ayılın,
Attan awnap tu’skeni bar qayırg’a...
Toba - toba, abıraydan ayırma!

25.

Ha’r bir adam o’zinshe zor faylasuf,
Shertken sazı jup emes, taq tarlıday.
O’zim menen o’zim turman so’ylesip,
Arqan esip otırg’an bir g’arrıday.
Janbas jilik qaynar qazan tu’binde,

Qalqıp ju'rip qaynar eken sharbı may.
O'zin o'zi maqullawday mısalı,
So'ylemsheklik - qartayıwdın' nıshanı.

26.

Bunda o'tken ne da'wirler, ne ku'nler,
Ata - baba da'rgayı bul a'jayıp.
Etekli el, ko'z quwantqan eginler,
Bag' ha'm palız, salı atızlar ko'k jayıp,
Bir qaptalda izeykeshsiz kebirler,
Bozlar jatar boz biyedey tın'ayıp.
Qoyımshılıq ko'riner jol tamanda,
A'zler baba ruhı bar olmanda.

27.

Adamzattın' barlıq iship - jegeni
En'begi g'oy diyxan degen kisinin'.
Bar ba'leni tabar sha'ha'r degenin',
Arqawı - ilim, erisi - sumlıq isinin'.
An'lıg'anı aldastırıp awıldı,
Arzan alıp, qımbat satıw, tu'sirim.
Hayshalatıw ushın ha'r tu'p pa'lekti,
Diyxan bayg'us altı ay jaz ha'lekti.

28.

Diyxan xalqı haq niyetli kisidur,
Tamg'an teri tirishilikke da'neker.
Jer, suw, hawa, - alag'ada tu'sidur,
Taptan - qapqa tu'skeninshe qa'weter.
Shayırlıq ta haq ba'zirgen isidur,
He jazsan' da ba'ri haqqa ta'wekel.
Ma'nili so'z bazarına salg'anda,
Qarıydarı bolg'ay deysen' alg'anday...

29.

Men ayayman qa'lemkeshler qa'wimin,
Jazg'an kitapları jatır basılmay.
So'ylep - so'ylep shıg'ardı ha'wirin,
Jıynalısı quldın' tarabasınday.
Pegaslar ju'r ha'kke shuqıp jawırnın,
İyesiz, ministen qalg'an g'ashırday.
Ha'zlikke u'yrengen yosh perileri,
Ketip atır kommersantlarg'a erip...

30.

Al o'zim - she? O'zimdag'ı qa'lemkesh.
Sizlerden joq hasla menin' ayırmam.

Biraq bu’ytip sır bermeyik, doslar, hesh,
Jan’a zaman ne ku’tedi shayırdan?
Bunı biler birew erte, birew kesh:
Bayag’ıday «hu’rriyt - sha’k» ke ayırg’an
Obkomın’ joq siyasatqa su’yretken,
Paxtakeshke paxta egiwdi u’yretken...

31.

Sonın’ ushın, jaza berin’. Biraqta,
Xalıq da’rtinen qaltırasın qa’lemin’.
Zamanında A’jiniyaz, Berdaq ta
Da’me etpegen qa’lem haqı to’lemin.
Kitap bolıp shıqpag’an da hesh waqta.
Endi mına bazar degen ba’lenin’
Tekshesinde kitabın’dı ko’re ber,
Heshe pullıq ekenin’di bile ber.

32.

Xalıqtın’ yadı - qumshawıtlı aq jag’ıs,
Tolqınsaqlar juwıp keter izin’di.
Bunda o’tpes jalg’an dan’q ha’m jaq jarıs,
Jan’a a’wlad oqırmeken so’zin’di,
Bulaq bası bolar ma ya tamtarıs,
Bul du’nyadan jumg’annan son’ ko’zin’di:
Bunı aldan hesh kim ayta almag’an,
Qalıs xızmet - bizden, nesip - alladan.

33.

So’ytsedag’ı, bendeshilik degen bar,
Bazda turıp qıyal etsen’ oylanıp,
Bizler quwıp salg’an a’rmanlı Aral,
O’z jag’ısın an’sap, kelse aylanıp,
«Ten’iz, ten’iz!» desip quwang’an ballar,
Menin’ ziratımnın’ qasına barıp,
Yadg’a alsa qosıg’ımdı to’rt qatar,
Ruwhım bir awnap, shad bolıp jatar...

34.

O’mir degen xoshadag’lı a’rmanday,
Ko’rgen qızıq, su’rgen da’wran jalg’anday.
Yalg’anshının’ To’k tawına bir tu’nep,
Ma’n’gilikke sapar shekken ka’rwanday.
Opalı dos penen o’tken demlerin’
Sanawsızdur asqabaq jep turg’anday.
Lekin hesh kim aytpas ma’n’gi turman dep.
He qıyallar keshpes oydan, Ulmambet!

*Avgust, 1992 - sentyabr, 1993-jıllar.*

# «BU’LBİL UYASI» kitabınan

**1997**

## ERNAZAR ALAKO’ZDİN’ ESTELİGİNE

G’o’rug’lı bektey er edi,
Qatarda qosa nar edi
Tolı jurtqa da’rkar edi.
Sheyit o’ldi Ernazar biy.
***Berdaq.***

Keshir, essiz babam, keldim qasın’a,
Sag’an alıp kelgen gu’lim de joq bir,
Aqlıqların’ qorqa-qorqa, basın’a
Eplep belgi salg’an. Og’an da shu’kir.

Kimdi qorqıtpag’an senin’ a’rwag’ın’.
Ten’izdin’ en’ song’ı jolbarısı da,
Qamıslıqtan shıg’ıp oq tiygen shag’ı,
Tu’nep o’lgen deydi senin’ qasın’da.

Ha’mme qorıqtı, sen qorıqpadın’ hesh kimnen,
Ala ko’zin’e kim tiklenip baqtı?
Ken’ dalanı du’sirletken sestin’nen
Talay solqıldag’an xanlardın’ taxtı.

Seni qanlı kektin’ qurbanı deser,
Joq, baslı mu’dda’ha’n’ ol emes edi,
Qorlang’an xalıqtın’ kewlindegi sher,
Ju’regin’de jang’an ottı ko’sedi.

Bul jang’an ot a’tirapına toplang’an.
O’zbek, qaraqalpaq, tu’rkmeniw-qazaq,
Sabır kasaları tolıp shaypalg’an,
Mazlum xalıqlar edi ko’p shekken azap.

Ten’iz eteginde sıbaylas qong’an,
Bul xalıqlarda tek bir maqset bar edi:
Biyg’a’rez el bolıp, bir ta’niw-bir jan,
Darqan jasaw ushın umtılar edi.

Sen sonda qorlang’an xalıqtı quwantıp,
Ma’rtlik ruwx berip aqıl-sanag’a,
Ju’rektegi jalının’nan tutantıp.
Azatlıq gu’lxanın jaqtın’ dalag’a.

Xannın’ qon’ırawlı palwanın jıqqan,
Palwan g’ana emes, ma’rt batır edin’,
Ma’zi batır emes, xalıqtan shıkqan
Biyik siyasatshı ha’m aqıl edin’.

Sendey ma’rt tuwılar, Erlik, Danalık,-
Ekewinin’ til tabısqan jerinen.
Rahmet, anamız Qumar analıq,
Jolbarıstın’ ju’regine jerigen!

Almas qılısh sermep, ashshı qıyqıwlap,
G’o’rug’lıday mindin’ G’ıyrat beline.
Xanlar o’rre turdı ju’regi suwlap.
Qastın tigip qaraqalpaq eline.

Shayqastın’ xan qa’ha’rinen tartınbay,
Xan la’shkeri biraq sanaqsız edi.
Alma jegen alpıs biydin’ antınday.
Zaman abırjı ha’m turaqsız edi.

Arıslandı alar tu’lki hiylesi,
Xannın’ sumlıg’ına kim ha’mel qılar?
Ol ba’rhama satqın menen tillesip.
Dushpanın’ o’zine o’zin aldırar.

Bul tariyxta en’ bir sınalg’an ta’sil,
Barlıq waqta ma’rtti na’ma’rtler satar,
Ag’ayindi azg’ırg’anda A’za’zu’l,
Bet aldınnan emes, arqan’nan atar...

Keshir a’ziyz babam, turman qasın’da,
O’zimshe tariyxıy oylarg’a sho’mip,
O’lmes ruwxın’ gezer el arasında,
Denen’di bul jerge ketse de ko’mip.

Ha’zir sonday zaman - sen a’rman etken,
Shalqıp eser g’a’rezsizlik samalı,
Sen ha’m Allayarlar jan pida’ etken
Bul darqanlıq ha’m azatlıq zamanı.

Zaman ha’zir erkin mu’na’sibetli,
Qa’diriyatlar qa’dirin jurt bilip tur.
Ata-baba jolı teren’ hu’rmetli,
Ga’p zamanda emes, bizde bolıp tur...

Jurtlar sizdey babaların yad etip,
As berip, haqqına duwa qılmaqta,
Bizler senin’ ruwxın’dı shad etip,
Jaramadıq jo’nlep eske almaqqa.

O’tmish ruwhın toydırmasaq biz bu’gin,
Erten’gi ku’n o’z ruwxımız ash qalar,
O’zin sıylamasa, tanıp o’zligin,
Ol kisini qalay sıylar basqalar?

Keshirimli bolar u’lken a’wliye,

Meyli, dan’qlı baba, buzba uyqın’dı.
Altıng’a qashandur tabılar iye.
Ju’zge su’rter topırag’ın’nan qıyqımdı.

Xalqın’ bar o’zin’dey ma’rtti tuwa alg’an,
A’piw et biypa’rwa zu’riyadların’dı,
Uzın ko’ylen’kesin ko’rip kuwang’an,
Bizin’dey bolımsız a’wladların’dı...
*1996-jıl.*

## SORSHA

*Sonetler*

*Qapa bolsan’ ag’ın suwdı jag’ala,*
*Tasıp ketsen’ a’wliyeni arala.*
*Naqıl.*

1

Barlıq ha’m joqlıqtın’, shegarası bul,
Usı jerge kelip izler jog’alar.
«Mensiz du’nya joq» dep, asqıng’an kewil
Bunda arnasına qayta quyılar.

Bunda ku’lki tınar g’umsha la’blerden,
Ko’zge jas juwırar, aqıl albırar.
Dostın’ sensiz u’yge qaytar bul jerden,
Ya ol sen qaytqanda ere almay qalar.

O’limnen hesh ju’yrik qashıp qutılmas,
Esaptan jan’ılmas, ol hesh utılmas.
Biraq ol qast etip qılsa da ha’mir, -

Tek te bir ku’sh onın’ aytqanın qılmas:
Saw bolsın gu’resshen’, sharshamas o’mir!
Bir shıbıg’ı sınsa, mın’ bolar sarras.

A’jel qurıg’ınan ju’yrik qutılmas,
Onı oylap qorıqpa, qorıq sen mınadan:
Seni son’g’ı jolg’a uzatqan adam
Ko’zine almasa bir qatire jas.

O’limin’ da’rt salmasa hesh bir kewilge,
Joqlamasa senin’ ornın’dı o’mir:
«Bul da o’tip ketti-aw, bayg’us, a’ytewir»
Dep oylasa qoyıp atırıp go’rge.

Otırıspada eske tu’ssen’ nag’aybıl,
İsmin’ tirilmese mısalı bir gu’l,
Jaqsın’ ilinbese tilge sol gezde;

Tu’sine engenin’de shorshıp tu’ser bir -
Bir dos, bir dushpanın’ qalmasa izde,-
Demek, su’rmegenin’ jartıwlı o’mir.

3

«Ol qayta tirilip kelse edi bir,
O, men kirpik bolıp onın’ ko’zine.
Ko’rmegen izzetin ko’rsetip ne bir.
Sıylar edim shan’ qondırmay ju’zine.

Keshikken soldattay, kelse ol kirip,
Yarınday aymalar edim-aw sonda» -
Der adam adamdı jerlep atırıp ...
Bul biyhuwda o’kinish g’oy shınında.

«Qara xattan» keyin kelgen soldat ha’m
Jat ko’riner. O’lik tirilgen gezde,-
Su’yiw tu’we, jolay almassan’ og’an.

Sol ushın suw qaytıp aqpaydı izge,
Bos o’kinishten ko’re, bir-birimizdi
Sıylay bilgen a’bzel biz tirimizde.

4

Ju’z eliwge shıqqan bir g’arrı ko’rdim,
«Qanday baxıtlı» dep paraz ettim men.
İzlep barıp taptım ha’m sa’lem berdim,
A’lle nege qapa bolıp kettim men:

Beste eken Berdaq tuwılg’an jılı,
O’zi u’sh kempirdin’ basına jetken,
Taras Aral betke quwılg’an jılı,
U’sh ul ko’rip, ko’lde ol talap etken.

U’shewi de qartayıp o’ldi biraqta,
Zamanlas, dos-yaran ketti jıraqqa.
O’zgerdi a’wladlar, o’zgerdi zaman.

Ol tu’nerip qarar g’arrı daraqqa.
G’arrı shınar turar qurt jep quwrag’an,
«Gu’wlep turdım-aw -dep bayag’ı waqta».

5

A’fa’ndini ko’rdim qa’birstanda,
Qa’dimgishe xoshwaq, ele o’lmegen,
Eshegin urlag’an urı da bunda
Qansha an’lısa da ele kelmegen ...

Ol jerde O’mirbek, sufı jolıqtı,
Piyri menen bir mazardı qarap tur,
«Bizin’ jay pa’kize imarat bolıptı,
Endi ne kemis?» -dep onnan sorap tur.
«Endi kemisi tek o’zin’iz, piyrim ..."
Degende pir tuwlap, gu’jireytti iynin.

Sol aytqanday bizin’ Ag’ash quyrıq ta
«Qala bolıptı-aw mınaw qoyımshılıq ta»
Degen ha’meldarg’a: «Awa sen kelsen’,
Qala ha’kimi de bolajaq ...» degen.

6

Qulpı tasqa jatqan: «Bul jatqan marhum
Qırıq ku’n o’mir su’rgen. Sudya bolg’an» ...
«Qa’te oqıp turg’an shıg’arman ba’lkim?»
Dep A’fa’ndi sorar jolawshılardan.

«Qa’te emes, bizde bar sonday da’stu’r:
O’lerde ha’mmesin eske alasan’.
O’mirin’degi shadlı demlerdi bir bir,
O’zin’she esaplap, shotqa salasan’.

O’mirin’e esaplar tek sol ku’nlerdi ...
Ayttı A’fa’ndi: «Bul danalıq netken! -dep,
Nag’aybıl elin’izde o’lsem men endi,»

Sizden iltimasım, ayıp etpen’ tek:
Qa’birime jazın’: «Bayg’us A’fa’ndi
Du’nyag’a kelmey-aq o’lip ketken» dep ...

7

Atomdı keselge em etemen dep,
Talay doktor o’z o’mirin nabıtlar.
Du’nyanı adamg’a ken’ etemen dep,
Su’ngir tun’g’ıyıqka kosmonavtlar.

İnsan o’z aqılına ug’ras kelmestey
Tilsim menen ashar du’nyanın’ sırın.
Bazda o’z o’mirin elestirmesten,
Go’r awzınan alıp qalar bir-birin.

Adam qanday qıyınlıqtı jen’bes ol!
Du’nya biler onın’ aqılın, ku’shin.
Tek bir na’rse g’ana qolınan kelmes, ol:

O’z janın, o’z o’mirin ayay bilmes ol,
Sebebi, o’zi ushın o’mir su’rmes ol,
Adam o’mir su’rer adamlar ushın.

8

«Shınar, sen qalaysha bir jerde turıp,
U'sh juz jıl jasaysan'? U'yretshi mag'an!»
Dep soradım sayasında otırıp,
Shınar ayttı: «Meyli aytayın sag'an:

Sen meni egesen' haq niyet penen,
Al men jaqsılıqqa jaqsılıq oylap,
Tek ba'lentke g'ana umtılıp o'semen,
İnsang'a saya ha'm go'zzallıq sıylap.

Millionlag'an jasıl japıraqlarım
Ha'r tan'da ku'n shug'lasına shomılar
Ha'm de bir-birinin' qag'ar shan'ların.

Pazıylet da'ryası tamırımdı juwar.
Qa'lbine ornasa bul aytqanlarım,
Adam da ko'p jasaw ushın tuwılar.

9

Bir elde ko'p tilli ulıslar jasar,
Ba'ri bir anadan tuwılg'an yan'lı.
Adamlar doslıq dep qushag'ın ashar,
Kewiller su't penen juwılg'an yan'lı.

Al, siz ekewin'iz arazlastın'ız,
Dushpan siyasatlı eki el qusap:
Shegarag'a tikenli sım tarttın'ız,
Ala bag'ana ko'mip, saqshılar uslap.

Tasadan oq atıp bir birin'izge,
İntsidentler bolıp turar arada,
Ja'bir etpey qısqa o'mirin'izge,
Jarasarsızlar ma siz tirin'izde,
Yaki sıyısa almay kep-ken' du'nyag'a,
Sıyarsız ba tap-tar qa'birin'izge.

10

Sawlatlı gu'mbez tur qa'birstanda,
Ku'n su'yip ko'k shırsha ba'diya tasın.
Da'bdebeli qa'd ko'terip aspang'a,
Tu'rli oyg'a salar adam balasın.

«Ba'rekella! Mine, o'lige hu'rmet»,
Dep su'ysinip qarar gu'mbezge ha'r kim:
«Qay zamannın' mu'lki? Xan ba yaki bek?
Alım ba, shayır ma bul jatqan marhum?

La'ha't qazıp atqan birew nas atıp,

«Qızıq adamsız» dep mırs etip ku’ldi. –
«Bul - ko’knarshı g’arrı, jaqında o’ldi.

Bul gu’mbez - miynetsiz puldın’ ma’sligi:
Ol g’arrının’ ulı ko’p jıldan beri
Bizde sawda bazasının’ baslıg’ı».

11

Bazı bir adam bar, «o’ldi» degende,
İsenbey turasan’ o’z qulag’ın’a.
Abaysız za’ha’rli tag’am jegen be,
Mashina qaqtıma, tas quladı ma?

Joq, joq, mu’mkin emes ... Qalaysha o’ldi?
Hiyleden shaytandı utar edi ol?
Neg’aybıl dus kelse, Mefistofeldi -
İbiliske u’sh ma’rte satar edi ol?

Eger jer astında bolsa hu’kimdar.
Bunı alıp barg’an A’jeldi boqlap,
Der edi: « - Ne ba’le a’keldin’, zan’g’ar!

A’y, dozaq saqshısı, bol mınag’an saq!
Bul awzın’nan kirip, artın’nan shıg’ar,
So’ytip dozaqtı da etedi qarap …»

12

Bazı adamlar bar «o’ldi» degende,
İsenbey turasan’ o’z qulag’ın’a.
Bir g’a’letiy boran qutırıp demde,
Bastırıp kirgendey kewil bag’ın’a.

Janın’ ırshıp tu’ser qılısh shabaqtay,
Jaqın-juwıq bolmasa da ol adam.
Sa’wbetin ta’rk etken a’ziz qonaqtay.
«Ay-hay, iyt du’nya dep kewlin’ qawsag’an.

İnsanıy zibanı bolsa Ta’biyat,
Aytar edi jawız A’jelge sonda:
«Waq-waq, a’ttegene! Qılıpsan’ uyat.

Qalay ko’zin’ qıydı janın almag’a.
Bul insan o’limi - mag’an qıyanat.
Bar, aparıp jiber jaqtı du’nyag’a».

13

Men, so’ytip, o’lippen. «Aqıyrı kayır,
Yaqshı adam edi» dep jurt aparar,
Este qalg’anday bir so’z aytsa shayır,

Kimdur sonı ishten gu’birlep barar.

Duxovoy orkestr barar mo’n’irep,
Xalıq degen jaqsı g’oy, o’lini sıylar.
Kritigim keler izde mo’nten’lep,
Birewler «ordeni neshew?» dep qarar.

Doslarım ko’zinen jası sorg’alar,
Dushpanım basımda qurday jorg’alar,
Qıymılı dım shaqqan, dawısı patlı.

«Abaylan’!» dep tabıtımdı qorg’alar,
Biraq son’ıra ol da ınjılıp qattı,
Maydansız ma’rt qusap, salbırap barar …

14

Bazarg’a barsan’, adam o’lmegendey,
Kim ne menen bunda sawda etti eken?
A’wliyege barsan’ adam qalmag’anday,
Du’nyag’a qansha adam kelip-ketti eken?

Hesh kim almag’andı esabın bunın’.
Tuwılmaq ha’m o’lmek - lazımlı deser.
Pıshıq quwıp tawsar nayshanın’ jibin.
Qaytıp kelmes jolg’a ka’rwanın’ ko’sher.

Bunda ila’hiyat danalıg’ı bar:
O’lmeytug’ınlıg’ın bilse adamlar,
Ha’mme tiri ju’rse jerdin’ ju’zinde, -

Neshik kesher edi du’nyanın’ halı?
Adam bes ku’n jasag’annın’ o’zinde,
Astan-kesten etip atır du’nyanı . . .

## DOS-YARANIN’ BOLMASA

O’mirde ne la’zzet bar, dos-yaranın’ bolmasa,
Jan degen menen janbas, o’z jananın’ bolmasa.
Jılg’alar jıljıp tu’ser ba’lent tawdın’ basınan,
Olsız ma’wjirip aqpas da’ryaların’ bolmasa.

Bir dushpan ko’plik eter, dosların’ mın’ bolsa az,
Sun’qar qusqa jarasar jalg’ız a’ylemek pa’rwaz.
G’a’ripke Sa’nem bolmas biyopalı sa’rbinaz,
Qasında qa’dir biler miyribanıq bolmasa.

Bu’lbil qus qalg’ıp ketse, gu’lin ko’rer tu’sinde,
Jat jurtta ju’rgen adam elin ko’rer tu’sinde.
Qulan-kiyik sekirip oynar o’z sho’linin’ ishinde,
Bazergende[31] bazar bolmas, qarıydarın’ bolmasa.

[31] Bazergen – sawdager.

Qatnasar qarındassız el-jayın'da ne sa'n bar,
Barıs-kelis qılmasan', ag'ayında ne sa'n bar.
Dosları ilham bermese, İbrayımda ne sa'n bar,
Eli - xalqın', dos-yaranın' - qa'dirdanın' bolmasa.
19-yanvar. 1990-jıl.

# AKTRİSANIN' IG'BALI
## (*Tan' nurı*)

**Liro-dramalıq poema**[32]

A'bdiraman O'tepovtın' esteligine arnayman.
*Avtor*

### PROLOG

Hey sen, qon'ıratlı qız, janım Arıwxan,
Qızıl qapı aldında irkildin', nege?
Sıg'alap turg'andı qoy tal arasınan,
Jeter tartıng'anın', kir ishkerige.

Kir deymen, qımbatlım, qolın'dı uzat,
Qa'nekey, bir batıl qa'dem ur, - tamam, -
Tek so'ytsen' bolg'anı, wa'dem haqıyqat,
A'jayıp bir du'nyanı ashayın sag'an.

Sen ushın jat emes bul qızıl esik,
Biykar gu'diklenip ishten janasan',
«Qoldan kelmes iske umtılar» desip,
«Ku'lip jure me» - dep gu'manlanasan'.

Joq, bul jerde sag'an «arman tur» demes.
Jaslar bunda qurar zawıqlı keshe.
Bul Ja'leke baydın' xa'wlisi emes
Ha'm shashın'nan su'yrep urmas ba'ybishe.

Bunda joq, Ja'lekenin' A'yten geshshesi,
Seni qang'a boyap, shalmaqshı bolg'an.
İzlep kelip, kirmey qaytqanı nesi?
Nege qamsıg'asan' janım, Arıwxan?

Sen jetim qız edin', sen shorı edin',
Biraq awılımızdın' sa'ni boldın' sen;
Qaljın'bas jigitlerdin' sen sorı edin',
Juwaptı sharlar edin', o'tkir so'z benen.

---

[32] Poa'ma az-kem qısqartıldı. İ.Yu.

Sen tezek teriwge shıg'ıp arqashqa,
Geyde qanday jaqsı qosıqlar ayttın'.
To'zdin' sen ıssıg'a, suwıqqa, ashqa,
Sulıwlıg'ın' qarıydardı molayttı.

Anan' erte o'ldi, miyrimsiz a'ken'.
Seni sattı bayg'a on to'rt jasın'da.
Kisi esigi degen ton' tezek eken,
Eritiw qıyın boldı g'am-g'ussasında.

Biraq, awılımızda hesh qız, hesh qatın
Aldın'a tu'spedi aqıl, shıraydan
Ha'm ashıq minezin', shoq ta'biyatın'
Kuwdı g'am-qayg'ını sen ju'rgen jaydan.

Lekin, tal shıbıqtay tawlanıp sonda,
Awıp ju'k astında sen o'sken sayın,
Azap sonsha battı zil berip jang'a,
Jurtqa ermek ushın sen boldın' qayım.

Geyde aydılın'nın' jiyegin tislep,
Kettin' ko'zden tasa jiydelik betke,
Bastın' o'ksigin'di o'zin'di ku'shlep,
Tiri jang'a mun'ın'dı shaqpadın' xa'tte.

So'ytip ju'rgenin'de, tan' atqan edi,
Tan' attı, nurlı tan', bir a'jayıp tan'.
«Qa'pestegi bu'lbil, azatsan'» dedi
Ha'm ma'n'gi qutıldın' qullıq torınan.

Awıl mug'allimi seni jetelep,
To'rtku'lge a'kelip oqıwg'a berdi.
Azatlıq tan'ında sun'qarday tu'lep,
Ko'zlerin' erkinlik nurların ko'rdi.

Sen ma'n'gi azatsan', joldas Arıwxan,
Hey, ko'p azap ko'rgen qaraqalpaq qızı.
Hyp alıp erkinliktin' altın tan'ınan,
Ku'l sen, ku'n shıg'ıstın' ga'whar juldızı.

Ash qızıl esikti, bas, ayaqtı bas,
Baxıtın qarsı alıwı kerek ha'r adam.
Tartınba erkinlik alg'an qarındas,
Jol ashıq, jol ashıq, jol ashıq sag'an!

**Birinshi taraw**

## TO’RTKU’L KLUBINDA

1

Xor

Turg’ıl, qarındasım, jatpa mun’ayıp,
Tursan’, jarıq jolg’a alıp baraman.
Tur, erkin jollarda qa’dem urayıq.
Jursen’ jarıq jolg’a alıp baraman.

Ko’p waq jılan shaqtı bizdi,
Endi azatpız, xalayıq.
Kel, qurdaslar, baxtımızdı,
Bizler ku’tip alayıq.

Erkinlik quyashı jaqtırttı joldı,
Ha’mme azatlıqqa talaban boldı,
Tu’rgel, eski jolda tek te sen qaldın’.
Tursan’ taza jolg’a alıp baraman.

A’ken’ sattı baydın’ qızıp malına,
Bay zalım jetpedi arzı-halın’a,
Bul jolda qaraydı kim obalın’a?
Ju’rgil, jaqtı jolg’a alıp baraman.

B i r   q ı z

Raxmet, A’bdiraman, ha’r so’zin’ du’rdey,
Ju’rekti tolqıtar tın’lasan’ birdey.
Ele qa’pestegi quslar az emes.
Alsın olardag’ı erkinlik na’fes.

K o’ p sh i l i k

Bag’jan durıs aytadı, qosılamız biz de,
Raxmet, A’bdiraman, raxmet sizge.

A’ b d i r a m a n

Bilemen, girbin’ joq bul so’zin’izde,
So’ytse de, adamdı maqtaman’ ko’zge.
Qosıq - bul o’mirdin’ ma’n’gi joldası,
Ol - da’rya, ju’rekten alar sag’asın ...
Kimnin’ tisi shıqsa hadal miynetten,
Bul a’dil turmıstan qalmasın shette,
Qatnassın ku’sh, jiger, uqıbı menen,
Ya bilim, ya qa’lem, mıltıg’ı menen;
Ya jaw sırın ko’rgish ko’zleri menen,

Haq niyetli isi, so’zleri menen.
Shayır qosıg’ı, baqsı naması menen.
Al, artistler? ...

K o’ p sh i l i k

... gu’res saxnası menen.

A’ b d i r a m a n

Demek, solay bolsa, umıtpan’ onda:
Jaqında shıg’asız siz kanikulg’a.
U’yli-u’yin’izge tarqalman’, biraq,
Biz oyın qoyamız eldi aralap.

K o’ p sh i l i k

Biz tayar, baramız hesh sepsimesten.

B i r  q ı z

Tek te men barıwg’a tayar emespen.

K o’ p sh i l i k
(*tan’ırqap*)

Sen - bizin’ bag’ımızdın’ g’oshshak bu’lbili,
Sa’nli saxnamızdın’ en’ sulıw gu’li, -
Bul so’zin’ durıs emes, ne boldı sag’an,
Nege bara almaysan’, aytshı, Arıwxan?

A r ı w x a n

Gastrolg’a jan dep bara alar edim,
Jurt ko’rip, men de el aralar edim;
A’tten’, bara almayman, siz ayıp ko’rmen’,
Bu’lbil o’zliginen bardan bezer me?
Menin’ tuwg’an a’kem qattılaw adam,
Kanikulda barmasam baqırar mag’an ...
Basqa so’z aytpadı, tek usılay dep,
Jupqa oramaldın’ bir ushın tislep,
Hesh bir ta’wellege qulaq salmastan,
U’nsiz shıg’ıp ketti sırtqa Arıwxan.
Ko’pshilik tan’landı izinen qarap,
Qızlar «Arıwxan» dep juwırdı. Biraq,
Bag’jan joldı tosıp, irkip olardı,
Ayttı ko’pshilikke mına xabardı:

B a r j a n

Mu’mkin qattı qollı shıg’ar atası,
Biraq, bul, - menin’she jay bahanası,

Bunnan on ku'n burın ko'rdim bir awhal:
Sabaqtan shıqtıq biz tu's awg'an ma'ha'l.
Ha'm tez awqatlanıp jataqxanadan,
Juwırdıq ekewmiz klubqa taman,
Jolımızdı tostı bir fayton arba,
Bir qag'az bar faytonshının' qolında.
Aqırında Arıwxan faytong'a min'di ...
Doslarım, arjag'ın bilmeymen endi.
Keshte jataq jayg'a kelsem klubtan,
Kitap oqıp otır eken Arıwxan,
Sonnan beri kitaptan bas ko'termes,
Aqsham uyıqlay almas, jadırap ku'lmes,
Jalınsam da «ayt» dep ha'r ku'n sayın men,
Sabaq tarta almadım sır kelebinen.

J i g i t

Bilsem, bul ha'diyse tegin emes hesh.

Q ı z

İy, a'dira qalsın, buzıldı desesh ...

A' b d i r a m a n

Qarındasım, nege olay deysen' sen?
Buzıla bere me faytong'a mingen?
Dos adam o'lshemey sırttan ton pishpes,
Su'rinsen', so'z ertip, izin'e tu'spes.
Qayta, onın' sırın bilin'ler qa'ne.
Qoldan kelse da'rman berin' da'rtine.

K o' p sh i l i k

Awa, biliw kerek bul sırdı tezden.

A' b d i r a m a n

Qız kewli - aq sandıq. Giltin ten'izden,
Su'n'gip tapqan ashar ...

J i g i t

Su'n'gir edim men ...
Bul a'jep is eken ne degen menen.

Jigit juwırıp shıg'ıp ketedi.

## Ekinshi taraw

## DA’RYA BOYINDAG’I KESH

1

Qolında kitabı, ko’zleri oyshan’,
Ko’shede asıqpay barar Arıwxan,
Qızg’ısh birtartarı ot qusap lawlap,
Jelbirer ko’rgennin’ ko’z nurın awlap,
Jolıqqanlardan ol shetlep baradı,
Minekey, artına bir jalt qaradı.
Jigit sa’l jasqandı onnan albırap,
So’yledi Arıwxan jigitke qarap:

A r ı w x a n

Men sag’an bir ermek bolg’an qusayman,
Nege ergishleysen’ izimnen, Ayman?

A y m a n

Ol ne degenin’iz? Ergeni nesi?
Jol bolg’an son’ ... joldan ju’rmey me kisi?
Ma’lel bergen bolsam men sizge, ayım,
Basqa ko’sheden-aq kete qoyayın ...

A r ı w x a n

Jolımız bir tu’sken bolsalar, Ayman,
Shınında haqım joq quwıwg’a joldan.
Meyli, onnan qayta, waqıt tapsan’ sen,
Jag’ada sayranlap ju’reyik az-kem?

2

Aymannın’ bul so’zden tuwlap ju’regi,
Jigit shadlıg’ının’ bolmadı shegi.
Biraq, kewildegi tasqın so’zimdi,
Ayta alar ma adam bunday gezinde.

Ekewi dizilisip, mindi jag’ag’a,
To’mende lepirip da’rya ag’adı,
Jasıl shatır tigip suw jag’asına,
To’rtku’l qushaq jayar jaz shug’lasına,
O’rlep tuw alısta barar paroxod,
Keshki quyash tınıq ko’kke qoyar ot ...

A r ı w x a n

Hayal jaralmag’an bolıw ushın qul ...

A y m a n

Awa, A’beken’nin’ aytqan so’zi bul,
Esin’e tu’sken g’oy ...

A r ı w x a n

Tu’speske nege?
Bul so’z tek men emes, unar ha’mmege,
Bunday so’zdi aytar ken’, sulıw ju’rek,
Onı jaqsı hayal su’yiwi kerek.
Men onı su’yer edim ...

A y m a n

A’bdiramandı?

A r ı w x a n

Awa, ot ju’rekli sol bir adamdı,
So’zsiz su’yer edim. Biraq, men og’an
Minasip bola alsam ...

A y m a n

Qoyın’, Arıwxan.
Durıs, A’bdiraman – azamat kisi.
Biraq, siz tu’sinin’... Arıwxan, tu’sin:
O’ytip, sen o’zin’di to’men uslawg’a
Haqın’ joq ...

A r ı w x a n

Aytqanın’ tuwrı. Sonda da ...
Qanday baxıtlısan’ sen o’zin’, Ayman.

A y m a n

Men ha’zir baxıttan biyhush qusayman, -
Sen barsan’ qasımda ...

A r ı w x a n

Joq, tu’sinbedin’,
Men sag’an mınaday demekshi edim:
Sen jap-jas jigitsen’, qatarda narsan’,
Ko’p bolsa, on segiz jasta shıg’arsan...

A y m a n

Jigirmag’a kirdim, jılımız - ulıw ...

A r ı w x a n

Awa, qanday jaqsı jas jigit bolıw,
Turmısqa shıqpaysan' erikli-eriksiz,
Jasqanıw, jaltan'law bolmaydı ha'rgiz,
Qatın bolıp enbeysen' jat bosag'adan.
«Meniki bol» demes dus kelgen adam ...
Sag'an qızıg'aman, bulay degenim,
Kewlin'e kelmesin. Eger men senin',
Ku'shin'e, jigitlik ta'biyatın'a
İye bolsam edi ...

A y m a n

Arıwxan, tın'la,
Julg'anday gu'l bolsa sol aytqanların',
Eteklep shashar edim jolın'a ba'rin,
Ba'rin berer edim jalg'ız ku'lkin'e ...

A r ı w x a n

Ko'rdin' be, so'zge de shebersen' ba'le,
Ha'r so'zin' da'l tiyer mirdin' og'ınday,
Kim oylag'an seni shayır dep bunday?
Awa, aytqanın' durıs, men nege sonsha,
O'kinemen hayal bolg'anlıg'ıma?
Joq, bul - ku'stanılıq, bul - tek te menin'
O'zime ta'n boslıg'ım, o'z a'zziligim.
Usınday natıqlıg'ım biraz jerlerde
Ju'zimdi qaratıp boldı-aw to'menge.
Bul qurlaqım tilge kelgennen keyin,
Sag'an bir qızıq so'z so'ylep bereyin:
Mine, on ku'n boldı, bunda bir adam
Erip ko'len'kedey ju'ripti mag'an,
Da'slep ol jiberdi mag'an faytonın.
Barg'ansha maqsetin bilmedim onın'.
Kirip barsam, otır bir murtlash kisi,
A'llen waqqa deyin bolmadı isi.
Bir gezde qag'azdan ko'terip basın,
Bir jat ku'lki menen sıypadı shashın.
Meyli ku'lgeninde bar qanday isim,
Bilemiz g'oy erkeklerdin' ku'lkisin.
Biraq, bir ma'ha'li shorshıp jalma-jan,
Albıraqlap ushıp turdım ornımnan:
O'ytkeni, tanıdım g'arrı sag'aldı,
Toldı bir eleske ko'zimnin' aldı:
Biz tanısqan edik to'rt-bes jıllıqta,
Ol gezde ju'r edim men toqallıqta.
Jurttan tasalanıp bir ku'ni tu'nde,
Bir «ju'riwshi» tu'sti baydın' u'yine.
Bay sonda qılpıldap, ju'ginip saqqa,

Da’rhal bir semiz qoy soydı qonaqqa.
Tu’n’likti tu’sirip so’ylesti olar,
Esite almadım, ne desti olar.
Al, meni ko’riwden qonaq o’zgerdi,
Bayg’a «qızın’ ba?» dep sıbırlay berdi.
Bay tez an’lap qonag’ının’ shamasın,
Shıg’ıp ketti, «qıs - dep - qa’ynin’nin’ basın»...
Sumıray shal suwqıldap a’lemdi qurtqan,
Ergenekti ilip ketipti sırttan.
Tu’lki ko’rgen iyttey bas saldı qonaq,
Mende de joq emes eken ku’sh biraq,
Ot basında jatqan sadıq ato’shgir
Ku’nime jaradı sol jerde de bir ...
Esikti taydırıp, dalag’a qashtım,
Jılap jiydelikte mawqımdı bastım,
Keldi ko’z aldıma sol qorlıqlı tu’n,
Dirildep, o’zimdi jog’alttım pu’tin.
Al endi, sol sag’al shaqırıp meni,
Keshirim sorap ju’r usı ku’nleri.
Hayran bolıp ju’rmen men basım qatıp,
Hesh adamg’a ayta almayman uqsatıp,
Qısqası bir aman qalg’an paznadan,
Uwlı sho’p pe, dep oylayman, bul adam.

A y m a n

Bul a’jep is eken. Erten’ azanda,
Oylassan’ qa’ytedi A’bdiramang’a?

A r ı w x a n

Shaqırg’an gezin’de barıp ele men,
Ja’ne bir-eki ret sınap ko’remen,
Eger teris pikirli bolsa ol adam,
Da’rhal jup jag’adan tutıp alaman.

(Kuwaqılanıp, rolge kirip)

«Aha, g’arrı sag’al, tu’stin’ be qolg’a» -
Dep, onı a’ketip xalıqtın’ aldına,
Sotlayman. Sot ag’ası o’zim bolaman.
Jawdın’ basına bir za’wlim salaman:
«A, nu-ka, aytın’shı mınaday waqta,
Bolg’ansız g’oy baydikinde konaqta?»
«Menin’ esimde joq», «Kak, esin’de joq?
Sottın’ o’zi gu’wa, bılshıldaman’ ko’p.
Al, mına ato’shgir ekinshi gu’wan’ ...»

A y m a n
(*ku’lip*)

Sen nag’ız artistsen’, olla, Arıwxan.

Sag'an jarasadı ha'r qanday xızmet,
Maqtag'anım emes ... meni a'piw et.

A r ı w x a n
(*ja'ne quwaqılanıp*)

Joq, a'piw etpeymen men seni, Ayman,
«A'piw etsin» desen', qulaq sal mag'an:
Otır usı jerde ko'zin'di ashpay
Ha'm de ju'zge deyin sana aljaspay.

«Arıwxan, su'yiklim, jipek minezlim,
Senin' ha'zilin'nen de sulıwlıq sezdim,
Meyli, ju'z ma'rtebe ju'zdi sanayın,
Meyli, alsın meni tolqın ya jayın,
Tek sen kewlin' tolıp, bolsan' shadıman,
Sonın' o'zi de tek zor baxıt mag'an.»

Dep Ayman qayırda ko'p waqıt jattı,
Ko'zin jumıp, shiyrin qıyalg'a battı.
«Lars» etti bir waqta suwg'a bir na'rse,
Hawlıg'ıp, ko'zlerin ashıp jiberse,
Hesh kim joq, tek g'ana anaday jerde,
Qulag'an degishtin' aydının ko'rdi.

**U'shinshi taraw**

**HAYAL JU'REGİ**

1

Su'yip man'layınan azang'ı quyash;
To'rtku'l ko'shesinde keler eki jas,
Biri jigit edi ku'ygelek ko'zli,
Ma'gar bultsız ku'ndey ashıq minezli,
Jelge eregisken o'rebi shashı,
Sho'ldin' qaplanınday shıyraq tulg'ası,
O'tkir ku'n nurına qaymıqpay qarap,
Keler ko'ksin kerip, ju'zi jadırap.
Al, qasında keler arıw kelinshek;
Tan'da bir qızg'aldaq atqanday sheshek,
Jigit qoltıg'ında mayısıp talday,
Keler ba'ha'r qızı tan'g'ı samalday.
Jupqa oramalı tasalap ju'zin,
Jigitke urlanıp salar ol ko'zin,
Geyde sın'q-sın'q ku'ler shın ıqlas penen,
Ku'lkisi shıqqanday ju'rek to'rinen.

A' b d i r a m a n

Arıwxan, juwap ber, aytayın bir so'z.
Adamg'a ne ushın beriledi ko'z?

A r ı w x a n

Qıyın sawal eken ... men bilsem endi:
Ko'z, bul, ko'riw ushın su'ygen kisin'di
Beriletug'ın shıg'ar ba'lki adamg'a ...

A' b d i r a m a n

Durıs, ko'riw ushın ... Sen nege sonda,
Qumar ko'zlerin'di ko'p tasalaysan'?
Sen akter adamg'a hesh usamaysan',
Akter jeteleydi jan'a o'mirge,
Perdesiz ay bolsın ol ha'mme jerde,
Tek saxnada emes akterlıq sırı,
Bu'lbil ha'mme jerde bu'lbil g'oy aqırı.
Sol ushın ko'zin'di tasalama sen.
Buqpa taqır jerde. Sharshın'dı ko'zden –
Alıp tasla tezirek. Bul nurlı ko'zler,
Bersin basqalarg'a nur menen jiger,
Bul ko'zler berilgen, sen bilsen', janım,
Ko'rip toyıw ushın jaqtı du'nyanı.
Ash ha'zir ...

A r ı w x a n

Ashayın, qolımdı jiber,
Qoltıqlamay-aq qoy, jurt ku'lip ju'rer,
Bul da'stu'r emes g'oy onın' u'stine ...

A' b d i r a m a n

Tan'nın' nurınan da uyaldın' a'ne.

A r ı w x a n

Tan'nın' nurınan emes, senin' ko'zin'nen …

A' b d i r a m a n

He, so'ytip sharshın'dı ko'ter ju'zin'nen,
Ele de joqarılaw ... uyalma hasla,
Sıpır oramaldı, iynin'e tasla.

A r ı w x a n (ku'lip)

«Ko'shege tasla» dep te aytarsız ba'lkim?

A' b d i r a m a n

Jalan'bas ju'riwi kerek g'oy ha'r kim,
Onın' nesi ayıp?

A r ı w x a n
(*tan'ırqap*)

Hayal-qızlarg'a?

A' b d i r a m a n

Awa, bul jarasar so'zsiz olarg'a,
Ashıq ju'zli ju'rsin ha'r azat adam,
Da'stu'r zan' emes g'oy, o'mir o'zi zan'.
Senin' anan' o'tken jaqtı ko're almay.
Anan'nın' anası da jasag'an solay,
O'zin' de az-kemlik ko'rgen emessen',
Qız gezin'de shalqıp ju'rgen emessen;
Aytıp bermesen' de sen o'z awzın'nan,
O'tken o'mirin' mag'an ayan, Arıwxan.
O, senin' o'mirin' bir da'stan eken,
Bul tuwralı pesa jazajaqpan men.
Joq, tekte sen emes, sag'an usag'an,
Qızlardın' o'mirin jazıp shıg'aman ...
Raxmet, sen berdin' onın' temasın,
Basın'nan keshirdin' ha'm waqıyasın,
Turmıs bul waqıyanı o'z tili menen
Mag'an aytıp berdi, bayanlap ken'nen.
Endi men ko'shiremen onı qag'azg'a,
Joq (adam qıyallap ketedi-aw bazda), -
Ko'shirmeymen, sebebi turmıstın' men
Xatkeri emespen, du'ziwshisimen.
Sonlıqtan, shayır o'z miynetlerinde
Jang'a azıq bersin, yosh bersin elge.
Diyqanlar bel menen qazadı arna,
Shayır qa'lem menen jazar shıg'arma,
Bilsen' bul da arna. Biraqta onnan,
Suw emes, ag'ar xalıq ruwhına qan ...

A r ı w x a n

Sonsha teren' eken adamnın' janı.
Ko'rgenmen da'ryanın' usılay aqqanın.
Sen qosıq jazasan', so'zin' misli pal,
Jaslar qag'ıp alıp, yadlaydı da'rhal,
Ga' klubta krujokqa sabaq beresen',
Ga' awılda oyın qoyıp ju'resen',
Ga' pesa jazasan' jurt su'ysingendey
Ha'm onı saxnag'a qoyasan' demde:
Ga' yoshıp, duwtardı alasan' bazda,
Jazg'an qosıg'ın'dı salasan' sazg'a;
Ga' qızıq so'z benen ashıp perdeni,
Jan'anı maqtaysan', jasqap go'neni;
Mine, mırjıq kempir shıqtı saxnag'a,
Tamashago'y gu'wlep qol shappatlag'an;

Mine, perde artında sufler-qulaq
Umıtshaq akterg’a o’tti sıbırlap ...
Bulardın’, ba’ri - sen, A’bdiraman ag’a.
Sag’an qaydan juqqan o’ner bunshama?

A’ b d i r a m a n

O’ner hesh adamg’a juqpas g’ayıptan,
Umtılsa, ba’rin de isleydi adam ...
Adam «azatlıq» dep gu’reske tu’sse,
İye bolar tawsılmas o’nerge, ku’shke,
Ha’zir ha’mme shayır, ha’mme o’nerpaz –
Bolıwg’a umtılıp etedi talwas.

A r ı w x a n

Endi qashan jazıp sol pesan’ızdı,
Tag’ı da quwantar ekensiz bizdi?

A’ b d i r a m a n

Eger en’ keminde eki jıl jazsam,
Pesanın’ hesh jeri bolmas edi-aw qam.
A’tten’, mag’an onday pursat qayaqta!
Tez juwap ku’tiler ha’zirgi waqta,
Ha’zir biz mıltıqqa jaylang’an bir oq,
Asıqpay ko’silip jatıwg’a jol joq,
Sol ushın erten’nen jaza baslayman,
Bir ha’pte ishinde pitirip taslayman.
Bes ku’nde oynawın u’yrenemiz, al,
So’ytip, gastrolge ketemiz da’rhal,
Meyli, kemis jerin xalıq du’zesin,
Terektey putasın, tayday gu’zesin,
Meyli, son’g’ı a’wlad - bilimli a’wlad,
Kemshiligin aytsın, sınshılar g’awlap ...
Biraq ta, men ashıq emespen dan’qqa,
O’mirim payda berse bolg’anı xalıqqa,
Tek sonı o’zime zor baxıt deymen.
Basqa dan’q, baxıttı men izlemeymen.

A r ı w x a n

A’bdiraman, aytshı burınları sen
Oyg’a batpas edin’ qıyallap a’bden?
Kewlin’de qandayda tınıshsızlıq bar,
So’zlerin’ de sonnan bergendey xabar.
Qolın’dag’ı shıbıqtın’ jazıg’ı qanday,
Sonshelli sındırıp, maydalag’anday?
Tasla, ol jiyde g’oy, tiken bar onda,
Sezbeysen’ qolın’nın’ qanag’anın da ...
Nege jo’telesen’, suwıq tiygen be?
Bir o’zgeris bar g’oy, shaması sende ...

Ku'lme. Ku'lkin'de de tınıshsızlıqtın'
İzi bar ekenin qashshan-aq uqtım.
Seni, A'bdiraman, ayayman geyde,
Biraq, qolımnan hesh ilaj kelmeydi ...

A' b d i r a m a n
(*ku'lip*)

Sonday ayanıshlı bolıp qaldım ba?
Biraq, ayaw degen jaqsı shınında ...

A r ı w x a n

Tu'siniwin' kerek sen, A'bdiraman,
Saqla demekshimen o'zin'di mudam,
Senin' o'mirin', bilsen', ha'mmege kerek,
Toqtay tur. Shashın'a qondı gu'belek,
Men uslap alayın. Ko'rdin' be, seni –
Gu'belekke deyin ta'wir ko'rgenin.
A'tten', aq gu'belek uslatpay ketti,
Yadıma tu'sirdi-aw ol awıl betti:
Tap senin' shashın'day sulıw a'rebi,
Ko'zi monshaqtay bir qozım bar edi.
Esimde, men og'an ba'ha'r tan'ında,
Ko'k terip qaytıwg'a bir barg'anımda,
Quwdım jon'ıshqalıqta aq gu'belekti.
Bir gezde jamg'ır da sheleklep to'kti.
«Apalap» juwırdım men u'yge qarap,
Apam, apam bayg'us ... sol ku'ni, biraq ...
Haw, biz keshiktik pe? Klub aldında
Birewler turıptı g'oy ...

A' b d i r a m a n
(*awır oylanıp*)

Arıwxan, sonda,
Sen jetim qalg'ansan', solay emes pe?
Jetimnen jetildin', mun'ayma hesh te.
Sag'an aspandag'ı quyash ta ashıq ...

A r ı w x a n

Ko'zge maqtaw sag'an emes mu'na'sip ...
Ju'r tezirek. Keshikken usaymız bizler.
Kim eken bizden de aldın kelgenler?
Juma shıg'ar deymen. Ju'r-ju'r tezirek ...

A' b d i r a m a n

Qasındag'ı Ayman bolıwı kerek ...

J u m a

A’bdiraman, izlep ju’rippiz seni,
Biz keshe esittik bir a’n’gimeni ...

A’ b d i r a m a n

Ol ıras a’n’gime. Shıqtım jumıstan,
Biraq, adamlar ko’p mag’an tuwısqan,
Ba’ri-bir sizlerden bo’linbeymen hesh,
Artistlik hesh isten kem jumıs emes.
Durıs, teatr joq ha’zirshe bizde,
Biraq, ol boladı, isen bul so’zge.
Altın tan’ nurına to’sep japıraq,
Mine, bu’rtik jarar bul a’jayıp bag’.
Bizlermiz sol bag’dın’ tun’g’ısh na’lleri,
Jan’a turmıs ekken jaqınnan beri.
Bul bag’dın’ gu’lleri - o’mirdin’ sa’ni,
Bul bag’dın’ miywası - sulıwlıq ka’ni.
Bunday bag’da pisken shiyrin jemisti
Qaraqalpaq xalqı tatqan emesti.
Onı tatqan adam keshedi paldan.
O’mir sulıwlıg’ın tu’siner aldan
Ha’m sol miywa ushın, keleshek ushın,
Ol adam ayamas boyda bar ku’shin ...

A r ı w x a n

Bul qanday ga’p o’zi? A’bdiramandı
Kim, qalay jumıstan bosatqan endi?

A y m a n

Orkestr du’ziwdi niyetlep bunnan,
Bıltır A’bdiraman o’zi Xiywadan
A’kelgen edi jan’a saz-a’sbapların,
Biz nota bilmedik. Sol ushın ba’rin
Jıynap qoyg’an edik qulıplap ha’zirshe,
Degish alıp ketken sol jaydı keshe ...

A’ b d i r a m a n
(*ku’lip*)

So’ytip, da’rya ushın juwapker bolmaq,
Jaman ayıp emes, shınında, biraq,
Sonsha suwın iship o’stik da’ryanın’,
Ko’termey bola ma bir oynag’anın ...
Degish alg’an bolsa, alıptı jaydı,
Al, menin’ o’mirimdi ala almaydı.
Meyli, degish ja’birin mag’an ju’klesin,
«Mu’lkin ja’miyettin’ urladı» desin,
O’nerge hesh waqta kirli qol menen
Xızmet qılıp bolmas. Ondaydan pa’kpen.

(*Az-kem oylanıp*)

Al, meni jumıstan quwıwshı «erim»
Shu'bha'li ko'rinip ju'r ko'p waqtan beri ...

K o' p sh i l i k

Ol kim? Nege gu'man ettin', A'beke?

A' b d i r a m a n

O'zi tapqa tu'spes ton'moyın eken.
Mag'an ol aytadı «balasan'» deydi,
«Teatr dep shawqım salasan' » deydi,
«Jaslar oqıw ushın kelgen bul jerge
Alag'ada salıp, g'alawıt berme.
Ha'zir oyın emes, gu'res qızbaqta,
Sizler oynap ju'rsiz, - deydi, - awlaqta».
«Mag'an gu'rres kerek, ponimaesh» dep,
Ten'seler, ma'slikten ko'zi mo'ldirep.
«Sag'an oyın menen gu'restin' parqın
Biliw bul turısın'da qıyındı, ba'lkim» -
Dep edim, baqırıp, sermelep qolın,
Shıja-pıja boldı sabap stolın ...

A y m a n

Shu'bha'n'iz tek sol ma?

A' b d i r a m a n

Shu'bha'm ol emes.
Onı ko'rgen sayın basqa bir eles
Keler ko'z aldıma. Rasın aytsam,
Onı birewlerge shıramıtaman ...

A r ı w x a n, J u m a

Kimdi aytıp tursan'? Kimge usattın'?

A' b d i r a m a n

Anıg'ına jetsem sol hakıyqattın'.
Onnan son' aytarman ...

A r ı w x a n

Ah, A'bdiraman ...
Shınında bul isler ja'bir g'oy sag'an.

A' b d i r a m a n

Onın’ nesi ja’bir? Mennen g’am jeme ...
Jupqan’dı ko’zin’e jawıpsan’ ja’ne,
«Ashıq ju’r» degenim qayda men sag’an?

J u m a
(*kek etip*)

Sonsha ne bar deysen’ jupqada turg’an?!
Birew jamılıp ju’rer, birew jalan’ bas,
Birew pu’tkil ashılıp qalg’anın an’bas ...

A r ı w x a n

Birewler taldan da tikenek izler,
Dos awzınan shıqpas bul ashshı so’zler.

J u m a

Tal bolg’anda qanday, tawlanıp o’sken,
Bu’lbil qonıp ketse, mayısa tu’sken ...

A r ı w x a n

Mayısar, Biraq ol mort etip sınbas ...

A’ b d i r a m a n

Jumagu’l, sen o’ytip bolma esawas,
Nege taqır jerden shan’ shıg’arasan’?

J u m a
(*A’bdiramang’a*)

Samalday jo’n-aldı esip barasan’,
Jurttın’ «mısh-mısh» so’zi durıs bolıp shıqtı.
«Eme bilgen qozı eki sawlıqtı.
Birden emer» degen ... Ba’le ekensen’.

A’ b d i r a m a n

«Mısh-mısh» tawıp ju’rgen jurt emes, sensen’,
Gu’man - aynag’a daq ... Ju’r kettik onda.

(*Arıwxan ha’m Aymang’a*)

Ku’tin’ joldaslardı siz usımanda.
Arıwxan, qaytarsın kitapxanadan
Keshegi kitaptı a’kelemen sag’an.
O, qanday tamasha deysen’ ol kitap ...

A r ı w x a n

Raxmet, A’bdiraman.

A y m a n

Turısı shataq,
Ju’regi de dım tar onın’ u’stine,
Hesh bir so’z joq jerden so’z taptı, mine,
Sho’p bası sılt etse aladı setem;
Qalaysha su’yip ju’r onı A’beken’?

A r ı w x a n

Durıs emes, kisini sırttan so’z qılıw,
Ha’r kimge o’zinin’ su’ygeni sulıw,
Juma haqlı eken shınında, Ayman;
Men so’zge bahana bergen qusayman.
Ju’regi ken’ jigitim, qal usı jerde.
Dalada turmay-aq qoyayıq birge.
Klubta kitap oqıp otırayın men.

A y m a n
(*jalg’ız*)

Way, bul hayallardı qoya ber deymen;
Jaqınlasıp ketsen’, janıp turg’an shoq,
Qashayın desen’ de, qashıwg’a jol joq,
Su’yse, qızg’ısh yan’lı qorg’ar ıshqısın,
İshke bu’gip qalmas o’z qızg’anıshın.
Oq atıp, kewlin’di qılsa jaradar,
Emi tek mergennin’ o’z qolında bar.
Muhabbettin’ og’ı, endi bildim men,
Mu’lt ketpey ju’rekten tiyedi eken.
Bir zat sol oq penen kirdi qanıma,
Endi hesh tınıshlıq bermes janıma ...
Uyqısız gezemen ko’shede aqsham,
Geyde ma’s bolaman, geyde qayg’ı-g’am,
Miyrimsiz mergenim soramas haldı.
Kim su’ye aldı eken bunday hayaldı?
Al, men su’ydim onı. Biraq, Arıwxan,
Ha’tte ko’z qıyıg’ın da salmaydı mag’an.
Onın’ ju’reginde ... A’bdiraman bar.
Ha’mme «A’bdiraman» desip «ah» urar,
«A’bdiraman» deser qızlardın’ ko’bi;
Sira’ barma deymen ma’rgiya sho’bi.
Al, men she? Ju’regim, ha’wlirme! Ha’zir!
Og’an shın kewlimdi aytayınshı bir ...

(*Klubqa kiredi*)

A y m a n

Nege jaqtı desem klubtın' ishi ...

A r ı w x a n

Turg'an son' aynadan ku'n nurı tu'sip ...

A y m a n

Joq, Arıwxan, tu'sin, shın aytıp turman:
Tan'nın' nurınan da jaqtısan' mag'an.
Ra'him qıl, sen o'ytip qatallıq etpe,
Jolın'da japıraqpan, basqılap o'tpe.
Eksen' na'l bolayın men bag'ın' ushın,
Tutsan' shat bolayın sharbag'ın' ushın …

A r ı w x a n
(*mısqıllap*)

Way, qanday shayırsan', bul so'zdi ma'gar,
A'jiniyaz shayır da tappag'an shıg'ar ...
Pay, bul jigitlerdi qoya ber sira',
Su'yse, janın jallap bolar biyshara,
Al, qumarı tarqap bolg'annan keyin
Tanıs jolawshıg'a usar esheyin ...

A y m a n

O'lsheme ha'mmeni bir arshın menen,
Arıwxan, telmirer juldızımsan' sen,
Qan jılatpa menin' jas ju'regimdi.
Ayag'ın'dı qushayın tilesen' endi,
Mine, bir jıl boldı juwırdım «sen» dep,
Za'rre ayar bolsan' juwap ber jo'nlep.

A r ı w x a n

Ha'zil desem, shın ba aytıp turg'anın'?
Qosımsha da'rt salma sen mag'an, janım.
Men seni tuwısqan inimdey su'ydim,
Mısal adamınday boldın' bir u'ydin'.
Sag'an bawır basıp ju'rsem de ko'pten,
Oyın'a anıqlap men tu'sinbeppen.
Jigitim, men sag'an tu'sindim endi,
Tun'g'ısh muhabbettin' da'rti bar sende.
Biz de  onın' da'min tatıp ko'rgenbiz.
Ol palızg'a tu'sken en' da'slepki iz,
Sol izden u'ziledi birinshi tu'ynek,
Ba'lki pisik shıg'ar, ba'lki shıg'ar ko'k, -
Ig'balın'nan ko'resen'. Biraq ta onnan
Na'tiyje shıqpasa azabı jaman.
Da'slepki muhabbettin' nurları lekin,
Ko'zdi qamastırar mısal jazg'ı ku'n.

So’ytip, «qawın g’oy» dep u’zgenin’ geyde,
İyt tu’ynek bolıp ta shıg’adı deydi ...
Sonlıqtan, sen oylan, hawlıqpa qurı,
Men qız emespen g’oy, hayalman aqırı.
On gu’lden bir gu’lin’ ashılmag’an jas,
Sen qalaysha mag’an bolasan’ joldas?
Eger men qız bolsam, o’zim-aq kelip
Sag’an eter edim da’rhal iyelik.
«Qız turıp hayalg’a u’ylendi» degen
Jurttın’ nasag’ına qalmaqshısan’ sen.
Sol ushın bez bunday qıyaldan, Ayman,
Al, su’ygenin’ ushın jeme pushayman.

A y m a n

«Atqa berilmestey g’unan bar» deydi,
«Qızlarg’a bergisiz ja’wan bar» deydi.
Shının’dı ayt, bahana izleme, janım,
Durıs emes, «jassan’» dep ıg’wa qılg’anın’.

A r ı w x a n

O’tpes pıshaq penen qıynama meni,
Ayttım g’oy shınımdı, izle o’zgeni.
Awzınan sarısı ketpegen ele
Sen bir palapansan’. Biraz jıl ja’ne
Qozg’alma uyan’nan, waqtın’ kelgende –
Qanatın’ jetilip usharsan’ sen de,
Mag’an da jen’il emes senin’ su’ygenin’,
Tanabın kes endi bul a’n’gimenin’.

A y m a n

Miyrimin’ joq eken ...

A r ı w x a n

Aqırın, Ayman,
Doslar kelip kaldı, qara aynadan.

(*Kelgenlerge*)

Joldaslar, bul qanday tasbaqa ju’ris?

A’ b d i r a m a n
(*saatına qarap*)

Biz ta’wir keshiktik, aytqanın’ durıs,
Mine, sag’an kitap a’keldim, biraq ...
Ayman, qa’ne inim, saqalın’dı taq.
O’tin’ rollerge, turman’ joldaslar!
Ku’n qızbay jumıstı pitkermek da’rkar.

Bunday dem alıs ha'ptede bir ku'n.
Hay, anda mu'yeshte turg'an ekew kim?
Bag'jan, a'per mag'an anaw jawlıqtı.

B a g' j a n
(*rolge kirip atırg'an A'bdiramang'a ku'lip*)

A'ne, erkekten de bir kempir shıqtı,
Ma', apa, jawlıg'ın'...

J u m a
(*rolge kirip atırıp*)

A'bdiraman sheshe,
Men u'lken kelinin', yag'nıy ba'ybishe ...

A r ı w x a n
(*toqal roline o'tip atırıp*)

Ah, qanday azaplı rolin', toqal!

A y m a n
(*saqal tag'ıp atırıp og'an sıbırlap*)

Sen jassıng'an edin', mine endi saqal ...

A r ı w x a n

Bag'ana jas ko'rsem, endi g'arrısan' ...

A y m a n
(*bay roline kirip*)

Ha'y, qatın, ma'simdi tart deymen jıldam!

A' b d i r a m a n

Ayman, sen ınjıqsan', ne ushın qurı
Jasqanıp so'yleysen', baysan' g'oy aqırı.
U'sh qatın iyesinin' ko'kiregi qayda?
İshin'degi ko'pshikti ko'terip bayla.
Qarnın' ayag'ın'a tu'sip baratır ...

Q ı z l a r
(*sıqaq etip*)

Bay sulıw toqaldan jasqınıp atır ...

T o q a l

Taqsırım, siz ayan', sabaman' endi.
O'ytip qan jılatpan' jas ju'regimdi.

B a y

Way, aqmaq! Hayalda ne qılg’an ju’rek?

A’ b d i r a m a n

Qa’ne, boldı endi. Baslan’ tezirek!

(*Repetitsiya baslanadı*).

## To’rtinshi taraw

## USHIRASIW

B e g d i ya r

U’sh ret jiberdim faytondı sag’an,
Zorg’a to’rtinshide keldin’, Arıwxan.
Meyli, ko’tereyin nazın’dı endi,
Giynem erip ketti ko’rip to’ben’di,
Qımbatlım, sen mennen qashpa onshama …

A r ı w x a n
(*sırtqa qarap*)

Al, ja’ne baslandı qa’dimgi nama ...

B e g d i ya r

Aytqanın’ durıs, qoshshım, a’piw et meni.
Shınında da bizler bul a’n’gimeni
Dım sozıp jiberdik. Keltertiw kerek.
Bir awız «maqul» dep aytsan’ boldı tek,
Ele wa’dem - wa’de, tilesen’ erten’,
Hayalımdı quwıp jiberemen men,
Su’yip alg’anım joq onı ba’ri-bir,
O’zi de ketiwge qayıl bolıp ju’r.

A r ı w x a n
(*tiksinip*)

«Eki qızım bar» dep aytqan edin’iz,
Solardı da ayamay, qalayınsha siz –
Quwıp jiberesiz anası menen?

B e g d i ya r

«Qız» degen qonaq g’oy, boyjeter erten’.
Ha’m de jay-jayına keter tarasıp,
Retinde bizden de bolar qarasıq,
Qalıwsız qayg’ırıp ha’mmenin’ mun’ın,

Qızı emespisen’ Asan qayg’ının’?
Ha’r kimnin’ o’zinshe nesibesi bar ...
Arıwxan, sen mag’an bol su’yikli yar.
Sen ushın ju’regim ha’m du’nya malım,
Umıt bul du’nyanın’ bar g’alma-g’alın ...

A r ı w x a n

Siz jaqsı oynaysız rolin’izdi ...

B e g d i ya r

Al, sen ko’p aytasan’ usı bir so’zdi,
Ol qaysınday rol? Men artistpen be?

A r ı w x a n

O’tkerip atırsız siz artistten de.

B e g d i ya r

«Artist, artist» deser jurt usı ku’nde,
Sonın’ o’zi oyınshıq g’oy tu’binde,
«Artist» - bul shınında, masqarapazlıq,
Basqa o’ner sag’an qıla ma azlıq?
Sendey perishtege jumıs ne kerek?
Senin’ jayın’ - otaw, sayalı terek,
Ba’ri de bar mende. Bolsan’ hayalım,
Appaq may shaynaysan’ o’mirin’de, janım,
Basın’a baxıt qusı qonadı senin’,
Shılg’awın’ maqpaldan boladı senin’,
Su’y janım...

A r ı w x a n
(*astarlı mısqıl menen*)

Shınında, onday izzetke, Ko’nliksek bolg’anı g’oy ..

B e g d i ya r

Al, keleshekte,
Sag’an buyırmaqshı solardın’ ba’ri,
Da’wlet qusının’ da bar o’z ma’ha’li,
Ol sag’an qonajaq, u’rkitpe onı.
Men sag’an ashaman ıg’baldın’ jolın.
Tasla artistlikti, ol to’men ka’sip,
Sendey go’zzalg’a ol emes minasip,
Masqarapaz hesh waqta ilinbes sang’a,
Ol a’rdana bolsın A’bdiramang’a ...
«Seni ko’rsem» degen bir tilek penen,
Keshe klub jaqqa barıp edim men,
Shınında, qızıq eken «pese» degenin’,

A’sirese unadı rolin senin’,
Sen jas toqal bolıp oynag’anın’da,
Jurt jılap otırdı menin’ janımda.
Bay seni urg’anda dır qamshı menen,
Juwırıp barmaqshı bolıp qaldım men.
Men umıtıp kettim pu’tkil o’zimdi,
Esittim tek senin’ zarlı so’zin’di.
Kiyimin’ la’tte edi, ju’zin’ pa’riyshan,
Du’nya telmirgendey boldı tek sag’an,
Shobıtqa oralg’an sham-shıraq tastay,
Turdın’ sa’wle shashıp, solıg’ın’dı baspay.
Hayal shın ju’rekten jılasa eger,
Sonda ol ayrıqsha go’zzal ko’riner.
Sol qayg’ılı gezin’ ele esimde,
Sol gezin’ tınıshlıq bermes tu’simde.
A’sirese sıyqırlı-aw dawısın’ senin’,
Jang’a da’rt saladı sın’q-sın’q ku’lgenin’.
Sonda betin’degi ku’ldirgishin’nen
Ko’riner adamg’a bir go’zzal a’lem.
O’ksip jılawların’ eriksiz ayatar.
Jas tu’we g’arrıda ha’wes oyatar.
A’h, qumkelle baylar, «bolar» dep shıg’ın,
Tekte qarıslaydı maldın’ quyrıg’ın.
İye bolsam edi men sonday malg’a,
Ba’rin berer edim sol jas toqalg’a ...

A r ı w x a n

Dombıqtı u’ydin’iz-aw dizege shekem,
Og’an qanday pa’lek ko’gerer eken?

B e g d i ya r

Bul hesh dombıq emes, men ayttım durısın,
So’zim jalg’an bolsa payg’ambar ursın.
Senin’ oynag’anın’dı ko’rse egerde,
Juldız tu’ser edi jılıslap jerge.

A r ı w x a n

Bul ushın raxmet A’bdiramang’a, -
Bul pesanı jazg’an sheber adamg’a,
Bizge oynaw jolın u’yretken de sol.

B e g d i ya r

Sonsha maqtag’anday ne islepti ol?
Jazıwdın’ nesi qıyın tayar o’mirdi?
Aytpaqshı, men sonda anaw kempirdi
Dım unatıp qaldım. Oy, iymansız-ay,
İshek-silemizdi qatırdı-aw sonday ...

A r ı w x a n

Ol kempir - A’bdiraman ...

B e g d i ya r

Way, short on’bag’an,
Sol ma kempir bolıp ko’ringen mag’an?
Shınında o’zi de A’bdiramannın’
Ma’stannan kem emes. Men ol adamnın’ –
Minezine ko’pten qanıqlıg’ım bar,
Balıqtay jılpıldaq, ma’standay hayyar.
«Klubqa hesh kewil bo’lmeysen’ sen» dep,
Ol miyimdi tesken talay din’girlep.
Al, endi qaqpaylap ma’jilis sayın,
Meni kritikag’a tutar udayı,
Ha’zirgi jaslardı qoya ber sira’,
«Qıyt» etsen’, jabısar da’rhal jag’an’a.
Olar seskeniwdi, qorqıwdı bilmes,
Bul bayag’ı mo’min a’wladlar emes:
So’zilse sa’l iste qamlıq etkenin’,
Bular kimligin’e karamas senin’.
«Qa’ten’di moyınla, bılay isle» dep,
Betin’e bajırayıp turıp alar tek.
O, sen bilsen’ edi, perishtem menin’,
«Kritika» degennin’ ne zat ekenin.
Burıshtay terletedi. Bunday ba’leni –
Ata-babamız hesh ko’rmegen edi,
Bul jan’a tuqımnın’ burıshı ma deymen
Biraq, O’tepovtan pa’nt jemedim men:
Bir iyni kelgende attım-aw jardan ...

A r ı w x a n
(*shorshıp tu’sip*)

Demek, siz be onı jumıstan shıg’arg’an?
Zorlıq ha’m do’hmet g’oy bul ko’rer ko’zge,
İske qaytıp alın’, buyıraman sizge.

(*Da’rhal jo’gilik rolge kirip*)

Joq, a’piw etin’iz ... menin’ tilegim:
Usı ashıwın’ızdı sizden tiledim.
Sonı elestirip netesiz endi,
Jas jigitlik qılıp qızıp ketkendi.
Jamanlıq niyet joq ol jigitte hesh.
Kritika, men bilsem zıyan is emes,
Aqırı, ol jaydı degish koy alg’an,
«A’bdiraman urlaptı» degen so’z jalg’an.

B e g d i ya r
(*tan’lanıp*)

Sonsha janın’ ashır A’bdiramang’a?

A r ı w x a n

Gu’nasız hesh ja’bir bermen’ adamg’a.
Eger «men» desen’iz, xa’zirden baslap,
Sol jalg’an aktti tez jırtıp taslan’.
Solay etpesen’iz ha’zir ketemen,
Basqan izime de in’kar etemen.
Hadal bolıw kerek yar su’yiw ushın ...

B e g d i ya r

Qattı ketpe, sulıw. Su’ygenligim shın.
Sen aytsan’ jırtaman ju’regimdi de.
Ma’, okı aktti, jırt o’zin’ ha’m de,
Meyli, ju’rsin jasap bir masqarapaz.

A r ı w x a n
(*aktti jırtadı*)

Endi xızmet qılmas sizge bul qag’az.
Ayıplay almassız siz endi onı.

B e g d i ya r

Meyli, jeter endi. Qoyın’shı sonı.
Sen arag’a tu’stin’, keshirdim o’zim,
Tilesem, ele de qurtaman ko’zin.

A r ı w x a n

Joq, qurta almassan’ endi onı sen,
Ha’m ha’zirden baslap gu’der u’z mennen!
Bildim kimligin’di ...

B e g d i ya r

Solayma ele.
Boyg’a shapshıdın’ g’oy sen kele-kele.
Toqta asqınlama, ma’kkar sulıwım.
Men sag’an jayayın tisimnin’ uwın:
Basqasha so’ylesemiz siz benen endi,
Olsız tanımassız ba’lki da’ken’di.
Sen, baydın’ su’ygiligi ...

A r ı w x a n

Jabıspa mag’an,
Bayg’a barg’anım joq o’z ayag’ımnan.

B e g d i ya r

Vot, vot, usı so’zge qarıydarman men;
Demek, jinayatlı bul ushın a’ken’;
Qırıq tuwar esabınan jıyg’an du’nyasın ..
Ekinshiden, baydın’ qayın atası ...

A r ı w x a n

A’kem qızın bayg’a bergeni ıras.
Qalın’nan bir sıyır ko’rgeni ıras.
Bul korlıqlı joldan mın’lag’an qızlar,
O’tti o’z basında bolmay ıqtıyar,
Biraq, menin’ a’kem bir qarnı qalqıp,
Bir ku’n ha’z ko’rgen joq erkinshe shalqıp,
Baydan azap tarttı qaytama janı,
Baydın’ atası emes, boldı diyqanı.
Al, sen she? Qa’nekey, aytıp ber mag’an,
Nege qatnastın’ sen bay menen mudam?
Qayda sen mu’jigen sol qoydın’ bası,
Qayda baydın’ bergen taqır palası?
Qayda ...

B e g d i ya r

Muzday tiyer ha’r aytqan so’zin’,
Oho, ashılıptı g’oy bul g’a’plet ko’zin’,
Biraq, qalay sonı da’lillersen’ sen?

A r ı w x a n

Man’laydag’ı ato’shgirdin’ izinen ...

*Begdiyar albırap man’layın uslaydı.*

Aha, shıg’ıp pa edi ele esin’nen,
Nege man’layın’dı usladın’ birden?
Qalay, hakıyqatlıq dushshı ma eken?
Ol tırtıq o’shpeydi sıypag’an menen,
Ol ma’n’gi qaladı man’layın’ızda.
Endi ju’re almassan’ sen aramızda,
Ha’y, sen qoy terisin jamılg’an ga’zzap.

B e g d i ya r

Boldı, xey sallaqı, o’sh, awzın’dı jap!

A r ı w x a n

Nege qaltıraydı qolların’ sonsha?

B e g d i ya r

Bildim men de seni, tikenli g'unsha,
Julıp ketermen-aw tamırın menen.

(*Albırap, jaltawlap.*)

Arıwxan, a'piw et ... abaysızda men ...
Onsha shaplıqpashı sen, qarındasım.
Men jawın' emespen, olla ırasım.
Elestire berme ne bolsa sonı.
Na'let bolg'ır baydın' u'yinde qonıp,
Ma's bolg'anım ıras ishken son' araq,
Sayamdı salmadım ol iytke biraq ...
Saban'a tu's qaytıp, perishtem, tın'la,
Ag'an' u'lken basın iyer aldın'da,
Shın aytsam, «maqtadın'» deysen, so'gesen':
Basqalar bir shuqır, sen bir to'besen' ...

A r ı w x a n

Endi sol to'benin' shıg'ıp basına,
Bir samallap qalg'ın' kelgen eken-da'.

B e g d i ya r

Joq, bawrında sol jasıl to'benin',
O'mir boyı qalg'ım keledi menin' ...

A r ı w x a n

Hayal-qız to'be edi bir gezde g'ana,
Kim ko'ringen shıqtı onın' basına,
Biraq ta endigi qızlardın' bu'gin
Aytayın to'beden o'zgesheligin:
To'bege mine alar qa'legen adam,
Samallar, gu'l terer onın' bawrınan,
Al, qızlar - azat qus, uslatpas endi.
O'zi kelip gu'lin'e qonbag'anshelli.
Sag'an en' aqırg'ı buyrıg'ım menin':
«Kim basın uslasa eki kemenin',
Suwg'a keter» degen. Sen g'arrı sag'al,
Xalıqqa kimligin'di aytpasan' da'rhal,
Erten' o'z terin'di o'z ko'zin' menen
Malaqay bazarında ko're bergil sen.
Xosh ha'zirshe endi, shirigen tu'bir.
Ja'ne ushırasamız iretinde bir ...

B e g d i ya r
(*jolın tosıp*)

«Hayaldın', shashı uzın, aqılı kelte» dep,
Babamız durıs aytqan. Qanshıq, biya'dep.

Sag’an ko’rsetermen kim ekenimdi.
So’ndirip keteyin jaqtı ku’nin’di.

A r ı w x a n

Ol ku’n sen sıyaqlı jarg’anatlardı
Ku’ydirip o’ltiredi ...

B e g d i ya r
(*tisin qayrap*)

Ha’sseniy, dardı
Bezep turar edi-aw bul sulıw denen’ ...
Joq, sendey nashardan pa’nt jemespen men.
Menin’, de en’ son’g’ı buyrıg’ım sag’an:
Mına bu’lkildegen aq tamag’ın’nan
Bir awız so’z shıqsa erten’ dalag’a,
Ko’k ko’ylegin’degi nag’ıslı jag’a
Dardın’ jibi dep bil. Mına qollarım
Sol ku’ni jumsaydı bilekte barın.
Ha’y, sen azat qatın, jawız dushpanım,
Mına mawzer senin’ qay tuwısqanın’?
U’n’ireygen awzına qarap al durıslap ...

A r ı w x a n

Ah, sen, qang’a jerik, aldamshı, ga’zzap ...
(*qorqıp ketip, talıp jıg’ıladı*).

## Besinshi taraw

## BİRİNSHİ GASTROL

1

Teatr, teatr, tilsimli ayna,
Bir sırlı ku’sh bar-aw sende qalayda.
Sende xalıq o’mirinin’ qaynawları bar,
Ruwxıma ne kerek, sende ba’ri bar ...
Sonday sulıw jer bar taw arasında:
Mın’ ko’zden bulaqlar atlıg’ıp onda,
Shıg’ar burqasınlap astınan tastın’,
Sonnan payda bolar bir asaw tasqın.
Da’rtin’e da’rman bar suwında onın’,
Jasıl oypatlar bar boyında onın’,
Sol asaw tasqındı ko’rgen edim bir,
Saxnada tap sonday qaynaydı o’mir ...
Pa’renjesin julg’an bir azat qızday,
Tan’ menen ulasqan Sholpan juldızday,
Azatlıq tan’ında nurlanıp birden,
Bizin’ tuwg’an jerge kelgeninde sen, -
Saxna ko’rmegen xalıq quwanıp qattı,

«Artist» dep telpegin aspang’a attı ...
Awılda en’ da’slep oyın ko’rgende,
Teatrg’a ha’wes artpag’an kimde?
Artistler ol jerde sag’ınıshlı miyman,
Artist keldi, demek, baslandı bayram,
Maqal bar «Toy dese jumalar quw bas»,
Minip tam basına sırnayshı, ras –
U’rse balamandı tompaytıp urtın,
Keshki awqatın da umıtıp jurtım, -
Sansız jolawshıday aqqan bazarg’a,
O’rip qumırsqaday sokpaq, gu’zarda,
Kolxoz ken’sesinin’ aldına keshte,
Sayg’a quyg’an suwday tolar bir pa’ste.
Su’wrettey sızılar qız-kelinshekler,
Sog’ar jigitlerde du’rs-du’rs ju’rekler.
G’arrılar umıtar ol ku’ni jasın,
Alıp sho’girmesin, buzbay maldasın,
İzzetke bo’lenip otırar to’rde,
Saban kalın’ıraq to’selgen jerde,
Ko’pke ta’rtip berip g’oshshak diyqanlar,
Toyda o’z minnetin buljıtpay aqlar.
«Tınıshlan, hay o’n’key baqırawıq qarg’a!»
Dep jekirnip ju’rer jas balalarg’a.
Baylang’an shomlarda o’rship janar may,
Ses tınar qulaqqa urg’an tanaday.
«Nawmir aytqısh» ortada birden jarq eter.
Shappat qırg’awılday du’rligip keter.
Al, sonın’ izinshe esitiler saz ...
Tamashago’y dostım, shıday tur biraz,
Ha’zir baslanadı ku’tken oyının’,
Son’ıraq aytarman ta’ripin onın’ ...

Qanday qızıq boldı deysen’ sol ku’ni!
Xalıqtın’ xoshemeti - ten’iz tolqını.
Ol geyde siltidey tınıp turadı,
Ga’ tolqınlap kelip jarg’a uradı.
Geyde ishin tartıp ten’iz gu’wildep,
Turg’anday «qa’nekey, alıssan’ kel» dep.
Ko’zler shoq juldızday to’ger sa’wlesin,
Tolqın terbetkendey kewil kemesin.
Mine, keme toqtar kelip jag’ısqa ...
Jurt qaytar u’yine tarap tum-tusqa,
Ju’zlegen awızda bir g’ana so’z bar:
«Artist, artist» desip tan’lay qag’ısar.
«Pay, dım qısqa boldı-aw mına teatr»,
«Ma’s-sag’an, tawıqlar shaqırıp atır»,
«Way, zan’g’ar, jan’ag’ı kempir ba’le eken»,
«Ol kempir - O’tepov A’bdiraman g’oy».
«Bıltırg’ı wa’kil me?», - «Awa, awa», -«Qoy?»
«Tap «Alpamıs» tag’ı ma’stannın’ o’zi,
Ken’kildep ku’ledi-aw ma’shshiytip ko’zin».
«Sol g’oy oyındı da ashqan bag’ana».

«O’zinde mol eken aqıl ha’m sana».
«O’zi sho’pik eken ma’lim pıshıqtay»,
«Bende emes eken so’zge de, pay-pay».
«Nag’ız qara jerdin’ kemesi desesh».
«Naymıt, quwqıl so’zge su’rinbeydi-aw hesh».
«Al, A’beken’, bilsen’, biz benen dos-yar:
SHON[33] da birge xızmet etkenimiz bar,
O’zi Qon’ırat jaqtan, sorko’lli xoja,
Bir gezde xatker de bolg’an bolısqa.
Qoldan baylag’andı tis penen sheshkendey,
Misli digirmannan tiri tu’skendey.
SHON da ju’rgen gezde-aq jurt onı bildi,
Onın’ tarpıwınan u’sh bandit o’ldi.
Bir jola ekewimiz tapsırıq penen
Ten’iz betke kettik. Sol gezde birden,
U’sh baspashı shıg’ıp jolımızdı kesti,
Bizden jol soradı, azlap so’ylesti.
So’ytkenshe bolg’an joq, «pan’q» etti mıltıq –
A’bdiraman ketti erden jılısıp.
«Bayg’us, o’ldi-aw» dedim artıma qarap,
Salpıldap baratır bo’kteriwdey tap.
Men aynala berip attım birewin ...»
«Shılg’ıy o’tirik g’oy tap usı jerin’».
«Sora O’tepovtan dım isenbesen’».
«A’y, on’bag’an ko’se, so’zdi bo’lme sen.
Al, so’ytip ne boldı?» - «Ne bolg’anı bar?!
Attan ushıp tu’sti, so’ytip bir zan’g’ar.
Tiri qalg’an ekewi tu’sti-aw keynime.
Sonda A’bdiraman sum eken ba’le,
Za’n’gige ilingen o’liktey awıp,
Oq qaptalımızdan o’tti bir shawıp.
Onı «o’lgen» desip oyladı dushpan,
Bir waqta «gu’rp» etti mıltıq jan’adan.
Artıma qarasam, iyesiz bir at
Ilag’ıp baratır eken qan’ırap.
Biraq u’shinshisi tuttırmay ketti ...».
«Al, meni anaw qız giriptar etti.
«Arıwxan» dep pe edi, kim dedi atın?
Yapırmay, o’nerin, sulıw-sımbatın
Berdaq ta ta’riplep bere almas edi-aw».
«Ju’rsen’shi, uyqıdan bos qaldıq g’oy, haw.
Sonsha jutınasan’ G’a’rib ashıqtay,
Qatının’ esitse g’oy bolasan’ oqtay».
«Kelgeli qorıldap uyıqlap aqırda,
«Oyın ko’rdim» deydi-aw usı paqır da ...
«O’tirik so’ylemese bunın’ o’lgeni».
«Shırag’ım-aw, o’zim g’oy oyatqan seni ...».
Jurt usılay tarqasar u’yli-u’yine.
Endi meni tın’la, oqıwshım, qa’ne.

2

33 SHON – ayrıqsha xızmet atqarıwshı a’skeriy bo’lim.

Basına ko'terip joldı, shan'laqtı,
«Oyın keldi» desip balalar shaptı.
Arbada da'p qag'ıp, shertip balaman,
Keldi juwdırlasqan kewilli ka'rwan.
Jigitler quwanısıp qarsı juwırdı,
Hayallar esikten sıg'alap turdı.

H a ya l

Betim-aw, bular kim, masqarapaz ba?
Oynap kiyatır g'oy birewi sazg'a.

K e m p i r

Kelinshek tu'sirgen birewler shıg'ar ...

M o l l a

Bul nag'ız axirdın' nıshanı - ta'jjal ...

D i y q a n

Molleke, qapıltpan', «ta'jjal degenin'
Eshkige usar» dep aytqansan' o'zin'.
Onın' ha'r tu'ginde qon'ırawı bolar ...

M o l l a

Anaw altaqtada otırg'an qızlar
Nag'ız eshkiler g'oy qarasan' an'lap.
Arbanın' u'stinde ba'ri shoshan'lap,
Baqırısıp kiyatır. Saqlaygo'r allam,
Qon'ırawlar dawısı esitiler mag'an ...

A' y t e n   g e sh sh e

Taqsır, ta'jjal bolsa, astapuralla,
Ka'liyma-shaadat qaytarın' onda.

H a ya l

O'ybey, altaqtada otırg'an shette
Jezdeydin' qızı g'oy oqıwg'a ketken.

J i g i t

Yasha, kim ekenin men endi bildim:
Bular artistleri eken To'rtku'ldin'.
A'nekey, Arıwxan tu'sti arbadan,
Balalar shuwlasıp juwırdı og'an.
Bazarlıq berip atır ba'rine birden.

Nege sobırayıp turman bunda men?!

(*Jigit juwırıp ketedi*).

B a l a l a r

Arıwxan!

J i g i t

Arıwxan ...

H a ya l

Jiyen qız, bawırım.

A r ı w x a n

Kishe, kishe janım, tuwg'an awılım,
Sizdi sag'ındım g'oy. Saw ju'rme dayım?
Ma', sag'an bir sharshı sıylıq qılayın.
Bizin' g'arrı saw ma, uyde me ha'zir?
Biyshara a'kemdi ko'reyinshi bir ...

A r ı w x a n
(*uyinde*)

Ag'a, keldim mine.

A' k e s i

Gu'lim, Arıwxan.
Kel, su'yip alayın aq man'layın'nan.
Uh, ortam tolısqan sıyaqlı endi,
Shu'kir, - umıtpapsan' g'arrı a'ken'di.
Zorg'a ko'rip turman onlag'an ayda,
U'yde bolasan' g'oy endi qalay da?

Q ı z ı

Ag'a, men artistpen!...

A' k e s i

Ol ne, shırag'ım?

Q ı z ı

Artist, ol - oyınshı…
Ol - menin' bag'ım.

A' k e s i

Balalıg'ın' qalmaptı-aw, qızım, ha-ha-ha ...
Sag'an jumıs-pumıs tabılmadı ma?
He-he, meyli endi ... oyınshı bolsan',
Endigi jag'ında u'yde oynarsan'.

K ı z ı

Ag'a, artist bolıw jumıs g'oy ol da,
Oyın ko'rsetemiz qala, awılda ...

A' k e s i

Oyın? ... Ha-ha-ha-ha ... way, Arıwxan-ay,
Ku'lkige batırıp tasladın'-aw, pay.
Anan' paqır seni ko'p erkeletti ...

Q ı z ı

Ag'a, qızın'a bir tu'sinsen' netti!
Eger isenbesen' o'zin' bil, meyli.
Men senin' kewlin'e tiygim kelmeydi.
Biz oyın qoyamız keshte bul jerde,
Sonda isenersen', barsan', egerde ...

3

«Tan' nurı» kolxozı du'zilgen aqsham
Oyın dawam etti bozarg'ansha tan'.
Saxna eki taldın' arası boldı,
Perde - qalın' japıraq panası boldı.
Kiyimler jıynaldı kolxozshılardan ...
Jeldi shabandozday tamırlarda qan.
Ku'lki, qol shappatlaw, shawqım qıyg'ırıq,
Bul tu'ni uykıg'a bermedi ırıq
Hesh bir baqsı, jıraw, hesh bir sazende
Bul tu'ndi ko'rmegen o'z o'mirinde.
Gegirdek sozılar, qırıldar tamaq:
«Wa-ha-ha», «Way, saw bol», «Ha, deymen», «Waq-waq».
«Haw, mınaw Ja'leke bay g'oy, shırag'ım».
«Ha, na'let bolg'ırdın' ayırsan' jag'ın».
«Aynımag'an o'zi, way, g'arrı shaytan».

B a y
(*saxnada*)

Hay, qatın, ma'simdi tart deymen sag'an!

T o q a l

Taqsır, ra'him qılın', sabaman' endi,
O'ytip qan jılatpan' jas ju'regimdi.

B a y

Way, aqmaq, hayalda ne qılg’an ju’rek?!
Su’yiw, jumsaw, sabaw - hayal ushın tek.
«Ra’him qıl» dep mına qamshıg’a jalın,
Mag’an ayday anıq senin’ qıyalın’:
Ha’zir baq tayıp tur menin’ basımnan,
Al, sen paydalang’ın’ keledi sonnan.
Sol mug’allim menen qashqın’ keledi.
Menin’ bar sırımdı ashqın’ keledi.
Joq, tegin ketpeymen, mende de jan bar,
Eshki de o’lerde tıpırlap qalar.
Men sol mug’allimnin’ qanın ishemen,
Onı o’shirip bolıp o’zim o’shemen ...

(*Sabaydı, ketedi. Mug’allim kiredi*).

A r ı w x a n

Seni o’ltiredi, qash ha’zir, Qalmen...

M u g’ a l l i m

Seni qutqarıwg’a jetistim, al men,
Ju’r ha’zir keteyik bul jerden ...

A r ı w x a n

Qayda?

M u g’ a l l i m

To’rtku’lde ashılg’an jan’a oqıwg’a.
Toqalı emessen’ sen endi baydın’,
Sen azat hayalsan’ jolların’ aydın.
Bay jan’a uslandı, sındı qamshısı,
Ol endi bola almas jurt ha’mirshisi ...
Qa’ne, tur ornın’nan, qolın’dı uzat,
Qaraqalpaq qızı, endi sen azat.

A’ y t e n g e sh sh e
(*tamashago’yler arasında otırıp, sıbırlanıp*)

Masqaralap atır menin’ a’kemdi,
Molleke, ne qılsam eken men endi?
Tiriley soydı g’oy mına Arıwxan.
Bizden bezgenin’ be, o zaman, zaman!
A’kemnen ko’p izzet ko’rdin’ g’oy, taqsır,
Duzın aqlasan’shı ebin tawıp bir ...

M o l l a

(*jurtqa esittirip*)

A’depsiz Arıwxan, nama’hram qatın,
Jurtqa tiyer senin’ ko’p kasapatın’.
Eger bul qızdın’ men a’kesi bolsam,
Shılbır eser edim burımlarınan.
«Yar» dep qıshqıradı-aw ko’ptin’ aldında.
Al, a’kesi otır «bılsh» etpey bunda.
Ko’rmedim bunın’day arsız a’keni ...

D i y q a n

Taqsır, kim shaqırg’an bul jerge seni?

4

Sonda qız a’kesi qutırdı birden,
Irg’ıdı saxnag’a anaday jerden.
Jurttın’ ta’wellesin tın’lamadı ol,
Jigittin’ alqımına bara saldı qol.
«Bay» juwırıp keldi. Ta’p berdi «bayg’a»,
«Haw, Ja’leke su’lik, ju’r edin’ qayda?
Seni jer awdarıp jiberdik desek,
Bunda ekensen’ g’oy ko’rgensiz eshek».
Dep ol asılg’anda «bay» saqalına,
Bir qısım ju’n erip shıqtı qolına.
Qashtı saqalsız «bay», - qashtı ol Ayman.
Duw ku’lki. Biraq, qız a’kesi hayran.
Juwırsh keldi «kempir». Al, qız a’kesi
«Kempirge» ta’p berdi jog’altıp esin.
Minekey aq jawlıq ilikti qolg’a,
Turdı A’bdiraman kempir ornında.
Duyım jurt ku’lkiden silesi qatıp,
Kimi ishin uslap, kimisi jatıp,
Sılq-sılq ku’lip atır. Al, qız a’kesi
Hasla tın’lamadı jurt ta’wellesin.
Bekkem tutıp qızın aq bileginen,
Xalıqtı qaq ayırıp su’yredi birden.
Jarag’an tu’yedey burqıradı ol,
Adamxor at yan’lı umtıladı ol,
Aldınan kelgenge sermedi tayaq,
Arttan kelgenlerge jumsadı ayaq.
Jaqınlay almadı og’an hesh adam,
Qızın alıp ketti, so’ytip saxnadan.
Arıwxan, Arıwxan, janım Arıwxan,
A’ken’ azap berdi-aw sol tu’ni sag’an.
Astı keregege shashın’nan seni,
Dawısın eljiretti sonda ha’mmeni.
Joq, bunday xorlıqqa hesh to’zip bolmas,
Hay, aldang’an a’ke, esigin’di ash,
Bosat Arıwxandı, bosat qızın’dı!
«Doslar, qaydasızlar! Way, qolım sındı»,

Dep ishte baqırdı Arıwxan sonda,
Adamlar toplandı esik aldında.
«U’y-jaydın’ qapısın buzın’lar tezden» -
Dedi A’bdiraman buyırıp birden,
Awıl jigitleri, oyınshı jaslar,
Esikti qıyratıp tasladı da’rhal.
Ayman ishke kirdi ha’mmeden burın,
Sezdi qız a’kesi bul istin’ tu’rin.
Arqa berip turıp jaqlaw ag’ashqa,
Aymandı abaysız qondırdı basqa,
Ayman qulap tu’sti. Jurt gu’wlep kirdi ...
(So’ytip, aktrisam ko’p azap ko’rdi).

5

Sonday azaplar da biraq, Arıwxan,
Qaytara almadı tuwra jolın’nan.
Sebebi, jan-ta’nin’, ruwhın’ menen
Bul go’zzal o’nerdi su’ygen edin’ sen.
Sonlıqtan, awılın’dı, a’ken’di taslap,
Tuwg’an u’yden bezip, ko’zin’di jaslap,
Ha’m qızıq, ha’m azap bergen sol tu’nde,
Kettin’ sen kewilli ka’rwan ishinde.
Na’letiy eskilik salttan, molladan
Aldang’an a’ken’di ayap, Arıwxan,
Jolda jılag’anın’ bar ma  esin’de?
Sonday zor gu’resli o’mir bar sende.

**Altınshı taraw**
**BİYMAZA TU’N**

1

Bult ta joq, ay da joq, juldızlar tek te
Almas qıyqımınday shag’ırayar ko’kte.
Tek te  tentireydi ızg’ırıq samal,
Japırlıp, gu’wildep julqınadı tal;
Julqınar ushqısı kelgendey jerden,
Qublag’a sap tartqan quslar izinen;
Julqınar baylawda turg’an asawday,
Tolqınday lepirip, tu’nerer tawday.
O, sen munarlang’an qalın’ qara tal,
Nege julqınasan’ tu’ksiyip qatal?
Samal «uyıqlama!» dep hu’kim etti me,
Bir tınıshsız xabar alıp o’tti me?
Ya sen an’laysan’ ba, aytshı sen mag’an,
Eki ku’sh ayqasın bul jerde qızg’an?
Ya anaw kishkene g’ana adamnın’
Tu’sindin’ be u’lken ju’regin, janın?
Ol kiyatır jalg’ız, ko’kiregi ashıq,
Keler ma’s adamday ten’sele basıp.
Qoyıw buyra shashı uyıtqısa qanday,

Kewli de tınımsız uyıtqıydı sonday.
Keler A’bdiraman bag’ arasınan,
Ushqın ushar zuwlap papirosınan.
Birimlep so’nbekte sansız aynalar,
Dastıqqa bas qoyg’an shawqımlı qala,
G’awırlı pa’seyip shayxanalardan,
Bag’da ha’m ko’shede kemeydi adam:
Keshewillep kalg’an bir fayton arba
Tasırlap baratır bag’dın’ aldında.
Birew kesip o’tti joldı sol waqta,
A’ste qa’dem taslap betledi bag’qa.

Meyli, bolsadag’ı ha’zir biymezgil.
Arıwxan, jat oydan, gu’mannan bezgil,
Asıq, yarım jolda sen o’ytip tınba,
Ku’ter dos ju’regi seni aldında.
A’jayıp adam g’oy dos-yar degenin’,
Talsan’ jen’illeter ju’gin’di senin’,
Biraq, ol sharshasa sen de ko’mekles,
Dos - dosqa ma’detkar ha’m de aqıl-es.
Janın ayamaydı haqıyqat doslar,
Doslıq o’nerin’e ku’shin’di qos, bar.
Bar sen, bo’lis dostın’ kewlinde barın,
Meyli bolsın yaki bolmasın yarın’.
Ko’rdin’ be, biyhushtay su’yenip talg’a,
Dostın’ sensirep tur telmirip jolg’a.
A’ne, ol da senin’ ko’rdi qaran’dı,
Keler qarsı alg’anday sa’wleli tan’dı ...

A r ı w x a n

Biymezgil shaqırg’an tawıqtı jular,
Tu’nde menlik qanday jumısın’ız bar?
Nege tınısh uyqı bermeysen’ jurtqa?

A’ b d i r a m a n

A’lle kimshe so’ylep din’kemdi qurtpa.
Dawısın’ tanıs, Biraq so’zlerin’ bo’ten.
Shaqırtqanım ushın so’kpe meni sen.
Anaw skameykag’a ju’r, otırayıq.
Doslar sır aytıssa, bul emes ayıp ...
Bilsen’ edi menin’ boyımdı bu’gin
Ha’m qayg’ı, ha’m shadlıq biylegenligin.
Quwanısh ha’m qayg’ı sıyıspas birge.
Ekewi bir jerde tursa egerde,
Olar to’beleser ishinde da’rhal,
Ondayda doslardı izlemek da’rkar ...
Aytar quwanıshım sag’an, Arıwxan,
Keshe Qaratawdan uslandı dushpan ...

A r ı w x a n

Aqırı uslandı ma Begdiyar zalım?

A’ b d i r a m a n

Seni urlamaqshı bolıp Begdiyar,
To’rtku’lge kelipti bir neshe sapar.
Al, biz gastrolden qaytqanda jolda
Bizdi tu’sirmekshi bolıptı qolg’a
Biraq, esin’de me, sonda bir diyqan
«Tu’nge qaray ju’rmen’, jolda bar dushpan»
Dep bizge aytqanı Qon’ırat qasında?
Begdiyar eken-aw an’lıg’an sonda.
Waqtında tanımay qalg’anman, a’tten’,
«Qayda ko’rdim?» desem, ol jawız benen –
Du’gisken ekenbiz ten’iz boyında:
İslep ju’rgen edim ol gezde SHON da,
Bir ku’ni qıstawlı tapsırıq penen
Kettik ekew bolıp. Jolımızdı birden
Tog’ay qaptalında tostı u’sh atlı,
Taqımda besatar, ju’risi patlı,
Biz ayqastıq. Mag’an oq tiydi qoldan.
Bir baspashı sonda qutıldı aman,
Sol qashqın, oylasam, Begdiyar eken ...

A r ı w x a n

Demek, ol qashshannan beri-aq bar eken?
Tuh, jawız gezende ...

A’ b d i r a m a n

Ondaylar ja’ne
Bizin’ aramızda joq emes ele.
Bul gu’res doynag’ı taplap xordasın,
Jenishkende bo’dhasıl a’jdardın’ basın,
Tepkiden jıg’ılg’an geybirewleri
Sho’ptin’ arasınan jıljıdı beri
Ha’m da’rhal aylandı ha’sem tawısqa,
Pa’ri tamıljıg’an biyhazar qusqa;
Eger on’ashada jolıqsan’ og’an,
Tawıstın’ kebinen dem sheger jılan ...
Bu’gin meni de sol sur jılan shaqtı,
Ju’rektegi qanım jas bolıp aqtı.
Menin’ qıyametlik ag’am bar edi,
Ol - o’zbek ushırg’an ma’rt sun’qar edi.
Otı ju’reginde, quralı qolda,
Qayda sawash qızsa, ol ju’rdi sonda.
O’zi mısal quyın, anası - boran,
O’tti uyıtqıp shawıp bul jag’alardan.
Ol erte oyang’an bir insan edi.
Xalıqtın’ ju’reginen tamshı qan edi,

Xalıqlar baxıtı ushın ot ashılg’anda,
Bir ku’sh payda boldı sol tamshı qanda,
Ha’m ol nayzag’ayday jalt etip birden,
Tu’sti jaw u’stine ku’tpegen jerden ...

A r ı w x a n
(*shorshıp*)

Ha’mza ma o’lgen?
Qanday qara xabar tın’lap turman men.
Bul bir u’lken sawash da’wiri eken,
Endi teren’irek pa’mlemektemen.

A’ b d i r a m a n

En’ u’lken drama bilsen’ bul sonday,
Tariyx saxnasında ma’n’gi qalg’anday,
O’mir o’zi jazg’an bul dramanın’
Su’yikli geroyısan’ sendag’ı, janım,
Sen atqarg’an rol - erliktin’ jolı,
Shadlıq, kıyınlıq ha’m gu’reske tolı,
Raxmet, Arıwxan, sen usı jolda,
O’z qatarların’nan kelesen’ alda.

A r ı w x a n

Shaqırg’an ekensen’-da’ bir maqtaw ushın

A’ b d i r a m a n

Shınında da, joq edi senlik jumısım,
Bilmeymen ne ushın shaqırtqanımdı ...
Menin’ asaw attay ju’rek-janımdı
Qanday bir ku’shli qol uslap jılawdan,
Mudam buradı da turadı sag’an.

A r ı w x a n

At - zeyinli haywan, tanır o’z jolın,
Ku’shlep burg’an menen jılawın onın’,
Meyili soqpasa ne paydası bar?
Ba’ri-bir aylanıp qazıg’ın tabar ...

A’ b d i r a m a n

Awa, ju’rek ha’miri o’z jolın tabar,
Onın’ buyrıg’ın’an ku’shlirek ne bar?
Buyırar ol mag’an ...

A r ı w x a n

Su’y, dep, basqanı ...

Qanday shım-shıtırıq adamnın’ janı.
Sırtlay qarap ko’rsen’, bir an’sat jumbaq,
Oylasan’, - sheshiwi barar qıyınlap.
Ju’rek ha’miri emes, bilsen’ shınında,
Seni sezim aydap a’kelgen bunda.
Meni de sol so’zim jetelep-kelgen.
O’ytpese, ne ushın Jumagu’ldi sen
Umıtıp, bul jerde tursan’ biz benen?
Ne jazıg’ı boldı onın’ bizlerge?
Esikten kire salıp, talasıp to’rge,
Og’an «shıq» demeklik qanday haqım bar?
A’ne, «haqın’ joq» dep juldızlar ımlar.
Terekler bas shayqap «haqın’ joq» deser,
Samal «hakın’ joq» dep gu’wildep eser.
Demek, bir g’ana jol ...

A’ b d i r a m a n

Sabır et, sulıw.
Oyım joq birewge qıyanet qılıw,
Mu’mkin, ko’p iyrimli ıshqı ag’ısı
Eskekshisi a’zzi qayıqtay qısıp,
Bizdi burg’an shıg’ar ekinshi jolg’a, -
Ag’ıstı ayıplap bolar ma sonda?
Senin’ muhabbetin’ - sol ku’shli ag’ıs
Meni aydap keldi o’z erkimnen tıs ...
Arıwxan, qımbatlım, isen so’zime,
Sho’p salıp bola ma yardın’ ko’zine,
Ol meni su’yedi, men onı su’ydim.
«Su’ysen’ ıshqı otında ku’y» dedi, ku’ydim,
Biraq, ıktıyarın’ qalay tu’sinsen’,
Ma’n’gi ju’regimde saqlanasan’ sen.
Men - ko’zsiz gu’belek, sen - jarıq shamsan’,
Sen menin’ qol jetpes Julettamsan’.
Biz ma’n’gi dos bolıp qalamız endi,
A’kel, a’rmanlı dos, aq bilegin’di.
Qalıs qolların’nan su’yeyin, janım,
Aldın’da basımdı iyeyin, janım ...

2

O sen, shın muhabbet - ju’rek ha’miri,
Da’rya qusap tassan’ ku’shin’e kirip,
Bir qıyqım sho’p yan’lı aynaldırıp sen,
Ig’ızıp a’ketesen’ adamdı birden.
Sonday ju’rekler bar du’nyada, biraq,
Ku’shi ag’ıstan da ko’p zıyatıraq.
Olar su’yeg’oysa, hu’kimi ho’ktem,
Olar ku’yeg’oysa, shıdamı bekkem,
O’z qanasın kernep tasqan gezinde,
Mıqlı aqıl menen tejep so’zimdi,
Onı qayta quyar o’z arnasına ...

Arıwxan juwırdı bag' arasında.
Mine, ayaq sesti adastı onnan.
Biraq, jalg'ız dawıs tentirep mudam,
Onı izler edi biymaza tu'nde,
Lekin, juwap qatpas-su'yiklim endi.
Tek u'nsiz qashadı o'rtengen ju'rek,
(Bundayda o'zin'di berik tutpaq kerek).
Ja'ne ayaq dawısı shıqtı arqadan,
Endi u'ndemewge jetpedi shıdam ...

A r ı w x a n

Pitti, pitti endi bul komediya,
A'beke, qal endi, qal, meni aya.

A y m a n

Ol kaldı, Biraq men ...

A r ı w x a n
(*qorqıp ketedi*)

Senbisen', Ayman?
Jamg'ırg'a tutıldım, qashıp tamshıdan ...

A y m a n

Terek tasasında qıynap janımdı,
Nege jasırayın anlıg'anımdı.
Ba'rin esittim xa'm ko'rdim sıg'alap,
Men ushın jan'alıq emes bul, Biraq ...

A r ı w x a n

Bul - dım uyatsızlıq, jigitim, bilsen'!

A y m a n

Bilemen, sen sonday ta'kabbir gu'lsen',
Qayda bu'lbil bolsa, sag'an intizar,
Biraq, menin' doslıq bir ken'esim bar:
Esittin' be, ele izlep ju'r seni ...

A r ı w x a n

Ayman, toqtat endi bos a'n'gimeni!

A y m a n

Baspashıg'a qarsı urısıp ju'rgende,
A'beken' boranda qalg'an bir tu'nde,

Suwıqqa ton’lag’an, a’bden jawrag’an.
Endi sonnan berli, men aytsam sag’an,
Onın’ tınıshı joq ... sır bermes biraq,
Og’an ayırıqsha abaylap qarap,
G’amxorlıq etiwimiz kerek biz mudam,
Du’nyag’a ko’p kelmes olarday adam ...

A r ı w x a n

Senin’ ha’r so’zin’nen doslıq su’wreti
Ko’rinip turg’anday ju’z jilwa etip ...
Biraq, uyat na’rse kisini an’lıw ...
Meyli, an’lı, meyli izlerimdi quw,
Ba’ri-bir ... Qal endi, o’z jo’nin’e bar.

A y m a n

Awa, g’az ashıwın tırnadan alar ...
Meyli, men qalaman. Biraq, biraq sen ...

Arıwxan «Ayman» dep shaqırdı birden.
Biraq, ol joq edi. Tek uyıtqıp samal,
Gu’wlep julqınadı qalın’ qara tal.
Tek paxta zavodı jarqırap shette,
Skripka sın’sıydı jataqjay bette.

## Jetinshi taraw

## JIL QUSLARI AG’ILAR TINBAY ...

1

İyne shanshar orın joq edi bunda,
Turdı sıymag’anlar klub awzında,
Qızıl sa’tiyin japqan stolda ko’zler,
Jan’lar tu’rli dawıs, tu’rlishe so’zler.
Qansha tıg’ılsa da, adamlar qoyday –
Qag’ısıp, sıyıstı tar bolsa da jay.
Jurt siltidey tınıp qulaq tu’redi.
Tek te sheshen dawısı hu’kim su’redi.
So’yler A’bdiraman da’ryaday tasıp,
Awzınan so’z emes, misli du’r shashıp:
«Bu’gin qaraqalpaq teatrının’,
Biz toylap otırmız ashılıw ku’nin.
Burın a’rman etsek, bu’gin ko’rdi ko’z,
Teatr! Bul qanday qu’diretli so’z!
Bul so’z ele bizin’ turmısımızg’a
Sin’isip, qan menen qarısar, sonda, -
Sonda saltanatlı gu’lgin saraydın’,
Go’zzal xalıq o’neri tiklegen jaydın’

Bekkem tırnag’ına qarap oylanıp,
Bahalag’ısh xalqım jazbastan tanıp,
Miyrimli qol menen sıypap tırnaqtı,
Eske alar biz o’tken awır soqpaqtı ...
«Tan’ nurı» - jan’a o’mir jarshısı boldı,
Ko’pke ja’rdemlesti ko’riwge joldı ...
Bul nur tu’pkirlerge shashıp sa’wlesin.
Quwatlap xalıqtın’ a’dil gu’resin,
İnsandı u’yretip iygilik oyg’a,
Jan’a o’mir ko’rkin sin’direr boyg’a ...»
«A’beken’ saw bolsın, ur shapalaqtı»,
«Al, mınaw kim eken jasıl qalpaqlı?»
«Jazıwshı Begimov so’yleydi" dey me?»
«So’z texnikumnın’ mug’allimine» ...

A’ne, prezidiumnan turdı Arıwxan.
«Saxnamızdın’ gu’li jasasın aman»
Degen xoshemetler astında ku’lip,
Xalıqtın’ ortasında turdı ol kelip ...

A r ı w x a n

Ku’ni keshe qızlar gu’n’likte jasap,
Misli O’mirzaya juddızg’a usap,
Janbay atırıp-aq so’niwshi edik,
Tisti-tiske qoyıp ko’niwshi edik.
Nan ornına jedik qayg’ı almasın,
Suw ornına ishtik ko’zimizdin’ jasın,
Oshaq bası bizin’ Watanımız boldı,
Suwdın’ soqpag’ınan basqa hesh joldı
Bizler hesh waqıtta bile alg’an joqpız,
Erkinshe sın’g’ırlap ku’le alg’an joqpız.
Endi eski o’mirdin’ juldızı battı.
Endi ıg’bal tan’ı biz ushın attı.
Endi xızmetinde ma’n’gi turıwg’a,
Men ta’jim etemen, xalqım, aldında ...

Sonnan arjag’ında ne islegenin
Eske tu’sire almas su’yiklim menin’.
Tek onın’ esinde: ta’jim etkeni.
Bir qu’diretli tasqın gu’rlep ketkeni;
Xalıqtın’ qaq ayrılıp jol bergenleri;
Aymang’a bir ımlap «ju’r» degen jeri
Ha’m ku’lip, entigip, qaramay jurtqa,
Ayman menen birge shıqqanı sırtqa.

2

Saxnada ko’ringen minsiz sulıwday,
Ko’kte ju’zip barar shala tolg’an ay,
Jipek oramalı jelbirep sa’wir,
Bilmedim, sho’plerge ne sıbırlap ju’r,

Gu’wlep ga’ elpildep, tınbay jeledi,
A’tiraptan ba’ha’r iyisi keledi.
Keledi Arıwxan, ko’zde quwanısh,
Qaytqan g’azlar dawısı esitiler alıs.
«Hey, qubladan kelgen sonalı g’azlar,
Aytın’, shın ba usı mendegi ıg’bal?»
«Ig’balın’ bar» desip g’azlar g’an’qıldar.

A r ı w x a n

Ayman, aytshı, shın ba menin’ ıg’balım?

A y m a n

Sen o’zin ıg’balsan’, tu’sinsen’, janım.

A r ı w x a n

Anaw ayg’a qara, qanday takabbir,
Ju’zinde sa’wlesi etedi dir-dir ...

A y m a n

Qa’ne? Ko’rmey turman sennen basqa ay ..

A r ı w x a n
Shayırlıg’ın’ tutıp turıptı-aw, pay-pay.
Qa’ne, bas ayaqtı, jeteyik tezirek,
Bilsem, a’kem tegin kelmewi kerek,
Sagınıp keldimeken qızın ırastan?
Yamasa ... joq, birge ketpespen haslan.
A’ne, ol o’zi de kiyatır bunda,
Bayg’us ku’te-ku’te sharshag’andı da.
Ag’a, berman burıl. Ku’ttin’ be uzaq?
Ha’zir jıynalıstan shıqqanım sorap ...

A’ k e s i

Men isenbey turman, qızım, ko’zime,
Sen sol Arıwxannın’ ıras o’zi me,
Ya a’rwag’ımısan’? Ba ... ba ... bawırım ...
Seni «o’ldi» desip otır awılın’,
Ma’, mına gazetti oqıp ko’r o’zin’,
Tu’sindir ha’m onın’ mına bir so’zin.

A y m a n
(*ay jaqtısına tutıp oqıydı*)

«... Sonda akter o’zin umıtıwı kerek,
Soqsın gewdesinde basqa bir ju’rek,
Arıwxan oynarda qızdın’ o’limin,
Ha’tte almag’anday ishine demin,

Shıntlap o’lip qaldı» ...

A r ı w x a n

Ha-ha-ha, qızıq.
Kim okıp berse de aytqan g’oy buzıp,
So’ytpese kelmes edin’. Ju’r kettik, ag’a,
«Tirilgen» qızın’nan bir tilek sag’an
Mag’an urıspaysan’ ba jan’alıq aytsam?

A’ k e s i

Urıspayman, «na’ma’rt» de wa’demnen qaytsam.

A r ı w x a n

Ag’a, o’z erkimshe, oylaspay sag’an,
Turmısqa shıg’ıp qoydım ...

*Ayman selk etedi,*

A’ k e s i

Quwanıshlıman.
Biraq, kimge shıqtın’?

A r ı w x a n

Mına jigitke.
Ag’a, bul isimdi sen ayıp etpe?

A y m a n
(*tan’lanıp, albırap*)

Joq, joq, bizler ele ...

A r ı w x a n

... toy bergen joqpız,
Senin’ keliwin’di ku’tken edik biz.
U’ydi a’kel endi ko’shirip tezden,
Qartayar gezin’de jalg’ız bolma sen ...

A y m a n
(*quwanıp*)

Alaqanımızda saqlaymız sizdi.

A’ k e s i

Qalaysha ol jerde awılımızdı
Taslap, men qalag’a ko’ship kelemen?

Ku'shim bar, ta'ndarman, qızım, ele men.
U'yden shıqqan edim qashardı satıp,
Ma', al, toyg'a jumsan' endi uqshatıp.
Qosa qarıg'aysız, o'nip-o'skeysiz,
Jan'a turmıs palın birge ishkeysiz,
Qayda ju'rsen'iz de bolg'aysız aman!

3

Ata, qız ha'm ku'yew baratır qatar,
Ay nurına sho'mip aydın jol jatar.
Keler ka'rwanları jıl quslarının',
Tek jalg'ız maqseti barday ba'rinin':
Arıwxan go'zzaldın' tuwg'an jerine,
Taza ba'ha'r kelgen menin' elime,
Olar asıqqanday jetiwge mudam.
«So'nbes ıg'balın' bar senin', Arıwxan»
Dep baratırg'anday olar qıyqıwlap,
Ka'rwan-ka'rwan bolıp o'tedi zuwlap ...

Oqıwshım, raxmet, sen ko'rme ayıp.
Sharshag'an shıg'arsan', kel xoshlasayıq?
Tilep su'yiklime qayırlı qa'dem,
Su'yip A'beken'nin' ıshqısı menen,
Men de usı jerde qalg'ım keledi,
Toqtap azıraq dem alg'ım keledi, -
Tınıg'ıp, ja'ne jolg'a tu'siwim ushın,
Jıl qusınday uzaq ushıwım ushın.
1956 - 1958-jıllar, No'kis

**M A 3 M U N I**

Minnetdarshılıq
Xalıq ju'reginin' teren' tamırları İ.G'afurov

**JAN'A QOSIQLARDAN**

Jan'a a'sirge
Tu'rk ulusına
Prezident
Kim bar, bizin' jaqtın' xayallarınday
Aralg'a
Sahra bu'lbiline
Su'melek qaynatqan jen'geyge
Ornın' ba'rha to'rde boldı, aqsaqal
Bu du'nya
Tallar japıraq to'kti, urıqlar quwrap
Bolmas
Shırayg'a ener
Su'ymegenge sa'lem joqdur
Ashıqlardın' kewli da'rtli
Janan ener tu'slerine

«Erkin bazar»
Wa densawlıq, densawlıq
A'skerbay alpıs jasında

**«BAXIT LİRİKASI» kitabınan**
**1955**

Ullı qıtay maqalı
Diplom alg'an dostıma
Kavkaz
Lermontov turg'an u'yde

**«KU'NSHIG'IS JOLAWSHISINA» kitabınan**
**1959**

Qara tal
Ku'nshıg'ıs jolawshısına
Sho'girme
Qobız
O'zbek sazı
Kegeyli
Qurıq
Muxalles
Qoy, dan'qparaz bolıwdan uyal
Montsr bala sım tartıp keldi
Shıntlap su'ygen kewil xaslan aynımas
A'nar gu'lledi
Sulıw eken Alma atanın' qızları
Aqtas romantikası
Magnoliya
Arashan

**«OYLAR» kitabınan**
**1960**

Tasqın bolıp ag'ıp o't
Tun'g'ısh muhabbat qosıqları
A'miwge
Sag'ınıw
Erkin o'zek (tımsal)

**«JETİ ASIRIM» kitabınan**
**1962**

Ordenli xalqıma
Ekspromtlar
Romans
Ukraina, ju'regimdesen'!
Dnepr boyındag'ı emen
Kreshatik kashtanları
Abbaz shayırg'a Ukrainadan xat

## «DALA A’RMANLARI» kitabınan
## 1966

Tallı jag’ıstag’ı eske tu’siriwler
Seksewil
Altın da’ryalıq samalına
Watan
O’zbekstan
Menin’ jigit waqtım, senin’ qız waqtın’
Qırg’awıl
Sadıq shayırg’a
Armeniya
Xose Martige
O’mirbek laqqı

## «ZAMAN AG’IMI» kitabınan
## 1968

Tuwg’an jer
Berdaqqa
Bes to’benin’ tawlarında
Epigrammalar

## «KEWİL KEWİLDEN SUW İSHER» kitabınan
## 1971

Xalıq so’zleri
Ana tilime
Keshki in’irde urıqlıqtan
Sallana-dolana barar bir janan
Ana
Na’reste
Nervalar
Wa’siyat
Poshsha torg’aydın’ o’limi
Nawayıg’a
Jigittin’ sonın’day bir dostı bolsın
Bala emizip otırg’an hayalg’a
Qızın’ go’zzal bolsın, shayıra bolsın
Skulptor bolg’anda men
Kewil kewilden suw isher
Qazaqda’rya
Toqayg’a
Abbaz bensn xoshlasıw
Bu’lbil toyına
Tınbay jamg’ır jawar Pyarnu jolında
Maqtımqulının’ jolına
Xosh keldin’ tu’rkmenim, sapa kelipsen’!
Qırg’ızlarg’a
Epigrammalar
Birinshi mug’allimge

## «YOSH» kitabınan
## 1977

Poshsha torg'ayg'a
A'miw jag'asında jaynap turarsan'
Raboshiy insan.
Qaraqalpaqtı ko'p maqtama ko'zimshe
Menin' u'yim
«Bes qonaq»
Tashkentli shayır doslarıma
Gesirtkenin' ko'zleri
Ayt sen A'jiniyazdın' qosıqlarınan!
Xalqabadtan qansha adam kelmedi
Bir gezleri Berdaq ju'rgen jerlerde
Ag'artıwdın' jıl quslarına
Tuwısqanlıq
A'miwdi atlag'an jolların' senin'
Shayan
Shayır (M.Yu. Lermontovqa)
A'jiniyazdın' monologi
Bilim bulag'ı
Xorezmge
Bir adamdı bir adam
Aq altınlı eldin' aqsaqalları
Qa'lemles doslarıma
Bizin' awıldın' qızına
Ko'l boyında
Veneranın skulpturasına
Gedsylik
Marapat uyıg'ı
Dan'q arbası
G'arrılar
Qulpıtastag'ı jazıwlar
Atlar
Nesiben' aq bolsın qısqı daladay
Ayaz qala
Paznalar
Men Abaydı yadqa bilgen xalıqpan
Ko'kshe taw
Sanat
Son' ko'lde
Alarsha
Qırg'ız GAİ Erkinge shest beredi
Zamanınan kesh tuwılg'an adamlar

## «DA'WİR SAMALLARI» kitabınan
## 1982

Bolmasa
Tilek
At za'n'gisi zın'ıldar

Sen degende
İzleniw
O’mir vekselleri
Poezd emes, eldin’ da’wleti keldi
Awıl, awıl
Keldim (Sulayman Rustamg’a)
Bulaq (Sırbay Ma’wlenovka)
Sabantoyda
Bir sınshıg’a
Qıyın ha’m an’sat
G’azlardın’ qanatında
U’yin’nin’ artındag’ı shoq kendirlikte
Qız da’wranı atlı altın taxtın’nan
Pazıylet
Kewil aspanın’da juldızlar so’nik
Orfeyge
Yadıma tu’sti

**«ALASATLI DU’NYA BUL» kitabınan**
**1987**

Sho’ldin’ iysin alsa turmas
Jol samalı
Sa’wbetli aqsham
Ta’jiriybe tamshıları
To’rtlikler
Watan
İsenim
Men qalada oqıg’anda
Gu’z ko’rinisi
Tasqa ko’gergen gu’l
Pa’lekli qosta tu’new
Tu’ni menen qırg’awıllar shaqıradı
Tag’ı tar soqbaqta ushırasıp qaldıq
Jan’alan dostım
Ashıq so’z
Xoshada’s
Umtılaman jan ta’nim menen
Zaman menen ayaq qosıp ju’rmesen’
Millionbay Azamatqa
Keshki jol oyları
Adam
Eshektin’ shikayatı
Sag’alayaq
Saqlan’ G’amzatovtı
Taw jolına
Ja’ne ba’ha’r keldi
Hamal

**«DUZLI SAMALLAR» kitabınan**
**1988**

Bul jer ele zor boladı
Aral elegiyaları
«Plaxa» izlep ... (Sh.Aytmatovqa)
Boranlı keshte
Tiyme og'an!
Bayıwlıg'a
Eki quwanısh
Du fu
Burmalawshıg'a
Tusın'nan bir ja'nan o'tip baratır
Essentukidsgi sa'rwi tallarday
U'sh oq
A'skerbayg'a
Peri mingen at
Berdaqtın' duwtarı
Kel sen, sa'wbetles bol bizge, ha'y samal
O'mirzaya juldızı

**«U'MİT JAG'ISI» kitabınan**
**1990**

Tırnalar
Jılqı jılına
Korabller qoyımshılıg'ındag'ı eles
Monokultura haqqında qosıq
Anemiya
Marat Nurmuxamedovtı eske tu'siriw
O'mir, sag'an ashıqpan
Qaytıp kelse edi balalıq shag'ım
Orınlı keyis
Epigrammalar
Bozatawdın' jolındag'ı tog'aylar
Tımırıq
Ma'n'gilik
Ana ju'regi
Ja'ne bu'gin aqsham tu'sime endin'
Ta'g'dir da'ryası der ag'ar ma'wjirip
Alıs a'wladlarg'a
Hawazın' senin'
Bir ka'sa shay qolg'a alıp
Janan ko'rinbes
Bir aq qalpaq astında
Qashqın
Qırg'ız qosıg'ı

**«BEGLİGİN'Dİ BUZBA SEN» kitabınan**
**1995**

Gu'ller an'lamas
Mu'najat
Ko'rsetken ra'ha'tli ku'nin' usı ma?
Bazar jolında

Mustaqilliq maydanınan o’tkende
Jubatıw
Payg’ambar jasındag’ı adamg’a
Begligin’di buzba sen
On’bag’ırlar sattılar seni
Sen teberik da’rgayısan’ bilimnin’
Ulug’bek qatiresine
Hag’la A’miwim
Jarqılıq, Nawrızdın’ bayramı keldi
Men Tashkentti sag’ınaman ko’rmesem
Ko’zlerimnin’ ag’ı-qarası qızlar
Yad eter sizdi
Bul qalanın’ ko’shesinen ju’rgende
Shopan xalqı - shınıqqan sho’l perzenti
Poeziya juldızına
Da’wran
Para
Da’wirlerge dawırıq salg’an jas qala
Saqlanın’ bu’gingi buzıq hawadan
Kendir mensn xoshlasıw
İyshanbay ku’yi
Jollıdan sa’lem
Xiywalı go’zzal
Bir xa’meldar jigitke
Tusawlı kiyik
Ja’ne keldim senin’ qa’birin’ basına
Son’g’ı xat
Mazlumxan elinde ko’rdim bir ja’nan
Qarlıg’ash
Men o’z ta’g’dirime qayıl qalaman
Alıs Malayziya ko’shelerinde
To’k tawındag’ı oylar

**«BU’LBİL UYASI» kitabınan**
**1997**

Ernazar Alako’zdin’ esteligine
Sorsha (sonetler)
Dos-yaranın’ bolmasa

**POEMA**

Aktrisanın’ ıg’balı